

Ongka 1 Kemis kaping, 4, Januwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani.

Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Pawartos warni-warni

Nalika tanggal kaping, 4, wulan dhesember, 1865, wanci pukul satengah gangsal sonten, ing dhusun gawok bawah malangjiwan Surakarta wonten tiyang jawi awasta pak tunjul, punika sampun sepuh saha jompo, umuripun kirang langkung saking sawidak gangsal tahun, pak tunjul wahu panuju tileman wonten salebeting griya, amargi saking sakit, menggah ingkang ngadhèp ajagi dhateng pak tunjul, punika anakipun awasta embok krama semita kaliyan anakipun ingkang taksih alit, boten antawis anggenipun sami wonten salebeting griya, nunten wonten angin ageng, griyanipun pak tunjul ambruk katrajang ing angin, pak tunjul kadhawahan molo tuwin empyaking griya, ngantos remuk sirahipun, kalampahan pejah ing sanalika, embok krama semita tuwin anakipun inggih tumut kadhawahan empyak, ananging sakaliyan boten pejah, amung sami tatu kemawon.

Pasuruwan kaping, 16, wulan dhesember 1865. Kala tanggal kaping, 12, wulan desember punika, wanci pukul tiga siyang wonten caleret tahun prenatal celak peken ing Singasari distrik karanglo, ing waktu punika jawahipun sakalangkung deres, sarta griya tembok gangsal tuwin gudhang welit kalih ingkang sami ambruk.

Wondening kasangsaranipun ing nalika samanten wonten tiyang estri satunggil tuwin menda tiga ingkang pejah, sarta ingkang kataton sanget tiyang jaler satunggil awasta pak maridin.

Punapa malih griya welit kalih, gandhok nem, pawon satunggil, lumbung satunggil, gedhegan kalih sami ambruk sadaya, dene uwit jatos sawatawis karisakan saha wonten ingkang sol.

Pakurmatan ing pikraman dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan ing Surakarta, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Kala ing dinten sabtu tanggal kaping, 14, wulan rejeb ing tahun Jimakir, 1794, utawi kaping, 2, Dhesember, 1865, kangjeng raden Adipati Sosrodiningrat saabdi dalem para wadana jawi lebet sadaya samiya makajangan wonten ing ngalun-alun, wanci pukul sakawan sonten gongsa sakaten mungel wonten ing sri panganti wetan,

gongsa salendro tuwin pelog inggih kaungelaken wonten ing bangsal palataran, dene para pangeran riya, panci, Kangjeng raden Adipati, para wadana kaliwon, saha para mayur tuwin opsir sadaya ing dalu punika sami sowan jajagongan sadalu wonten Mandhapi ageng ing karaton.

Ing dinten Akadipun tanggal kaping, 15, wanci enjing pukul sawelas, sasrahanipun ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan kabekta saking kapatiyan malebet dhateng karaton, dene ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan kaliyan para putri, kangjeng raden ayu Adipati, bojonipun para wadana tuwin kaliwon ing wanci dalu angrintenaken dinten senen sami amidadareni wonten ing salebeting kadhaton, para pangeran putra tuwin pangeran santana, para riya, panci wayahing ratu sadaya, kangjeng raden Adipati kaliyan para wadana kaliwon, para mayur tuwin opsir, sami amidadareni wonten Mandhapi ing karaton, menggah dhatengipun ing kadhaton wanci pukul wolus sonten, sareng wanci pukul kalih welas dalu sami adhahar wonten Mandhapi ingkang kidul.

Enjingipun ing dinten senen tanggal kaping, 16, wulan rejeb utawi tanggal kaping, 4, Dhesember, 1865, ing wanci pukul nem enjing para prajurit dalem jawi lebet sami apacak baris boten sanes, punapa dene para pangeran riya, panji, wanci enjing pukul satengah pitu sami angalempak wonten salebeting kadhaton, sareng pukul pitu enjing punika ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunan amiyos saking kadhaton dhateng Mandhapi, saha pinarak ing dhampar.

Boten ngantos dangu kangjeng tuwan Residhen rawuh ing kadhaton, kadherekaken ing para tuwan sawatawis, kangjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, tuwin para santananipun sami tumut ing tindakipun kangjeng tuwan Residhen dhateng karaton, dene kangjeng raden Adipati kaliyan para wadana kaliwon, mas pangulu tuwin para ketib, ngulama, suranata saha para pradikan, sami sowan ing ngarsa dalem wonten sangandhaping taratag Mandhapi. Ing wanci pukul wolus enjing kaleres etang sangat jabarail, ijab paningkah dalem linampahan, ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan adhawah dhateng kangjeng raden Adipati, wadana kaparak, mas pangulu, ngabehi Resniti tuwin lurah kaji, punapa malih dhateng

para wali, sami andikakaken minggah dhateng Mandhapi, sasampunipun sami minggah dhateng Mandhapi, ijab paningkah dhalem kaliyan putranipun kangjeng Pangeran arya adiwijaya lajeng kalampahan, ing waktu punika ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan lajeng dhawah anglujengaken Awarni pisang, sedhah, arta sapanunggilanipun, kawastanan Sanggan tuwin arta Tindhah.

Sasampunipun ijab paningkah dalem kalampahan, kangjeng tuwan Residhen tuwin para tuwan sami angaturi wilujeng dhateng ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan, nunten ingkang Sinuhun pinarak ing dhampar, lajeng para Pangeran prenah uwa tuwin paman dhalem sami angaturi wilujeng dhateng ingkang Sinuhun, wasana kangjeng raden Adipati kaliyan para wadana kaliwon, mas pangulu sakalerehanipun sadaya sami dhateng pagelaran, sareng makaten kaliwon kaparak kakalih andhawahaken dhawah dalem, angungelaken gongsa samonggang wonten ing sitihegil, dene wilujengan dhalem jatingarang tigang dasa kabekta dhateng pagelaran, dipun iringing wadana gedhong

kakalih, nyai Tumenggung kakalih andhawahaken dhawah dalem dhateng lurah ghandek kakalih, kapurih andhawahena dhateng kangjeng raden Adipati, bab wilujengan dalem jatingarang tigang dasa kadongakna, sipados anyunyuwuna sawabing luluhuripun panganten sakaliyan.

Sasampunipun ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan angunjuk inuman sagelas, tumunten para prajurit dalem sami kurmat angungelaken sanjata rambah kaping tiga, kasauran sapisan ungeling mariyem ageng anama kyahi sagarawana, nunten katimbangan ungeling mariyem alit alit kaping pitu likur, lajeng angungelaken mariyem ageng sapisan ingkang anama kyahi Suhbrastha, kasauran ungeling mariyem ageng saking beteng kaping salikur, sareng ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan sampun angunjuk wedhang teh, kangjeng tuwan Residhen tuwin para tuwan tumunten sami pamitan, dene ingkang Sinuhun lajeng kondur angadhaton, para wadana kaliwon sami wangsul dhateng pakajanganipun piyambak piyambak. Cariyos punika badhe kalajengaken.

Panuwun kula dhateng tuwan mugi serat pawarta punika kalebetaken ing serat jurumartani.

Sarehning kula mireng kabar yen tanggal, 23, wulan dhesember punika para murid ing pamulangan kudu badhe kapriksa saking kasagedanipun, dados kula amerlokaken kesah dhateng kudu ningali papriksanipun wau, mila makaten awit saking pamireng kula pamulangan ing kudu punika anglangkungi saenipun tinimbang kaliyan sanesing panggenan, amargi sanget pamredi pamulasaranipun kangjeng rahaden mas Tumenggung ing kudu.

Enjinging dinten ingkang kasebut inginggil wau, kula dhateng ing kudos sowan ing kangjeng rahaden mas Tumenggung, nuwun parengipun supados kula kalilanan ningali pamriksanipun para murid ing dinten punika, saking panuwun kula inggih kalilan, dene kawonten-anipun kados ingandhap punika;

Wanci jam, 9, enjing para murid ing pamulangan kathahipun, 82, sasampun sami nglempak ing Mandhapi kabupaten, sami angajengaken meja andhap tuwin pirantosipun seseratan, sarehning tuwan asisten residhen kudos pinuju gerah, dados tuwan kontrolir ingkang dhateng ing kabupaten dados susulhipun tuwan asisten residhen wau dhateng kabupaten, amriksani kasagedanipun para murid sareng kaliyan kangjeng rahaden mas Tumenggung, sadhatengipun tuwan kontrolir para priyantung ing kudos sadaya sarta para tiyang sepuhipun murid murid ingkang sami sadiya ing pasowan katimbangan malebet ing Mandhapi, sadahtengipun kangjeng kadhawahan supados sadaya wau aningalan pamriksanipun para murid sadaya.

Inggang sapindhah, ingkang kapriksanan rumiyin seratanipun lare lare, ing salebetipun punika katimbang kaliyan seratanipun ing wulan juni tahun punika ugi tuwin wulan dhesember, 1864, ing ngriku katawis sanget majengipun, ing kasagedanipun nyerat.

Kaping kalih, tumunten lare lare kakarsakaken maos serat cithakan jawi tuwin malajeng, satunggil tunggilipun lare ingkang sampun dumugi pamaosipun sami kadangu cariyosipun ingkang kawaos, kawi-

lis kathah ingkang saged angaturaken cariyosipun katimbang kaliyan ingkang boten, dene ingkang boten saged ngaturaken cariyosipun wau awit taksih enggal malebet ing pamulangan tuwin lare ingkang taksih anglangkungi alitipun.

Kaping tiga, sadaya sami kakarsaken etang sasagedipun satunggil tunggiling lare piyambak piyambak kadosta: gunggung, cengklongan, tengkaran, tuwin mara, gunggung pecahan, nyengklong pecahan, nengkaraken pecahan, tuwin mara pecahan, gunggung pecahan prapuluhan, nyengkol pecahan prapuluhan, nengkaraken pecahan prapuluhan, tuwin mara pecahan prapuluhan, bab tenger tenger, cacah marambat, A, be, se, pangaosipun, makes, pamurwat, tuwin bathon. Sayaktos anggumunaken saking enggal tuwin saenipun pangetangipun lare lare wau, wonten ugi lare ingkang taksih kirang prayogi pangetangipun ananging yen katimbang kaliyan ingkang saged sayaktos kathah ingkang sami saged.

Kaping sakawan, sami kapriksanan kasagedanipun ilmu bumi, ugi

sami cekap sagedipun, malah wonten lare kalih ingkang nama sumardi umur, 13, tahun, sumitra umur, 14, tahun, awit wulan oktober ingkang kapengker punika dipun wulang dhateng gurunipun gambar kar tanah jawi tuwin pulo pulo ing indiya sadaya, samangke sampun sami saged panggambaripun wau, inggih leres dereng cekap kasagedanipun punika, ananging yen tinimbang dangunipun gonong pawulang sayaktos anggumunaken saking kamajenganipun ing kasagedan gambar.

Kaping gangsal; lare lare ingkang klas, 1 sarta 2, sami kapriksan kasagedanipun tembung jawi ananging punika sautawis wonten kirangipun, awit serat serat ingkang kangge mulang anama; Ukarana jawa, sanget angelipun, boten ngemingaken angel kemawon ananging sanajan wonten lare ingkang saged anrapaken dhateng tetembungan utawi ukaranipun serat, amargi sami bingung ing trapipun, mila ingkang kangge mulang ing pamulangan kudu samangke awit wulan dhesember ingkang kapengker punika serat paramasastra, yasanipun kangjeng rahaden mas Tumenggung piyambak, mila kasagedanipun tembung jawi wau, sarehning taksih enggal sawulan anggening mulang, dados samangke dereng wonten ingkang cekap kasagedanipun.

Wanci jam, 1, siyang pamriksanipun kasagedaning para murid sampun rampung, tumunten lare lare ingkang kathah kasagedanipun saha ingkang saregeb lebetipun ing pamulangan, kathahipun sadaya lare, 12, sami tampi ganjaran warni warni, dene ingkang tampi ganjaran nomer, 1, pun sumardi kasebut inginggil wau, Sampunipun punika para murid sadaya, sami maos kasekaraken kados ing ngandhap punika;

Raja Suwala

Kawaos lare, 5,
Konca bocah, ing dina iki, uwus rampung pamriksanya kabeh, kabisan ngong samya, sakehing wuwulang.

Kawaos sarengan lare sadaya
Ayo padha bungah, kang amriksa samya dhangane, ayo padha bungah kang amriksa samya dhangane.

Kawaos lare, 5,
Inkang tumrap maring wak ingwang, samya, sajroning warta punika, adiling parentah, kabeh kancaning ngong.

Kawaos sarengan lare sadaya
Ayo padha bungah, kang amriksa samya dhangane, ayo padha bungah kang amriksa samya dhangane.

Kawaos lare, 5,
Kang saregep dhangane ing wulang, samya, ginanjar tanak liwatan,
bareng lan kang padha, akeh kabisannya.

Kawaos sarengane lare sadaya
Ayo padha bungah, kang amriksa samya dhangane, ayo padha bungah
kang amriksa samya dhangane.

Kawaos lare, 5,
Pamurihnya, ginanjar ika, samya, lulus asih mring wuwulang, lan
ngajoken marang, siswa kembang wulang.

Kawaos sarengane lare sadaya
Ayo padha bungah, kang amriksa samya dhangane, ayo padha bungah
kang amriksa samya dhangane.

Kawaos lare, 5,
Ayo konca, kang tan ginanjar, samya, tumemena puruhita, dhangane
parentah kang mrih pinterira.

Kawaos sarengane lare sadaya
Iya sun estokna, tuturira kabeh ika, iya sun estokna, tuturira
kabeh ika.

Kawaos lare, 5,
Sakabehe, kawignyanjana, samya, dadiya janma utama, angrengganing
praja, arjaning wadya lit.

Kawaos sarengane lare sadaya
Iya sun estokna, tuturira kabeh ika, iya sun estokna, tuturira
kabeh ika.

Kawaos lare, 5,
Yekti padha bungah kang prentah, lawan yayah renira samya kang
masrahken marang, sireng pamulangan.

Kawaos sarengane lare sadaya
Iya sun estokna, tuturira kabeh ika, iya sun estokna, tuturira
kabeh ika.

Kawaos lare, 5,
Konca padha bareng barengane samya, susugun asung panuwun marang
parentah kang mulasareng ngong.

Kawaos sarengane lare sadaya
Nuwun nuwun amba, mring kang mrih utamaning wang, nuwun nuwun
amba, mring kang mrih utamaning wang.

Kawaos lare, 5,
Mrih cukupa, budidayeng wang, samya, gampang mrih pangupajiwa
ajaning wadyalit, lan mulyaning praja.

Kawaos sarengan lare sadaya
Nuwun nuwun amba, mring kang mrih utamaning wang, nuwun nuwun
amba, mring kang mrih utamaning wang.

Sekar ingkang kawaos para murid kasebut inginggil, kaleresan kula
saged ngaturaken, awit anggen kula pikantuk saking kapenakan kula
ingkang sinau ing pamulangan kudus.

Sareng lare lare sampun sami maos sekar kang kasebut inginggil
kangjeng rahaden mas Tumenggung lajeng ngandika dhateng para
murid supados tahun ngajeng samiya saregep tumemen tuwin asih ing
wuwulang, kasagedanipun ngungkulan saking tahun punika, tuwin
angretosaken kautamaning pun kawruh sadaya, bapakipun para murid
kadhawahan supados amrediya dhateng anak anakipun, saregeba
anggenipun lumebet dhateng pamulangan, inggih punika cekakipun
angandikanipun kangjeng rahaden mas Tumenggung wau, kangroncenen
saupami kula aturaken dhawahipun sadaya.

Inkang wau nalika kula taksih mirenga kabar saking kasaenanipun
pamulangan ing kudus, kula dereng pitados saking pikabaran puni-
ka, ananging samangke kula sampun aningali piyambak sayaktos
anglangkungi saenipun, sawuninga kula dereng wonten pamulangan
kados makaten, rahabipun para murid anggenipun sinau kathah ing
kasagedanipun, cekakanipun lare samanten kathahipun wau katingal
sanget majengipun tampi wuwulang, ingkang makaten punika saking
pratelanipun kapenakan kula wau dhateng kula, awit saking sanget
pamredi tuwin pamulasaranipun kangjeng rahaden mas Tumenggung,
ing saben dintenipun bilih kangjeng rahaden mas Tumenggung wonten
dalem amasthi sanajan sakedhap marlokaken mirsani ing pamulangan,
tuwin mriksanipiwulangipun mantri guru, Bupati ingkang makaten
remenipun dhateng pamulangipun para neneman tiyang jawi, amurih
sagedipun ing sadayaning kawruh, majengipun tiyang jawi ing
kautamen, salamenipun kula taksih mrangguli sapindhah punika,
mila pa..tes kapuji ing kathah lulusing karsanipun kangjeng
rahaden mas Tumenggung ingkang makaten wau, tuwin tumuntena
pikantuk ganjaran saking kangjeng Guprenemen, ingkang langkung
saking sasaminipun.

Katandhan raden ngabehi Condradiwirya, Patih demak ingkang
sampun pansiyun.

Tuwan Dhegrutkolep Enko asuka uninga dhateng para priyantun
ingkang sami amendhet serat pananggalan ing tahun 1866, sanadyan
sampun kapratelaken bab wedaling serat pananggalan, benjing

kaping, 1, wulan Janawari ngajeng punika, ing mangke serat pananggalan boten saged kawedalaken ing wulan Janawari wau, dene wedalipun punika sasampunipun wulan Janawari, amargi saking Rendheting nganggenipun sami angintunaken wangsul serat kalowonganipun.

Ingang punika sasaged saged, badhe angenggalaken ing wedalipun serat pananggalan wau punika.

Ingang amedalaken serat pananggalan, 1, Katandhan tuwan Dhegrutkolep Enko.

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep Enko.

Ongka 2 Kemis kaping, 11, Januwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani. Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung. Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen. Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Serat saking ...pa amratelaken kados ing ngaNdhap punika:

Surabaya kaping, 25, Dhesember, 1865

Kala wingi se...wis pukul satengah sakawan, pisang salirang nging griyanipun tuwan El, ing krambangan kabe...an nanging saking enggaling pikantukipun pitulungan, dados latu boten ngantos mraman mrama...ka ing waktu punika anginipun ageng, manawi boten na enggal anggenipun pikantuk ...k, ing saestunipun badhe adamel susah, menggah ingkang dados jalaranipun kabesmen wau ... king panjeblosing sekar latu wonten panggenanipun adamel sekar latu tuwan El ... nuju wonten ing ngriku saweg adamel sekar latu, sareng sekar latu anjeblos tu .. angundang rencangipun, kapurih ambekta toya, ananging rencangipun sami boten wo ..., kalampahan tuwan El, boten pisan saged amejahi latu piyambak, pi ...n El, sakalangkung kathah, ananging begja dene latu boten ngantos ambesmi pisangsa ... sanesipun.

Pakhabar ... ing Surakarta kados ing ngandhap punika:

Kala ... khad tanggal kaping, 24, Dhesember, 1865, Wanci pukul nem enjing raden ngabehi Kusuma Atma ... won pulisi ing Karang-pandhan, kanthi abdi dalem langsir tuwin bekel sawatawis, mas demang ... wega ing dhusun bayanan, kanthi kancinipun bekel

sawatawis, mas demang Poncasatata .. pandhan kidul, kanthi kanca-
nipun bekel tuwin tiyangipun alit sawatawis, mas demang Po ... ka
ing dhusun Pandhan lengan, kanthi kancanipun bekel sawatawis, mas
rongga tirta suya ... n sabrang kanthi kancanipun bekel satung-
gil, punapa malih demang karta drana ing dhusun kalang ... Nthi
kancanipun bekel sawatawis, sadaya bawah Karang Pandhan ing
kamangkunagaran, puni ... dhateng ing dhusun dhombang tanah
matesih, bawah kapulisen sragen ing Kasunanan, pika... badhe
anyepeng dursila ingkang wasta rana menggala, punika kasebut
dados pangajeng utawi beng... kecu, ingkang ngecu griyanipun
derma wongsa ing kampung kauman nagari ngawi, saha kasebut a...
griyanipun resa menggala ing dhusun Tanjung bawah pulisi malang
jiwan kamangkunagaran, dene su...pipun manawi rana menggala
wonten ing ngriku, malah amondhok ing griyanipun resa wijaya ,

bekel ing dhusun dhombang wau, mata mata punika sumerepipun
manawi rana menggala amanggen wonten dhusun dhombang, awit saking
piyambakipun amratelakaken bilih angupados gagramen kandelan mas,
anggenipun apratela wau wonten griyanipun resa wijaya ing dhusun
dhombang, sareng wonten ing griyanipun resa wijaya, mata mata
dipun panggih dening rana menggala, ing ngriku lajeng aken
amadekaken gadhahanipun krabu, wujudipun krabu canthel suwaos
mawi panunggul sela inten, cacahipun sarakit, kadekekan kranthil
mas kapasangan sela inten sanga sisih, dipun regeni seket rupiyah
pethak, sareng makaten mata mata angajengi pangaos samanten wau,
dene wicantenipun rana menggala: arta katedha bayaripun ing
dinten Akhad legi wanci siyang, amargi arta punika tumunten
kadamel sangu anggenipun badhe kekesahan, lampahan pitung dinten,
boten mawi anerangaken ing pundi ingkang badhe kajug, punapa
malih pun rana menggala pratela dhateng mata mata, manawi piyam-
bakipun dados bubujenganipun parentah nagari, sareng sampun
anggenipun pabenan, mata mata nunten mantuk, saha ambekta krabu,
salajengipun mata mata anggadhahi aturan dhateng raden ngabehi
Kusuma Atmaja, saha amasrahaken krabu, sana ... ka raden ngabehi
Kusuma Atmaja sakancanipun sadaya ingkang sampun kasebut ing
ngajeng wau sami ...teng dhusun dhombang, kuwatosing manah bok
manawi rana menggala lajeng kesah saking dhusun dhombang, sa...
raden ngabehi Kusuma Atmaja sakancanipun wau dumugi ing dhusun
dhombang, wanci pukul sanga e ..., dhusun punika lajeng kakepang,

raden ngabehi Kusuma Atmaja amatah dhateng kancanipun satunggil tunggal, ingkang sami kinen angewang, mawi kadhawahan anyepeng kalayan alus dhateng rana menggala, ... lih pun rana menggala punika sayektos kapanggih wonten dhusun ing ngriku, sareng maka-ten mas demang ponca...wega, mas demang poncasatata, mangun tikapan natus gerdhu Karangpandhan, pawira karya bekel ing Ni...s..d, kanthi bekelipun piyambak, sami dipun ken lumebet dhateng dhusun, kapurih ngepang griyanipun resa wijaya, ingkang kasebut kanggenan rana menggala, dene raden ngabehi Kusuma Atmaja kaliyan rencangipun sadaya anyegat ing margi iring ler wetan, mas demang Ponca udakara kancanipun bekel tuwin titiyang alit, sami anyegat wonten sakiduling dhusun dhombang, rongga titasuya... karta drana demang kalangon, sakancanipun bekel wonten saler kilening dhusun.

Sareng mas demang ponca sawega dumugi ing margi dhadhah pageripun resa wijaya, ingkang ing kidul, pun rana menggala sampun katingal lenggah wonten ngemper jagasatru iring kidul, sarta l...h rencang tiyang jaler satunggil, ananging bab nama tuwin griyaning rencang punika dereng terang, ing waktuning kasareng rana menggala tuwin rencangipun sumerep yen demang ponca sawega dhateng, lajeng sami lumebet ing griya, wedalipun malih saking griya sampun mirantos dadamel, rana menggala ambekta sanjata sa...nyriga sabet mawi dhuwung, rencangipun anyangking sabet ngempit dhuwung, nunten tiyang kakalih wau sami lu ... dhateng sakilening griya anebak pager, sareng dipun tututi dahteng mas demang ponca sawega, pun rana menggala lajeng ngamuk, anyanjata dhateng mas demang ponca sawega, ananging lepat ing panyanjatanipun tumunten demang ponca sawega males anyanjata dhateng rana menggala kenging, amung tatu kemawon saha boten terang tatunipun, sareng rana menggala dumugi sajawining pager ngamuk kaliyan rancangipun rariwut, ingkang

satunggil angrasuk dhateng manguntika, ingkang badhe katarikaken sabet, sa..ning pun manguntika punika boten ambekta dadamel waos, lajeng angrebat waosipun demang ponca sawega, ingkang kabekta ing bekel, tiyang ingkang ngamuk wau katumbak dhateng manguntika, kenging wetengipun ngantos butul, ingkang ngamuk lajeng ambruk, ing sanalika dereng pejah, dene titiyang ing dhusun dhambang ing waktu punika sami ngungelaken gentangan, sareng rana menggala

sumerep menawi kancanipun ambruk ing dening kataton, lajeng angrasuk dhateng manguntika, sarta angrebat waosipun.

Cariyos punika badhe wonten lajengipun.

=====

Punika candhakipun pakurmataning pikraman dalem ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan ing Surakarta, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wanci pukul satengah sakawan sonten para prajurit dalem sami apacak baris wonten panggenan anggenipun baris enjing kados ingkang sampun kapratelaken ing serat Juru Martani kaping , 4, wulan januari punika, sareng pukul sakawan sonten wau para pangeran sepuh pernah uwa tuwin paman dalem, saha para pangeran putra santana, para riya tuwin panji sami sowan sadaya, wanci satengah nem kangjeng tuwan Residhen lumebet dhateng karaton, kaderekaken ing para tuwan akathah, kangjeng Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara sasantanipun inggih tumut ing lebetipun kangjeng tuwan Residhen, kangjeng raden Adipati Sosradiningrat sakancanipun para wadana kaliwon sami sowan wonten sangandhaping taratag Mandhapi karaton, kangjeng raden Adipati wau kaliyan wadana bekel kakalih, kangjeng Pangeran kolonel Ariya Purbanagara, under mayor raden tumenggung Wiryadiningrat, tuwin litenan kolonel raden mas ariya Cokrawinata, sami angagem kampuh sindur, kangjeng Pangeran Ariya Pringgalaya kaliyan kangjeng Pangeran Panji Priyabada sami amethukaken kangjeng tuwan Residhen sarawuhipun wonten palataran karaton, sarta sami ngacarani dhateng kangjeng tuwan Residhen pinarak wonten Mandhapi, para pangeran sanesipun ingkang pinarak wonten Mandhapi inggih sami khurmat ngaturi tabe dhateng kangjeng tuwan Residhen, ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan taksih pinarak wonten salebeting dalem prabayasa, dene kangjeng tuwan Residhen wau kaliyan tuwan militer Kumandhan, kangjeng Pangeran Ariya Pringgalaya tuwin kangjeng Pangeran Priyabada, amethuki kang Sinuhun dhateng salebeting dalem prabayasa, sasampunipun kangjeng tuwan Residhen tuwin tuwan militer Kumandhan kurmat ngaturi tabe dhateng ingkang Sinuhun kangjeng tuwan Residhen wau kaliyan ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan tumunten tedhak dhateng Mandhapi, ing ngriku ingkang Sinuhun pinarak ing dhampar.

Sasampunipun panganten putri angrasuk busana, lajeng pinarak wonten salebeting dalem prabayasa, ingkang Sinuhun lajeng tedhak lumebet dhateng dalem prabayasa, kaliyan kangjeng tuwan Residhen,

tuwan militer Kumandhan, kangjeng Pangeran Ariya Pringgalaya, kangjeng Pangeran Panji Priyabada, kangjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, tuwin kangjeng tuwan Asisten Residen, sami andhereking tindakipun lumebet ingkang Sinuhun kang-

jeng Susuhunan dhateng dalem prabayasa, wonten ing ngriku dhauping panganten sakaliyan, boten mawi balangan, sareng panganten sakaliyan sampun dhaup, lajeng sami pinarak ajar.

Kangjeng tuwan Residen tuwin ingkang sami andhereking tindakipun malebet kangjeng tuwan Residen, wangsul dhateng Mandhapi malih, ing ngriku lajeng angunjuk kawilujenganipun dhauping panganten sakaliyan, nunten kakurmatan ing ungeling sanjata rambah kaping tiga, dening prajurit dalem, kasauran ungeling mariyem ageng sapisan, lajeng kasauran malih ing ungeling mariyem alit alit kaping pitu likur, wasana kasauran ungeling mariyem ageng sapisan malih.

Sasampunipun kurmat ing ungeling sanjata tuwin mariyem, ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan miyos dhateng Mandhapi, saha lajeng pinarak ing dhampar, nunten kalangenan dalem srimpi medal lajeng kagebyagaken, amung abeksa sapisan, sareng pukul wolu sonten para nyonyah sami lumebet dhateng ing karaton, badhe dangsah wonten ing ngriku, wanci pukul sawelas dalu adhahar wonten Mandhapi kidul, sasampunipun adhahar lajeng sami wangsul malih dhateng ing Mandhapi ageng.

Boten ngantos dangu anggenipun sami wonten ing Mandhapi ageng, kangjeng tuwan Residen tuwin para tamu sami mundur, dene ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan inggih lajeng kondur angadhaton, cariyos punika badhe wonten lajengipun.

Panuwun kula mugi kapacaka wonten ing serat Juru Martani:

Nalika kula dados wedana dhestrik, ongka, 6, glogong, Kabupaten Nagari Pathi, pinuju kula kesah wonten ing dhusun, celeki dherek Petinggi, Pohgadhing, mriksa tyang damel kapur wau dhusun parenden, boten wonten caranipun, tyang nedha ulam gorengan, margi tebih saking peken, Susah manggih lisah, ulam, utawi bekakasipun,

kadosta wajan waja, sedaya tyang sami nedha jejanganan tuwin kakuluban, kimawon, yen karsa dhahar ulam, kejawi nyenjata peksi, buron wanan, kadosta, kitdang menjangan kancil.

Sarehning tebih saking dhestrik, dados kula bekta juru masak, nanging kasupen, boten bekta pekakasipun masakan, kadosta wajan waja ingkang mesthi, kaangge gagoreng.

Inkang punika kula manggih akal, koki kula purih damel wajan, dlancang, mundhut, 1/2, kebet kertas welandi, kula purih nakir, lajeng kagasok lisah, langkung rumiyin, Sesampunipun mrasuk lisah dhateng takir kertas, lajeng kaiseni lisah kelentik, saengga kebek, lajeng katumpangan ing mawa anglo, lajeng kadamel goreng, tuwin nyeplok tigan, kenging saengga mateng, kados denten kagoreng ing wajan waja, wau kertas boten saged kabesmi ing brama.

Kudus tanggal kaping, 5, Shaban. 1794, ingkang pratondha rahaden panji, Astranagara.

Inkang mugé panjenengan tuwan kersa macak wonten serat kabar juru martani.

Kados pundi ingkang sampun dados adat, kabiyaSanipun tiyang, ingkang sampun kalampahan, kathah kimawon tiyang dhusun pareden, sami damel lisah saking buwah nyamplung, kangge diyan, menggah pendamelipun, saklangkung gampilipun, Sasampunipun kathuthuki, cangkokipun lajeng kadheplok, kaepe ing panas, sadinten kimawon, lajeng kenging keperes, kapendhet lisahipun, menggah wernenipun lisah pethak tunjung jenar, kados denten lisah seladhah, nanging boten kenging katedha, dhateng tyang muroni, namung sak kangge diyan kimawon saklangkung trang.

Inkang punika kula sampun nyubi menggah kaginanipun lisah nyamplung, kangge jampi bilih wonten lare sakit gudhigen, bengkoyoken, buruken, utawi kurmanen, lajeng saged, inggal saE, kejawi punika kula nyobi kajampekna dhateng kuda, ingkang sakit kuthisen, utawi sela karangen, menggah penganggenipun wau jampi, kagasokaken, saben enjing sonten, inggih ugi saged inggal saE.

Ananging sedaya jampi punika, tumindakipun, klayan jodhon, sampun malih dhateng khewan, senadyan dhateng bongsa manungsya, inggih semanten ugi.

Kudus tanggal kaping, 5, Saban, 1794, ingkang pratondha rahaden panji, Astranagara.

=====

Para tuwan ingkang gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta ing wulan september, 1865, sami kaemutaken, ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasing wulan Januwari punika, menawi boten ngleksanani pambayaripun sambutan wau badhe kawedaken saking parentah.

Surakarta kaping, 1, Januwari, 1866, ingkang nguwasani kantor lelang: Katandhan tuwan Phan Hogendhorep.

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep Enko.

Ongka 3 Kemis kaping, 18, Januwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani.

Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Punika caNdhakipun cariyos bab pakurmataning pikraman dalem ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan ing Surakarta, kasebut ing serat Juru Martani katiti mangsan tanggal kaping, 11, Januwari, 1866, ongka, 2, pratelanipun kados ingandhap punika;

Kala ing dinten sabtu tanggal kaping, 21, wulan rejep ingkang sampun kapengker, kaleresan pekenipun pikraman dalem ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan, wanci pukul satengah sawelas enjing nyai Tumenggung andhawahaken dhateng lurah Gandhek, animbalaken dhawah dalem dhateng kangjeng raden Adipati Sasradiningrat, kinen andongakaken kawilujenganing sapekenipun pikraman dalem, awarNi jati ngarang tigang dasa sapanunggilanipun, kabekta lumampah wonten sawingkinging lurah Gandhek, dumugi ing sitihinggil kakurmatan ungeling gongsa kodhok ngorek, sareng sampun kadhawahaken timbalan dalem, para prajurit dalem ingkang sami apacak baris wonten ing alun-alun, kathahipun kawan atus, sami kurmat angulaken sanjatanipun rambah kaping tiga, kasauran ing ungeling mariyem kaping pitu likur, sasampunipun gongsa kodhok ngorek ingkang wonten sitihinggil kendel, mas pangulu andonga kawilujengan dalem, nunten gongsa sakaten kaungelaken.

Kala ing dinten sabtu wanci sonten angrintenaken dinten Akhad tangal kaping, 22, wulan rejep, utawi kaping, 9, Dhesember, 1865, ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan tedhak ing dalem Paresidhenan

kaliyan garwa dalem, ibu dalem kangjeng ratu ageng tuwin para embok ayu dalem, sami tumut ing tedhak dalem dhateng dalem Paresidhenan wau, para pangeran putra tuwin santana wah para abdi dalem sami aNdherek, lampahipun ing pasamuwan kados ing dinten tahun baru. Para prajurit jayengastra sami apacak baris wonten sajawining kori Kamandhungan, lajeng kurmat angungelaken sanjata rambah kaping tiga kalanipun ingkang Sinuhun tindak anglangkungi kori Kamandhungan, rawuhipun ingkang Sinuhun wonten pagelaran kakuramatan dening abdi dalem jagasura ingkang sami apacak baris wonten ing ngriku saking ungeling mariyem kaping pitu likur, dene prajurit dalem inpanteri apacak baris wiwit saking kori supit urang kilen dumugi ing dalem Paresidhenan, punapa malih sauruting margi ing ngriku kapanjeran ing lalajeng, umbul umbul songsong agung mawi kadekekan gongsa tuwin dilah dilah, gongsa monggang

ing sitiinggil, titihan dalem kareta pasamuwan kyai Garuda Kancana, saha kareta sanesipun sampun sami cumawis wonten sawining kori Kamandhungan.

Sareng pukul satengah nem sonten ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan pinarak ing dhampar wonten Mandhapi ageng ing karaton, boten ngantos dangu kangjeng tuwan Residhen rawuh ing karaton amethuk dhateng ingkang Sinuhun, wanci pukul nem ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan kaliyan kangjeng tuwan Residhen tedhak dhateng paring-gitan Prabayasa, amethuk garwa dalem, nunten ingkang Sinuhun angaNthi garwa dalem ing ngasta tengen, kangjeng tuwan Residhen kinaNthi ing kiwanipun, tedhak dhateng kori Kamandhungan, kadherekaken ing ibu tuwin embok ayu dalem, wonten ing ngriku lajeng anitih kareta, ingkang Sinuhun kaliyan garwa dalem, ibu dalem kangjeng ratu ageng tuwin rare kakalih ingkang angampil wadhah ganten tuwin kecohan, anitih kareta kyai Garuda Kancana, kangjeng tuwan Residhen anitih kareta wonten sawingkingipun ingkang Sinuhun, tumunten karetanipun kangjeng ratu kadhaton, kangjeng ratu maduretno, kangjeng ratu Bendera tuwin kangjeng Ratu Timur, lumampah wonten sawingkinging karetanipun kangjeng tuwan Residhen, sawingkinging karetanipun kangjeng ratu sakawan, punika kareta ingkang katitihan para raden ayu putra dalem, tumunten kareta ingkang katitihan para raden ayu mantu dalem, kareta ingkang katitihan kangjeng Pangeran ariya Pringgalaya tuwin para

Pangeran raka dalem, wonten sawingkinging kareta punika, nunten kareta ingkang katumpakan ing para abdinipun garwa dalem, sawingkinging kareta punika karetanipun para pangeran sadaya. Wondening tedhak dalem saking kadhaton medal ing margi sakilening sitihinggil, sareng ingkang Sinuhun rawuh ing dalem Paresidhenan, kangjeng tuwan Residhen amranata bab lelenggahan sadaya.

Kala ing dinten senen tanggal kaping, 23, wulan rejep wau, wanci pukul sadasa enjing ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan pinarak ing dhampar wonten Mandhapi ageng karaton, para pangeran sepuh tuwin nem sami sowan ing ngarsa dalem, sareng wanci pukul satengah sawelas enjing wau kangjeng tuwan Residhen lumebet ing karaton, kadherekaken para tuwan akathah, kangjeng Gusti Pangeran Adipati ariya Mangkunagara sasantanipun inggih aNdherek ing lebetipun kangjeng tuwan Residhen wau dhateng karaton, kangjeng raden Adipati sakancanipun wadana kaliwon sadaya, para mayur ingkang boten mawi angirid prajuritipun inggih sami sowan ing ngarsa dalem,

Boten ngantos dangu anggenipun sami pinarak, kangjeng raden Adipati tumunten katimbangan majeng dhateng ing ngarsa dalem, saha lajeng kadhawahan pangandikan dalem, kinen anguNdhangaken, bilih garwa dalem kaangkat anama kangjeng ratu Pakubuwana, sasampunipun tampi dhawah dalem, kangjeng raden Adipati lajeng mundur saking ngarsa dalem, sarta anguNdhangaken dhawah dalem wau dhateng para wadana kaliwon sadaya. Sasampunipun ingkang Sinuhun adhawah dhateng kangjeng raden Adipati, nyai Tumenggung lajeng katimbangan ing ngarsa dalem, kadhawahan ngandika dalem, kinen angaturi serep dhateng kangjeng ratu ageng bab pangangkatipun garwa dalem anama kangjeng ratu Pakubuwana. Kangjeng raden Adipati sakancanipun wadana kaliwon sami dhateng pagelaran, nunten

ingkang Sinuhun angawe kaliwon kaparak kakalih kadhawahan majeng ing ngarsa dalem, kaliwon kakalih wau kautus aNdhawahaken ungeling kodhok ngorek gongsa ingkang wonten ing sitihinggil, makaten ugi lampahipun kaliwon gedhong kakalih, sami katimbangan majeng ing ngarsa dalem, saha kadhawahan amedalaken kawilujengan dalem awarNi tumpeng sewu, nyai Tumenggung tumunten kautus aNdhawahaken timbalan dalem dhateng lurah Gandhek, kinen aNdhawahi kangjeng

raden Adipati, supados aNdhawahana mas pangulu andongani kawilujenganing pangangkatipun garwa dalem kajumenengaken nama kangjeng ratu.

Sasampunipun ingkang Sinuhun angunjuk inuman kaliyan kangjeng tuwan Residhen tuwin para tamu dalem sadaya, nunten para prajurit dalem ingkang sami wonten ing ngalun alun, kathahipun kawan atus sami kurmat angungelaken sanjatanipun rambah kaping tiga, kasauran ing ungeling mariyem kaping pitu likur. Sareng ingkang Sinuhun sampun angunjuk wedang teh sacangkir kaliyan kangjeng tuwan Residhen saha para tamu sadaya, ingkang Sinuhun lajeng tindak lumebet dhateng Prabayasa kaliyan kangjeng tuwan Residhen, tuwan militer Kumandhan tuwin kangjeng tuwan Asisten Residhen, ingkang Sinuhun aparing wilujeng dhateng ingkang garwa, dene kangjeng tuwan Residhen, tuwan militer Kumandhan tuwin kangjeng tuwan Asisten Residhen inggih sami angaturi wilujeng dhateng garwa dalem, boten dangu ingkang Sinuhun kaliyan kangjeng tuwan Residhen, tuwan militer Kumandhan tuwin kangjeng tuwan Asisten Residhen wangsul malih dhateng Mandhapi, saha lajeng sami apinarak.

Sareng pukul kalih welas siyang kangjeng tuwan Residhen saha para tamu sami pamitan mundur sadaya, dene ingkang Sinuhun inggih lajeng kondur Angadhaton, sarta gongsa salendro tuwin pelok ingkang wonten ing bangsal palataran ing waktu punika kendel, boten kaungelaken malih.

Ing Jurumartani kaping, 4, januwari punika ongka, 1, anyebutaken, manawi ingkang Sinuhun ngunjuk inuman, punika anggenipun ngunjuk akaliyan para tuwan sadaya.

===

Lajengipun pakurmataning pikraman dalem ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan ing Surakarta, kacariyosaken ing ngandhap punika:

Kala ing dinten senen tanggal kaping, 8, januwari, 1866, utawi tanggal kaping, 21, ruwah Jimakhir ongka, 1794, ing wanci pukul, 9, enjing, wedalipun hajat wilujengan selapan dintenipun ing krama dalem, amung ancak saradan kemawon, boten mawi kakurmatan drel utawi gongsa.

Sareng ing wanci pukul, 10, kangjeng tuwan Residhen saha para tuwan tuwan Amtenar, para opsir tuwin tuwan tuwan sanesipun sawatawis, punapa dene kangjeng Gusthi Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara sasantanipun ing sawatawis, sami lumebet ing karaton.

Sareng ing wanci satengah sawelas, ingkang Sinuhun kangjeng
Susuhunan miyos ing pagelaran, karsa aningali pangabening sima
kaliyan mahesa, saha angrampog sima pisan, garwa dalem kangjeng

ratu Pakubuwana, saha para kangjeng ratu sami andherek, kendel
wonten ing sitihinggil, ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan
lajeng tedhak ing pagelaran lenggah dhadhampar kancana wonten ing
bangsal pangrawit, kangjeng tuwan Residhen kaliyan para tuwan
tuwan, tuwin kangjeng Gusthi Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara
sasantananipun, saha para Pangeran Sepuh sadaya sami pinarak ing
Kursi, para Pangeran enem saha kangjeng raden Adipati Sasradi-
ningrat sakancanipun wadana kaliwon sami sowan ing ngarsa dalem.

Nunten ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan andangu dhateng raden
Adipati Sasradiningrat, menggah mahesa ingkang badhe kaaben,
aturipun sampun cumawis wonten salebeting karangkeng pangabenan,
raden Adipati lajeng kadhawahan kinen anglebetaken sima dhateng
karangkeng pangabenan, aturipun sandika lajeng kadhawahaken
dhateng abdi dalem Gandhek.

Nunten ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan, akaliyan kangjeng
tuwan Residhen sapanunggilanipun sadaya sami majeng palenggahani-
pun, saking karangkeng pangabenan antawis tigang dhepa, ing
ngriku sareng sima sampun kalebetaken, gongsa galaganjur mungel,
abdi dalem Gandhek akaliyan abdi dalem kalang sami minggah dha-
teng sanginggiling karangkeng pangabenan, Gandhek anyandhungi
sima, kalang anyandhungi mahesa, sami surak ambal amabalan, kala
samanten mahesanipun kawon, dados sima ingkang kalabetaken ka-
rangkeng amung satunggal, ngadatipun ngantos sima kalih, antawis
dangu dhawah dalem kinen amedalaken sima ingkang mentas kaaben
wau badhe karampog pisan.

Sareng ing wanci pukul kalih welas, ingkang Sinuhun kangjeng
Susuhunan, akaliyan kangjeng tuwan Residhen sapanunggilanipun wau
sami minggah ing panggungan kajeng, ingkang anama wijahan, raden
Adipati Sasradiningrat sakancanipun para wadana kaliwon sami
baris ing ngalun alun sakiduling waringin sengkeran mubeng ange-
pang sima wonten ing garobog ingkang badhe karampog kathahipun

nenem, nunten kaliwon gandhek sakancanipun sami kadhawahan ambi-
kak tutuping garobog, saha ambesmi garobog saking wingking,
ingkang kawit kabikak rumiyin wetan piyambak, lajeng gongsa
galaganjur mungel, Gandhek sami wangsul dhateng pabarisanipun
alampah mandhapan sarwi angumbar kuncaning kampuh, wedaling sima
saking garobog lajeng anempuh pabarisan karampog pejah, gongsa
galaganjur kendel, nunten wiwit ambikak tutuping garobog malih
kilenipun ingkang kabikak rumiyin wau, patrapipun kados ingkang
sampun, sangsaya mangilen ngantos nenem pisan simanipun ing saben
anempuh pabarisan inggih lajeng karampog pejah.

Sareng ing wanci pukul satengah kalih siyang, ingkang Sinuhun
kangjeng Susuhunan, akaliyan kangjeng tuwan Residhen sapanunggil-
anipun wau sami tumedhak saking wijahan, wangsul lenggah wonten
ing bangsal pangrawit malih, ingkang Sinuhun kangjeng Susuhunan
andangu dhateng kangjeng raden Adipati Sasradiningrat, bab mong-
sa, ageng aliting lepen, abdi dalem among tani ing dhusun, lajeng
luwaran kondur angadhaton, kangjeng tuwan Residhen sapanunggila-
nipun wau sasampuning angunjuk wedang lajeng pamitan kondur.

Kala ing dinteng jumungah tanggal kaping: 12, januwari, 1866,

utawi tanggal kaping: 25, ruwah Jimakhir angka, 1794, ing wanci
pukul sadasa enjing, wedalipun hajat wilujengan kawan dasa dinte-
nipun ing pikraman dalem, Jatingarang saha anjak Saradan, kake-
pang ing pagelaran sa abdidalem sadaya, mawi kinurmatan gongsa
kodok ngorek saha edrel kaping tigang rambahan kasauran mariyem,
ing waktu punika dhawah bibaran abdi dalem ingkang sami makajan-
gan sadaya.

===

Punika candhakipun cariyosing panyepengipun benggol kecu Rana
Menggala, kasebut ing serat Juru Martani kaping, 11, Januwari,
1866, angka, 2, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Sadangunipun Rana Menggala udreg udregan kaliyan Manguntika,
arebatan waos, tumunten waosipun Manguntika kenging karebat
dhateng Rana Menggala, Manguntika kasorog ing waos, lajeng kacem-
plung ing kalen, sareng makaten waos kabekta lumajeng dhateng

Rana Menggala, palajengipun mangetan, sareng Rana Menggala sumer-
ep manawi raden ngabehi Kusuma Atmaja wonten wetan, lajeng gepak
mangidul, kapethuk mas demang Ponca Satata, Rana Menggala nunten
nyanjata dhateng mas demang Ponca Satata, ananging lepat ing
panjatanipun, lajeng kawales dhateng mas demang Ponca Satata,
kasanjata rambah kaping kalih kening, ananging tatunipun boten
terang, Rana Menggala lajeng lumajeng ngidul ngilen, waos taksih
kabekta, sareng dumugi ing dhapuran deling, waos lajeng katilar
wonten ing ngriku, tumunten Rana Menggala anyabrang lepen, ing
waktu punika titiyang sadaya sami katilapan ing palajengipun Rana
Menggala.

Nunten para demang bekel bawah Kasusuhunan sami dhateng, menggah
namaning demang satunggil: mas demang Jaya Menggala ing Geneng;
kalih mas demang Iman Diwiryana ing Kutukan, demang kekalih punika
sami ambekta kancanipun bekel piyambak piyambak, saha amirantos
dadamel, pikajenganipun badhe ambiyantoni ing panyepengipun
dhateng Rana Menggala, sarehning Rana menggala wau katilapan,
raden ngabehi Kusuma Atmaja lajeng dhadhawah dhateng mas demang
Ponca Satata, mas demang Ponca Udaka, Rongga Tirta Suyasa, tuwin
demang ing Klaon, sakancanipun bekel sadaya, sami kinen anglacak
angupadosi dhateng Rana Menggala.

Cariyos punika taksih wonten lajengipun.

===

Nyonyah Uf sepuh ing Surakarta, amratelakaken manawi anggarap
tuwin asade, sawarnaning sinjang bathikan sogan Batawen.

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken
dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang
boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep
Enko.

Ongka 4 Kemis kaping, 25, Januwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani. Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Pawartos Warni Warni

Ing Setokolem tanah Seweden wonten tiyang anyoba sanjata dadamelan saking pamanggih enggal dening tukang damel sanjata awasta Ahsethrom, sanjata punika saged mungel rambah kaping sadasa ing dalem samenu(i)t, sasampunipun sanjata wau angungel kaping satus, ing salebeting wuluh boten wonten regedipun, saking pawartosipun manawi sanjata ingkang kados makaten punika badhe kangge dhateng prajurit.

===

Saking pawartosipun menggah tiyang ingkang lema piyambak ing tanah Prangkrik boten wonten ingkang nyameni, bok manawi ing tanah Eleblepi, dereng lami tuwan Eleblepi wau pejah wonten Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik, ngumuripun kala pejah seket satunggil tahun, saha ing waktu punika wawrating badanipun, 240, pon nederlan, ewa denten kala badanipun gadhah wawrat samanten punika, sampun suda awit saking sakit kala badhe pejahipun, saderengipun pejah Eleb sawatawis wulan laminipun, tuwan Eleblepi saking lemanipun boten saged lumebet ing kori ingkang limrah wiyaripun, para kusiring kareta pasewan sami ajrih manawi karetanipun katumpakan tuwan, Eleblepi wau, mila manawi aningali dhateng tuwan Eleblepi, para kusir punika lajeng anyambuki kapali-pun, supados karetanipun ingkang kamanah sesak sampun ngantos dipun tumpaki, sampun tahunan laminipun tuwan Eleblepi boten kenging anumpak kareta pasewan.

===

Dereng lami ing Wenen tanah Dhitslan wonten kere picak pejah, menggah titilaranipun awarni arta, 900, rupiyah, gadhah panduman salangkung saking pangaosing barang barang, saha warni serat ingkang wonten pangaosipun regi, 15000, rupiyah, kere punika saged anyukani warisan arta kathahipun, 1000, rupiyah, dhateng tiyang estri ingkang asring anuntun, manawi kere wau dhateng griya passewan ingkang kawastanan kopieis, wonten ing ngriku ngadatipun kere angungelaken tatabuhan, punapa malih kere anyukakaken barang titilaranipun sadaya dhateng griya pasakitan kadamel panggenan amulasara titiyang picak ing Wenen.

===

Lisah lantung ingkang kawastanan petroliyum kenging kadamel sarananing ambucal uler sapanunggilanipun, trapipun kados ing ngandhap punika:

Manawi lisah petroliyum kenging kadamel ambucal uler sapanunggilanipun, ingkang sakalangkung saeka dadosanipun, petroliyum punika kadekekaken ing tataneman, pandekkipun mawi usar ingkang gepeng, kausar rusaraken ing tataneman, menggah ingkang sampun dados pinanggihipun, manawi petroliyum punika boten adamel kariesakan dhateng tataneman.

===

Punika candhakipun cariyosing panyepengipun benggol kecu Rana Menggala, kasebut ing serat Juru Martani kaping, 18, Januwari punika angka , 3, pratelanipun kados ing ngandhap punika;

Raden Ngabehi Kusuma Atmaja kaliyan Mas Demang Ponca Sawega, Manguntika Kanthi demang bawah Kasunanan, sami anggledhahi griyanipun Resa Wijaya, tuwin tongga tepalihipun sadaya, bok manawi barangipun Derma Wongsu ing Ngawi taksih katilar wonten ing ngriku, anangingsepen, amung wonten tiyang estri satunggil awasta Nyai Amad Kaiman Rondha, tunggil sagriya kaliyan Resa Wijaya, punika kalaning griyanipun Resa Wijaya kagledhahan, angumpetaken rasukanipun Rana Menggala, ingkang kantun wonten ing ngriku, kathahipun kalih iji, ingkang satunggil sikepan lurik tiga gangsal mawi benik dhadha pregulan sanga iji, ing ngajeng kakinten mas, kanthonganipun rasukan isi patruman sandawi kalih iji, lading pangaretan alit satunggil, tuwin jimat sabuntel, ingkang

satunggilipun ugi sikepan lurik tiga sakawan, mawi benik balung.

Rasukan kakalih wau dipun tindhihi lenggah dhateng Nyai Amad Kaiman, lajeng kapendhet dhateng Raden Ngabehi Kusuma Atmaja, punapa malih tiyang ing wasta Resa Wijaya nalika Rana Menggala kaliyan kancanipun sami ngamuk, boten wonten katingal, sareng Rana Menggala sampun kesah saking griyanipun Resa Wijaya wau lajeng dhateng.

Raden Ngabehi Kusuma Atmaja apitaken dhateng Resa Wijaya jaler estri, tuwin dhateng Nyai Amad Kaiman, punapa malih dhateng titiyang ing Dhusun Dhombang sadaya, punapa sami sumerep ing nama utawi griyanipun tiyang ingkang kataton waos wau, wangsulanipun sami boten sumerep, dene titiyang prapat sakiwa tengenipun Dhusun Dhombang boten angakeni gadhah pawong rencang tiyang ingkang kataton wau, saha sami dereng nate sumerep piyambakipun, sareng makaten tiyang ingkang kataton dipun pitakeni dhateng prapat, angakeni anama Mangun Sentika, ngajeng gigriya ing Madiyun, saha ing mangke sampun boten gadhah bale griya tuwin lurah bekel, anggenipun wonten Dhusun Dhombang tumut dhateng Rana Menggala.

Ing salajengipun tiyang ingkang taton waos, kalih Resa Wijaya jaler tuwin Nyai Amad Kaiman, sami kakintunaken dhateng Karang Pandhan, kapurih amasrahaken dhateng Raden Ngabehi Poncadipura, ingkang kaleres ajagi kapulisen ing ngriku.

Raden Ngabehi Kusuma Atmaja sakancanipun sadaya andumugekaken lampah angupadosi dhateng Rana Menggala, sareng dumugi prenatal celak ing Dhusun Suwakul tanah Matesih, Raden Ngabehi Kusuma Atmaja kapethuk kaliyan mata mata, punika apratela manawi Rana Menggala sampun pejah wonten joganing griyanipun Wuryani kaum ing

Dhusun Suwakul, sareng Raden Ngabehi Kusuma Atmaja amariksani dhateng griyanipun Wuryani, sayektos pun Rana Menggala kapanggih sampun pejah, amangkureb mujur mangilen wonten jogan, saha barang pangangenipun sampun sami pisah saking jisimipun, angalumpruk celak kaliyan panggenanipun pejah, sareng kapariksa dening Raden Ngabehi Kusuma Atmaja kaliyan tiyang kathah tuwin prapat, tetela manawi Rana Menggala wau pejahipun saking nandhang tatu satunggil

ing wetengipun prenah sangandhaping puser, butul dhateng gigir,
labetipun tatu wau kenging mimising sanjata, rai tuwin mripatipun
Rana Menggala ingkang kiwa sami tatu kenging gotri.

Menggah barang panganggenipun Rana Menggala awarni iket bathik
latar pethak byar taksih enggal, sabut tuwuh watu timang kunin-
gan, bebed latar pethak wiyar gupak rah, rasukan marinos sampun
amoh, kotang, jungkat sungu, dhuwung dhapur crita sarungan la-
drang mendhak kuningan, kandelan mas balewah kandel, wangun
pasisir, sabet minangka bubrongsong pethakan, mawi katalesepan
kandelan mas sepuh buntun lus lusan, wangun pasisir, mawi kaule-
san sangkelat cemeng, sanjata gembel piston, wuluh kasrasah ing
mas kaliyan pethakan, Raden Ngabehi Kusuma Atmaja nunten dhadha-
wah amedalaken jisim dhateng latar, saha titiyang dhusun ing
Suwakul sami kadhawahan angungelaken gentangan, dene barangipun
Rana Menggala wau kinen amendheti, badhe kaaturaken ing parentah.

Cariyos punika taksih wonten lajengipun.

Ing Wanadadi ping, 15, Januwari, 1866

Uran-uran punika sayoging kaatur tuwan ingkang wignya, pinacak
Juru Martani nagari Surakarta gung bok menawi dhangang kang galih
sangking atur kawula: munggeng ing tuanku mugi katrapa ing kabar:
lare lare ingkang sedyo gegurit, liyane kang wus wignya.

Dhandhanggula awit wulu melik, kaping kalih dhawahe nglegena;
sapta suku mendut, ping walu meksih nglegena; kaping sanga dhawa-
hira wulu melik, pada ageng nglegena.

Petangipun re pawulu melik, amung tiga ing dalem sakpada; mung
kalih re masukune tiba nglegena catur taling tarung amung satung-
gil, dene cacahing re pa. ya ing sakpadanipun, tan langkung
namung sedasa; aksara nya ing sekar dhandahnggendhis, wolung dasa
sekawan.

Sinom tiba nglegena; kaping kalih wulu melik ping tiganira
nglegena; sacature wulu melik, gangsale melik malih ping nem
dhawah suku mendut, pitung re pa nglegena; kaping astha wulu
melik, kaping sanga padane ageng nglegena.

Petange re pa punika; mung sekawan wulu melik, suku mendute
sajuga; re pa nglegena tan luwih mung sekawan puniki gugung re
pane sedarum, mung sanga dhawah pada; aksara sekar puniki pitung

dasa langkungira mung sekawan.

Pangkur re tiba nglegena; kaping kalih re pane wulu melik, kaping tiga suku mendut, caturira nglegena; gangsal malih re panira suku

mendut, kaping nem malih nglegena; kaping sapta wulu melik.

Kang sekar pangkur punika; namung kalih re pane wulu melik, kekalih kang suku mendut, re pa nglegena tiga; ana dene cacahira pa mung pitu dumugi ing pada tembang; aksarane swidak kalih.

Yyang asmara wulu melik, ping kalih tiba nglegena; tiga taling dirga ngore ping caturira nglegena; gangsal malih nglegena; ping nemira suku mendut, dumugi pada nglegena.

Wulu melik mung satunggil, petange re pa sak pada; satunggal dhawah sukune kang nglegena patang re pa; taling tarung satunggal; re pa sak pada mung pitu aksarane seket gangsal.

Sekar durma kawitan dhawah nglegena; ping kalih wulu melik, ping tiga nglegena; ping sekawan nglegena; kaping lima wulu melik, ping nem nglegena; pitu pada wulu melik.

Petangira re pa wulu namung tiga; sak padanira nenggih patang re pa brastha; sami tiba nglegena; gugunging re pa puniki mung pitung lisa; aksarane seket kalih.

Sekar mijil dhawah wulu melik, taling tarung pindhho kaping tiga re pa dirga ngore ping sekawan dhawah wulu melik, kaping gangsal melik, ping nem suku mendut.

Ing sak pada re pa melik katri satunggal mendutto taling tarung kekalih kathahe mung nem re pa ing sak pada dugi ka aksara nenggih kawan dasa wolu.

Gya kinanthi suku mendut, ping kalih wulu melik, kaping tigane nglegena; kacature wulu melik, gangsalira nglegena; ping nem pada wulu melik.

Re pa wulu namung telu re pa suku mung satunggil, kalih re pa kang nglegena; mung nem re pa sedayaning sak pada kang aksara; kawan dasa wolu titi.

Kang megattruh dhawahira suku mendut, kaping kalih wulu melik, kapng tiga suku mendut, ping sekawan wulu melik, gangsal taling tarung kagok.

Re pa namung kekalih kang dhawah wulu suku mendut pan kekalih satunggal kang taling tarung re pa mung gangsal dumugi kawan dasa catur kang wong.

Sekar pocung kang wittane suku mendut, ping kalih nglegena, tiga taling dirga ngore ping sekawan padane ageng nglegena.

Re panira mung satunggal suku mendut, loro kang nglegena; satunggal tetalingane, patang re pa aksara tri dasa astha.

Maskumambang dhawahira wulu melik, ping kalih nglegena, kaping tiga wulu melik, catur pada geng nglegena.

Re panira namung kalih wulu melik, kekalih nglegena; patang re pa wus dumugi aksara tri dasa papat.

Dene cethane puniki nglegena tanpa sandahangan; ugi mawi sandhanganne cecak pingkal cakra layar; sami petang nglegena; tuwin malih taling tarung sami lan taling kewala.

Kawula ingkang kepengin, akarya layang ran uran; mung lowung menawa cecek, ngakehi wira karsan; abdi Pakualaman; kinarya wakil panewu kadistrikan Tawangreja.

Katandhan Mas Ngabehi Wira Karsana, mantri pulisi dhusun ing Wanadadi.

Menggah ingkang dipun wastani re pa punika sak pada lingsa, ananging kalintu, ing sayektosipun kang anama re pa punika kalayaran, sawingkingipun layaran manawi tunggil satembung punika

kedah mawi pasangan, kadosta; warnna, arcca, sasaminipun , manawi sanes tembung sawingkingipun layaran wau inggih boten mawi pasangan, kadosta; sekar campaka, pacar toya, sasaminipun, ewa denten wonten aksara mawi layaran taksih tunggil satembung ing wingking boten mawi pasangan, punika amung; ta; murdda, kadosta; karta, warsa, sapanunggilanipun.

Inggang serat saha inggang tabe kalayan hurmat, mugi kaatur inggang saudara tuwan, De Grut Kolep Enko inggang marsudi ing serat kabar Jawi Juru Martani, wonten ing kantor pangecapan, nagari Surakarta Hadiningrat, sangking kula inggang saudara Rahaden Panji Astranagara, mutra ing nagari Kudus.

Sasampunipun kadya punika, wiyosipun kula ngaturaken serat panjur kabar, saking kaginanipun, balendokipun kajeng kenari, inggang aking kinging kangge ambar, sami ugi werni gandanipun, klayan ambar, menyan saking negari Arap, bilih inggang maksih teles, kinging kangge sela, menyan Jawi, menggah pendamelipun mawi kacampur dhateng berbegang kajeng inggang wangi wangi, kadosta cendhani utawi rasamala, menggah pangolahipun sami ugi klayan tiyang damel menyan inggang saestu.

Saha sampun kula aturaken, malebet wonten panggeling barang taberen, ing tentun seteleng, nagari Batapiyah.

Kejawinipun, wau belendok kajeng kenari, kula sampun nyobi kangge jampi, dhateng tyang korengan, utawi barok, ing sawetawis, menggah penganggenipun jampi, srana kagerus, inggang alus, lajeng kawuwurake, ing catunipun wau, sasampunipun bakda, kakumbah dhateng toya wedang sinom, tegesipun toya godhogan, roning asem, injing sonten, mesthi kakumbah, lajeng kawuwuraken, saestu enggal saras, kajawenipun sangking tiyang kula sampun nyobi, kajampake, dhateng kuda inggang babak, utawi krowak, margi kinging lapak, ing jalak, lajeng kewuwuri balendok, kenari inggang sampun kagerus, alus, sawatawis dinten gempil lajeng saras, nanging inggih saben injing sonten, mesthi kaguyang kakasoki catunipun, klayan toya.

Kudus tanggal, 18, Sabhan utawi Ruwah, 1794, ingkang saudara
Rahaden Panji, katandhan, Astranagara.

Benjing ing dinten slasa tanggal kaping, 30, wulan Januwari
punika badhe wonten lelang ing griya losemen ing Surakarta.

Benjing ing dinten septu tanggal kaping, 3, wulan Pebruwari
ngajeng punika badhe wonten lelang ing tilas tokonipun tuwan,
Peles, ing Klathen.

Benjing ing dinten senen tanggal kaping, 29, wulan Januwari
punika badhe wonten lelang ing tokonipun tuwan Manuwelnem ing
Surakarta.

Surakarta tanggal kaping, 24, Januwari, 1866, Phendhi mester,
katandhan tuwan Phanlingen.

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken
dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang
boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep
Enko.

Ongka 5 Kemis kaping, 1, Februwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani.

Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Pawartos Warni Warni

Kacariyos manawi wonten tiyang saged tilem padintenan laminipun boten mawi tangi, punika tiyang meh boten pitados, ananging ing serat pakabaran prasman anayariyosaken, bilih wonten tutuladani-pun sawatawis bab tiyang tilem padintenan laminipun boten mawi tangi, pratelanipun kados ing ngandhap punika;

Wonten tiyang estri nem ingkang sampun laki kala umur sampun salangkung prah tahun, punika kala umur wolulas tahun sampun nate tilem kawan dasa dinten laminipun boten mawi angalilir, dereng ngantos lami saking anggenipun alaki wau, tiyang estri karaos badhe tilem, kalampahan lajeng tilem laminipun seket dinten boten mawi angalilir. Kala ing tahun, 1862, kaleres dinten ageng ingkang kawastanan Pasen, tiyang estri punika tilem malih, tanginipun ing wulan Maret tahun, 1863, saking pawartosipun ingkang kasebut ing ser pakabaran Inggris, manawi wonten tiyang jaler neneman, ingkang asring tilem ngantos pinten pinten dinten laminipun, manawi tangi boten saged langkung dangunipun saking pitu utawi wolung jam, dene manawi tilem asring dangunipun ngantos, 138, jam, boten mawi angalilir. Kala tanggal kaping, 28, Nopember wanci dalu pukul sadasa, tiyang neneman punika tilem boten tangi ngantos tanggal kaping, 2, Dhesember, sareng makaten wanci dalu pukul sawelas ing dinten punika tilem malih ngantos tanggal kaping, 7, wulan Dhesember wau lajeng tangi, mila kenging kaetan anggenipun tilem meh wonten, 405, saking, 427, jam, sareng tiyang neneman wau tangi, badhanipun kraos lesu tuwin ical kukuwatanipun

dados lemes kemawon, sadangunipun tilem tiyang neneman ambekani-
pun meh boten katawis, saha boten ebah ebah, ngantos kakinten
manawi pejah.

===

Kaping, 23, Nopember, 1865. Kala wingi enjing wanci pukul pitu,
angetrapaken paukumanipun bajag gangsal, kasebut ing serat karam-
pungan, bajag gangsal punika dhatengipun ing Batawi kala wulan
Juni ing tahun ingkang sampun kalampahan, kabekta dening baita
kapal asep kagunganipun kangjeng maharaja Walandi, ingkang kaw-
stanan baita kapal asep Dhe Berkel, kumandanipun anama; A. E.
Binik, saking Borneyo pasisir wetan, bajag ingkang sakawan awas-
ta; Silagung, Sihaji, Sihalemai, tuwin Sitabun, sami kapatrapan
paukuman, katingalaken ing titiyang kathah dangunipun satengah

jam, saha kapatrapan padamelan paksa kalih dasa tahun laminipun
mawi karante, dene bajag ingkang satunggilipun kawasta Sidhenaja-
luming alias Anjaluming, punika kapatrapan paukuman gantung.
Menggah bajag kakalih saking sakawan wau salajengipun kaluwaran
saking paukuman dening rad luhur, ananging ingkang satunggil
sampun pejah kala kaluwaran punika.

Wondening anggenipun anindakaken paukumanipun wonten ing pangge-
nan angajengaken gedhong bicara ing Batawi, panggantunganipun
kakepang ing prajurit inpanteri salangkung tuwin kapaleri sawata-
wis, kalampahan boten wonten reresah kala ing panggantunganipun
bajag ingkang satunggil wau.

Saking pawartosipun, manawi bajag satunggil ingkang kening
paukuman kapatrapan padamelan paksa, kaprenah anakipun kapalaning
bajag, punika adarbe panuwun dhateng pangadilan, mugi kagantunga
minangka lilintuning bapakipun ingkang kening paukuman gantung,
ananging panuwunipun wau boten kalilan.

===

Saking pawartosipun manawi ing Niweyorek tanah Amerikah ing
sawatawis ahad laminipun, wonten tiyang sugih ingkang gadhah
pabrik anama tuwan Jon Sasse pejah, tilaranipun barang sadaya
wonten saking gangsal yuta ringgit kawarisaken dening tuwan Jon
Sasse dhateng para tiyang ingkang sami anambut damel wonten
pabrikipun, kathahing tiyang kawanatus, menggah tuwan Jon Sasse

punika dereng gadhah bojo kala pejahipun.

===

Ing kamplit tetanah Switserlan wonten tiyang estri awasta Bursi, punika padamelanipun amemejahi sawer mandos ingkang kawastanan ing tembung Walandi Aderes, remenanipun manawi angupados sawer dhateng wana, tiyang estri wau ing wanci enjing wonten wana ing sisih wetan, sareng sonten wonten ing sisih kilen, lampahipun angupados ing ngrika ngriki, tiyang estri saged angambet, manawi ing rong wonten saweripun sakedhik utawi kathah, manawi tiyang estri sampun ayektosi ing sumerepipun, bilih wonten saweripun ing rong wau, nunten pambektanipun porok tosan ingkang mawi untu tiga kaselubaken ing toya dadamelanipun piyambak, sareng porok sampun kacelub ing toya punika, lajeng kacublesaken ing rong, panggenanipun sawer mandos ngantos lebet, sareng sampun makaten trapipun, sawer minggah anyelak taksih wonten salebeting erong, tiyang estri lajeng tumungkul anirokaken ungeling sawer, sarta angentos ngantos wonten sawer katingal, ingkang amurugi dhateng tiyang estri kalayan amangap, sareng sawer sampun celak, tiyang estri lajeng anyembur ing cangkeming sawer kaliyan toya dadamelanipun wau, sawer sanalika dhawah, kados sawer mendem saha kepalepeken, ing waktu punika sawer kenging kacepeng ing tangan boten wonten kuwatosipun, awit saking pratelanipun piyambak, tiyang estri wau ing salaminipun gesang sampun amejahi sawer mandos ingkang kawastanan Aderes langkung saking kalih leksa, saha kathah ingkang sami meteng, menggah ngumuripun tiyang estri punika kawan dasa gangsal tahun, saha kasarasanipun kalindhih, pratelanipun tiyang estri manawi ababing sawer adamel bilahinipun, punika kayektosan saking lebeting ababipun sawer dhateng cangkeming tiyang estri kalanipun anyelaki rong, saking pawartosipun manawi tiyang estri punika wiwit kala tanggal kaping, 11, Juni, 1864, ngantos dumugi

tanggal kaping, 14, September, 1864 sampun amejahi sawer sapa-nunggilanipun ingkang sampun kasebut wau, kathahipun, 1139, iji, saha sampun pikantuk ganjaran saking anggenipun amejahi sawer samanten, katahipun kirang langkung saking, 142, rupiyah, kala ing tahun, 1865, tiyang estri wau wiwit wulan Mei kaping sapisan, ngantos dumugi tanggal kaping, 19, September, sampun amejahi sawer, 3272, iji, saha pikantukipun ganjaran kirang langkung saking, 405, rupiyah.

Pratandhaning candhakanipun kaengetan ingkang aeng.
Saking pakabaranipun kala tanggal kaping, 24, Nopember ingkang sampun kapengker, manawi wonten cariyos saking tiyang ingkang sumerep piyambak, prtelanipun kados ing ngandhap punika;
Dereng lami celak ing Plekao tanah Dhitslan wonten tiyang ambubujeng bruwang, ingkang wekasaning ambubujeng trapipun kenging dados titingalan, awit saking apurunan tuwin candhakaning kaengetanipun tiyang satunggil ingkang tumut ambubujeng bruwang, inggih punika Grapandhatenberg, sawatawis dinten laminipun titiyang aningali cetha tapaking bruwang ageng satunggil wonten prenatal ing Plekao, titiyang punika sami gadhah pikajengan, sasaged saged enggala luwar saking bruwang ingkang nguwatosi saha saben dalu tansah amubeng wonten panggenan ing ngriku, nunten titiyang sami kengkenan dhateng ngrika ngriki, kinen apratela bab ingkang kacariyos wau, boten ngantos dangu para tiyang pambujeng sami dhateng, badhe ambubujeng saha angepang dhateng bruwang, sareng sampun celak panggenanipun bruwang, kawatawis mimising sanjata buwis sampun dumugi, para tiyang pambujeng sami anyanjatani garumbul panggenanipun andhelik bruwang, kalampahan bruwang kenging kasanjata kataton ananging boten sanget, tumunten bruwang ngamuk, medal saking garumbul kalayan anggero, sarta ambujeng dhateng titiyang ingkang anyanjatani prenatal celak kaliyan garumbul, Grapandhatenberg ingkang tunggil kaliyan titiyang kathah saha celak kaliyan garumbuling bruwang, ing waktu punika sasampuning mungel sanjatanipun buwis, boten gadhah dadamel sanesipun kadamel anglawan dhateng bruwang amung lading satunggil ingkang kalebetaken wonten ing kanthonganing panganggen, manawi badhe anadhahi pangamuking bruwang angangge dadamel lading ingkang kados makaten, punika sakalangkung kuwatos, saha badhe andadosaken bilahining tiyang ingkang amubujeng.

Boten ngantos dangu bruwang ingkang sanget pangamukipun, dumugi celak kaliyan Grapandhatenberg, ingkang kala samanten sampun boten saged lumajeng, sakathahing para tiyang pambujeng ing waktu punika lumajeng dhateng panggenanipun Grapandhatenberg, sami badhe atutulung sampun ngantos Grapandhatenberg pejah saking pangamuking bruwang, ananging Grapandhatenberg sampun arumantos piyambak ing panglawanipun dhateng bruwang, sarehning sanjatanipun buwis sampun kothong, dados boten wonten damelipun, mila lajeng kabucal, tumunten astanipun Grapandhatenberg kalebetaken ing krega, sakedhap astanipun wau katutupan ing krega, saha sampun mangsanipun amirantos ing panglawan, awit bruwang sampun dumugi ing ngajenganipun Grapandhatenberg, lajeng anyokot krega,

sakedhap Grapandhatenberg anyepeng ladingipun, ingkang kaunus kaliyan untunipun, tumunten bruwang kakekreng wetengipun ing lading kalayan rosa, kalampahan wetengipun ngantos tatas, bruwang

saleyoran dhawah ing siti lajeng pejah, menggah Grapandhatenberg wilujeng boten kirang punapa punapa.

===

Punika kacandhakupun cariyosing panyepengipun bonggol kecu Rana Menggala, kasebut ing serat Juru Martani katiti mangsan kaping, 25, Januwari, 1866, angka, 4,

Kala Rana Menggala pejah wonten griyanipun Wuryani, ingkang gadhah griya tuwin bekel ing dhusun Suwakul, ing waktu punika sami boten angungelaken gentangan, nunten Raden Ngabehi Kusuma Atmaja andangu dhateng Wuryani kados pundi traping pejahipun Rana Menggala wonten griyanipun, saking aturipun Embok Wuryani, manawi Rana Menggala taksih gesang nalika lumebet ing griyanipun Wuryani, ananging sampun satengah sakarat badhe pejah, ambruk ing jogan niba tangi, saha lajeng acucul barang panganggenipun, ing nalika samanten Bok Wuryani pinuju sakit kasrepen, atileman wonten ing ngamben kang iring kilen, sareng sumerep wonten tiyang lumebet ing griya lajeng ambruk aniba tangi, Embok Wuryani sanalika saras, tumunten lumajeng medal, saha asanjang dhateng mata-matanipun Raden Ngabehi Kusuma Atmaja, ingkang panuju wonten dhusun ing ngriku, amargi ing ngajeng mata-mata punika tumut badhe anyepeng dhateng Rana Menggala.

Sareng jisimipun Rana Menggala sampun kapariksaan ing para priyantun demang rongga bekel tuwin titiyang kathah prapat monca gangsal, Raden Ngabehi Kusuma Atmaja dhadhawah kinen rumeksa ingkang prayogi dhateng jisim wau, amargi badhe kalapuraken ing parentah ageng nagari.

Sarehning Rana Menggala sampun misuwur, manawi kanggenan barang mas tuwin pethakan, gadhahanipun Derma Wongsa ing Ngawi ingkang punika bok manawi nalika Rana Menggala lumebet ing griyanipun Wuryani taksih ambekta barang-barang sanesipun ingkang sampun pinanggih, dados griyanipun Wuryani wau lajeng kagledhahan dening Raden Ngabehi Kusuma Atmaja lumengser dhateng griyanipun Mas

Demang Ponca Sawega, saha anyipeng sadalu wonten ing ngriku. Wanci ebyar Raden Ngabehi Kusuma Atmaja mantuk dhateng Karang Pandhan, dumugi ing Karang Pandhan tiyang ingkang anandhang tatu waos sampun kapanggih pejah, saking aturipun Raden Ngabehi Ponca dipura ingkang anjageni kapulisen ing Karang Pandhan, manawi tiyang ingkang anandhang tatu waos wau anggenipun pejah kala ing dinten malem Senen kaping, 25, Desember taksih tungguil taun, ing wanci pukul satengah kalih dalu, kala samanten raden ngabehi dhadhawah amirantosi jisimipun ingkang sae, awit badhe pamendhemipun jisim kakalih wau Raden Ngabehi Kusuma Atmaja kedah angentosi dhawah saking nagari.

Wondening saking aturipun para priyantun demang rongga bekel tuwin titiyang prapat tanah Matesih bawah Kamangkunagaran, utawi Kasunanan, punika sadaya sampun sami boten kikilapan dhateng tiyang ingkang pejah wonten griyanipun Wuryani kaum ing dhusun Suwakul, temen tiyang punika wasta Rana Menggala brewok, asli ing dhusun Kragilan Thunthungan tanah Sukawati, lajeng gigriya ing dhusun Kelethehan tanah Matesih, sakini panginten ngumur, 41, tahun.

Inkang punika sarehning sampun tetela bab pejahipun Rana Menggala brewok, dalasan kancanipun wau, jalaran saking enggenipun kasebut misuwur dados benggoling kecu, sareng badhe kacepeng lajeng soroh amuk, kasanjata dhateng Mas Demang Ponca Sawega kaliyan Mas Demang Ponca Satata, ingkang satunggilipun ngamuk lajeng kawaos dhateng Manguntika, tiyang kakalih kalampahan sami pejah.

Mila Raden Ngabehi Kusuma Atmaja adamel serat lapuran punika, supados andadosna kauninganipun ing parentah ageng nagari bab lalampahaning panyepengipun tiyang durjana kakalih wau, saha sampun terang ingkang kasebut ing nginggil sadaya punika.

===

Nyonyah Uf sepuh ing Surakarta, amratelakaken manawi anggarap tuwin asade, sawarnining sinjang bathikan sogan Batawen.

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken
dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang
boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep
Enko.

Ongka 6 Kemis kaping, 8, Februwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani. Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Pawartos Warni-warni

Pawartos ingkang kasebut ing serat pakabaran saking Batawi am-ratelaken, manawi Raden Saleh ingkang sampun misuwur ing kasaged-anipun, ing mangke kekesahan, amurih pikantuking puruwitanipun, saha amikantukaken para tuwan ingkang sami marsudi amencaraken kagunan tuwin kawruh. Raden Saleh sampun angalempakaken seratan tuwin barang-barang ing zaman kina, sarta wonten sakiwa tengening Ngayogyakarta dereng lami amanggih balunging khewan ingkang saka-langkung agengipun, balung punika kadhudhuk saking siti, kawata-wis balungipun khewan kala ing zaman Kangjeng Nabi Adam, menggah panjanging balung gigir wonten wolulas kaki, balung iga, 6, utawi, 7, kaki, panjangipun, dene wiyaripun, 4 1/2, kandelipun, 2 1/2, dim, siyunging khewan ingkang kapanggih sakawan iji, balung-ing sirah sampun risak, balunging gigir wau boten mawi gelitan, saha alus kemawon kados kagraji, ing saantawising balung gigir wonten balungipun ingkang ucul, kandelipun sadim, saha wiyaripun sami kaliyan balung gigir, ewadenten dereng kenging katerangaken bab khewanipun ingkang gadhah balung wau punika.

===

Saking pawartosipun manawi ing Samarang wonten tiyang cina dha-teng kathahipun, 164, dhatengipun ing Samarang punika kapurih anyambut damel wonten ing margi kareta asep, menggah karemipun anedha titiyang cina wau boten amikantuki, pangintening tiyang, manawi anggenipun karem anedha titiyang cina punika awit saking awoning tetedhanipun kala wonten ing baita kapal, dados wonten

Samarang kados tiyang angamaruki, manawi tiyang angsal tedha sae saha boten kirang, sampun mokal kemawon manawi sageda anedha sekul ingkang sakalangkung kathah ngantos boten limrah tiyang, kados titiyang cina wau ingkang sakalangkung kathah sanget ing panedhanipun sekul kala mentas dhateng ing Samarang, tiyang cina satunggil anedha sekul telas gangsal katos saendhegkan.

===

Wonten tukang kajeng katimbangan sowan dhateng pangadilan, supados dados saksi prakawis tiyang kabegal wonten ing margi, ingkang angembani prakawis apitaken dhateng saksi ingkang kapurih bingungipun makaten, dhek panempuhe kang begal, kowe sapira dohe saka wong kang dibegal tuwin kang ambegal, tukang kajeng amangsuli kalayan sareh; kawan kaki gangsal dim, ingkang ngasta pangadilan andangu dhateng saksi; kapriye bisamu weruh yen bener patang

kaki limang dim, tukang kajeng amangsuli; sabab kula anggadhahi panginten, bok manawi tiyang ingkang pitaken dhateng kula punika gemblung, mila tumunten kula ukur tebihipun panggenan kula saking tiyang kang kabegal tuwin ingkang ambegal.

===

Sampun misuwur manawi tiyang Sekot bangsanipun Inggris kathah sanget ing pamanggihipun, amurih pikantuk kauntungan ing padagang tuwin taberen sampun tetela saking pawartos, menawi wonten tiyang Sekot anggarap padamelan angupados kauntungan, pratelanipun kados ing ngandhap punika;

Wonten tiyang Sekot angingu tikus sawatawis, kaangge kinen angantih benang sarana pagilingan alit, tikus satunggil angantih benang angsal, 100, utawi, 120, Elo panjangipun ing dalem sadinten, tedhanipun tikus satunggil, 2 1/2. sen ing dalem gangsal akhad, dene angsal angsaling anggenipun angantih benang, 3850, Elo ing dalem gangsal akhad wau, manawi kaetang bathinipun resik saking tikus satunggil, 3, rupiah langkung, 60, sen ing dalem satahun, ing mangke tiyang Sekot punika angupados griya ingkang wiyaripun satus, panjang inggilipun nyeket kaki, ing salebeting griya wau kenging kadekekan pagilingan tikus kathahipun saleksa, wragad pangaosing pagilingan saleksa, 120000, rupiah, wragadipun dhateng ingkang sami angulataken ing padamelan lampahing pagilingan, 1400, rupiah, anakaning arta pangaosing pagilingan, 6000, rupi-

yah ing dalem satahun, mongka angasalipun bathi saking pagilingan satunggil, 3, langkung, 60, sen ing dalem satahun, dados pagilingan saleksa, 36000, rupiyah, kacowok ing wragadipun ingkang sami angulataken padamelan anglampahaken pagilingan tuwin anakaning arta pangaosi pagilingan, kanton bathinipun ingkang resik kirang langkung sangking, 29600, rupiyah.

===

Pawartos ingkang kasebut ing ngandhap punika andadosaken boten pitadosipun ing ngakathah, ewadenten kenging kawastanan manawi sayektos.

Wonten tiyang satunggil anumpak kareta asepi sangking nagari Salon, pikajenganipun badhe dhateng nagari Perenes, nagari kalih pisan punika kaprenah tanah Prangkrik, sareng sampun dumugi nagari Perenes, tiyang punika akintun serat dhateng ingkang nguwasani kareta asepi, suraosipun asuka uninga, bilih tiyang wau nalika dumugi celak ing Perenes angungak saking kareta asepi, sareng makaten sirahipun ical kabekta ing ngangin, ingkang punika panedhanipun tiyang wau dhateng sinten ingkang manggih sirahipun, mugi kawangsulna ingkang kalayan temen temen.

===

Celak ing Ristrup tanah Dhenemarken wonten tiyang estri ingkang atunggil griya kaliyan tiyang jaler ing dhusun, tiyang estri punika kenging kawastanan sakalangkung sanget rosanipun, kala tanggal kaping, 28, oktober ingkang sampun kapengker, tiyang estri wau ambekta gambum wawrat meh kalih dhacin saking Ristrup dhateng Elsenur, lampahan langkung saking tigang jam, ngantos angsal sawatawis tebihipun tiyang estri punika boten mawi kendel lampahipun, ananging salajengipun inggih asring kendel, sareng makaten angkatipun wanci pukul nem enjing dumuginipun ing Elsenur pukul sanga langkung saprapat ing enjing wau, dados anggenipun

lumampah ambekta gandum kalih dhacin dangunipun tiga langkung saprapat jam, dene titiyang kathah ingkang sami totohan kaliyan tiyang estri angiringaken ing lampahipun tiyang estri punika, menggah kathah ing toh punika sapinten regining gandum kalih dhacin ingkang kabekta tiyang estri, kalampahan tiyang estri menang gangsal welas rupiyah, ingkang dados regining gandum kalih dhacin, menggah umuripun tiyang estri wau saweg sanga las tahun.

===

Saking pawartosipun manawi ing Phepires tanah Eropah wonten tukang damel jam anyuwun panguwasa dhateng paparentahan ing Belgi tanah Erpah, kalilana anglotrekaken dadamelanipun jam pendile saking pamanggihipun piyambak ingkang guna pandamelipun, jam pendile punika mawi anggadhahi warni kadhatonipun kangjeng Raja Napoleyon ingkang kapisan wonten ing Pulo Elbah. Pamedalipun saking loterei badhe kapancekaken dados gadhahanipun ingkang manggih saged adamel jam ingkang kados makaten, sumerep pituwas-ing pandamelipun, kaetang, 5000, rupiyah.

Menggah jam pendile wau dados titingalan, saha pandamelipun saestu lami tuwin rekaos, punapa dene dhapuripun sadaya katingal kados Pulo Elbah, saganten tuwin sitinipun. Ing sagantenipun wau katingal wonten baitanipun kapal wolu iji sami alayar, sakiwaning pulo katingal palabuhan ing Kanes tanah Prangkrik, dene ing tengenipun pulo katingal ing Paris kithanipun ageng ing Prangkrik, ungeling jam katabuh dening paksi Adhelarpras, punika warninipun kados peksi bidho, cucuking peksi anucuk sabet suduk ingkang kadamel anabuh jam, katabuhaken ing mariyem ingkang dados ungeling jam, manawi jam mungel ing sajam jamipun aningalaken titingalan warni warni, ungeling jam sapisan aningalaken kangjeng Raja Napoleyon miyos saking kadhaton, kadherekaken ing tiyang pitu, sareng kangjeng raja dumugi celak korining kadhaton, kori lajeng menga, para saradhadhu ingkang jagi wonten ing ngriku sami kurmat amandhi sanjatanipun, saha lajeng lumampah wangsal wangsul, saradhadhu ingkang satunggil wonten satengenipun kangjeng raja, ingkang satunggilipun wonten ing kiwanipun, tumunten kangjeng Raja Napoleyon tedhakan anitih kareta ngubengi Pulo Elbah, sareng kangjeng raja wangsul saradhadhu jagi sami kurmat amandhi sanjata malih, sarta salebetipun kangjeng raja kaliyan ingkang sami andherekaken wau, saradhadhu jagi inggih lumebet ing griya pajagen, kangjeng raja lajeng aminggah dhateng panggunganing kadhaton, badhe aningali dhateng saganten, sareng saganten katingal boten kajagenan ing baita baita kapal, kangjeng raja tumunten tumedhak saking panggungan, karsanipun badhe anitih baita kapal kaliyan abdinipun ingkang sami temen temen, sareng jam mungel kaping kalih katingal kangjeng Raja Napoleyon anilar Pulo Elbah anitih baita kapal prang, kathahipun baita kapal prang ingkang tumut ing tindakipun kangjeng raja wonten saking tiga, sami alayar ing saganten, nunten kangjeng raja minggah ing dharat wonten palabuhan ing Kanes, sareng jam mungel kaping tiga kangjeng raja anitih kareta kesah saking Kanes, kadherekaken ing abdi prajuritipun, ambekta mariyem satunggil, anggenipun anitih kareta

alangkung ing Prangkrik, wasana lajeng lumebet dhateng kitha
ageng ing Paris.

===

Wonten tiyang satunggil ingkang sakalangkung anggenipun amerlo-

kaken, amangsuli pitaken, punapa khewan punika kadunungan ing
kaengetan saged mangertos punapa boten, tiyang wau amratelaken
cariyos aneh, bab seserapanipun khewan, pratelanipun kados ing
ngandhap punika;

Tutuladaning kaengetanipun sagawon ingkang aeng dereng lami ing
Tulose tanah Prangkrik katingalan ing ngakathah, wonten sagawon
satunggil kaderekan ceret, blek ing buntutipun ingkang wingking
dening para rare jaler, sagawon punika tumunten lumajeng lumajeng
saking sakalangkung ajrihipun, dene ceret blek tansah gumantung
ing buntuting sagawon, andadosaken langkung girising sagawon,
sareng sagawon lumajeng, tiyang aningali palajengipun mawi ayek-
tosi margi ingkang dipun langkungi, katingal kados angupadosi
griya ingkang badhe dipun lebeti, wekasan sagawon lumebet ing
kantor pulisi, wonten ing ngriku sakeca anggenipun kendel, kata-
wis manawi anggenipun wonten ing ngriku gadhah pangraos saestu
angsal pangayom, menggah ingkang dados sababipun sagawon lumebet
dhateng kantor pulisi wau, saha lajeng katingal sakeca wonten ing
ngriku, punika tiyang ngantos lami anggenipun angemut emut ing
pambudi, wasana wonten tiyang ingkang emut, manawi kala bendara-
nipun sagawon ing sawatawis wulan laminipun kagrecok kalayan
dipun pisuhi saha katut wingking dening rare ingkang sami andugal
wau, lajeng lumebet dhateng kantor pulisi wau punika, saengga
kados anedha adil dhateng parentah pulisi ingkang lajeng kaadi-
lan.

===

Ngayogyakarta kaping: 22: Januwari, Ongka , 1866

Kula purih macak wonten serat Juru Martani

Kala tanggal kaping, 3, wulan ramlan ing tahun punika kangjeng
Ratu Sultan, garwa dalem ingkang Sinuwun kaping, 2, seda, wanci
pukul, 12, dalu.

Jalaran gerah slira saha sampun sepuh.

Layon lajeng kasarekaken wonten ing kitha ageng tunggil raka
dalem, ingkang Sinuwun sepuh. Inggang jumeneng kaping, 2, ing

Ngayugya, kula ingkang suka tondha, Mangunpraja.

===

Benjing ing dinten jumungah tanggal kaping, 9, wulan Februwari punika badhe wonten lelang ing dalemipun kangjeng pangeran Ariya Cakranagara ing Surakarta.

Benjing ing dinten saptu tanggal kaping, 10, wulan Februwari punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan We, Pelman, wonten ing Loji Wetan ing Erenstrat, Surakarta.

Surakarta kaping, 7, Februwari, 1866, katandhan tuwan Pendi Mister Van Lingen.

===

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan oktober, 1865, ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayara sambutanipun wau saderengipun utawi satelasing wulan Februwari punika, manawi boten angleksanani ing pambayaripun, para tiyang wau badhe katagih medal saking pangadilan.

Surakarta kaping, 1, Februwari, 1866

Inkang nguwasani kantor lelang, katandhan Van Ogendhorep.

===

Tuwan Jaspres mentas tampi awarni sekursetinbuwis utawi sanjata

sanesipun, ananging amung sakedhik, kawade bayar kenceng, katandhan tuwan Jaspres.

7

===

Tuwan Dhegrutkolep Enko mentas tampi ing tokonipun, awarni tromel pirantos kadamel wadhah arta tuwin kertas mawi kunci ingkang sakalangkung sae, saha damelan Inggris, katandhan tuwan Dhegrutkolep Enko.

5

===

Tuwan Dhegrutkolep Enko mentas tampi ing tokonipun Surakarta; kertas kathah warni warni, sarta gadhah pangecapan adamel tenger tenger, namaning tiyang kenging kaecap wonten kertas ingkang badhe katumbas, tuwan Jaspres saged angecap nama wau, sadaya mawi bayaran sakalangkung murwat.

6

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken
dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang
boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep
Enko.

Ongka 7 Kemis kaping, 15, Februwari 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani. Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel. Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung. Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen. Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Pawartos Warni Warni
Lindhu ing San Fransisko tanah Amerikah

Saking pawartosipun ingkang kasebut ing serat pakabaran saking San Fransisko, amratelakaken kaelokanipun sawatawis bab kawontenaning lindhu ing San Fransisko, manawi kala tanggal kaping, 8, wulan oktober ingkang sampun kapengker, wanci siyang pukul satunggil, ingkang sakalangkung angajrih ajrihi, sitinipun ebah kados aluning saganten, sabawaning ngawang ngawang geter kados kumrawaking saganten, ebahing siti kang kapisan saking kidul mangaler, kaping kalhipun wonten sanesipun sakedhik saking ler mandul ngilen, ebahing siti ingkang kaping sapisan tuwin ingkang kaping kalih boten pisan pisan ing sangetipun, ebahing siti kang kapisan dhatengipun boten sarontha, ananging boten mawi wonten pratandhanipun adamel melang melang ing manah, dene ebahing siti ingkang kaping kalih angajrih ajrihi, sarta manawi kalampahan langkung dangunipun ebahing siti wau, amesthi ing San Fransisko badhe boten wonten griya ingkang taksih saged angadeg.

Ing sanalika wontening lindhu wau adamel kaajrihaning titiyang ngriku, sareng ebahing siti ingkang sapisan sampun ical, titiyang ing San Fransisko sami dhateng ing radinan, sakedhap para titiyang lajeng sami umyang ing kandhanipun bab wontening lindhu, kala samanten boten wonten griya ingkang boten bengkah laburipun tembok ing lebet, sawatawis griya wonten ingkang gempal laburing tembok, temboking griya sami bengkah mrika mriki, amung sakedhik griya ingkang boten karisakan.

Payoning gedhong bicara ing San Fransisko sakalangkung amutawatosi, sanadyan saking jawi amung katingal sakedhik anggenipun amutawatosi, balokipun ingkang dados pikuwating payon wau sami gumingsir saking tembok, tembokipun gedhong bicara ing lebet bengkah saking nginggil dumugi ing ngandhap, raganganing griya sami kengser saking panggenanipun, kala ebahing siti sanget ngantos jam mungel saking mobat mabiting tabuhipun, ingkang angengingi jam punika. Titiyangipun bangsa pethak boten wonten

ingkang tiwas utawi anemahi pejah, kasangsaran ngantos sanget,
punapa malih titiyangipun sawatawis ing waktu punika sami wonten
ing gareja, tuwin wonten ingkang saweg malampah malampah. Tiyang

cina kakalih jaler estri sami kajugrugan temboking griya, nanging
boten kalampahan pejah, titiyang sawatawis kalanipun medal saking
gareja sami kasakitan awit saking garubyuging ngakathah.

Ebahing siti saking dening lindhu dumugi tanahing nglebet, kunja-
ra tuwin gareja ing San Jore sami karisakan kathah, saking san-
geting ebahipun siti jam ngantos mungel piyambak, titiyang ing
ngriku kaget sanget, ing Sante Klarah margining kukusing pawon
sami ambruk, gareja ing ngriku amung karisakan sakedhik, laburing
griya sadaya sami gempal, ing Santahkrus marginipun kukusing
pawon sami jugrug, padasing redi sadaya sami gempal dhawah man-
gandhap, margi margi pepet kaurugan ing banon ingkang dhawah
saking nginggil, griya tembok salebeting kitha ing ngriku sami
karisakan sadaya.

===

Kacariyos ing Prah kithanipun nagari Bohemen ing tanah Dhitslan
wonten prokurur gadhah panuwun badhe dados militer ing tanah Indi
utawi sanesipun ingkang kabawah dhateng Gufremen Walandi .

Prokurur wau anggenipun damel serat panuwun ing basa Walandi mawi
anyebutaken menggah ing kasagedanipun, menawi saged wicanten basa
Dhitslan Walandi, Inggris Sweden, Pras, Itali, Sapanyol, Porte-
gis, Romanis, Rusi, Polen, Onggar, Grik, Arab, Persi, Indhustan,
Mlajeng, Tahiti, punapa malih basa Cina tuwin basa Japan, inggih
mangertos sawatawis, wasana tuwan wau inggih kadugi ngaturaken
pratandhaning kasagedanipun wau.

===

Dereng antawis lami wonten titiyang kakalih jaler estri gigriya
ing kitha Paris tanah Prangkrik, sami kekesahan sumeja nyambut
damel anilar anakipun ingkang saweg umur, 18, wulan, rare punika
pinuju tilem wonten ing patileman alit, sarta kapitadosaken
dhateng panjaginipun segawon satunggil, tiyang estri wau sade-
rengipun mangkat andadosaken latu ingkang badhe kadamel angrara-
tengi bilih sampun mantuk, boten antawis dangu tangganipun sami
mireng panjerit, sareng makaten para tongga wau aningali sagawon
lumajeng dhateng panggenaning tongga ingkang lajeng kaceneng
sandhanganipun, tongga sami gadhah pangraos manawi sagawon anedha
pitulung, nuntun tongga angetut ing panyenenging segawon, sareng
dumugi kamaripun rare wau, katingal sampun wonten kukusipun
saking kabesmi, patilemanipun rare sampun galewang, sarta sand-
hanganipun sampun kabesmi, saestu kemawon manawi rare badhe
manggih kasangsaran anemahi pejah, manawi boten ngantos kareksa
dening sagawon.

===

Serat saha ingkang tabek akathah kathah, Raden Mas Panji Surya
Wijaya, ingkang sayogi katur ingkang Panjenenganipun Tuwan Dhe-

grutkolep Enko ing nagari Surakarta.

Sasampuning kadya sapunika, wiyosipun kula amirsani serat kabar Juru Martani, ingkang medal kemis kaping, 25, januwari, 1866, punika wonten sasebutanipun piwulang dhateng para lare sakolah, ingkang punika kula raos kathah, kirang langkungipun ing nge-tangipun sastra.

Sarehning mawi nyebutaken paring piwulang dhateng para lare

sakolah, saupami boten kaleresaken, saestu boten kangge, ing piwulangipun, supados sampun ngantos kirang patitis, ingkang sami sinau, dados kula leresaken, punika ta tedhakanipun ingkang kasebut ing Juru Martani, Batawi kaping, 3, Februwari, 1866, katandhan Surya Wijaya.

Uran uran punika sayogeng kaatura tuwan ingkang wignya, macak Juru Martanine, nagri Surakarta gung bok menawi dhangang kang galih sangking atur kawula; munggen ing tuwanku mug katrapa ing kabar; lare lare ingkang sedya anggegurit, liyane kang wus wignya.

Dhandhang gula awit wulu melik, kaping kalih dhawahe nglegena, tiga taling dirga ngore sekawan suku mendut, gangsal dhawahnya wulu melik, ping nem lingsa nglegena, sapta suku mendut, ping wolu meksih nglegena, kaping sanga dhawahira wulu melik, pada ageng nglegena.

Petangipun lingsa wulu melik, amung tiga ing dalem sapada, mung kalih lingsa sukune tiba nglegena catur taling tarung amung satunggil, dene cacahing lingsa, ing sakpadanipun, tan langkung namung sedasa, aksaranya nenggih sekar dhandhang gendis, wolung dasa sekawan.

Sinome tiba nglegena, kaping kalih wulu melik, ping tiganira nglegena, ping cature wulu melik, ping gangsal melik malih ping nem dhawah suku mendut, pitung lingsa nglegena, kaping astha wulu melik, kaping sanga padane ageng nglegena.

Petangira pada lingsa, mung sekawan wulu melik, suku mendute sajuga, lingsa nglegena tan luwih mung sekawan puniki gunggung pada lingsanipun, mung sanga dhawah pada, aksara sekar puniki pitung dasa langkungira mung sakawan.

Pangkure tiba nglegena, kaping kalih lingsane wulu melik, kaping tiga suku mendut, caturira nglegena, gangsal malih lingsanira suku mendut, kaping nem malih nglegena, kaping sapta wulu melik.

Kang sekar pangkur punika, namung kalih lingsane wulu melik, kekalih kang suku mendut, lingsa nglegena tiga, ana dene cacahing

lingsa mung pitu dumugi ing pada tembang, aksarane swidak kalih.

Yyang asmara wulu melik, ping kalih tiba nglegena, tiga taling dirga ngore ping caturira nglegena, gangsal malih nglegena, ping nemira suku mendut, dumugi pada nglegena.

Wulu melik mung satunggil, pada lingsane sapada, satunggal dhawah sukune, anglegena patang lingsa, taling tarung satunggal, lingsa sak pada mung pitu aksarane seket lima.

Sekar durma kawitan dhawah nglegena, ping kalih wulu melik, ping tiga nglegena, ping sekawan nglegena, kaping lima wulu melik, ping nem nglegena, pitunya wulu melik.

petangira lingsa wulu namung tiga, sak padanira neggih patang

lingsa brastha, sami tiba nglegena, gunggung ing lingsa puniki mung pitung lingsa, sastrane seket kalih.

Sekar mijil dhawah wulu melik, taling tarung pindho kaping tiga lingsa dirga ngore ping sekawan dhawah wulu melik, kaping gangsal melik, ping nem suku mendut.

Ing sapada lingsa melik katri mendute sawiyon, taling tarung kekalih kathahe mung nem lingsa ing sakpada dugi kang aksara nenggih kawan dasa wolu.

Gya kinanthi suku mendut, kaping kalih wulu melik, kaping tigane nglegena, ping cature wulu melik, ping gangsalira nglegena, ping nem pada wulu melik.

Ing sawulu namung telung lingsa suku mung satunggil, kalih lingsa kang nglegena, mung nem lingsa sadayane sak pada ingkang aksara, kawan dasa wolu titi.

Kang megatruh dhawahira suku mendut, kaping kalih wulu melik, kaping tiga suku mendut, ping sekawan wulu melik, gangsal taling tarung kagok.

Lingsa namung kekalih kang dhawah wulu suku mendut pan kekalih satunggal kang taling tarung lingsa mung gangsal dumugi kawan dasa catur kang wong.

Sekar pocung kawitane suku mendut, ping kaih nglegena, katiga sudirga melik, ping sekawan padane ageng nglegena.

Lingsanipun mung satunggal suku mendut, loro kang nglegena, satunggal sudirga melik, patang lingsa aksara tri dasa astha.

Maskumambang dhawahira wulu melik, ping kalih nglegena, kaping

tiga wulu melik, catur pada nglegena.

Lingsanira namung kalih wulu melik, kekalih nglegena, patang lingsa wus dumugi aksara tri dasa papat.

Dene cethane puniki nglegena tanpa sandhangan, ugi mawi sandhane cecak pengkal cakra layar, sami petang nglegena, tuwin malih taling tarung sami lan taling kewala.

Kawula ingkang kapengin, akarya layang ran uran, mung lowung manawa ceceg, Ngabehi Wira Karsana, abdi Pakualaman, kinarya wakil panewu kadhistrikan Tawang Reja.

Katandhan Mas Ngabehi Wira Karsana.

===

Punika pitembunganipun komisi ing Surakarta, dhateng titiyang ing Kadipaten Mangkunagaran ingkang sami angsal ganjaran medhalye sanguban, bab anggenipun anglebetaken barang barang dhateng panggelaring barang ingkang medal saking taberen ing Batawi, pratelanipun kados ing ngandhap punika;

Sababe kowe padha katimbangan marene, awit bakal pinaringan me-

dhalye minongka ganjaraning barang olehmu angirimake menyang panggelaring barang barang kang metu saka taberen ing nagara Batawi ing tahun kang wus kapungkur, pratelane barang kaya ing ngisor iki.

Jarit bathik kang ngirimake nyonyah Godlib Kiliyan.

Lapak iji sasaput pirantine gawehane Ki Wirayuda.

Lading pangaretan lan gunting pethet tan gawehane Ki Guna Pawaka.

Setagen dringin gawehane Ki Kuswaraga.

Watu warna warna kang kareka lan kakirimake dening Ponca Diprana, Ponca Dilaga, Ponca Wardaya, lan Ngabehi Iman Arga.

Amurih aja nganti salah suruping panganggone medhalye mau, panganggone iku bakal dka terangake, medhalye mau ora kaanggo ana ing dhadha, sarta nganggo pita, mulane ora ana gelangane.

Sanadyana mengkono medhalye mau akeh ajine, awit angundhakake reganing barang kang wus ginantungan ganjaran.

Mungguh ing tanah Eropah wus lumrah manawa barang kang wus kadadekake ing panggelaring barang barang kang metu saka taberen oleh ganjaran medhalye, iku medhalyene katurun ing dhapure lan banjur kaangge angecap utawa kaukir dhapure ing barang barang kang bakal ginawe alaku dagang lan kawujude tuwin garapane amad-hani barang barang kang wus ginantungan medhalye, apadene turu-nane medhalye mau kaecapake ana wadhahe utawa buntelane barang mau.

Komisi ing Surakarta ing ngatase panggeling barang barang kang metu saka taberen ing Batawi, bungah banget dene bisa angulungake medhalye iu marang kowe kabeh, awit saka namane komisi nagara ing Batawi.

Kang iku muga muga ganjaran mau anglestarekna ing kaniyatan lan pambudimu, amurih undhake beciking pagaweyanmu, supaya garapanmu kang saiki mung ginantungan ganjaran medhalye sanguban, besuk yen ana panggeling barang barang kang metu saka ing taberen maneh bisa aginantungan ganjaran medhalye salaka utawa mas.

===

Benjing ing dinten salasa tanggal kaping, 20, wulan Pebruwari punika, wanci pukul sanga enjing, badhe wonten lelang ageng ing tokonipun tuwan Manuwel nem ing Surakarta, boten mawi angendelaken ing pamadenipun.

Menggah ingkang badhe kawadhe ing lelang punika dadamel warni warni akathah saha sakalangkung sae sae, dene dadamel wau damelan ing Borneyo, Sumatra, tanah Jawi tuwin sanesipun tanah ing Indiya.

Benjing ing dinten salasa tanggal kaping, 20, wulan Pebruwari punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan, Y.A. Manuwel nem wonten ing loji wetan ing Erensetrat Surakarta.

Benjing ing dinten rebo tanggal kaping, 21, wulan Pebruwari punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan A.Y. Bures

wonten ing loji wetan ing Erensetrat, Surakarta.

Surakarta kaping, 14, Pebruwari, 1866. Katandhan tuwan Pendi Mister Van Lingen.

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep Enko.

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani.

Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tembung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

Pawartos Warni Warni

Lepating Panginten

Ing tanah Prusi kala rumiyin sampun dados ngadat, menawi wonten tiyang lumebet dados saradhadhu enggal, asring kadangu ing kangjeng raja Prusi piyambak, menggah pandangunipun tigang prakawis, ingkang sapisan andangu umuripun sampun pinten tahun, kaping kalih bab lamining anggenipun dados saradhadhu, dene kaping tiganipun andangu punapa asih dhateng nagari tuwin panjenenganipun sang nata. Pandangon makaten punika sampun kenging katemtokaken ing ajegipun, wah mawi kaurut, wondening ingkang kadangu kedah amangsuli ing saleresipun, punapa malih manawi kadangu kaping tiganipun, punika ingkang kadangu kedah amangsuli makaten: kalih pisan.

Sareng makaten panuju wonten tiyang Prasman taksih nem, lumebet dados saradhadhu enggal, ananging tiyang Prasman punika boten mangertos basanipun tiyang Prusi, sarehning tiyang Prasman mau sampun mireng, manawi kangjeng raja Prusi sampun ajeg makaten pandangunipun, tiyang Prasman lajeng angampilaken wangsulanipun pandangon tigang prakawis ing basa Prusi, wekasan kalampahan kangjeng raja andangu dhateng tiyang Prasman wau, ananging pandangunipun kawiwitan saking pandangon kaping kalih, dados makaten; wis pira lawase olehmu ngabdi marang ingkun. Wangsulanipun ingkang kadangu; kalih dasa tahun, sang nata andangu malih, umurmu pirang tahun, saradhadhu amangsuli; saweg gangsal wulan, ing waktu punika sang nata semunipun duka sareng mireng wangsulan ingkang kados makaten, lajeng angandika makaten; pangiraningsun apa kowe apa ingkun sing gemblung. Saradhadhu andugi manawi kangjeng raja andangu pandangon ingkang kaping tiga, mila lajeng amangsuli makaten; kawula nuwun inggih kalih pisan.

===

Kaping, 25, Januwari, 1866, kala ing dinten Ahad ingkang sampun kalampahan, wanci pukul tiga dalu ing Manyar bawah Gresik, wonten griya kabesmen, sakalangkung agenging latu, saking pawartosipun griya ingkang kabesmi kathahipun, 600, iji, wah gudhang sareng

kagunganipun kangjeng Gupremen sanga, gudhang punika kathah ingkang wonten isinipun sarem, menggah ingkang dados jalaranipun kabesmen dereng terang.

Kaping, 27, Januwari, 1866, kala wingi enjing kangjeng tuwan, Andrewiltenes ingkang kakula wisudha enggal dados Residhen ing Surabaya, rawuh wonten ing Surabaya. Kangjeng tuwan Asisten Residhen ingkang ngasta arta nagari, tuwan apen mister tuwin Bupati ing Surabaya sami tindak dhateng ing baita kapal ingkang katumpakan dening kangjeng tuwan Residhen, angaturi wilujeng dhateng kangjeng tuwan Residhen wau sarawuhipun wonten ing Surabaya. Sareng kangjeng tuwan Residhen tedhak menggah dhateng dharat, para kareta pethukan sampun cumawis, saha para prajurit Jayeng Sekar sampun sami mirantos wonten ing ngriku, badhe amethuk ing kangjeng tuwan Residhen, saking panggenan ing ngriku kangjeng tuwan Residhen anitih kareta tedhak dhateng dalem Paresidhenan ing Sintang, kadherekaken ing para priyantun jawi, sarawuhipun wonten dalem Paresidhenan ing Sintang, kangjeng tuwan Asisten Residhen Pulisi, tuwan sekretaris tuwin tuwan kontelir ing nagari Surabaya sami anampeni dhateng kangjeng tuwan Residhen, sareng ing dinten senenipun, wanci pukul sanga enjing badhe pasrahan paparentahan ing Surabaya wonten dalemipun Bupati ing Surabaya.

===

Saking pawartosipun manawi baita kapal asepi ingkang mentas dados enggal anama Baron Bening, kesah saking tanah Eropah dhateng ing Indiya, sareng badhe dumugi ing panggenanipun ingkang pancen badhe kapurugan, baita kapal asepi punika kandhas boten saged mingked, wonten pernah celak ing Batawi. Baita kapal asepi anama Raja Wilem kaping, 3, ingkang badhe kesah dhateng Surabaya, kautus amitulungi dhateng baita kapal ingkang kandhas wau, mila dhatengipun baita kapal asepi punika ing Surabaya badhe wonten kasepiipun ing dalem kalih dinten.

===

Kacariyos Wenen tanah Dhitslan wonten litenan kepeleri anama Te, punika totohan bab anggenipun badhe anumpak kapal boten mawi mudhun saking kapalipun, ing ngantawis dangunipun ngantos, 24, jam, ananging kenging anglampahaken utawi angendelaken kapalipun, menggah ingkang andadosaken pakewed, litenan kedah amambengi dhateng kapalipun sampun ngantos anjerum utawi tilem, kalampahan litenan badhe kawon anggenipun totohan wau, amargi saking wonten jalaranipun, kados ingkang kasebut ing ngandhap punika;

Litenan wau kendel wonten ing griya pasewan, boten mawi mudhun saking kapal, saha lajeng anjujug ing keatalan, wonten ing ngriku litenan aken anedhani saha angombeni kapalipun, rencang ing griya pasewan tumunten anyandhak kapal ingkang kauculaken dhangsulipun, lajeng kaombenan, ananging kalanipun rencang angombeni kapal wau, tong ingkang isi toya kadamel angombeni kapal, punika dhawah ing

siti, andadosaken kageting kapal, sanalika kapal anggiwar, saha lajeng ambandhang boten mawi kendhangsul, kalampahan meh andadosaken kawonipun litanan, amargi saking kabandangaken ing kapal tanpa kendhangsul, dados boten kening kapekak, bok manawi ngantos andhawahaken litanan, temahan badhe kawon anggenipun totohan, ananging litanan boten dhawah saking kapal, ing wekasan kapal boten ngantos dangu anggenipun ambandhang lajeng kendel, ing ngriku litanan wangsul dhateng pasewan, kadadosanipun litanan menang, 200, rupiyah, sumerep anggenipun totohanwau punika.

===

Saking pawartosipun ingkang kasebut ing serat pakabaran nama Bintang Timur, manawi wonten tiyang satunggil ing sawatawis laminipun anelakaken pangunguning manahipun, dene wonten Bupati ing Kedhu anama; Raden Adipati Arya Olan Sumadilaga, tiyang punika boten saged mangertos, kados pundi lripun mawi anama; Olan, awit, Olan punika dede tembung jawi, saha dede pasebutaning pangkat, wasana anggenipun badhe sumerep tiyang punika bab kanggening nama Olan wau ing mangke saged pikantuk katerangan, kados ing ngandhap punika;

Kala swargi ingkang rama kangjeng raden Adipati Arya Olan Sumadilaga taksih dados wadana wonten dhistrik ing (U)Ngaran, kalampahan swargi ingkang rama wau katimbangan, kinen andherekaken kangjeng tuwan Kumisaris Jendral Vander Kapelen saking pos Tuntang dumugi ing Salatiga, kala samanten punika garwanipun panuju ambobot sepuh, mila saderengipun mangkat, wadana ing Ngaran wau, andhatengaken sadherekipun jaler, lajeng dipun weling manawi garwanipun ambabar rare jaler ing salebetipun kekesahan wau, sadherek jaler kapurih asuka auninga dhateng wadana ing Ngaran, dene manawi ambabar medal estri, punika boten prelu asuka uninga. Sasampunipun wadana ing Ngaran ameling makaten, lajeng pangkat andherekaken kangjeng tuwan Kumisaris Jendral Vander Kapelen dhateng Salatiga, ing waktu punika garwa ambabar medal jaler, sanalika ingkang kawelingan wau kengkenan angaturi uninga dhateng wadana ing Ngaran, enggal enggalan wadana ing Ngaran mantuk awit kagendenging katresnan, rare punika dados putra pambajeng, awit saking sukaning manah wadana ing Ngaran lajeng amaringi nama; Olan, dhateng putra ingkang saweg lahir wau, kalampahan ingkang putra ngantos sapriki anama; Kangjeng Raden Adipati Arya Olan Sumadilaga, dados punika jalaraning wontenipun nama; Olan wau.

===

Saking pawartosipun ing Minahasah tanah Menadho menawi kalatanggal kaping, 25, Nopember ingknag sampun kalampahan, wanci enjing saantawisipun pukul sadasa tuwin sawelas, wonten swara gumludhug kamirengan ing salebeting siti, kados ungeling galudhug kamireng saking katebiyan, kala samanten ungeling gumludhug wau kasarengan kaliyan ebahipun sitining Minahasah sadaya, ananging ing Kemah tuwin Tondano inggih ugi tanah Menadho ebahing siti sakalangkung sanget.

Menggah ebahing siti wau dangunipun salangkung sekon, saha mawi geter, kanthi orenging siti kaping tiga kalayan rikat, punapa dene orenging siti ingkang wekasan sakalangkung sangetipun.

Ing Kemah ingkang sitinipun wiwit ebah rumiyin, margi margi urut pasisir sami bengkah ing ngrika ngriki, saha gempal, makaten ugi ing margi ingkang saking Kemah dhateng Tondhano inggih sami gempal sitinipun, punapa dene ing Tondhano griya griya kathah ingkang sami karisakan.

===

Kacariyos wonten tiyang satunggal dereng lami mentas dhateng saking tanah Indhi, anyariyosaken dhateng para mitra bab trapipun lampahing ngagesang wonten tanah Indhi, tumunten anyariyosaken menawi piyambakipun senadyana boten remen udud, inggih ugi kedah

angatingalaken manawi remen udud, kalampahan amancen i rencang sakawan ingkang sami angladosi anggenipun badhe udud, nunten wonten mitranipun satunggil apitaken bab pandamelanipun para rencang wau. Tuwan lajeng mangsuli; ingkang satunggil ambekta pipa, kalih nglebeti sata, tiga ngempakaken pipa, sekawanipun punika ingkang udud.

===

Sanging panuwun kula mugi kapacaka ing Juru Martani E pawong mitra kula sadaya, keng sami maos Juru Martani, sarta keng sami karsa mangudi ing sastra, boten amastani sinten ingkang sumerep dunungipun suku keret mugi asuko asumerep dhateng ing Juru Martani, supados inggala kula tampi, pramila kula anedha-priksa bab suku keret, kula sampun aningali serat Juru Martani, ongka, 4, tanggal kaping 25, Januwari punika, ingkang katandhan Mas Ngabehi, Wira Karsana, mantri pulisi dhusun ing Wanadadi, anyariyosaken bab aksara repa, sadaya inggih sampun mangertosa bab pamendhetipun saking tutuladan serat genbring baring, saha saking serat wulang tekawardi, punika kula inggih sampun tampi, namung kedhik bab suku keret dereng terang, pramila kula nedha priksa dhumateng para pawong mitra kula sadaya, mugi kajawakna dunungipun lan kados punapa warnenipun lan pundi genipun wonten ing gatra, serat tekawardi ingkeng nyariyosaken suku keret wau, ing sarehning kula dereng sareh bab suku keret wau pundi pawong mitra kula keng sampun sumerep ingkeng mugi mugi tumunten kapacaka wonten ing kabar Juru Martani sampun ngantos katanggulan anggenipun sami marsudi ing kasusastran, inggih boten namung kedhi ragi perlu, sakaengetan kula serat piwulang paramasastra, kados boten nyariyosaken suku keret, utawi aksara repa, anjawi namung sastra laku tuwin linta lintuning aksara kangge ing serat mawi kasekaraken, ingkeng punika kula sumongga. Katiten tanggal kaping, 14, Ramlan Jimakir, Ongka, 1794. Katandhan Jaya Lukita ing Ngayogyakarta.

===

Ngayogyakarta kaping, 12, Pebruwari, 1866.

Kula Purih macak serat Juru Martani

Inggang kadya sak punika awiyos kula sampun nupiksani srat Juru Martani, ongka, 6, kaping, 8, Pebruwari, tahun, 1866, Raden Saleh ing nagari Batapiyah, inggang masrur menggah kawigyanipun kang kaloka ing buwana, bab sesaratanipun gambar, kula ugi kasengsem sanget, boten antawis lami Rahaden Saleh wau angsal balung wonten ing nagari Ngayugya.

Balung kewan anglangkungi gengipun, kadhudhuk saking ing siti, wentawis balungipun kewan saweg alamipun, kangjeng gusti Nabi Adam, Ngalaihisalam, panjangipun gigir, 18, kaki, iga, 6, 7, kaki panjang, wiyar, 4 1/2, kandel, 2 1/2, dim, siyung kepanggih, 4, sirah sampun resak, balung gigir wau alus wonten inggang ucul kandel, 1, dim, sarehning kula boten nyumerepi, balung sedaya wau punapa wonten menggah wadhahipun sungsum, yen boten wonten na kawestanan balung punapa.

Yen dhangang kula karetosena, ngajeng ngajeng klayan khak, yen wonten kiranging sastra juwun pangapuntan.

Kula inggang suka tondha, Mangunpraja.

===

Para priyantun ing Surakarta inggang sampun sami amratelakaken ing pamendhetipun serat pananggalan ing tahun, 1866, ing mangke kaaturan uninga, manawi serat pananggalan wau inggang regi sarupiyah sampun rampung ing pangecapipun, saha kenging kapurugan wonten pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep Enko ing Surakarta. 8 Katandhan tuwan Dhegrutkolep Enko.

===

Ing tokonipun tuwan Dhegrutkolep Enko ing mangke saben dinten sadhengah tiyang saged pikantuk atumbas pirantos anyerat warni warni, kados ta: kertas walandi, kertas pelin, kertas postuwini, kertas sanesipun warni warni, buntel serat, pen elar tuwin pen waos, mangsi warni warni, tuwin sanes sanesipun.

Punapa malih sadhengah tiyang saged pikantuk atumbas lading pangaretan, lading panyukuran damelan Inggris, kulit pirantos pangosekan lading panyukuran, lading pangaretan inggang kadamel ngaret pen lajeng dados kemawon, boten mawi kangelan ing pangaretipun, pigura, wadhah mangsi, tuwin sanes sanesipun pirantos panyeratan.

Barang barang punika sadaya mentas anggenipun tampi, saha reginipun sakalangkung murwat, 10. Katandhan tuwan Dhegrutkolep Enko.

=====
para tuwan inggang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos inggang boten mawi Tondha astanipun inggang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep

Enko.

Ongka 9 Kemis kaping, 1, Maret 1866

=====

Juru Martani

Serat Juru Martani wedalipun saben kemis, reginipun ing dalem
satahun, 12, rupiyah pethak.

Panyuka kabar ingkang kakintunaken ing griya pamedhapan ing
dinten rebo enjing, badhe kapacak ing serat Juru Martani.

Pangaosing pamacak wau salarikipun, 50, sen kajawi regining
serat segel.

Tegesipun salarik larikan ingkang isi gangsal tembung.

Regining serat segel ing dalem satembung dumugi seket tem-
bung, 36, sen ing dalem seket dumugi satus tembung, 60, sen.

Pamaosing pamacak wau kedah kabayar rumiyin.

=====

Pawartos Warni Warni

Cirebon

Kala wiwitipun wulan Januwari ingkang sampun kapengker dhawu-
han ing lepen Cimanuk tembing tengen, kaprenah celaking
dhusun Kandhangan dhadhal, toyaning lepen boten amung amaba-
leber medal margi saking dhawuhan ingkang dhadhal wau, inggih
punika ambaleber medal margi saking dhawuhan sanesipun,
ingkang kadamel minangka pikuwatipun dhawuhan ingkang dhad-
hal, amargi panggenanipun ingkang dhadhal wau kamanah wonten
kuwatosipun, mila kadekekan dhawuhan wonten ing wingkingipun,
supados sageda anadhahi toya. Kala samanten tiyang gadhah
pangajeng-ngajeng badhe saged andadosi enggal panggenanipun
dhawuhan ingkang dhadhal, ananging awit saking kathahing
jawah saha agenging toya dados anggenipun dandosi boten
amikantuki.

Toyaning lepen medal saking dhusun Pakandhangan, sawatawis
tebihipun tigang epal, kaprenah sakiduling Indramayu, toya
mili mangaler ambaleber dhateng panggenan ingkang wiyaripun
watawis wolulas epal pasagi, saha angupados margi anjogipun
dhateng saganten wonten saantawisipun pos ing Balongan kaliy-
an nagari Indramayu, ing ngriku toya anugel margi ageng
andadosaken pating jluweging margi, ngantos boten kenging
kaambah ing kareta sapanunggilanipun, dene kareteg kareteg
sami bibrah sadaya.

Panggenanipun dhadhaling dhawuhan ing pakandhangan kalatang-
gal kaping, 26, wulan Januwari kapriksanan ing Kangjeng Tuwan
Residhen, punika wiyaripun, 254, Elo Nederlan, lebeting
toyanipun wonten ingkang wolu utawi gangsal elo.

Wondening dhusun gangsal welas iji kaliyan sabin, 3337, bahu
sami keleben ing toya sadaya.

Wiyaring panggenanipun ingkang dhadhal kadekekan ram, kadamel
saking kajeng uwit kathahipun, 4000, iji, kajeng uwit saman-

ten punika angsal saking pitulungipun tuwan tanah ing Indra-
mayu.

Pananeming para sabin sapanunggilanipun boten wonten kuwa-
tosipun, amargi para sabin ingkang kabanjiran awit saking
andhaping sitinipun, ngadat pananemipun saderenging telas
wulan Maret, saking dening sampun celak ing mongsa katiga
amesthi tiyang saged rumanos ing pikantukipun toya saking
wangan ing Cikeru kalayan guna.

Wasana kasarasaning para tiyang ingkang dhusunipun kabanji-
ran, punika sami sae saha wilujeng sadaya.

===

Cariyos sae ingkang kasebutaken ing serat pawartos saking
Surabaya kacariyosaken dening Mas Surapraja wadana ing Rembes
bawah Tuban, bab bapa satunggil ingkang gadhah anak jaler
titiga, pratelanipun kados ing ngandhap punika;

Wonten bapa gadhah anak jaler titiga, amandum warisan kalani-
pun taksih gesang dhateng anak jaler titiga wau, supados anak
tiga sampun ngantos sami apaben bab pandumanipun warisan ing
tembe sapejahing bapa, ananging ingkang boten kawarisaken
dhateng anak tiga amung sela inten satunggil ingkang ageng
saha sakalangkung kathah pangaosipun, sareng makaten bapa
punika prajangji, badhe anyukani sela inten wau dhateng
anakipun salah satunggil ingkang gadhah lalampah sakalangkung
sae piyambak ing dalem tigang wulan laminipun, sareng anak
titiga mireng menggah prajangjining bapa makaten, lajeng sami
kekesahan angupados margi piyambak piyambak, pikajenganing
anak satunggil tunggilipun badhe sageda apikantuk sela inten
ingkang kathah pangaosipun wau.

Sareng sampun kalampahan tigang wulan, anak jaler titiga sami
mantuk dhateng griyaning bapa, nunten bapakipun apitaken
dhateng anak satunggil tunggal, bab kasaenaning lalampahani-
pun kala kekesahan, anak pambajeng tumunten amangsuli maka-
ten: ing dalem tigang wulan laminipun kula sampun alalana,
nunten kula mondhoek ing griyanipun tiyang sugih, sareng kula
badhe mangkat ing wanci sonten, tiyang sugih ingkang kula
pondhoki tampi dhawah saking parentah, kinen lumebet dhateng
nagari saanak bojonipun ingkang kaprenah tebih saking griya-
nipun, supados kapariksaan ing prakawisipun.

Tiyang sugih kala samanten kedah mangkat, ananging sinten
ingkang badhe kapasrahan arumeksa griyanipun, sasampunipun
tiyang sugih dangu anggenipun angenget enget, bab badhe
panjagining griyanipun, kula lajeng anyagahi bab panjagining
griya wau, andadosaken sakalangkung sukaning manahipun,
anggenipun kesahan tiyang sugih ngantos sawulan, sareng

tiyang sugih wau sampun mantuk, kula lajeng amasrahaken barang darbekipun sadaya kadosta wontenanipun ngajen boten wonten ingkang kirang, sanadyan kala samanten kaleres ing wancinipun, kula saged amendheti barang darbekipun tiyang sugih wau, sapintena kemawon kathahipun.

Anak panggulu sareng kapitakenan dhateng bapakipun bab lalampahanipun, amangsuli kados ing ngandhap punika;

Sareng kula kekesahan, kula anglangkungi talaga, ing ngriku para rare kathah sami adus, boten dangu tumunten wonten rare satunggil, anggenipun adus purun amanengah, lajeng kaleleb wonten panggenanipun ingkang lebet, kalampahan badhe pejah wonten ing ngriku. Sareng makaten kula boten mawi angenget enget lajeng anggebyar dhateng ing talaga, amitulungi dhateng rare ingkang kaleleb wau, kula entasaken dhateng dharat, kalampahan kula gadhah begja saged amitulungi umuring tiyang. Wasana bapa apitaken dhateng anakipun ingkang wuragil, bab lalampahanipun wonten ing purug, wangsulanipun anak punika makaten: Kados ingkang sampun sampeyan uningani, manawi boten tebih saking ngriku wonten jurangipun ingkang sakalangkung lebet, manawi tiyang aningali jurang punika meh boten saged tanpa awang-awangen, sareng kula wangsul saking anggen kula kekesahan, saha boten pikantuk punapa-punapa ingkang kalebet prayogi manawi kacariyosna kula aningali tiyang tilem wonten sapinggiring jurang ingkang sakalangkung lebet wau, tiyang punika mengsah kula ingkang sakalangkung ageng, salamnipun angawon-awon kemawon dhateng kula, saha sasaged-saged adamel kaasusahan kula, tiyang wau sakalangkung sakeca saha kapatos anggenipun tilem, manawi piyambakipun ebah sakedhik kemawon, amesthi lajeng kaglundhung kalebeta ing jurang, sareng makaten kula lajeng anyelaki tiyang ingkang tilem kalayan angatos-atos, sampun ngantos adamel kagetipun, sareng sampun celak bahunipun lajeng kula candhak, kula gendeng saking panggenanipun tilem ingkang sakalangkung angumawatosi, kula bekta dhateng wanggenan ingkang boten wonten kuwatosipun bab kaglundhung ing jurang.

bapa tumunten wicanten dhateng anakipun wuragil sarta lajeng karangkul, pitembunganipun makaten: enya engger, wtu inten iki kowe kang anduweni sadulur mu roro pisan padha anglakoni kawajibane, nanging kowe anglakoni pagaweyan utama.

=====

Pawartos saking Surabaya anyariyosaken kados ing ngadhap punika.

Surabaya kaping 9 Pebruwari 1866

Kala wingi sonten wanci pukul gangsal ing kitha Surabaya jawah sakalangkung deresipun titiyang ing ngriku dereng meningi jawah ingkang deres kados makaten, dhawah ing toya jawah kados dipun esokaken sakathahing ngegot salebetipun

kitha Surabaya ngantos boten saged angilekaken toyaning jawah ingkang dhumawah saking kathahipun, kalampahan toya wau ambaleber dhateng griya-griya sawatawis kados banjir, galud-hugipun adamel orenging para jandhela, saha caleret boten wonten kendhatipun.

Ing Pacinan wonten tityang tiga kasamber ing baledheg kenging ingkang kakalih, satunggil tiyang jawi wstri satunggilipun anak cina saweg ngumur sadasa taun kalampahan pejah wonten ing ngenggen.

Griya patiken ing pacinan kawastanan Kampung Gili punika kasamber ing baledheg, panyamberipun medal saking payoning griya dhateng lebet, gendhening payon sami remuk dene tiyang jaler satunggil ingkang panuju saweg anyeret wonten ing ngriku pejah ngenggen, sarta dilah tuwin gelas ingkang wonten prenah celakipun tiyang wau sami pecah, punapa malih ren-

cangipun ingkang wade tike ing griya patiken wau inggih pejah kasamber ing baledheg.

Menggah dangunipun ing jawah wau ngantos sajam, sakalangkung andadosaken eraming titiyang, dene ing waktu punika boten wonten kasangsaran sanesipun malih anjawi amung punika wau.

=====

Tuwan Dhegrot Kolep enko amaratelakaken cuwaning manah dhateng para priyantun ingkang sami badhe amendhet serat pananggalan ing taun punika, dene boten saged angleksanani ing wedalipun serat pananggalan wau kala tanggal kaping 1 Januwari ingkang sampun kapengker, kados ingkang sampun kapratelakaken kawrat ing serat pratelan, kaping kalihipun tuwan Dhegrot Kolep enko inggih sakalangkung cuwaning manah, dene namanipun kanjeng Raden ADipati Sasradiningrat ing Surakarta tuwin namaning para Bupati nayaka ingkang sami dados Lit wonten pradata dalem ing Surakarta, wah namanipun wadana jaksa pradata, punapa malih nama tuwin pangkating para opsir kasunanan kaliyan ing Kamangkunagaran boten kalebetaken ing serat pananggalan, punika sababipun manawi kalebetna, amesthi serat pananggalan ngantos dumugi ing dinten punika boten saged rampung, saha boten saged kawedalaken.

Inkang punika tuwan Dhegrot Kolep enko sasaged-saged ing benjing sawingkingipun badhe amirantos sampun ngantos kether malih ing wedalipun serat pananggalan taun ing ngajeng punika dumuygi ing salajengipun.

Wondening seat pananggalan ing taun 1867 punika badhe kawewahan langkung kathah ungel-ungelanipun, saha cariyosipun ingkang kasebut ing wingking piyambak inggih badhe kawewahan sasekar malih, dados langkung kathah kaliyan ingkang ampun supados andadosna tetempahanipun kiranging isinipun serat pananggalan ingkang sampun.

Inkang punika tuwan Dhegrot Kolep enko agadhah panedha kalayan kurmat dhateng para priyantun, mugi sampun ngantos andadosaken rengating galih, bab kiranging isinipun serat

pananggalan wau.
Ingkang medalaken serat pananggalan.
Katandhan tuwan Dhegrot Kolep enko.

=====

Tuwan Dhegrot Kolep enko asuka uninga, manawi ngantos in dinten punika serat pananggalan sampun dados sadaya, sinten ingkang ngarsakaken, kenging utusan amurugi dhateng tokonipun tuwan Dhegrotkolep enko ing Surakarta, mawi ambektanana arta pangaosipun pisan.

Wondening para priyantun ing sajawining paresidhenan Surakarta ingkang sampun amratelakaken ing pamendhetipun serat pananggalan badhe enggal kakintunaken serat pananggalan ingkang dados panedhanipun, ing mangke tuwan Degrotkolep enko angajeng-ajeng dhatengipun serat pananggalan praosan ingkang sami kasamak wontn ing Samarang.

Ingkang medalaken serat pananggalan
Katandhan Tuwan Dhegrot Kolep enko.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrot KOlep enko ing mangke saben dinten sadhengah tiyang saged pikantuk atumbas pirantos anyerat warni-warni, kadosta: Kertas Walandi, Kertas Pelin,

kertas Pos tuwin kertas sanesipun warni-warni, buntel serat, pen elar tuwin pen waos, mangsi warni-warni, tuwin sanes-sanesipun.

Punapa malih sadhengah tiyang saged pikantuk atumbas lading pangaretan, lading panyukuran damelan Inggris, kulit pitantos pangosekan lading panyukuran, lading pangaretan ingkang kadamel ngaretpen lajeng dados kemawon, boten mawi kangelan ing pangaretipun, pigura, wadhah mangsi, tuwin sanes-sanesipun pirantos panyeratan.

Barnag-barang punika sadaya mentas anggenipun tampi, saha reginipun sakalangkung murwat.

katandhan tuwan Dhegrot Kolep enko.

=====

=====

para tuwan ingkang ngecapaken serat Jurumartani badhe kajibahaken dening parentah, bab pamacakipun sawarnining pawartos ingkang boten mawi Tondha astanipun ingkang ngintunaken.

kaecap ing Surakarta wonten ing pangecapanipun tuwan Dhegrutkolep Enko.

Ongka 10, 8 Maret 1866

Kulawisudhan sapanunggilanipun

Kanjeng Pangeran Ariya Gondakusuma, Litenan Kolonel Twedhe Komandhan saking Legiyunipun Kanjeng Gusti Pangeran Adhipati ARIya Mangkunagara, awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kakendelan saking anggenipun dados Litenan Kolonel Twedhe Komandhan kalayan kurmat.

Kanjeng Pangeran Ariya ADiwijaya, ingkang wau anama kanjeng Pangeran ARIya Gondakusuma, saha ingkang awit saking panuwunipun piyambak saweg kakendelan kalayan kurmat saking anggenipun dados litenan kolonel Twedhe Komandhaning Legiyunipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Ariya Mangkunagara, ing mangke kaparingan pangkating Litnan Kolonel Jendral Setap saking prajurit ing Indhi wetan boten mawi angsal pamedal saking nagari.

Kanjeng Tuwan R.Weinen ingkang wau dados Residhen ing Borneyo sisih kilen saha sapunika taksih wonten nagari Walandi awit saking pamit ing mangke kakendelan saking anggenipun dados Residhen kalayan kurmat saha mawi kaleres apikantuk pensiyun. Tuwan E.C.F.Appe, Kolonel saking prajurit Infanteri, awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kakendelan kalayan kurmat saking anggenipun amakili dados residhen ing Borneyo sisih Kidul tuwin wetan saha saking anggenipun dados Komandhaning prajurit ingkang wonten ing Borneyo sisih kidul tuwin wetan wau.

Tuwan W.Y. Tenseldhem Pansewik, ingkang kaundur kalayan kurmat saking kalenggahanipun dados Gripir Landrat ing Pathi Paresidhenan Japara, ing mangke kakula wisudha dados Ufonderweiser ing Pamulanganing para murid calon guru jawi ing Bandhung paresidhenan Priyangan.

Kanjeng Tuwan C.Wigeres, Residhen lami ing Prabalingga, ingkang wau dados Ajunguf Inspektur saking pinansi, ing mangke kakula wisudha dados Rider saking Odher Nederlan Seleyo.

=====

Pawartos warni-warni

Pasuruan kaping 3 Pebruwari kala tanggal kaping 21 Januwari ingkang sampun kapengker wonten jawah deres tuwin angin ageng salebeting dhusun Kalipang dhistrik ing GRati, kalampahan ngantos wonten griya kakalih ing ngriku sami rebah. Kala tanggal kaping 30 taksih tunggil wulan punika ing kitha Bangil inggih wonten angin ageng, kathah wit kalapa tuwin jambe sami sol saha griyaning titiyangjawi kathahipun pitung dasa pitu sami rebah, begjanipun dene ing waktu punika titiyang ing ngriku sami wilujeng boten wonten ingkang sangsaran ngantos anemahi pejah.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Pasuruhan kala tanggal kaping 8 Pebruwari ingkang sampun kapengker wanci enjing wonten kasangsaran ageng kalanipun tiyanging bandera ingkang wonten sangajengipun ing dalem Paresidhenan kadandoson, ingkang kinen andadosi Matrus sawatawis saking baita Kruwis, awit para Matrus wau sampun nate anggarap padamelan kados makaten. Ing waktu punika wonten Matrus tiga sami anyambut damel andadosi tiyanging bandera wonten ing nginggil dereng ngantos

dangu tiyanging bandhera lajeng ambesat, kalampahan Matrus satunggil pejah ing ngenggen saking dening kabesatan ing tiyang bandera, dene ingkang kalih dhawah saking nginggil panggenanipun anyambut damel ngantos babak-bunyak, wasana sakedhap malih wonten Matrus satunggil ingkang pejah.

Menggah ingkang andadosaken jalaraning kasangsaran wau, punika saking tugeling tapelipun tosan tiyanging bandera, ingkang kaelus ing tangsul pangereking bendera, tiyanging bandera wau ing ngandhap sanginggiling siti katingal taksih sae awit saking kagumantos mawi kaeti, ananging sareng tiyanging bandera ambesat dados ucul saking sambetan lajeng tetela manawi salebetipun tiyanging bendera punika sampun rtisak katedha ing rayap, dene tapeling tosan ingkang sami anjepat saking pambesating kajengipun sampun amberebek sadaya, ingkang taksih katingal sae amung sirah ing tapel kemawon.

=====

Cariyos aneh.

Wonten tiyang dhusun anama Jangkrik gadhah sedya amasuraken manawi piyambakipun dados Juru Nujum, sarta badhe angubengi tanah tanah. Sinten sinten ingkang badhe amertangaken dhateng Juru Nujum punika, kedah anyukani tedha tuwin omben-omben ingkang sakalangkung eca rumiyin dhateng Juru Nujum wau laminipun ing dalem tigang dinten.

Sareng makaten Juru Nujum kaundang ing tiyang estri sugih, ingkang kecalan supe sela inten kathah pangaosipun, Juru Nujum kapurih ametangi, pangintening tiyang estri sugih,

manawi rencangipun piyambak ingkang purun amendhet supe inten wau Juru Nujum anglapahi ingkang dados panedhanipun tiyang estri, sareng angsal sadinten Juru Nujum kasegah tetedhan tuwin omben-omben ingkang sakalangkung eca, nunten Juru Nujum tilem, kala samanten para rencang ingkang amendhet supe inten wiwit boten sakeca manahipun, saha anyupaosio ing batos dhateng Juru Nujum enjingipun sareng Juru Nujum tangi tilem aningali wonten rencangipun tiyang estri sugih ambekta tetedhan badhe kaladosaken dhateng Juru Nujum, Juru Nujum lajeng wicanten makaten: siji, pikajenganipun amastani: satunggil, punika dening sampun kalampayan sadinten saking janjinipun tigang dinten, ananging rencang anginten manawi piyambakipun ingkang kawastanan satunggil wau kamanah manawi sampun sumerep dhateng pandung ingkang satunggil, sakalangkung andadosaken kageting rencang ingkang angladosaken tetedhan, rencang punika lajeng acariyos dhateng kancanipun manawi Juru Nujum sampun sumerep dhateng piyambakipun ingkang dados pandung. Sareng enjingipun malih dados ing kalih dintenipun Juru Nujum kaladosan ing rencang sanesipun rencang punika inggih dados panunggilanipun pandung, ngggenipun wonten ing griyanipun tiyang estri sugih sampun kalih dinten renang wau sakalangkung kageting manah sarta asanjang dhateng kancanipun sami pandung manawi yektos pnapa ingkang dados cariyosing pandung ingkang satunggil wau. Sareng ing tigang dinten rencang katiganipun ingkang dados panunggilaning pandung angladosaken tetedhan dhateng Juru Nujum punika inggih lajeng amastani: tiga, angetang manawi sampun tigang dinten anggenipun wonten ing ngriku, wasana Juru Nujum lajeng aparentah dhateng rencang wau, kinen matur ing bendaranipun, manawi

Juru Nujum badhe sowan dhateng ngarsaning bendara wau. Kala samanten rencang titiga pisan ingkang sami dados pandung gadhah panginten manawi saestuu Juru Nujum sampun sumerep bilih tiyang titiga punika dados pandungipun, saha badhe kasanjangaken dhateng bendaranipun, nunten pandung titiga punika sowan ing ngarsanipun Juru Nujum, sami anyungkemi sukunipun Juru Nujum saha awaleh manawi piyambakipun tiga pisan ingkang amendhet supe inten, supe inten punika lajeng kasukakaken dhateng Juru Nujum panuwunipun pandung ttiga, mugi Juru Nujum agadhah awelas dhateng piyambakipun tiyang titiga.

Juru nujum ingkang pamurihipun amung pikantuk katedha kemawon ing dalem tigang dinten ing waktu punika sakalangkung bingahipun saha lajeng aprajangji dhateng pandung titiga, badhe boten amastani manawi piyambakipun tiyang titiga ingkang anyolong supe, ananging juru nujum kacariyosan bab lampahlampah ing pamendhetipun susupe wau.

Sareng sampun kacariyosan bab lalampahanipun pamendheting susupe inten wau, saha susupe sampun kauntalaken ing ayam talekun gadhahanipun tiyang estri sugih dening pandung, awit saking pakenipun juru nujum, supados angicalna awoning pandung, juru nujum tumunten amanggihi ingkang gadhah susupe, sarta wicanten, manawi ingkang mendhet susupe punika ayamipun talekun piyambak, ingkang sampun anguntal susupe wau. Sareng makaten talekun ingkang kawastanan amendhet susupe kacepeng, saha lajeng kabedhel telihipun, kayektosanipun supe inggih kkapanggih wonten ing telihm, andadosaken bingahipun ingkang gadhah susupe, kalampahan ingkang gadhah supe anyukani tetedhan tuwin omben-omben eda malih dhateng juru nujum.

Kala samanten panuju bojonipun tiyang estri sugih dhateng saking kekesahan, nunten ingkang estri anyariyosaken dhateng ingkang jaler bab anggenipun sampun kecalan susupe inten, ngantos kapanggihipun malih, ingkang jaler boten apitados punapa ingkang dados cariyosipun ingkang estri, sarta lajeng badhe anyoba dhateng juru nujum ing kasagedanipun, nunten ingkang jaler wau amendhet jangkrik satunggil, kadekekaken ing bogem, juru nujum kapurih ambadhe punapa ingkang wonten salebeting bogem wau, kadadosanipun manawi juru nujum ing waktu punika sakalangkung susah saha pakewed ing manah, juru nujum lajeng medal pitembunganipun anetah dhateng badanipun piyambak, wicantenipun makaten o jangkrik kowe saiki kacandhak, saweg dumugi samanten anggenipun wicanten tiyang ingkang gadhah griya lajeng anyambeti wicanten makaten: iya bener pambadhe mu iku, panampunipun ingknag gadhah griya dhateng pitembunganipun juru nujum wau manawi jangkrik ingkang kawastanan sampun kacandhak wonten salebeting bogem.

=====

Serat saking Ternate anyariyosaken kados ing ngandhap punika. Kala ing satelasipun wulan Nopember 1865, Kanjeng Sultan ing Tidhore seda amargi saking sampun sepuh, sareng pawartos bab sedanipun kanjeng Sultan wau kamirengan ing ngakathah, Kanjeng Tuwan Residhen ing Ternate tuwin para priyantun punapa dene para opsir sami dhateng ing Tidhore, sumedya kurmat anggenipun badhe anyarekaken Kanjeng Sultan wau, kalampahan sumerenipun kala tanggal kaping 1 wulan Dhesember 1865 mawi

kurmatan kados ngadatipun, titiyang ing Ternate kathah dhateng ing Tidhore, sami aningali anggenipun badhe anyarekaken kanjeng sultan, sareng sontenipun sami wangsul mantuk dhateng TErnate malih, ing waktu wangsulipun para tiyang wau jawah deres saha toyaning saganten mindhak ageng.

=====

Para tuwan ingkang gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta ing wulan Nopember 1865 sami kaemutaken ambayara sambutan wau saderengipun utawi satelasipun wulan Maret punika, menawi boten angleksanani pambayaripun sambutan wau badhe kawedalaken saking parentah.

Inkang Nguwasani Kantor Lelang, Katandhan Pan Ogendhorep.

Surakarta kaping 1 Maret 1866.

=====

Lotrei arta kathahipun 150000 rupiah, minongka kauntunganipun Sositeit Amisitiah ing Samarang sampun kaidenan kawrat ing Serat Kakancinganipun Kanjeng Tuwan Inkang Wicaksana Guprenur Jendral katitimangsan kaping 27 wulan September 1865 onga 9.

Lotrei punika kadamel 15000 lot ing dalem salotipun sadasa rupiah menggah lot wau kaperang dados prapatan sarta tiyang saged pikantuk lot wetah, satengah utawi saprapat, dene kauntunganipun kapratelakaken kados ing ngandhap punika.

1 Kauntungan kathahipun50,000
rupiah.

1 Kauntungan kathahipun20,000
rupiah.

2 Kauntungan satunggil-tunggilipun10,000 rupiah 20,000
rupiah

2 Kauntungan satunggil-tunggilipun 1000..... 20,000
rupiah

105 kauntungan satunggil-tunggilipun 100 rupiah..... 10.500
rupiah

1000 Kauntungan satunggil-tunggilipun 10 rupiah..... 10.000
rupiah

Gunggung.....112,500
rupiah

Wragadipun lotrei, gunggung..... 37,500
rupiah

Gunggung sadaya.....150,000
rupiah

Atampi resik boten mawi kacowok punapa-punapa.

Pamainipun lotrei wau badhe katamtokaken dintenipun ing tembe wonten ing Samarang, panggenanipun katingalan ing ngakathah, pambayaring lot kenceng, dene sagedipun pikantuk lot wau saking para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Tuwan Winserdhelang enko, ing Batawi

Tuwan Klen Notaris, ing Batawi

Tuwan Simon, ing Batawi

Tuwan Etbring enko, ing Surabaya

Tuwan Pandheldhen ing Surabaya

Tuwan C.Pan Lenep, ing Ngayogyakarta

Tuwan A. Beiman, ing Ngayogyakarta

Tuwan H.Dhilkenem, ing Surakarta

Tuwan P.W.HE.Gaut.

Tuwan Wermut enko, ing Samarang

Tuwan Wermut enko, ing Samarang

Tuwan W. Bosnem, ing Samarang

Tuwan E.C.Edhoren, ing Samarang

Tuwan C.L.Dhangmeyer, ing Samarang

Tuwan Y.P.Krabe, ing Samarang

Tuwan Sepeliye enko, ing Samarang

Tuwan E.C.T.Pandhorep, ing Samarang

Tuwan Dhegrot Kolep enko, ing Samarang

Tuwan Susman, ing Samarang

Tuwan Tuf enko, ing Samarang

Tuwan H.Eliyon, ing Samarang.

Laminipun kawanwelas dinten sasampunipun loterei kamain ingkang angsal kauntungan saged tampi kauntunganipun wau saking tuwan ingkang kabebahan angasta arta lotrei wasta tuwan C.L.Dhangmeyer, mawi anedahna angkaning lotipun.

Manawi ing mangsaning pamainipun lotrei wau sampun katamto-kaken mongka kathah ing lot 15000 boten saged pajeng sadaya, punika pamainipun lotrei inggih badhe kalampahan ananging gunggunging pangaosipun lot ingkang sampun pajeng badhe kacowok ing wragadipun lotrei.

Dene kantunipun arta ingkang kadamel kauntungan punapa dene ingkang minongka kauntunganing Sositeit ugi badhe kacowok saking pangaosing lot ingkang sami boten pajeng kalayan kamurwat.

Inggang nguwasani Sositeit Amisitiyah

Katandhan tuwan H.A.W.Wermut Presidhen, W.Bosnem Sekretaris.

=====

Ongka 11, Kemis kaping 15 Maret 1866

Pawartos warni-warni

Pawartos saking Kabupaten ing Wanagiri kala tanggal kaping 3 Maret 1866 kados ing ngandhap punika.

Kala ing dinten Kemis tanggal kaping 14 wulan Sawal ing taun Jimakir 1794 wanci jam 5 sonten baita panambangan ing wanagiri anglampahaken tiyang saking kilen dhumateng sabrang wetan, kathahipun 11 iji sami jaler safaya, tuwin kapal lagaran 5 iji saha pirantos badhe wawrat gagramen, tuwin pambelah ingkang anglampahaken baita 5 dados tiyang ingkang numpak baita wau sadaya 16 iji sareng baita kalampahaken dumugi ing pinggir wetan, katamperking toya bantar lajeng notog ing padhas jurang, kapalipun sami budi baita lajeng anggoling, tiyang ingkang kajegur 7 saha kapal 3 tumunten tiyang pambelah sam anggebyur tutulung dhateng tiyang ingkang kajegur wau, kalampahan wilujeng saged katulungan sarta kaentasaken ingkang 5 amung tiyang ingkang 2 kalajeng keli boten saged katulungan dene kapal inggih katulungan saha kaentas sadya, menggah titiyang ingkang katulungan tuwin ingkang boten kajegur wau sami wilujeng, boten wonten ingkang kecalan barang punapa-punapa, anjawi tiyang 2 wau ingkang keli sasandhang panganipun sadaya, dene titiyang ingkang keli 1 wasta Kertawijaya ngumur 25 taun gigriya ing dhusun Pundhong, 2 wasta pada ngumur 12 taun anakipun tiyang wasta Kertajani ing dhusun Bungsen punika bawah ing Ngayogyakarta, titiyang wau badhe angaos dhateng pasantren tulung agung, ing sapunika tiyang 2 ingkang keli wau kaupadosan dereng pinanggih. Menggah baita ingkang katumpakan para titiyang wau wawratan kawan koyan.

=====

Saking pawartosipun ing nagari Kedhu, kala tanggal kaping 10 wulan NOPember ingkang sampun kapengker, Kanjeng Tuwan Residhen ing Kedhu karsa tindak dhateng Jengger inggih punika panggenan ingkang inggil piyambak ing redi Marapi, ingkang kening dipun inggahi. Dene kersanipun Kanjeng Tuywan Residhen badhe amnaspaosaken saking celak urubing redi wau. Sareng redi sampun meh sirep anggenipun medal latu, Kanjeng Tuwan RESidhen tindak malih dhateng Jengger, lajeng tumedhak dhateng lowahing Benglongkeng karsa badhe sumerep ing dhasaripun lowah wau ingkang prenatalipun tebih saking kawahipun redi ing sisih wetan punapa wonten pucukipun, Kanjeng Tuwan Residhen aningali yen estu wonten pucukipun, menggah sababipun pucuk punika boten kaserepan ing nalika tindakipun kanjeng tuwan Residhen ingkang kapisan amargi ing pucuk kala samanten kaubutan dening kukus.

Pucuk punika inggilipun 600 kaki, sarta meh bunder warninipun tuwin tembus wonten kawahipun

=====

Raden Ngabei Mangkuwijaya panewu ing Surakarta anyariyosaken punapa ingkang sampun dipun serepi wonten ing Kedhu, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Pamulasaraning pananemipun wit-witan palakirna, sarta anda-

dosi saenipun wangan.

Kula Raden Ngabei Mangkuwijaya, abdi dadalem panewu bawah
Kawadanan Siti ing Surakarta, suka uninga ing ngakathah,

manawi kula sampun aningali pranatan enggal wonten ing Kedhu,
ingkang kenging kacariyosaken saha katurut.

Pranatan wau bab pananeming wiwitan ingkang angemohi, pratel-
anipun kados ing ngandhap punika.

Sasampunipun Bupati ing Kedhu atepang rembag kaliyan Kanjeng
Tuwan Residhen ing Kedhu, Bupati ing Kedhu lajeng dhadhawah,
ananem wit-witan ingkang ngemohi wonten sauruting margi alit
alit ingkang anjon dhateng nagari, saha wonten martgi margi
sanesipun ing dhistrik-dhistrik, pamedalipun saking wit-witan
badhe dados kauntunganipun ingkang sami anggadha.

Titiyang alit sami ananem wit-witan wau kalayan bingah ing
manah, amargi sampun katerangaken bab badhe dados pikantuki-
pun piyambak, menggah pananeming wit-witan lajeng kalampahan
dening titiyang alit boten mawi kadhawahan, ing mangke sauru-
tipun margi margi ing paresidhenan Kedhu sakalangkung kathah
wit-witanipun palakirna, ngantos andadosaken pangeram-eram,
dene pamulasaranipun dhateng wit-witan wau sae, saha wit-
witanipun palakirna katingal seger sefer tuwin angrempayak,
andadosaken pratondha, manawi titiyang ingkang ananem badhe
pikantuk kauntungan.

Menggah kathahing panggenan sanesipun pananemiing wit-witan
palakirna dereng patos prayogi, awit saking kiranging guma-
tosipun ingkang sami ananem, kathah wit-witan ingkang karisa-
kan saking dening maesa, lembu, punika sami angidak-idak wut-
witan ingkang taksih alit-alit, sarta godhongipun katedhanan
ing menda, mila prayogi sanget manawi titiyang ngalit kasere-
pan menggah guna tuwin kauntunganipun ing tembe, bilih wit-
witan palakirna wau sae ing pamulasaranipun.

Wasana ing Magelang wonten wangan ingkang dhawuhanipun asring
bengkah jalaran saking panasipun ing mongsa katiga, ing
mongsa rendheng dhawuhan punika asring dhadhal saking dening
banjir, ananem wit kalapa kajejer kalih larik tuwin wit jambe
kajejer dados kawan larik wonten ing panggenan dhawuhan,
kakinten manawi oyoding wit-witan wau badhe angekahaken
sitinipun, saha adamel kuwating dhawuhan, sampun ngantos
kalampahan bengkah awit saking panasing mongsa katiga, utawi
dhadhal saking dening banjir wau.

=====

Saking pawartosipun Kanjeng Tuwan REsidhen ing Banten manawi
awit saking benaning lepen Ciujung tuwin Cidhuriyan ing
Dhistrik Tanarah, sakathahing dhusun ing ngriku sami kabanji-
ran saha lebet ing toya 3 utawi 4 kaki, menggah sabin ingkang
kabanjiran 33 bau, dene kreteg ing Kabupaten Serang kathah
ingkang sami larut saking dening banjir.

Paparentahan ing Banten sampun amernata bab pandameling
Kreteg enggal dadakan, supados sageda enggal kadamel langkung

ing titiyang malih.

=====

Cariyos aneh

Wadananing prajurit Tartar gadhah panuwun dhateng raja ing Serpiye tanah Turki, kalayan tembung deksura kalilanana medal saking tanahipun dhateng ing tanah Onggari, amurih kanjeng raja ing Serpi mawi kaancam-ancam dening wadananing prajurit punika lajeng angesokaken wos saking bagor wonten ing ngarsanipun sang nata, wicantenipun makaten: "ratu kula adhawah

dhateng kula, manawi panjenengan dalem boten amarengi ingkang dados panuwun kula wau, kula badhe kautus anggebag nagari dalem kalayan prajurit ing ratu kula, kathahipun kados wos ingkang kula sokaken wonten ing ngarsa dalem punika, kanjeng raja ing Serpi mundhut inah tigang dinten bab anggenipun badhe amaringi wangsulan dhateng wadananing prajurit wau, sareng makaten kanjeng raja ing Serpi lajeng angalempakaken ayam kathah ingkang boten kasukanan tedha laminipun tigang dinten sareng dumugi tigang dintenipun wadananing prajurit Tartar sowan ing ngarsanipun kanjeng raja ing Serpi, nuntun Kanjeng Raja ing Serpi dhawah angumbar ayam ingkang sami luwe wau wonten ing panggenan angesokaken wos wadananing prajurit Tartar, para ayam lajeng anucuki wos sakedhap telas, sareng wos sampun telas kanjeng raja ing Serpi angandika dhateng wadananing prajurit Tartar, pangandikanipun makaten: E Wadana prajurit tutura marang raja mu yen raja mu sakarsane olehe arep angirimake beras sapira bae kehe, ingsun kene ora kukurangan pitik kang bisa anucuki berase rajamu nganti entek.

=====

Wonten bongsa luhur sampun lami anuwun padamelan dhateng ratunipun ananging asring kadhawahan dening kanjeng raja kinen anyarehaken rumiyin pangandikanipun kanjeng raja makaten: sabara dhisik ingsun bakal amikir marang awakmu. Sasampunipun angantosi lami dhumawah ing sih dalem mongka boten wonten kadadosanipun ingkang nyuwun padamelan tumunten amandhet kucing satunggil ingkang lajeng katutup wonten ssalebeting pethi mawi kabolongan ing sawatawis supados sampun ngantos pejah saking dening kapalepekan manawi kucing mungel awit saking luwenipun bongsa luhur lajeng wicanten makaten mengko kucing sing sabar aku bakal mikir ing awakmu. ngantos lami kucing katutup wonten salebeting pethi, dene manawi kucing mungel kaping pinten-pintena anyuwun tedha awit saking luwe, bongsa luhur tansah amangsuli kados wau punika kapurih anyarehaken, wekasanipun kucing pejah saking anggenipun boten anedha, sareng kucing sampun pejah bongsa luhur tumunten sowan malih ing ngarsanipun sang nata, saha adarbe panuwun kados ingkang kasebut ing ngajeng wau, ananging sang nata tansah amangsuli kapurih anyarehaken sang nata badhe anggalih dhateng bongsa luhur wau, sareng makaten bongsa

luhur amangsuli ing pangandikanipun sang nata, pitembungani-
pun makaten: O gusti kawula, kucing kawula pejah amargi
kawula purih anyarehaken anggenipun luwe anyuwun tedha,
sareng bongsa luhur matur makaten sang nata lajeng gumujeng,
sakalangkung sukaning panggali, kadadosanipun sang nata ing
sanalika amaringi padamelan dhateng bongsa luhur wau punika.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrot Kolep enko ing Surakarta, tiyang
saged pikantuk atumbas: kitab Kur'an, tetedhakan saking
tembung Arab kajawekaken regi 20 rupiyah, Serat Tapel Adam
mawi kasekaraken macapat regi 8 rupiyah, serat Panji Jayeng
Tilam mawi kasekaraken macapat babonipun saking nagari ing
Surakarta regi 6 rupiyah.

=====

Lotrei arta kathahipun 150000 rupiyah, minongka kauntungan-

pun Sositeit Amisitiyah ing Samarang sampun kaidenan kawrat
ing Serat Kakancinganipun Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana
Guprenur Jendral katitimangsan kaping 27 wulan September 1865
angka 9.

Lotrei punika kadamel 15000 lot ing dalem salotipun sadasa
rupiyah menggah lot wau kaperang dados prapatan sarta tiyang
saged pikantuk lot wetah, satengah utawi saprapat, dene
kauntunganipun kapratelakaken kados ing ngandhap punika.

1 Kauntungan kathahipun50,000
rupiyah.

1 Kauntungan kathahipun20,000
rupiyah.

2 Kauntungan satunggil-tunggilipun 10,000 rupiyah 20,000
rupiyah

2 Kauntungan satunggil-tunggilipun 1000..... 20,000
rupiyah

105 kauntungan satunggil-tunggilipun 100 rupiyah..... 10.500
rupiyah

1000 Kauntungan satunggil-tunggilipun 10 rupiyah..... 10.000
rupiyah

Gunggung.....112,500
rupiyah

Wragadipun lotrei, gunggung..... 37,500
rupiyah

Gunggung sadaya.....150,000
rupiyah

Atampi resik boten mawi kacowok punapa-punapa.

Pamainipun lotrei wau badhe katamtokaken dintenipun ing tembe
wonten ing Samarang, panggenanipun katingalan ing ngakathah,
pambayaring lot kenceng, dene sagedipun pikantuk lot wau

saking para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika.

Tuwan Winserdhelang enko, ing Batawi

Tuwan Klen Notaris, ing Batawi

Tuwan Simon, ing Batawi

Tuwan Etbring enko, ing Surabaya

Tuwan Pandheldhen ing Surabaya

Tuwan C.Pan Lenep, ing Ngayogyakarta

Tuwan A. Beiman, ing Ngayogyakarta

Tuwan H.Dhilkenem, ing Surakarta

Tuwan P.W.HE.Gaut.

Tuwan Wermut enko, ing Samarang

Tuwan Wermut enko, ing Samarang

Tuwan W. Bosnem, ing Samarang

Tuwan E.C.Edhoren, ing Samarang

Tuwan C.L.Dhangmeyer, ing Samarang

Tuwan Y.P.Krabe, ing Samarang

Tuwan Sepeliye enko, ing Samarang

Tuwan E.C.T.Pandhorep, ing Samarang

Tuwan Dhegrot Kolep enko, ing Samarang

Tuwan Susman, ing Samarang

Tuwan Tuf enko, ing Samarang

Tuwan H.Eliyon, ing Samarang.

Laminipun kawanwelas dinten sasampunipun lotrei kamain

ingkang angsal kauntungan saged tampi kauntunganipun wau

saking tuwan ingkang kabebahan angasta arta lotrei wasta

tuwan C.L.Dhangmeyer, mawi anedahna angkaning lotipun.

Manawi ing mangsaning pamainipun lotrei wau sampun katamto-

kaken mongka kathah ing lot 15000 boten saged pajeng sadaya,

punika pamainipun lotrei inggih badhe kalampahan ananging

gunggunging pangaosipun lot ingkang sampun pajeng badhe

kacowok ing wragadipun lotrei.

Dene kantunipun arta ingkang kadamel kauntungan punapa dene

ingkang minongka kauntunganing Sositeit ugi badhe kacowok

saking pangaosing lot ingkang sami boten pajeng kalayan

kamurwat.

Inkang nguwasani Sositeit Amisitiyah

Katandhan tuwan H.A.W.Wermut Presidhen, W.Bosnem Sekretaris.

=====

Ongka 12, 22 Maret 1866

Pawartos warni-warni

Pawartos saking Surabaya kados ing ngandhap punika

Surabaya kaping 27 Januwari 1866

Ing dinten punika amaringaken ganjaran sabet pakurmatan saking Kanjeng Maharaja Walandi dhateng Tuwan Mayur, G.F.Rapalet Komandhaning Prajurit Inpanteri saking bataliyon 13, minangka pratandhaning sudira wiwekanipun kala wonten ing Binamu tanah Celebes ing taun 1864, anggenipun amaringaken sabet pakurmatan dhateng tuwan Mayur Rapalet wau, punika wonten alun-alun ing Surabaya mawi pasamuwan wonten sangajenging prajurit inpanteri saking Bataliyon 13, katingalan ing ngakathah.

Tuwan Kolonel Komandhan Dhebraban ing nalika samanten andhawahaken pangandika ing ngatasipun prakawis amaringaken saben pakurmatan, pangandika wau dhateng ingkang pinaringan sabet pakurmatan tuwin para opsir ingkang sami wonten ing ngalun-alun, punapa malih dhateng para prajurit sadaya, tuwan Kolonel Braban asuka uninga wilujeng dhateng Mayur Rapalet bab anggenipun sampun anampen pratandhaning panrimahipun Kanjeng Maharaja Walandi, sareng makaten tuwan Kolonel Braban lajeng ngandika malih dhateng ingkang pinaringan sabet pakurmatan manawi makuthaning ridheripun saking Willem Ordhe ingkang taksih pethakan punika ing tembe mugi sageda kasantunan ing makutha mas, sarta para opsir ingkang sami wonten panggenan ing ngriku sami kapangandikanan dhateng Kolonel Braban, manawi para opsir punika anetepi ing kaprawiraning ngajurit wonten ing paprangan inggih sami badhe pikantuk ridher ing dhadhanipun ing wekasanipun para prajurit ingknag sami andher wonten alun-alun ing Surabaya sami kaserepaken dening kolonel Braban bab sudira wiwekanipun Mayur Rapalet ingkang dados wadananipun punika kenging katumutan amedal ing paprangan kalayan kasenenganing manah, awit sudira wiwekanipun sampun anedahaken, manawi pangiridipun prajurit dhateng paprangan kala wonten ing Boni (e), Banjarmasin tuwin ing Selebes kalayan Sudira Wiweka.

Sareng tuwan Kolonel sampun angandika makaten wau, para prajurit sadaya lajeng sami surak, saha abaris mider wonten alun-alun ing Surabaya wau.

=====

Serat saking Pathi katitimangsan kaping 2 wulan Maret 1866 anyariyosaken kasebut ing serat pakabaran saking Samawis kados ing ngandhap punika.

Kala ing dinten Kemis ingkang sampun kapengker, titiyangipun baita kapal Prasman warni bongsa Eropah tuwin bongsa Cina, sami langkung wonten Pathi badhe dhateng ing Samawis, bait kapal Prasman wau anama Mito, punika kandas wonten panggenan prenah celak kapulowan ing Karumunjawi, saha lajeng kerem wonten ing ngriku, dene titiyang ing baita kapal punika sami anumpak baita alit ingkang wonten ing baita kapal wau, sareng makaten lajeng sami mentas wonten panggenan prenah celak ing Juwana, sadhatengipun wonten ing ngriku titiyang wau sami

kaluwen saha meh boten gadhah pangaggen ing badanipun nunten
kanjeng tuwan RESidhen ing Pathi enggal dhawah amaringi
punapa ingkang dados kikiranipun para titiyang ing baita

kapal Mito, salajengipun titiyang ing baita kapal Mito wau
kakintunaken dhateng ing Kudus.

=====

Saking pawartosipun manawi ing tanah Dhitslan wonten tiyang
ingkang sami anyambut damel adhudhuki siti katanggeor ing
warni maujud ingkang panjangipun 3 kaki tuwin kandelipun 5
dim, titiyang punika anginten manawi maujud wau kajeng uwit
ananging sanes saking pamriksanipun tuwan Bandam ingkang
dados pujangga punika lajeng sumerep, manawi maujud wau
gadhinging gajah kala jaman kanjeng Nabi Adam.

=====

Cariyos aneh

Wonten tiyang estri remen muring muring tuwin asring angupa-
dos paben kaliyan ingkang jaler, ingkang jaler wau ing saben
dintenipun kapisuhan trapipun dhatneg ingkang jaler sampun
ical ing pangaji-ajinipun kalampahan andadosaken susahing
manahipun ingkang jaler wasana ingkang jaler punika boten
saged anyegah nepsunipun ngadat ingkang jaler wau asring
mikawoni kemawon sareng ingkang estri amimisuh malih ingknag
jaler nunten amendhet gebag, ingkang estri lajeng kagebagan
ananging ingkang estri ing waktu punika anandukaken akal
supados andadosna kuwatos ing manah tuwin ajrihipun ingkang
jaler sareng ingkang estri kagebag kaping tiga lajeng ingkang
estri wau andhawah ing siti boten mawi anywatra, katingal
manawi anemahi pejah, kala samanten ingkang jaler atutulung
dhateng ingkang estri, supados ingkang estri enget ta malih,
saha sampun ngantos lajeng pejah, ingkang jaler amendhet toya
kasirataken ing rainipun ingkang estri, sarta amendhet jampi
lajeng kaambungkaken, ananging ingkang estri tansah kendel
kemawon saha angampet ambekanipun katingal manawi sampun
pejah, ingkang jaler waktu punika sakalangkung bigunging
manahipu saha ajrih, pangintenipun manawi ingkang estri pejah
jalaran saking kagebagan wau, tumunten iingkang jaler kesah
dhateng griyaning tangganipun ingkang boten tebih saking
griyanipun, tongga wau kacariyosan punapa ingkang sampun
kalampahan bab pejahipun ingkang estri wicantenipun dhateng
tongga makaten: kula anggebagi bojo kula, sareng kula gebag
kaping tiga bojo kula lajeng dhawah ing siti kalampahan
anemahi pejah, manawi sampeyan pareng ing galih kula aturi
dhateng ing griya kula, supados aningalana bojo kula, sarta
panuwun kula mugi sampeyan amaringana rembaga dhateng kula
ing ngatasipun prakawis punika.

Tongga wau nunten dhateng ing griyanipun ingkang gadhah bojo
pejah, wonten ing ngriku tongga anyepeng petegipun ingkang
pejah, ananging keteg punika taksih wonten boten wonten
emperipun tiyang pejah, taksih kados ketegipun tiyang seger

kasarasan kemawon tongga lajeng anyatriyosaken dhateng ingkang jaler punapa ingkang sampun dipun serepi wau, anggenipun anyariyosaken bisik-bisik wicantenipun makaten: nojo sampeyan boten kirang punapa punapa taksih gesang saha seger kasarasan kados kula tuwin sampeyan anggenipun pejah amung api-api kemawon mila makatn awit saking hawa nepsunipun mangke sakedhap kula kadugi aanggesangaken malih, sasampunipun wicanten makaten, tongga lajeng amurugi dhateng panggenanipun tiyang estri ingkang api-api pejah, wicantenipun dhateng ingkang

jaler makaten: O, mitra kula, sampeyan punika tiyang cilaka, bojo sampeyan pejah sayektos ananging sarehne bojo sampeyan sampun pejah mugé sampeyan angiris ototing kempolipun satunggil bokmanawi saged agesang malih, sabab pangirising otot wau andadosaken jampining tiyang sakit ayan saking panginten kula bokmanawi bojo sampeyan gadhah sakit ayan manawi sayektos kados panginten kula wau amesthi bojo sampeyan sakedhap agesang malih, ingkang jaler amangsuli manawi boten tahan angiris piyambak mila gadhah panedha dhateng tangganipun wau, mugé kairisna, tongga punika anyagahi nunten amendhet ladding ingkang lajeng kaasah sanalika, sareng lading sampun kaasah sukunipun tiyang estri ingkang api-api pejah kacepeng dhateng tongga, sarta kaagagaken kados pratingkahipun tiyang badhe angirtis ing waktu punika tiyang estri boten saronta lajeng tangi, saha wicanten sora: E apa kowe arep ngeleti wong urip, ingkang jaler kaliyan tangganipun wau sami gumujeng sarta ingkang jaler angalem kathah-kathah dhatemng tangganipun dene saged anggesangaken tiyang pejah boten ngantos dangu.

=====

Sedaya kaurmatan, mugé kaatur panjenenganipun tuwan Dhegroot Kolep enko ing Nagari Dalem Surakarta.

Sangat andadosaken pangungunipun ing manah, sawab kula ningali srat Jurumartani angka 8 tanggal kaping 22, Pebruwari 1866.

Wonten satunggil mitra kula priyantun ing nagari Dalem Ngayogyakarta mundhut sumerep menggah sarehipun suku ketet kados pundi ingkang dados kersanipun saking pamanggih kula dugi dugi, awit saking kesupenipun para berbudi, nalika nganggit serat ingknag mratelakaken suku keret wau pancenipun panganggitipun tembung mawi sekar wusana pada lingsa boten kasukanan, panganggitipun sampun dumugi pada ageng, rehning bongsa berbudi, dados kasusulan, ingkang padalinggsa dhawah ulu, katengeran cecak tengah ulu, ingkang dhawah legena, katengeran cerek bongkok kados abruh, ingkang dhawah suku katengera keret minonkga andhegiipun tembung mawi sekar, sawab sampun kasebut berbudi dados kalajengaken, mergi kiratanipun tembung budi punika, pundi kang kelbu dadi, wit tetenger punika saking kasupen dados kawestanan Durga, pamendhetipun nami Durga, saking Bathari Durga, sawab kasebut Bathari Durga punika saking kersanipun angreregoni, mila para sujana ingkang saweg

nganggit wau kesupen bokmanawi kartegonan ing Bathari Durga.
Ewa denten anggitipun para sujana ingkang kesupen wau, katu-
lad dhateng para mudha sapriki.
Menggah wangunipun suku keret sumongga ingkang dados kersani-
pun para pratameng sastra, kula boten saged nemtokaken ing
warni, kapacak ing jurumartani utawi boten kula sumongga ing
panjenenganipun tuwan Dhegroot Kolep enko.
Kaping 26 Wulan Pebruwari 1866
Magang Pos Komis Purwareja, Katandhan Mas Kramaatmaja.

=====
Penjurung Kabar Jurumartani
Kala ing dinten Selasa tanggal kaping 6 wulan Maret taun 1866
Raden Riya Purwakusuma ing Ngayogyakarta seda, tilar dunya
kondur ing Rahmatuulah, amargi gerah salira sadaya, saweg
teksih sugengipun raden Riya wau Kelakuwanipun kapara sae,

ragi eber dhateng dunya sarta anetepi ngadatipun satriya,
mila para pitepanganipun sami sanget ngungun saha cuwa ing
manah wekasan namung nenuwunaken mugl angala rahmat kang
sampun seda wau, raden Riya Purwakusuma punika, putranipun
Bendara Pangeran ARya PUrwadiningrat Ngayogyakarta, kemantu
ing Kanjeng Raden Adipati Danureja sapunika, dereng ngantos
apeputra antawis yuswa 35 taun andadosena kauninganipun para
kadang mitra sedaya.
Ngayogya kaping 7 Maret 1866, Katandhan Ra, Ta, Sa, Dha.

=====
Ambek sayaning tiyang Cina ing Amoi tanah Cina.
Wonten tiyang Cina satunggil anama Yuntan kadakwa tumut
angraman mumuruni dhateng Gupremen Cina, lajeng kapatrapan
paukuman pejah ingkang anggigirisi, pratelanipun kados ing
ngandhap punika.
Paukumanipun tiyang Cina wau katrapaken wonten panggenan
prenah celaking gedhong padaganganipun bongsa Ambugeg tanah
Dhitaln, katingalan dhateng bongsa ERopah ing sawatawis
pambektaning tiyang sakitan karembat dhateng panggenanipun
badhe kaukum, amargi boten saged limampah awit saking awrat-
ing rantenipun tosan ingkang kaangge, wonten panggenan ing
ngriku tiyang sakitan kajaenan ing prajurit Cina kathahipun
200 wadananing prajurit punika awasta AiOng, angangge sand-
hangan sarw abrit, nunten wadananing prajurit amaos serat
pandakwanipun sasampuning amaos sakitan tumunten kagebag
kaping tigangatus, ananging tiyang sakitan boten katawis
angraosaken sakit anggenipun kagebag wau, sareng makaten
ukumanipun dereng dumugi bnunten tiyang sakitan kaerut ing
epal, wonten ing ngriku tiyang sakitan kaukum kalayan siya
dening mindaraka ingkang sakalangkung anggigirisi, ingkang
rumiyin dafingipun sanggiling mripat kairisan, tumunten
ototing baunipun kaengges ngantos dumgi ing balung, wedaling
rah muncrat-muncrat sumamburat, anyiprati raining mondaraka,
sareng sampun angenges ototing bau, nunten ototing pupunipun

katugel, sasampunipun anugel ototing pupu, mondaraka lajeng
asantun lading, ingkang wau ladingipun alit kasantunan lading
ageng ingkang panjangipun 19 dim, kandelipun sa dim, lading
punika lajeng kacublesaken ing dhadhanipun tiyang sakitan
sakathahing titiyang kala samanten sami anginten manawi
anggenipun amatrapi paukuman sampun rampunt ananging lepat
saking panginten wau , mondaraka sampuning anybles dhadhani-
pun pasakitan kalayan lading, ing waktu punika tiyang saki-
tan taksih gesang, lajeng kabedhel wetengipun, saha kaweda-
laken jerowanipun, manah ing tiyang sakitan kapendhet, sarta
katedahaken ing titiyang kathah ingkang sami aningali dene
jisiming tiyang sakitan katilar wonten panggenan angtrapaken
paukuman wau ngantos gangsal dinten laminipun andadosaken
giguning manahipun bongsa Eropah ingkang sami aningali.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrot Kolep enko ing Surakarta, tiyang
saged pikantuk atumbas: kitab Kur'an, tetedhakan saking
tembung Arab kajawekaken regi 20 rupiyah, Serat Tapel Adam
mawi kasekaraken macapat regi 8 rupiyah,

=====

Ongka 13 29 Maret 1866

Pawartos warni-warni

Sampun antawis lami ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik wonten tiyang kakalih angadhang titiyang langkung sawatawis wonten ing margi, punika sami kaandheg saha lajeng ka kaathungan keestul, sasampuning angathungaken keestulipun, ing sanalika tiyang kakalih wau lajeng sami kesah, boten mawi wicanten sakescap, dene titiyang ingkang sami kaandheg saha kaathungan keestul inggih boten sumerep ingkang dados pikajenganipun tiyang kakalih wau.

Sarehning pangathungipun keestul kalampahan dhateng para estri nem-neman utawi dhateng titiyang sepuh, punika andadosaken panginten manawi lampah kados makaten sakalangkung diksura, saha badhe enggal kamantunan bilih kasumerepan dening pulisi, menggah solah ingkang kados makaten wau boten wonten malih ing pikajenganipun amung pambudining isarat amurih panyobaning kawruh, dene keestul punika dede dadamel, sayektosipun pirantos adamel gambar sorot ingkang amikantukaken gambar ing sakedhepan.

Titiyang ingkang sami malampah-malampah lajeng kagambar kalayan keestul wau, punika gambaripun boten saged sar saha nyamleng ing warni, amargi saking ajrihipun nalika kaathungan keestul saha saking panggiwaripun titiyang wau.

Ing Londhon kithanipun ageng tanah Inggris inggih ugi wonten pirantos agambar sorot ingkang kados makaten, saha boten kawont ing saenipun kaliyan dadamelaning bongsa Prasman, wonten tiyang inggris ing kitha Londhon anama Sekaip ingggih anyoba kaliyan pirantos anggambar sorot ingkang kawastanan PistulLograf, panyobanipun wau wonten ing ngajenganipun titiyang kathah menggah pikajenganipun agambar sorot kaliyan pirantos keestul wau, amung amurih aweting gambaripun wonten tiyang satunggil ingkang acacariyos kados ing ngandhap punika.

Menggah gambar ingkang kadamel saking pirantos wau punika dumuniung wonten ing gelas, pikantukipun saking sorot-ing srengenge ingkang sacaleret tan dhumawah wonten ing pirantos, kadamel awetipun awit saking sumuking latu, pandameling gambar kados makaten punika ingkang gadhah amanggih rumiyin tuwan Sekaip, pamanggihipun wau nalika tuwan Sekaip badhe adamel gambar sorot amurih awetipun kadamel wonten ing balebekan mas pethak sinarasah, sasampunipun anyoba kaping pinten pinten ing ngriku tuwan Sekaip tmunten manggih pamanah manawi gambar wau kapleped ing blebekan gelas kakalih, lajeng kadamel panans ing latu ngantos panasipun anyekapi adamel luluhing gelas kakalih wau, gelas kakalih kaliyan gambar lajeng dados satunggil, atosipun kados kristal.

=====

Bab Tiyang Pagunggung

Tiyang Pagunggung punika ngibaratipun ingkang leres piyambak kaupamekaken swasana, dene swasana wau ingkang kawastanan hawa, kados ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah swasana punika ing salugunipun boten anggadhahi asrep panas padhang

tuwin peteng, ananging manut dhateng kawontenaning ngawiyat, manawi ing ngawiyat asrep swasana inggih tumut asrep manawi mpanas inggih tumut panas makaten ugi manawi wonten

griya kabesmi tiyang ingkang celak ing ngriku, mesthi angraosaken panasing swasana, amargi saking kapanasan ing latuning griya ingkang kabesmi dados swasana wau tumut panas.

Tiyang pagungungg punika saben angombyongi ing wicantening bendara tuwin tiyang ingkang kathah pawewehipun manawi bendaranipun angesah bab kraosing asrep sanadyan ing waktu punika panuju mmongsa panas panasipun, tiyang Pagungungg inggih ngatingalaken manawi angraosaken asrep, malah api-api andhorodhog, manawi bendaranipun wicanten bab anggenipun kayungyun dhateng tiyang estri tiyang Pagungungg boten wicanten sanesipun saking prakawis kayungyun wau, manawi bendaranipun wicanten bilih tyang brancah boten kencing ing duraka, tiyang Pagungungg lajeng angleresaken ing wicanten ugi, manawi bendaranipun angantuk, tiyang Pagungungg lajeng ngulet angatingalaken i aripipun, manawi bendaranipun agething dhateng tiyang satunggil, tiyang Pagungungg inggih tumut gething dhateng tiyang punika, saha lajeng angawonawon dhateng titiyang ingkang kagethingan wau.

Tiyang Pagungungg ing ngibaratipun wadhah jampi injgkang kapraos ing jawi katingal sakalangkung sae, ananging manawi kaambet isining nglebet ambetipun arus banger.

Tiyang Pagungungg ing ngibaratipun tataneman ingkang rumabat, amarambat ing uwit katingal kados angrangkul tuwin angekep, ananging pangrambatipun punika amendhet toya tuwin kukuwataning uwit.

Tiyang Pagungungg kangibarataken kados jampi galintiran ingkang kapraos katingal ing warni kados eca katedha, ananging sareng katedha raosipun pait getir.

Tiyang Pagungungg punika ngibaratipun kajeng maiutan ingkang kabungkus ing gendhis traosing jawi legi ing lebet pait.

Tiyang Pagungungg punika ngibaratipun inuman keras, katingal saking ing warni manawi eca kaombe, ananging sareng kaombe gadhah wawatek angendemi.

Tiyang Pagungungg punika ngibaratipun inya ingkang andhawaken momonganipun rare ing siti, lajeng angeneng-enengi kalayan tembung manis saha boten kendel-kendel anggenipun angunggung utawi angemas-emas dhateng momonganipunrare ingkang kadhawahaken wau, ngantos rare punika kendel ing panangisipun saha lajeng gumujeng.

=====

Cariyosipun tiyang ing Gajahan Surakarta kados ing ngandhap punika.

Ing salebetipun wulan Sawal taun Jimawal taun Jimakir punika, kula iring-iring lurah kula permisi dhateng Kadhiri, sareng dumugi ing Kaduwang, sawarnenipun titiyang sami anyariyosaken saesnipun pranatan ing Pranaraga, kala kula mireng wau osik-

ing pun ing manah punapa inggiya kados pranatan Mangkunagaran margi ing Mangkunagaran sadya pranatan sampun seklangkung langkung prayogi, sareng kula dumugi Pranaraga, lajeng kantos dumugi ing TRanggalek saengga mantuk kula dumugi pranagara malih, titiyang ratraosan wau sami ugi pangalembanaipun, saking kula dereng sumerep piyambak dados aektosaken lumebet ing dhistrik Pranaraga, andadosaken pangunguning manah, saking saenipun ing pranatan kapulisen.

Inggang bab 1

Ing dalem 8 wulan punika salebetipun dhistrik Pranaraga, Kabupaten tuwin Afdeeling Pranaraga Karesidhenan Madiyun, sadaya titiyang menawi kapandungan sami saged angsal katrangan sarta amanggih nyinanipun awit pranatanipun wadana, ing samongsa wonten titiyang kang kapandungan, pulisi lajeng lumampah ngledhah, dhumateng gegriya ingkang wonten raosipun ing saben saben angledhah meh tamtu saged amanggih nyina sangking kasantosanipun pulisi, kanjeng tuwan asisten Residen kantos andhawahaken parentah dhumateng ingkang Bupati ing Pranaraga, Warnim Bupati Sumarata, kapareng sanget ing liyanipun dhistrik angange apranatan kados Dhistrik Pranaraga.

Inggang bab 2

Sareng satunggal wektu wanci enjing lurah kula dhateng wana Benjata kula andherekaken sareng dumugi ing ara-ara, ing pundi panggonanipun raja kaya salebetipun dhsitrik Pranaraga, wonten tiyangipun pulisi, ingkang winastanan Kapala Angen, anguwasani tiyang angen, sawarnenipun titiyang angen boten kenging tebih saking panggenanipun ingkang dipun engen pranatan punika andadosaken pitulung wilujengipun raja kaya ingkang wonten ing pangenan.

Inggang bab 3

Kula nyumerepi ing sadayanipun padhusunan kadekekan kandhang bumi, sangking cariyosipun titiyang wartadin ing sakaresidhenan Madiyun amawi makaten, ananging kang kula cariyosaken punika amung saserepan kula pyambak, dene kang winastan kandhang bumi wau, saben saben dhusun ing ngadhusunan wonten kandhangipun raja kaya, dhusun kang ageng 4 utawi 3 kang alit sadhusun amung 1 kandhang punika seklangkung prayogi tur santosa pinageran pager gesang, kadosta turus dhadhap randhu suru, kang rangkep panjati, mawi dipun reni kaubengan jagang, rajakayanipun tiyang ing dhusun ngriku kinalempakaken, kajagi tiyang samurwatipun katindhahan dening tyang pulisi winastanan kapala kandhang, manawi wonten raja kaya ical kapala kandang katempah angupadosi, denten manawi sampun tita boten pinanggih utawi boten angsal katrangan, punika kapala kandhang kajibah anglintoni tribaga, saregenipun rajakalaya kang ical wau, kapala kandhang punika angsal lenggah siti sabin murwat pranatanipun ing dhusun ngriku, amila panjagenipun sami ugi akalayan gegadhahanipu piyambak pranatan punika

andadosaken kawilujenganipun raja kaya kang sami wonten ing
kandhang bumi. Cariyos punika kabadhe kalajengaken.
Kasrat ing Kampung Gajahan nagari Surakarta Rebo kaping 12
Dulkaidah Jimakir angka 1794. Katandhan abdi dalem Jajar
Surating Dipangga ing Kasunanan, Kiyai Wikyadirada.

=====

Cariyosipun Tuwan-Tuwan Walandi ing Batawi, Kados ing ngadjap
punika.

Inggang andadosaken pangarsulanipun titiyang kang sami lumam-
pah ing wulan Maret punika, kula kesah dhateng Pacitan medal
ing surakarta lumampah mantuk kula wonten ing banawi sakidu-
lipun nagari Surakarta winastan Bacem katarik tambangan
baita, satunggal kapal 25 sen, dados kula sak rencang kula 4
sami numpak kapal kados sarupiyah, kala kula dipun tedhani
samanten anjetung sanget, margi kula kesah dhateng ing pundi-

pundi saweg punika kula manggih tambangan benawi samanten
kathahipun, kula nganyang boten angsal, saking cariyosipun
tukang baita sampun mila samanten pranata nagari, sabab anuju
toya ageng dados inggih lajeng kula bayar, saking bab punika
punapa inggiya, samanten pranatanipun sabab sarneg ing panam-
bangan Nguter, amung 6 sen kapal satunggalipun, satiyangipun
kang numpaki, mila pamanah kula menawi boten temen samanten
wau tukang baita pantes angsal ukum pangajaranipun nagari,
sabab punika kageleng panganiaya, sapintena tiyang kang nuju
nuju sangunipun taksih kathah sareng kala samanten nuju
wonten nini-nini guguh wungkuk sageding lumampah sarana teken
tanpa kanthi, amrasajakaken meskipun, anedha lla kasa-
brangna tanpa bayaran awit sampun boten gadhah yatra kang
minangka katambangan, tuakng baita boten suka malah sareng
akathah-kathah, kula nymerepi sakala punika, lajeng ambantoni
rembag angsala lilah, mmargi mamelas sanget sarta saking
cariyosipun cina tukang narik yatra tammangan ing panamban-
gan Nguter, dhawahipun parentah sinaosa sampun katamtokaken
bayaranipun menawi wonten para miskin kalilan anyabrangna
tanpa bayaran, wangsulanipun tukang baita ing Nguter punika
bawah Kamangkunagaran ing Bacem wau sanes bawah, kadadosani-
pun kula lajeng ambaita tiyang nini-nini, kantun nangis
taksih kandhek, kula welas sanget, kula waktu punika panuju
yatra kula telas, mila amung pamurih kula ing gusti kang
sipat adil mugi angusikaken dhumateng para kang kinuwasakaken
ing panambangan Bacem, angarsakna kados ing panambangan
Nguter, anebihna panganiaya, denten manawi temen panedhanipun
tukang baita langkung prayogi kaparingan tarip bayaranipun
tambangan sapinten pamesthiyanipun, kadosa ing liyannipun
karesidhenan sabab punika tarip dadosa sarana pangenget-
engetipun tiyang kang anglampahaken baita, utawi dados dhan-
ganipun titiyang kang lumampah.

Kasrat ing Batawi kaping 25 Maret 1866
Katandhan Tuwan K.L.

=====

Sanget ing panuwun kawula: kapacaka ing Serat Jurumartani.
Kula Ngabei Wirakarsana, Dhistrik Tawangreja bawah Pakualaman
nagari Ngayogyakarta, kula sampun maos serat Jurumartani angka
7 Kemis kaping 15 Pebruwari 1866 ing ngriku wonten panyamm-
pahipun Raden Mas Panji Suryawijaya, juru seratipun patikulir
tuwan A.B.Kohen Stuwart bab ingkang kasebut Sekar Pocung,
unika kula dereng trimah, dene kok wonten sekar pocung mawi
wulu melik, ewa denten menawi ingkang mancah priyantun sura-
karta kadosta 1 Raden Ngabei Ronggawarsita, 2 Raden Panji
Puspawilaga, 3 Raden Rongga Awikrama, dene ing Batawi Raden
Panji Natarata, punika sami karsa memancahana, saestu kula
trimah wangsul raden mas panji suryawijaya ingkang memancahi,
punika kula dereng trimah ing dunya rawuh ing ngakir, awit
kula sumerap kasagedanipun dhateng bongsa tembang namung
sacuwil kados kula kimawon.

Ngayogya 1 Maret 1866, Katandhan Wirakarsana.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrot Kolep enko ing Surakarta, tiyang
saged pikantuk atumbas: kitab Kur'an, tetedhakan saking
tembung Arab kajawekaken regi 20 rupiyah, Serat Tapel Adam

mawi kasekaraken macapat regi 8 rupiyah,

=====

Ongka 14, Kemis kaping 5 April 1866

Godhong Ayapana utawi kados ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah dipun wastani godhong Prasman.

Awit saking pawartosing tiyang, ing mangke saged anyariyosaken bab godhong Ayapana utawi ingkang kawastanan godhong Prasman tuwin kukuwatanipun manawi kadamel jampi.

Sanadyan uwit Ayapana asalipun saking Peru tanah Amerikah, ing Pulau Jawi ugi titiyang sampun sumerep dhateng uwit Ayapana wau, sinten ingkang remen ananem, amesthi taneman Ayapana punika katanem wonten pakebonanipun tiyang ingkang remen ananem wau, tanah jawi punika sugih ing sawarnining gogodhongan ingkang kenging kadamel jampi, ananging owe sanget dene sakedhik pamarsudining ngakathah amurih sumerepi-pun dhateng kanggening gogodhongan wau kadamel jampi.

Kados ingkang sampun kapratelakaken manawi ing tanah Peru panggenanipun tataneman Ayapana, punika thukul ing saping-giripun tengening lepen ing Peru ingkang dipun wastani lepen Amasone, tataneman Ayapana punika kabekta dhateng pulo ingkang kabawah tiyang Prasman dene ingkang bekta dhatng ing ngriku kapintan anama Agustinus Bondhin kalanipun kesah dhateng Brasiliye tanah Amerikah ing taun 1798 wonten ing ngriku pikantukipun taneman Ayapana saking tuwan dhokter Namarah, ing nalika samanten taneman Ayapana dereng patos misuwur ing kukuwatanipun manawi kadamel jampi, menggah cariyosipun bab kanggening taneman Ayapana kadamel jampi, prtelanipun kados ing ngandhap punika.

Kapitan Ogestinus Bondhin ambekta taneman Ayapana kadekekaken ing pot dhateng ing baita kapalipun wonten ing ngriku kapitan Bondhin aparentah dhateng kalerehanipun, kinen aggumatosi dhateng taneman Ayapana wau, sareng ing dinten badhe angkatipun kapitan Bondhin kapitan punika amireng manawi taneman Ayapana sampun pejah saha telas katedha ing ayam, andadosaken kageting manahipun saking pangintenipjn kapitan Bondhin manawi boten saged angsal taneman Ayapana malih, amargi ing dinten enjingipun kapitan Bondhin manawi boten saged angsal taneman Ayapana malih, amargi ing dinten enjingipun kapitan wau kedah badhe mangkat.

Sakalangkung pangungunipun kapitan Bondhin wau, dene boten saged ambekta taneman ingkang sakalangkung amikantuki ing kanggenipun, taneman wau badhe kalimrahaken ing kanggenipun kadamel jampi, wonten ing pulo-pulo Amerikah, amargi ing ngriku kathah saweripun mandos ingkang amejahi bilih anyokot tiyang, ewadenten kapitan Bondhin llajeng kaengetan manawi wonten tiyang satunggil anggadhahi taneman Ayapana punika katanem wonten ong pot dumunbung prenah celak jandhelaning griya, sarehne kapitan Bondhin sampun anedha taneman Ayapana ingkang wonten ing ngepot wau dhateng ingkang gadhah, saha

boten saged pikantuk kapitan Bondhin lajaneg agadhah sedya
badhe anyolong taneman Ayapana ingkang wonten ing ngepot
kalampahan kapitan BONDhin ing wanci tengah dalu anumpak
baita alit saking baita kapal dhateng ing dharat, kaeteraken
ig rencangipun sareng dumugi ing dharat anjujug ing griyani-
pun ingkang gadhah taneman Ayapana wontening ngepot kadeke-
kaken prenah celak ing jandhela wau, nunten pot ingkang

inggil dunungipun kagrethel saking ngandhap lajeng dhawah
remuk ing sanalika kataneman Ayapana kapendhet dening kapitan
bondin bekta dhateng ing baita kapalipun ingknag sareng wanci
ebyar lajeng amancal.

Sadhatengipun wonten ing pilo satunggil ingkang kabawah
tiyang Prasman taneman Ayapana kapasrahaken dening kapitan
Bondhin dhateng lurah juru keboning yasanipun nagari, kapurih
ananem wonten ing kebon wau saha kinen anggumatosi.

Sareng makaten taneman Ayapana lami-lami dados kathah, kalam-
pahan boten wonten titiyang ing kitha ngriku utawi sajawining
kitha ingkang boten anggadhahi taneman Ayapana sadaya saestu
sami ananem taneman Ayapana, dene ingkang boten ananem Ayapana namung sakedhik.
Sareng taneman Ayapana sampun angrembak kenging kapendhet
godhongipun boten ngantos adamel pejah ing utwit tiyang
lajeng anyoba amethik godhong wau kadamel jampi kayektosani-
pun godhong punika saged anyarasaken sawernining tatu ingkang
saking kenging ing ngupas tuwin sakit lumpangen, punapa malih
kadamel jampi amedalaken kringet.

Menggah panyoba wau pratelanipun kados ing ngandhap punika.
Mitranipun Kapitan Bondhin awasta tuwan C. punika kaantup
kalajengking ing tanganipun tengen kraos sakit sanget saha
ngantos kamilikaten sareng makaten panggenanipun ingkang
kaantup ing kalajengking kapopok godhong Ayapana sawatawis
ingkang kapipis kadadosanipun sakit lajeng ical punapa dene
let tigang jam dangunipun anggenipun kraos kamilikaten lajeng
saras.

Panuju ing satunggal dinten wonten tiyang kathah ingkang sami
anedha ulam loh lajeng aluntak-luntak saha boten kendel
kendel wawratan kraos sakit sanget ing pulung manahipun
amargi saking kenging wisaning ulam, tumunten kajampenan
godhong Ayapana ingkang kadamel wedang kaombekaken dhateng
tiyang ingkang sami anandhang sakit wau, kadosanipun sakit
ing pulung manah saras punapa dene anggenipun luntak-luntak
tuwin wawratan inggih lajeng saras.

Wonten malih tiyang jaler ingkang sakit tatu ing sukunipun
tatu punika sampun kajampenan ing paradhokter ngantos lami
ananging boten saras nunten tuwan kapitan botndhin angrembagi
dhateng tiyang ingkang tatu, kapurih angumbah tatunipun

kaliyan godhogan godhong Ayapana, ampasipun kinen amopokaken ing tatu punapa malih kinen amendhet godhong Ayapana kalih utawi tigang lembar, punika kagodhog toyanipun lajeng kaunjuk, laminipun tigang dasa dinten tatunipun saras babar posan awit saking kajampenan godhong Ayapana kados ingkang kasebut wau punika.

Wonten tiyang satunggil sakit gudhig ngantos sanget kajampenan godhongan godhong Ayapana kawan lembar toyanipun sagendul ing dalem sawatawis dinten lajeng gegreg gudhigipun saras babar pisan.

Wonten dhokter anjampeni tiyang, tiyang punika anedahaken manawi wonten tiyang sakit busung ngantos sanget dhokter badhe amedalaken toyaning weteng jalaran saking kasudhet ing sanesipun dinten bilih tiyang punika wangsul malih, tiyang ingkang sakit kajampenan dening dhokter wau adreng ing panedhanipun dhateng dhokter, supados anjampenana dhateng titiyang ingkang gadhah sakit busung dhokter awicanten kalayan gugu-

jengan makaten tambanana godhong Ayapana.

Sareng sampun kalih dasa dinten laminipun dhokter wau kapanggih malih kaliyan tiyang ingkang sakit busung, tiningalan sakitipun busung sampun saras babar pisan, tuwan dhokter Bondhin apitaken sinten ingkang anyarasaken dhateng piyambakipun, sarta jampu punapa ingkang sampun kaangge, tiyang ingkang sampun saras mentas gadhah sakit busung amangsuli, manawi sarasipun wau saking angangge jampi godhong Ayapana ingkang kadamel wedang kaombe kados wedang teh, wiwit kala samanten sasakitipun sangsaya suda wekasanipun lajeng saras. Ing nalika samanten tuwan dhokter manawi anganggekaken jampi Ayapana dhateng tiyang ingkang sami sakit sampun amesthi sae kadadosanipun.

Taksih kathah kemawon manawi anyariyosna sadya, bab titiyang ingkang sampun sami saras sakitipun saking dening kajampenan godhong Ayapana, cekakanipun godhong Ayapana sakalangkung sae kadamel jampi titiyang sakit kenging wisa utawi kacokot ing sawer kang amandos, kaantup ing kalajengking kacokot ing klabang sapanunggilanipun punapa dene kenging kadamel jampi tiyang sakit anglayung, punika godhong Ayapana kaombe kados wedang teh kathah ing godhong 6 utawi 8 lembar kagodhog ing toya kalih botol, sakit busung sakit sirahipun sapalih, sakit weteng, panastis sakit bankekan gudhig punapa malh ambanteraken tiyang estri anggenipun anggarap sari, punika sadaya saged saras manawi kajampenan godhong Ayapana, saha sae kadadosanipun.

Katandhan D.

=====

Ing padhusunan tanah Kecubung kalebet kalereyan Kula ngrika,
wonten satunggal kekajengan gesang, dipun wastani nama Randhu
Kengser, menggah warnenipun inggih randhu wana, amung kedhik
sanesipun, ingkang dipun wastani Randhu Kengser punika,
kulitipun uwit ragi alus sarta godhong ragi wiyar boten
patos panjang, sarta mboten nate medal sekaripun salamine
gesang, agengipun namung kalih tengah kaki, inggilipun kadugi
wonten saking satus kawan dasa kaki, warninipun godhong
ijem semu jene sarta lemes.

Punika kajeng dados jalaran pitulunganipun konca kathah,
mantunaken sesakit, tiyang utawi kewan maesa lembu kapal, sak
warnenipun ingkang sakit tosan, jalaran kesliyo utawi dhawah,
ingkang mawi kraos tosanipun, punika kathah ingkang mantun
kajampenan mawi babakanipun utawi godhongipun Randhu Kengser
punika, patrapipun kadamel boreh katapelaken tosan ingkang
sakit, ngantos rambah kaping tiga utawi kaping sekawan, saged
dipun mantun sesakit wau.

Kacariyos sampun lami anggenipun dados tulaungan usada jampu
punika nama radnhu kengser kala sak bakdanipun dahuru Dipane-
garan, sapriki teksih kathah tiyang ingkang sami mendhet
babakan utawi godhongipun upami boten katengga ing tiyang
kados kajeng punika boten kahur pupus, utawi pulih babakani-
pun kulit, sarehning dipun tengga saben wonten tiyang mriku
nedha amung kapendhettaken kimawon sakedhik, boten langkung
namung saktekem, dene saking cariyosipun ing kina, Randhu
Kengser punika ingkang kanem wasta Kinalawongsa, dhusun
Sarasutan kala teksihipun wana patalan urute Sawu Kecubung,

dumugi sak priki ingkang gegriya celak randhu punika inggih
teksi turunipun Kinalawongsa, wau punika, pratondha Mas
Ngabei Wirakarsana, mantri pulisi ing Wadana di.

=====

Mugi kula aturi nglebetaken ing serat kabar Jurumartani.
Nalika ing dinten Akat injing wonten satunggal abdi dalem
Panewu Carik, reh ing Kadanurejan wasta Mas Ngabei Sastrare-
ja, amarengi kekesahan dhateng ing kitha ageng, wonten ing
patilasan kedhaton ing ngriku sumerep lare aningali sawer,
yen dalu katingal murub buntutipun kawestanan Pulung Sugih,
sabab ing ngriku kathah tiyang kaya, Ngabei Sastrareja wau,
lajeng anyelaki neja sumerep sawer lajeng kapejahan, wau sawe
kenging dipun westanbi tanpa sirah, awit sirahipun papak
sarta mripatipun boten ketawis, dene pethitipun ugi papak
kadugi panjang 2 kaki, sisik kados sawe lare angon sisik ing
ngandhap kados sawer welang, sarehning kula dereng sumerep
namanipun mila mitra kula ingkang kathah-kathah samiya ames-
tani wau sawer, sawer punapa dene Apongipun sanget, Ngayogya-

karta ping 10 Dulkangidah Jimakir 1794.

Katandhan Parentah Kadanurejan, Raden Panewu, Danukrama.

=====

Candhkipun cariyos saking Gajahan ing Jurumartani onkka 13,
kados ngandhap punika:

ingkang bab 4

Ing pakampungan utawi dhusun ing Ngadhusunan, punika titiyang gegriya karsanipun parentah mesthi ngalempak boten kepareng amencil, salebetipun padhusunan mesthi kadekekan waradinan, prapatan pecah-pecahipun ing dhusun saengga bebarisan saben kalih pemahan wonten waradinanipun, ing Pranaraga kening katembungaken kathah sanget margi-margi, salebeting dhusun, sapinggiripun waradinan wau titiyang gagriya katata sapante-sipun, waradinan salebeting padhusunan wau, kadekekan griya patrolan, mawi-mawi ageng-alitipun dhusun, yen dalu kajagenan titiyang pamurwatipun, katindhiyan pulisi winastan kapal patrol ing mongsa dalu pranatanipun kapala patrol, titiyang punika dipun dum-dum lumampah rundha salebetipun padhusunan, ambekta dadamel tuwin pratondha kendhongan alit katabuh, sadya griya dipun ubengi, anggugahi titiyang kang tilem salebeting griya, kantos tangi, sadalu kaping 3, enjingipun kapala patrol lapur dhumateng lelurah dhusun, punapa kawontenanipun ing dalu wau, mongka wonten tiyang kang kapandungan lelurah dhusun Kanthigabayan utawi kamisepuh Carik dhusun, lajeng atiti pariksa dhumateng griya utawi panggenan kang kapandungan, kados pundi lampah-lampahipun pandung kening barang punapa regi pinten, sinten ingkang sumerep barang saderengipun ical, kapacak ing srat palapuran, srat tan cara walandi tembung malajeng, serat wau winastanan prases perbal, lelurah dhusun ambekta titiyang kang patrol utawi titiyang kang kapandungan, ing ngarsanipun parentah, lajeng kapriksa, sadalu kagugah kaping pinten, manawi amung kagugah kaping kalih, kang patrol lajeng kapatrapan ukuman resamurwatipun, denten manawi sampun kagugah kaping 3, sadalu mongka meksa kapandungan punika titiyang kang gadhah griya, ingkang lajeng kapatrapan resamurwatipun, saha kajibahaken dening parentah, sami angupadosi katrangan kalhipun, pranatan punika andado-

saken tentremipun tiyang gagriya, awis kalebetan durjana.

Inkang bab 5

Sabawah dhistrik Pranaraga, ing pundi margi-margi kang tepang wates kaliyan sanes bawah kajagen titiyang samurwatipun katindhiyan dening pulisi winastanan Kapala Margi, utawi BInting, Sarinten sadalu atitipariksa dhumateng sawarnenipun tiyang lumampah, kang sakinten samar lajeng katur ing parentah, saking kencengipun pamriksa, asring saged nyepeng durja-

na utawi manggih barang kadurjana kang kabekta dhateng liya
bawah utawi sangking liya bawah badhe kabekta lumebet ing
bawah dhistrik Pranaraga, pranatan punika andadosaken pitu-
lung ing ngatasipun barang kang ical utawi pitulung kandheg-
ing tiyang durjana sawatawis.

Ingang bab 6

Ing pundi tanah sangking pakabaran waradin kathah ingkang
makaten nanging kang kula cariyosaken saserepan kula pyambak
ing pranaraga sadaya waradinan ageng kang sapalipun kadekekan
gerdhu satunggal, gerdhu punika kajagenan yen siyang tiyang
kakalih, yen dalu sakawan, ing gerdhu wau kadekekan kenthon-
gan ageng, samongsa dalu titiyang jagi gerdhu, melek kalih-
kalih giliran, lenggah sangajenging gerdhu celak waradinan
nyandhing canggah utawi waos tuwin kandharat, samongsa wonten
tiyang langkung dalu kasapa mawi kaathungan canggah, sinaosa
priyantun inggih kaandeg rumiyin, kantos tamat paninggalani-
pun, saha mawi kapirit wancenipun, manawi wanci dede murwati-
pun punapa malih babekta kang dede leresipun tiyang lumampah
punika lajeng kaandhega katur parentah, wah kenthongan wau
saben dalu mesthi katabuh miturut jam, mongka saupami tiyang
sangking ler kacepeng wonten gerdhu kidul, margi durjana
utawi bekta barang kang nama samar punika gerdhu kang kalang-
kungan titiyangipun ingkang jagi sami kapatrapan paukuman
resamurwatipun, pranatan punika andadosaken kencengipun
titiyang kang jagi gerdhu, utawi andadosaken kajriyanipun
durjana kang kumampah ing margi ageng.

Cariyos punika badhe kalajengaken.

Ing Kampung Gajahan Surakarta, Rebo kaping 19 Dulkaidah
JImakir, onka 1794

Katandhan Kiyai Wikyadirana.

=====

Ongka 15, 12 April 1866

Pawartos warni-warni

Serat saking Batawi anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Kala tanggal kaping 15 wulan Maret ingkang sampun kapengker

Kanjeng Raja Alit ing Riyo ajujuluk Mukamad Yusup rawuh ing

Batawi, kadherekaken ing para punggawanipun Kanjeng Raja Ing

Riyo wau anitih baita kapal asepe kagunganipun kanjeng Gupre-

men anama baita Kapal Asep Dhasun menggah karsanipun Kanjeng

Raja ing Riyo tindak dhateng Batawi, punika amung badhe sowan

ing Kanjeng Tuwan Ilangkang Wicaksana Guprenur Jendral.

Sareng enjingipun wanci pukul 10 Kanjeng Raja alit ing Riyo

wau katampen sowanipun dening Kanjeng Tuwan Ilangkang Wicaksana

Guprenur Jendral kalayan mawi pakurmatan kados adat ingkang

sampun kalampahan.

Sareng enjingipun wanci pukul 10 Kanjeng Raja Alit ing Riyo

wau katampen sowanipun dening kanjeng tuwan ingkang wicak-

sana Guprenur Jendral kalayan mawi pakurmatan kados adat

ingkang sampun kalampahan.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Madiyun kala tanggal 27

Peburuwari ingkang sampun kapengker wonten angin ageng ing

Dhistrik Pulung bawah Pranaraga, ngantos kalampahan uwit kopi

langkung sakng 25000 iji sami rebah, menggah uwit kopi sman-

ten kathahipun wau saking taneman kala ing taun 1863, kaliyan

1864, tuwin 1865.

=====

Pawartos saking Samarang kados ing ngandhap punika.

Kala tanggal kaping 12 wulan Maret ingkang sampun kapengker,

ing dhusun Banaran bawah Salahtiga, kathah tiyang pejah boten

mawi antawis, sareng katiti pariksa menggah jalaraning

pejahipun wau, punika tetela saking anggenipun sami anedha

jamur ingkang warnipun semu abrit kawastanan jamur Siyung

Kidang.

Menggah jamur Siyung Kidang wau ingkang sampun kalamapahan

limrah ing kathah boten amejahi ananging amung anyakiti

kemawon kados ta: sakit wawratan rah, sakit panastis sanget

tuwin sanesipun ewadenten ing waktu punika tiyang ingkang

sami anedha jamur siyung Kidung ngantos langkung saking

sapalih sami pejah, dene ingkang taksih sami sakit saking

anedha jamur wau sakedhik pengajeng-ajeng sarasipun malih.

=====

Adamel gendhis boten mawi kagodhog.

Ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik wonten tiyang

Prasman satunggil anama Alaparorinoso gadhah pamanggih adamel

gendhis boten mawi kagodhog.

Ing Tanah Jawi tuwin sanes-sanesing tanah tiyang ngantos

sapriki manawi adamel gendhis toyanipun rosan mawi kagodhog

ngantos snedhel manawi sampun kendhel lajeng dados gendhis.

Menggah ingkang dados pamanggihipun tiyang Prasman wau sanes

kalyan ingkang sampun dipun serepi ing ngakathah, babpanda-

meling gendhis saking toyaning rosan, toya rosan punika

kadamel asrep kados ais (es) manawi sampun dados gendhis

punika lajeng oisah kaliyan toyanng rosan ingkang dados ais (es).
Gendhis ingknag pikantukipun saking toyaning rosan lajeng

kadamel resik kalayan pirantos ingkang sampun limrah kaangge wonten ing pabrik-pabrik.
Pamanggih enggal bab pandameling gendhis wau kados ingkang sampun kapratelakaken toyaning rosaan mawi kaasrepaken kados ais boten mawi kagodhog kados ngadatipun.

=====

Pawartos ingkang kasebut wonten serat pakabaran saking Surabaya, pratelanipun kados ing ngandhap punika.
Tiyang asuka kabar saking Japara, manawi kala tanggal kaping 27 wulan Maret ingkang sampunkapengker Kanjeng Tuwan Komisaris Panrislidingrat ing Nederlan Indhiya rawuh wonten ing Pathi, sareng enjingipun Kanjeng Tuwan Komisaris wau amranata bab balanjani para priyantun jawi, menggah pranatanipun kados ing ngandhappunika:
Bupati ing Pathi badhe tampi 1400 rupiah ing dalem sawulan, patihipun 325 rupiah.
Patih ing Pathi badhe tampi 350 rupiah ing dalem sawulan, wadananipun 225 rupiah.
Wadana Jaksa ing Pathi badhe tampi 300 rupiah ing dalem sawulan, wadana ingkang boten angsal presen saking tanem tuwuh 275 rupiah.
Jaksa ing Pathi badhe tampi 150 rupiah ing dalem sawulan, Cariking Jaksa ing Pathi badhe tampi 40 rupiah ing dalem sawulan, Mantri Cacar 50 rupiah, taksih mawi indhakan ngantos dumugi 80 rupiah.
Onder Kulektur ing Pathi badhe tampi 200 rupiah ing dalem sawulan.
Mantri Kabupaten ing Pathi badhe tampi 70 rupiah ing dalem sawulan, para wadana sami kabiyantonan dening mantri kalih ingkang sami angsal 150 rupiah.
Juru Tulis Kabupaten ing Pathi badhe tampi 50 rupiah ing dalem sawulan,
Bupati ing Juwana, Kudus tuwin Japara satunggil-tunggilipun 1200 rupiah, Carik Dhistrik 40 rupiah.

Kawontenaning prajurit kasuwak, kalintonan kados ingkang kasebut ing ngandhap punika:
Upasipun Bupati 6 satunggil-tunggilipun angsal 10 rupiah
Upas Dhistrik 5 satunggil-tunggilipun angsal 10 rupiah
Upasipun Jaksa satunggil-tunggilipun angsal 10 rupiah
Punapa malih para priyantun Jawi badhe angsal griya kongsen griya punika bilih wonten risakipun kadandosan awit saking Kanjeng Gupremen.
Sareng Kanjeng Tuwan Komisaris sampun adamel pranata makaten wau, tumunten bidhal dhateng Rembang, ing sapunikanipun sampun rawuh malih ing Samarang.

=====

Ing nalika mongsa rendheng taun Jimakir onga, 1794 punika tanah pasisir kidul kapetang ragi awis jawah sanes sanget katimbang kalayan ingkang sampun kelampahan kala jawah kawitan inggih ragi deres sarta meh saben dinten jawah dumugi wulan Ruwah dumugi siyam punika terang botn jawah ngantos mejahi wiji-wiji ingkang teksih wonten ing papan uritan, sarng wulan Swal awit kathah jawah sarta lepen sami banjir ngantos ing wulan Dulkangidah punika, sarta baledheg kathah

mungel kelangkung sanget ngantos wonten tiyang ingkang pejah, kasamber ing gelap kala ing dinten Setu tanggal kaping 1 wulan Dulkangidah taun punika tiyang nami Kertasetika jaler punika ingkang pejah kasamber ing gelap, wonten sabin sakleripun dhusun Kecubung, ingkang tatu githok dumugi uwangipun, gosong kados angus amung boten medal rahipun, ingkang wau tiyang punika ngadeg wonten ing galengan, badhe mangkat ngantuk bekta pantun, kaleres jawah deres sanget dene ingkang sami priksa tiyang kalih panggenanipun ragi tebih, kala ungeling gelap wau tiyang kalih sami sumrepet paningalipun, icalipun suwara ningali pun Kertasentika wau jola ragi inggil, ngantos ngungkuli damen pantun lajeng dhawah kagebyur ing toa anyarengi kaliyan kendelipun suwara gelap dhawahipun tiyang kalih lajeng mlajar murugi, sampun kepanggh pejah wonten ing toya sabin, lajeng kabayang mantuk ing griyanipun ing sakderengipun wonten tiyang pejah utawi sasampunipun punika, kathah tetaneman ingkang pejah kasamber ing gelap taneman pantun utawi taneman jujukan utawi ketela pendhem ingkang sami katrajang pejah tapakipun ingkang lajeng sami pejah garing, kalih cengkal mider siti sami mabul ketela ingkang sapun mendel wohipun lajeng bosok, elungipun garing tiyang ingkang sami kaleres gadhah risak dening gelap punika sareng mriksa kalangkung gumun sarta gumujeng kaliyan kanca-nipun semu gegetun.

Katandhan Mas Ngabei Wirakarsana.

=====

Candhkipun cariyos saking Gajahan ing Jurumartani onga 14 kados ing ngandhappunika.

Ing salebeting karajanipun piyambak piyambak mawi karundhanan dening para priyantun Amtenar, ingkang kabebahan giliran mawi srat urak, akanthi titiyang pulisi ambekta saglar sapapan, ngalempakipun wanci jam 8 dalu lajeng lapur ing parentah kalepakun katamtokaken sapanggenan, yen sampun jangkep kadhawan mangkat, kabage-bage, titindhih sakanthenipun ing saben saben kapanggih titiyang kaandhekipun titi pariksa satrang, kang sakinten samar kacepeng, punapa dene samongsa rundha dumugi pajagen mongka sawenenipun titiyang jagi boten inggal nyapa, utawi kapanggih tilem, enjingipun mesthi manggih ukum res, enjing priyantun rundha amawi palapuran serat punapa ingkang pinanggih ing sadalu wau, ing wktu dalu

punika ing pundi wonten raramen kados angoyak pandung griya kabesmen titiyang apara paben priyantun rundha satitiyang kang wonten ing pajagen kang sampun kasebut ing cariyos kula jurumartani ongka 14 bab kaping 4, 5, tuwin 6, angger mireng katamtokaken dhateng langkung rumiyin atetulunga, punapa dene para pengageng ugi kajibah mesthi andhatengi satongga tepa-lihipun panggenan ngriku, mongka sawarnenipun titiyang tuwin sawarnenipun ingkang lumampah ing damel dhatengipun panggenan kang mesthi dipun tulungi wau karumiyinan dening inggil-inggilipun punika manggih deduka utawi kapatrapan ares, saka parengipun parentah ageng, ingkang samurwat kaliyan lepatipun prnatan punika andadosaken kencengipun para tulung margi ajrih, saha dados karenanipun titiyang gegriya, awit saking sabiyantonipun, samawana andadosaken kandhegipun para reresah, ing tanah Panaraga, awit kaasta Kanjeng Gupermen sa-

priki, sawek sapisan ing dhusun ingkng tebih klayan para parentah, kaambah ing kecu, ananging saking santosanipun para pulisi ugi sanalika wonten kecu ingkang kacandhak, slajengipun pulisi saget anyepengi durjananipun sadaya kang klayan terang.

Ingang bab kaping 8

Sabiyantonipun para ingkang ngasta pangawasa yen ing bawahhipun ngriku wonten raja pejah, raja tatu, tiyang kapandungan kaecal-ecalan sasamenipun, sami kantos prihatin, awit lingsem sanget saingga ing bawahipun, wonten kadurjanan botena saget miterangkaken kantos kacepeng, titiyangipun durjana, para parentah pangetrapipun mekaten, ing samongsa wonten titiyang kang kapandungan sasamenipun, punika lelurah dhusun kajibahaken dening parentah angupadosi, kang wangkit dinten, mongka boten angsal katrangan lajeng kapatrapan res, saupami ing bawahipun ngriku kakerepen kaambah ing durjana punika lelurah dhusun, kang boten saged anerangkaen lajeng kaundur tetep katembungaken boten anyekapi panjagenipun pulisi, patrap makaten wau manginggil pisan kados tawa dana ingkang dados pengagengipun parentah pulisi ing samongsa sabawahipun ngriku ugi mawi kawangkit dinten dening parentah ageng, mongka ing sabawahipun kathah-kathah kaambah ing durjana, tetela wadananipun pulisi boten dipun eringi dening durjana, boten saged angsal katrangan tetep teledhor panyepengipun kapulisen inggil lajeng kares utawi kaelih dhumateng dhistrik sanesipun, punapa denten sangkng kalenggahanipun ingkang kula cethakaken kadosta Raden Mas Panji Prawira Atmaja, ing ngajeng wadana ing Jagaraga Ngawi, kirang kencengipun paprentahan kaelih dhateng Dhistrik Parang Kabupaten Sumarata Afdeeling Pranaraga, wonten ing Parang salebetipun wulan Pebruwari kang kapengker bawahipun wonten titiyang dhusun sade Tike, rehning dhusun tebih tumbas dhateng Pakteragi kathah lajeng katampil dening tongga tapalih saweni dipun dagang, wadana anggenipun nglapuraken sampun kalampanan

pamadenipun sahantawis wulan lajeng kapatrapan res kantos sawetawis lami, wonten pasowan kabupaten Sumarata, kagalih dening parentah kirang kenceng kapulisenipun mila para pulisi amawi srat pelapuran dhumateng parentah ageng saminggu sapisan, ing sabawahipun ngriku pinten titiyang kang kapandungan, pinten ingkang angsal katrangan pinten ingkang dereng angsal katrangan pinten panyepengipun tiyang ing saminggu wau, palapuran punika mesthi sayektosipun senggga wonten palapuran dora, anutupo titiyang kang kapandungan dipun sakedhikaken punika ing tembe amanggih kalepatan ageng, mila para parentah sammi kencengipun pangupados katrangan, ing taun 1865 punika tuwan Kontrolir Balong Sumarata, kapandungan kapal, wonten ingkang manggihaken lajeng kaganjar dening parentah ageng kadadosaken demang, punapa dene ing Jagaraga Ngawi wonten titiyang wasta DAnauda, kang sampun kacriyos dados bebinggoling durjana, punika dereng kacepeng kanjeng tuwan Residhen ing Madiyun, kantos andhawuhaken, sinten ingkang saget manggihaken kaganjar yatra utawi kalenggahan, pranatan punika andadosaken kenceng santosanipun para pangupados katrangan, saha meh tamtu saget angsal katrangan, awit sangeting pambudi, wonten ingkang linampahan sangknng agal

wonten ingkang sarana alus kathah warnenipun pambudi wau.

Cariyos punika badhe kalajengaken.

Kasrat ing \Kampung Gajahan Rebo kaping 26 Dulkaidah Jimakir Sinengkalan Suci TRusa, puja punika. Katandhan Kiyai Wikyadirana.

Para tuwan ingkang gadhah sambutan lelang kala ing wulan Desember 1865 ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayara sambutanipun ing saderenging utawi satelasipun wulan April punika, menawi boten saged angleksanani ing pambayaripun wau, amesthi badhe kawedalaken saking pangadilan.

Surakarta kaping 1 wulan April 1866

Inggang Nguwasani Lelang, Katandhan Pan Ogendhorep.

=====

Benjing ing dinten Kemis tanggal kaping 26 wulan April punika, ing dalemipun tuwan Mister H.Y.W.Lawik Panpap ing Surakarta badhe wonten lelang, menggah ingkang badhe kawade ing lelang barang warni-warni dadosan griya akathah saha langkung sar pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Kaca saking kajeng maoni, meja cuci muka, lemari minuman lemari sandhangan saking kajeng maoni tuwin lemari sandhangan dedamelan Batawi patileman tosan sekaran peksi tosan dedamelan sak Eropah mawi pot-pot sekaran, dilah gantung, dilah setroli tuwin dilah modheratur sae-sae, kekerteleskup sakalangkung sae, tuwin keker seteriyoskup.

Punapa malih lembu akathah wonten ingkang peresan wonten malih ingkang meteng tuwin pedhet sadaya pranakan benggala, kareta tosan ingkang santosaha awis awis kaangge, kareta wau

kenging kaangge ameng-ameng, utawi kaangge kesahan tebih, wah kareta dedamelan Eropah, punapa dene lapak, tuwin sanes-sanesipun saking punika.

Menggah barang-barang ingang badhe kalelang wau kenging manawi katingalan ing dinten saderengipun lelang.

=====

Awit ing sadhatengipun guru gambar saking Batawi ingkang pancen dados guru gambar wonten pamulanganing para murid calon guru-guru jawi ing Surakarta ing mangke para tiyang tuwin lare jaler estri ingkang badhe sinau anggambar tuwin ngukur saged pikantuk wulang saking guru gambar wau, menggah bayaranipun lare satunggal ing dalem sawulan 10 rupiyah lare 2 ing dalem sawulan 16 rupiyah lare 3 21 rupiyah lare 4, 24 rupiyah p[amulangipun guru gambar ing dalem Akad kaping kalih ing dinten Salasa tuwin Jumungah wanci sonten wiwit pukul satengah gangsal dumugi satengah nem dados dangunipun amung kalih jam, manawi amulang ngukur siti utawi waterpas tuwin anggambar siti kitha sapanunggilanipun ing dalem sawulan tiyang satunggal bayaranipun 50 rupiyah.

Manawi tiyang badhe anedha wulang lampahipun boten kados ingkang kasebut wau, punika kedah arurukunan piyambak kaliyan guru gambar.

=====

Ongka 16, 19 April 1866

Pawartos warni-warni

Serat saking Surabaya anyariyosaken menawi sawarnining wande tuwin dhasaran awade tetedhan ing mangke kedah kapriksanan dening komisi, supados sumerepapunapa tetedhan ingkang kawade wau boten amurugaken dhateng sasakit, pikajenganipun ing papriksan wau supados sampun ngantos awade gogorengan mawi lisah jarak, awit dereng lami wonten rencang estri kakalih anedha cripingkatela, lajeng sami sakit, anuntak-untak mawi wawratan sakit pulung manahipun sirah mumet ngantos boten saged lumampah tebihipun sadasa tindak kemawon, kalampahan rencang estri kakalih wau kakinten manawi sami anedha racun ananging sareng kapriksa katranganipun bilih anedha criping katela kagoreng ing lisah jarak kamoran lisah sanesipun supados angicalaken ambeting lisah jarak, rencang kakalih ing sawatawis dinten saged saras malih, wondening manawi tetedhan wau katedha ing rare, amesthi kadadosanipun pejah apesipun sakit sanget.

=====

Pawartos saking tanah Dhitslan anyariyosaken kados ing ngandhap punika.

Wonten bongsa luhur anama Grapponel saweg yuswa kalihdasa taun, punika saweg sapisan papara dhateng tanah Eropah, kadherekaken dening abdinipun ingkang sampun sepuh saha tansah tumemen-temen dhateng Grap wau, abdi punika anama Prit, sarta angenipun angabdi dhateng ingkang rama Grap wau watawis kirang langkung sampun wonten saking 33 taun.

Graponel sadhatengipun wonten ing Ambureg badhe anyoba ing kabegjanipun lajeng kasukan kertu wonten ing Ambureg tanah Dhitslan, ing waktu punika Graponel menang 30.000 rupiyah sareng sampun bibar anggenipun main Grap lajeng mantuk dhateng ing pondhokanipun, nunten arta pamenangipun kalebetaken ing pethi, dene soroging pethi kasukakaken dhateng abdinipun ingkang temen-temen wau, kapurih angrawati sampun ngantos ical Graponel anyariyosaken ing kabegjanipun amain dhateng ingkang abdi.

Sareng ing dinten enjingipun abdinipun Grap tuwin arta 30,000 rupiyah kapanggih sampun boten wonten, abdi wau kaupadosan ing pundi-pundi boten kapanggih, andadosaken pangunguning Grap, panggalhipun Grap kados pundi dene abdinipun saged anglampahi cidra dhateng Grap, mila sakalangkung gumunipun, menggah icaling arta sampun boten kagalih, ingkang kamanah amung kemasahing abdinipun, sareng makaten elet tigang dinten kasusahanipun Grap asantun gumuning panggalih, amargi abdinipun ingkang kesah wau dhateng malih wonten ing ngarsanipun bandara, Grap lajeng andangu makaten: kowe saka ngendi, abdi amangsuli: saking kitha ing Wennen, Grap andangu malih: dhuwitku ana ngnedi, wangsulanipun rencang makaten: punika kula ambekta serat pethuk saking rtama jengandika sumelanging manah kula, bilih sampeyan karsa kasukan malih, saha boten sandebadhe abgawonaken arta pamenang sampeyan mila kula lajeng kemsah dhateng Wennen ambekta arta sampeyan ingkang

kula saosaken dhateng rama jengandika, punika seratipun
pethuk saking rama jengandika bab anggenipun sampun anampeni
arta saking kula.

=====

Pawartos saking Modhenah tanah Italiye kados ing ngadhap
punika.
Wonten tiyang anama M.L.Nasolari ing Modhenah pamanggih
pirantos masang sastra ingkang angeram-eramaken rikatipun,
kathah titiyang ingkang sampun aningali kalapa nyobanipun
pirantos punika titiyang wau sami amratelakaken, manawi ing
dalem sangang sekon dangunipun saged rampung ing pamasangipun
kidung gangsal sategesipun pisan, dene ingkang gadhah pamang-
gih pirantos masang sastra amastani, bilih piyambakipun saged
amasang ing sastra pitembunganipun tiyang asareng rampungipun
kaliyan anggenipun wicanten.

=====

Ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik dereng lami wonten
tiyang Amerikah Wastabati, pakretinipun adamel cumbuning
satowana, tiyang wau agadhah ingah-ingahan sato wana ingkang
angajrih-ajrihi katingalan ing titiyang, sareng makaten tuwan
Batimeh anandhang tiwas awit saking agenging kapurunanipun,
cariyosipun kados ing ngandhap punika.
Tuwan Bati anglebetaken sirahipun wonten salebeting cangkemi-
pun singa barong wau lajeng mingkem, tuwan bait ing waktu
punika kraos sakit katingal saking solahipun tumunten tuwan
Bati anyepeng cangkeming singa barong kaliyan tangan kakalih,
kacangap lajeng kadudut sirahipun wau saking cangkeming singa
barong, kalampahan pilinganipun tatu untutuning singa barong
ngantos lebet para tiyang kathah ing nalika samanten sami
anjelih saking kagetipun aningali solah kados makaten anang-
ing tuwan Bati ing waktu punika boten ical kaengetanipun
sareng sirahipun sampun kadudut medal saking cangkeming
singabarong, tumunten amandung dhatng singa barong, lajeng
medal sakini gkandhanging singa barong lampahipun alon, sasam-
punipun tuwan Bati angumbah rah ingkang medal saking tatuni-
pun, lajeng angatingal malih ing ngakathah.

=====

Pambalithuk kaping kalih
Wonten tiyang dhusun titiga ing tanah ERopah, sami jagongan
kalayan angombe bir wonten salebeting griya pasewan, tiyang
dhusun titiga wau sakeca anggenipun araosan bab kawontena-
nipun pawartosing kala samanten boten antawis dangu tumunten
wonten jajaka lumebet ing griya pasewan wau saha lajeng
alenggah tansah kendel kemawon saking titingalanipun jajaka
punika pengin sanget badhe angombe bir ananging boten saged
atumbas bir awit saking boten gadhahipun arta.
Sareng makaten jajaka wau gnantos dangu anggenipun kendel
kala samanten jajaka amaspadakaken kucing satunggil ingkang
tilem an wonten ing jrambah, sadangunipun jajaka aningali

kucing wau tiyang dhusun ingkang satunggil apitaken dhateng jajaka makaten: sing kok iling-ilingi kucing iku apane, wangsulanipun jajaka, manawi piyambakipun aninglai kaelokan- ing kucing bab tuturanipun, katawis manawi kucing punika kalangkung remen anedha moster, kaliyan puwan kapinlih moster tiyang dhusun titiga sareng amireng wangsulan kados makaten sami gumujeng lakak-lakak, sarta lajeng wicanten manawi badhe sumerep ing kayektosanipun punapa dene tiyang dhusun tiga pisan sami purun totohan, manawi kucing wau amesthi bdhe

amilih puwanipun kaliyan moster, jajaka ing waktu punika inggih lajeng purun totohan menggah tohipun bir tigang kruwik sarehning jajaka boten gadhah arta ingkang kenging kadamel tumbas bir, lajeng sagah anelasaken moster samangkok manawi piyambakipun kawon.

Sareng makaten tiyang dhusun titiga tumunten anedha puwan, dene jajaka anedha moster kawawdhahan ing mangkok sareng puwan kadekekaken ing siti sawadhaipun jajaka nunten anglele- ti moster urut buntuting kucing ing ngandhap, sasampunipun buntuting kucing kaleletan moster, kucing lajeng boten kesah saking panggenaning titileman, sanadyan aningali puwan saha sakalangkung kapenginipun kucing inggih ugi boten amingsed sakini gpanggenanipun ewadenten lajeng andilati moster ingkang wonten ing buntutipun kadadosanipun jajaka menang anggenipun totohan, mila kawastanan titiyang dhusun wau kenging kabli- thuk sapisan.

Nunten kacariyos manawi titiyang dhusun ingkang satunggil sarehning sampun sumerep ing kaelokaning kucing wau punika lajeng badhe ambalithuk tiyang sanes, kalampahan tiyang dhusun wau dhateng ing griya pasean, wonten ing ngriku tiyang dhusun anedha kucing satunggil dhateng ingkang gadhah griya pasewan, wonten ing ngriku tiyang dhusun anedha kucing satunggil dhateng ingkang gadhah griya pasean ingkang gadhah griya pawewan amangsli manawi boten gadhah kucing amung sagawon piyambakipun gadhah kala samanten tiyang dhusun lajeng anedha sagawon wau pangintenipun manawi wateking sagawan sami kemawon kaliyan kucing, mila tumunten acariyos dhateng para tiyang ingkang wonten griya pasean ing ngriku bilih sagawon ingknag dipun tingali ing nalika samanten langkung remen anedha moster kaliyan sosis kapilih moster, sarta tiyang dhusun badhe anedahaken ing kayaktosanipun kalampahan tiyang dhusun amesndet sosis ageng, lajeng kabucal wonten ing siti dene buntuting sagawon ing waktu punika lajeng kaleletan moster, ananging sagawon boten saronta lajeng amurugi sosis ageng ingkang kabucal ing siti wau sosis tumunten kagondhol kabekta kesah kadadosanipun tiyang dhusun amanggih pambalithuk kaping kalih.

=====

Punika candhakipun cariyos ingknag sampun kapacak ing Juru- martani kaping 12 April 1866 angka 15

Ingkan Bab kaping 9

Menawi wonten prakawis ingkang gumantung ing pangadilan, punika panggarapipun boten katawisa asaget rikat karampunganipun amargi saking sabiyantonipun seratipun jaksa akaliyan seratipun ingkang bupati utawi serat saking saliyanipun ingkang nama pakaryan kenceng kalampahanipun sami ugi kimawon saupami jaksa gadhah panedha narik sak sida lupuni kaserat sawk kadamel benjing ngejjing kangge, srtat wau dalu dalu inggih lumampah tutupan ing jawi kasertat mungel dhines srattan cara walandi sawingkingipun kasorek makaten,+++ tondha inggal ingal wah kasrat mangkat jam, mongka sadumuge-nipun panggenan wadana kang ambawahaken anuju tilem inggih kagugah denin gpanakawanipun kantos tangi lajeng katindakaken sami sakala, manawi wonten ta ngaduripun ingkang katarik wadana pulisi amngsuli klayan serat, dene saingga jaksa

anedha kacepengipun titiyang awit manggih aturipun ingkang kagarap sratipun limrah tutupan kasrat dhines wadi, ingkang anampeni lajeng ngalempakaken ingkang para kawajiban dipun rembak kang kalayan wadi, kantos kalampahan kacepeng boten adamel kagetipun titiyang ingkang saupami sadhatengipun serat anuju wadana kakesahan punika andhap-andhapanipun ingkang kajibahan nindhakaken mong kawontenan panedhanipun jaksa tuwin pulisi sasamenipun boten kalampahan tetep kados ingkang sampun kasebt ing setat punika kang gadhah panedha upami jaksa wau lajeng angaturi uninga dhumateng kanjeng tuwan Asisten Residhen akaliyan kanjeng raden mas tumenggung, kanjeng-kanjeng kakalih wau, lajeng samiapi rembak anyuwun ingkang jeng gupremen amatrapi ukuman res utawi kaundur, dhumateng priyantun ingkang adedangu pamarentahan utawi kang kirang sabiyantonipun, pranatan punika andadosaken kenceng resiko rikatipun barang prakawis ingkang kagarap yen kacariyosna panjang pranatan ingkang sampun nama tetela sae, cacekakanipun para priyantun ingkang ngasta paprentahan kapilihpara ingkang jangkep saserepan kasagetanipun wah ingkang wekel wilujeng panggaliyanipun, amempeng ing damel ambudi indhaking kalenggahanipun, pranatan-pranatan punika sadaya pantes tinulad dening nagari kang dereng ngagem wasana atur anuwun dhumateng para mariksani tuwin para mireng ing pawartos punika mireng pranatan ingkang seklangkung sar dheleking manah gumunipun ing lare alit kang sakedhik saser-eipanipun margi nagari ing Surakarta saking pakabaran dereng makaten pranatanipun ing dhusun dhusun kula boten terang amung ing salebeting nagari kimawon ing taun 1865 punika pawartosipun griyaning Ngabei Wanasigra ing kampung Baron 2, griyanipun Ki Gajahsura, ing kampung GAjahan sakilen alun-alun sami kalebetan durjana kecu 3, griyanipun Ki Margatama, kampung Suryawinatan dipun koyok wah ing wulan Maret punika griyanipun Koja ing kampung Peken Kaliwon sawtaing kadhaton sakidulipun beteng loji ageng nagari Surakarta dipun kecu

sapriki dereng wonten pawartosipun angsal katrangan andado-
saken tintriming tiyang gagriya, saba salebeting nagari
durjana apurun purun kinging katembungaken boten pisan ang-
gadha kaeringan, mongka sadaya wau boten na angsal katra-
ngan samelanging manah manawi andadra, mila sanget pangruda
tos kula, anedha ing gusti ingkang sepat inala-ala yaklipun
mingat, angosikena keparengipun penggalh ingkang para ageng
kang kabebahan tembung walandi kang winastan Upbestir rekbe-
stir Algemeen bestir up pulisi, amewahana kencengipun ing
panggalih kang klayan sanget punapa ingkang minongka sarana
angsalipun katrangan kantos saget kacepenging durjana wau,
sabab punika pratandhanipun kenceng cekapipun para ingkang
ngasta pulisi kang agt anyirnakaken malamalaning praja durja-
na sasamenipun tumerahipun sapara andidalem sapanandhap
titiyang kang wonten ing karaton dalem perlu kula perdi
amurina aking klayan amerlikaken, sabiyantu lampahipun sarana
kang saged adamel katrangan pamanh kula sinteningkang saget
angsal katrangan tamtu badhe minulyaken dening kanjengpanren-
tah ageng samurwatipun mila samiya jurung pamuji, lestantuni-
pun tata tentreming karaton dalem tutupipun ing ngatur, wali-
wali anyuwun aksama linepatna tulah sarik-sarusiku, saking

bodho kumawa asung panjurung ing Jurumartani lila pinoyokan.
Kasrat ing kampung GAjahan Rebo kaping 26 Dulkaidah JImakir
sinengkalan Suci TRusa Puja, punika.
Katandhan Kiyai Wikyadirana.

=====

Ongka 17, 26 April 1866

Pawartos warni-warni

Pratelaning karet wewedalanipun paresidhenan ing Cirebon kados ing ngadhap punika.

Menggah karet ingkang kabekta medal sakin g paresidhenan ing Cirebon punika ingkang sakedhik wewedalanipun ing Sirebon dene ingkang kathah kathah saking nagari ing Ciamis kabekta saking ngriku dhateng Cirebon.

Tanah sawetaning Kabupatn ing Galuh kaprenah dhistrik ing Rancah, atapel wates kaliyan Kabupaten ing Sukapura paresidhenan Priyangan punika inggih amedalaken karet ananging boten kathah.

Ing dhistrik-dhistrik Kalipucang, Cikembulan tuwin Kawasen sami bawah ing Sukapura, punapa malih ing dhistrik-dhistrik Dhayaluhur tuwin Majenang bawah ing Cilacap punika sadaya sami kathah pamedalipun karet.

Saking pawatosipun manawi ng pulo Nusakambangan inggih kathah pamedalipun karet.

Bab Pamendhetipun Karet.

Salebeting wananiipun tanah ingkang kasebut ing nginggil wau inggih kathah uwitipun karet.

Ingang manggih uwit karet rumiyin wau, kaleres anggadhahi uwit punika saha amendheti karetipun ing sapikanjengkajengipun piyambak-piyambak ing ngadat ingkang anggadhahi uwit karet punika, sami rumeksa saha anggumatosi uwit wau, dene pamendhetipun karet ing sawatawis wulan sapisan, dados mawi elet.

Ing tanah tanah ingkangsakalangkung kathah uwitipun karet kadeos ing dhistrik-dhistrik bawah Priyangan ingkang sampun kasebut wau, saha ing dhistrik-dhistrik bawah Banyumas punika kapara tiyang ingkang amendheti karetipun boten sami angaosi ingkang leres anggenipun anggadhahi uwit karet wau, kadadosanipun uwit uwit-karet ing ngriku boten mawi kaowel, sarta kapendhetan karetipun langkung kaping kalih ing dalem sataun.

Menggah pamendhetipun karet babakanipun uwit tuwin babakaning epang ingkang ageng kaengges, kawedalaken balendokipun sasampunipun balendok kakendelaken ing dalem sakawan utawi nem dinten balendok sapisan saking uwit satunggil ingkang limrah ngantos pikantuk 25 utawi 30 pun.

Manawi sampun angsal sawatawis wulan laminipun engesan eng babakaning uwit tuwin epang wau dados rapet saha kencing kaenges malih kapendhetan balendokipun kados ingkang sampun kalampahan.

Sanadyan titiyang kuwatos ing manah bab kathahing pangaosipun karet ingkang andaosaken kamelikaning ngakathah dhateng kauntungan bokmanawi adamel sirnaning para uwit karet saking kekerepen ing pamendhetipun balendok ewadanten dhistrik ing Rancah wonten pratandhanipun ingkang sampun kayektosan boten adamel pejah ing uwit dhistrik ing Rancah uwit satunggiltunggilipun wonten ingkang anggadhahi, dene ingkang anggad-

hahi uwit wau sami rumeksa saha anggumatosi gagadhanipun uwit
karet piyambak-piyambak.

Panggramining Karet.

Panggraminipun karet punika linampahan ing titiyang Cina ingkang sami gigriya ing Ciamis patrapipun anggrami warni kalih, titiyang Cina wau sami dhateng lajeng tumbas piyambak-piyambak wonten panggenanipun utawi angintunaken arta panumbasipun dhateng panggenan ing ngriku, kadamel tumbas karet wau dhateng ingkang sami gadhah.

Manawi para tiyang Cina sami atumbas karet artanipun kabayar rumiyin arta punika kaboten kaserepaken empingan anggenipun badhe pikantuk karet mawi kawates ing pangaosipun utawi boten mawi kajiyad ing pangladosipun karet dhateng ingkang anyukani arta rumiyin ewadenten serepipun ngadat inggih sami kaliyan empingan.

Arta empingan wau kaupamekaken kados arta damel tiyang Cina amitadosaken arta punika, dhateng tiyang satunggil ingkang kinen atumbas karet dhateng titiyang ingkang andarbeni karet manawi tiyang ingkang kapitadosan arta anumbasi karet sampun mantuk karetipun lajeng kawade dhateng tiyang sanes ingkang kathah piyambak ing pangawisipun manawi sampun anampani arta pambadenipun karet tiyang ingkang kapitadosan sart wau ambayar arta anggenipun amambut sart anyukani sapalih ing bathi saking anggenipun amade karet dhateng ingkang anyambuti arta. Titiyang Cina manawi boten dhateng piyambak anumbasi karet inggih kengkengnan tiyang ingkang kapurih tumbas karet dhateng titiyang ingkang sami gadhah karet menggah kathah kedhiking epahan dhateng ingkang kakengken anumbasi karet punika manut kathahing angsalipun tumbas karet.

Ing nagari Ciamis tanah ing Galuh panggenanipun anggrami karet sawarnining karet kabekta medal saking Ciamis dhateng Cirebon saking ngriku lajeng kabekta dhateng tanah Eropah, utawi kawedalaken ing pambektanipun wau saking bupati.

Menggah gagramen karet wau boten mawi kapriksanan ing parentah saha boten kaarubiru, dadosa pikajengipun titiyang ingkang kalampah kemawon.

=====

Lajengipun pawartos ingkang kasebut ingkang kasebut ing serat Jurumartani kaping 12 April 1866 ongka 15 bab sasakit ing Banaran bawah Salahtiga, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wiwit tanggal kaping 8 wulan Pebruwari dumugi tanggal 15 wulan Maret ingkang sampun kapengker, kathah ing titiyang ingkang kencing sasakit punika sami grigriya ing dhusun Sela, Penggung, Bendha, Kemiri, Delik Gagan Balong, wonten 26 iji ingkang pejah 15 ingkang saras 8, ingkang teksih kajampenan 3 sareng priyantun ingkang kabebahan anyepeng pulisi, ing Ombarawa kasukanan uninga bab wontening sasakit wau,

priyantun punika ing sanalika kesah dhateng dhusun panggena-
nipun sasakit kalayan ambeta dhokter satunggil sadhatngipun
wonten ing panggenaning sasakit lajeng atiti pariksa, bab
jalaran tuwin warnining sasakit saha pitulungipun priyantun
tuwin dhokter wau tansah kendel saderengipun sirna sasakit
wau, priyantun ingkang kados makaten lalampahanipun kedah
kaurmatan ing ngakathah, priyantun wau anindakaken
seserepanipun ingkang kalayan cekap amurih tutulung dhateng
titiyang ingkang sami anandhang sakit.

=====

Pawartos saking Singapura anyariyosaken kados ing ngandhap
punia.
Ing kampung kampung bawah Singapura, ing mangke sampun dados
ngadat manawi wonten tiyuang pejah lajeng anabuh bendhe murih
anglempakaken para titiyang, manawi tiyang punika sampun
anglepak lajeng sami arembagan bab pamendhem tuwin wilujenga-
nipun sareng makaten satunggil tunggiling tiyang sami anyang-
gi bab ingkang dados wragadipun amendhem tuwin wilujengan
manawi wonten tiyang ingkang boten dhateng kala angungelaken
bendhe, saha boten wonten kala pamendhetipun tiyang ingkang
pejah, punika kapatrapan tandha kathahipun 25 sen, awit
saking punika sakathahing titiyang alit sanadyan kere pisan
manawi pejah pamendhemipun kalayan pakurmatan kados anipun
sanak sadhereking kang pejah boten kecalan wragading pamend-
hem tuwin wilujenganipun.

=====

Saking pawartosipun manawi Raden Sutadirja, dados dhokter
jawi punika kaalem ing ngakathah, awit saking kasagedanipun
remen tutulung tuwin pradhahipun dhateng titiyangipun ing
Sitabonda, ingkang sami kaangkah sarasing sasakitipun awit
saking lalampahanipun kados makaten mugi kauningana ing para
ageng.

=====

Kala tanggal kaping 27 Pebruwari ingkang sampun kapengker
bojonipun tiyang ingkang anama Setraleksana amanak medal rare
sakawan sanadyana tiyang estri wau saking pamurwat sampun
ngumurt 45 taun saha sampun manak kaping sadasa, menggah rare
ingkang saweg lair wau tiga ingkang gesang, dados satunggil
ingkang pejah, kala tanggal kaping 14 wulan Maret ingkang
sampun kapengker, saking rare tiga wau amung kantun satunggil
ingkang gesang.

=====

Ngayogyakarta kaping 13 April 1866

Kula purih macak ing serat Jurumartani kula ingkang suka
kabar kala tanggal kaping 28 Maret wanci pukul 4 siyang,
wonten tyang 2 iji, wade kapal jaler, wulu cemeng, ragi
mletuk pethak mawi uyeng-uyengan baya kapethuk kapal wau
sareng badhe katumbas katedhanan priksa punapa bekta srat pas
lulusan saking pulisi, wangsulanipun boten bekta srat pas

tyang 2 wau lajeng pamit badhe nedha srat lulus kapal cemeng wau katilar, kaantawisaken tyang 2 wau, boten wangsul-wangsul ingkang badhe tumbas lajeng repit dhateng pulisi, ing (Ng)imagiri, pulisi lajeng repot dhateng REgen Kalasan yen wonten prakawis makaten REgen lajeng damel serat sorogan sarta srat Bayawara, menawi para priyayi ing pundi ingkang gadhah lajeng utusan dhateng Kalasan mriksa kapal wau, mitra kula sadaya pundi ingkang kagungan kapal ical sarta kapandungan ingkang mempre ulesipun sarta ciri wau, lajeng utusan dhateng Kalasan sabab sapunika kapal kagantung wonten ing Kalasan andadosna pariksanipun para mitra kula sadaya. Katandhan Mangun Praja.

=====

Panjurung kabar aneh, sawek sak punika kawontenanipun lelampahan kados mekaten ing ngandhap punika cariyosipun pandung

kacemmpung sumur.

Tiyang wasta pun Tirgebayan kepala Bau ngajeng, tunggil gagriya kalih lurahipun mantri ngajeng, wsta Ngabei Jagawijaya, kampung Jaganegaran nalika malem Kemis Paing tanggal kaping 4 wulan Besar taun Jimakir punika, wanci pukul 1 pun Tir medal saking griya badhe nganglang, sumerep subawanipun tiyang ingkang wonten ing ngadhapiipun Taretapan sareng dipun sapa tiyang wau lumajar mangetan lajeng dipun lokaken sarta kabujeng sapurugipun awusana dursila pandung kacemplung ing sumur, antawis lebetipun sumur 26 kaki toyanipun amung 4 kaki, tongga tepalihipun sami tandang sarta lajeng ngungelaken tikir, sarehne pandung sampun wonten ing sumur, rembagipun tiyang kathah katutupan kimawon supados sampun ngantos saged minggah, enjingipun badhe kaentasaken sareng pukul 6 enjing tiyang kathah sami dhateng sumedya ningali pangentasipun pandung, sareng tutuping sumur kabikak boten nyana-nyana yen pandung ingkang kacemplung wau ngantos tiyang 3 iji, sami pating paringis wonten saklebeting sumur sabab nalika ing dalu boten waspaos kawontenanipun pandung kawawrat namung tiyang 1 awusana kawontenanipun tiyang dursila 3 iji teksih sami nyepeng dedamelipun piyambak-piyambak keng 1 nyepeng pangot nomer 2 nyepeng pedhang celak nomer 3 nyepeng jugil sarta ngandhut pangot alit sareng dedamel sami katedhanan minggah kaulungaken katampen kaliyan kaliyan gayahaning timba, sampun dumugi ing nginggil dedameling dursila wau tiyang dursila lajeng dipun pitulungi sami dipun ken mentas sareng sampun sami mentas lajeng kabekta dhateng bluwi, dipun takeni inggih ngaken kemawon sumedya nyambut damel mandung ing Jagawiyen wau, nomer 3 ngaken tiyang Ngindhu kampung Dhaengan ananging pengakening pandung punika saestunipun asring dora, ngalih nama utawi dede pekampunganipun ingkang dados gumuning tiyang kathah wau, boten cacahipun dursila, namung anggenipun kacemplung ing sumur tiga pisan punika ingkang kalebet aneh, sabab sumuripun boten patos

wiyar, anggenipun tetela sanget kabasakaken kenging kukumolah, menawi-menawi sampun kerep anggenipun nglamahi kadursi-lan sarehnig samining tiyang boten kuwasa nyepeng dumadakan satunggal sumur ingkang kadhawah anyepeng dhateng dursila tetiga wau atas wasenipun ingkang sipat Kodirun mila tiyang ingkang kasupen prayogi sami enget dhateng ngamal awon sarta ngamal saenipun tiyang satunggal tunggal sabab sesamenipun makluk boten kuwasa amelehaken namung ingknag sipat Ngalimun sami ngunbasir, punika badhe nindakaken pengadilanipun keng tamtu kalampahan, ing dunya utawi ing ngakiripun kula sumongga kagaliya piyambak ingkang sami kasupen wau, dene ingkang sami sugih enget inggih lulusa kasenanganipun wonten ing dunya rawuh ing ngakiripun, katandhan Kyai Ngabdul Alam. Kasrat kaping 5 wulan Besar taun Jimakir 1794, Kaum Dhusun Kasiyan.

=====

Atur kula kang klayan sanget mugi punika kapacaka ing Juru-martani.

Kula sampun aningali srat cariyosipun, Kiyai Wikyadirada, kawrat ing Jurumartani angka 13 dumugi angka 16 andadosaken renaning manah, paedah nyumerepaken ing tanah tanah cariyosi-

pun ananging dados manah kula saking nama tuwin kasebut ing kampung Gajahan abdi dalem Jajar Surati, mongka temen salamenipun sepen ing Gajahan nama Wikyadirada wau, yen kula pirit tembungipun ing srat patitis ing ngaksara, punapa mantri guru kang sangking pamulangan nagari Surakarta, yen ningali tembungipun arap, punapa tuwan tuwan arap yen karaos sangking tembungipun Walandi punapa tuwan tuwan waladi, yen mirada saking anama Wikya makna pinter di, makna luwih rada, makna untu, punapa kiyai wau tyang ageng kang saklangkung pinter, mila mugi kiyai paringa pratela namanipun ingknag sayektos, temenipun kiyai wau punapa gagriya ing Panaraga, punapa bongsa pradagang sangking Panaraga, dumugi surakarta wonten ing peken Kaliwon lajeng katut dipun kecu, sabab pamanah kula cariyosipun kiyai kang kathah-kathah, perlu rosipun amung kecu ing peken Kaliwon sageta kapanggih saweni kiyai anjibahaken dhumateng pulisi, punika kula inggih saklangkung dherek kados papujenipun kiayi sadya, ananging kiyai sumerepa boten-na kasebut serat pratelanipun kiyai, sampun seklangkung kagalih dening kanjeng parentah ageng, sangking pamireng kula cocok kaliyan ingkang kasebut ing kabar Slompret Malayu Rendah, ingkang medal saking Samarang katiten ping 7 April 1866 angka 14 temen kanjeng parentah anggalih merlokaken sanget bab kecu wau, kantos kanjeng tuwan Residhen andhawahaken, sinten-sinten ingkang saget angsal katrangan badhe kaganjar yatra, malah mandar sapunika saking pawartosipun pulisi sampun anyepeng tyang 8 utawi 9 kang kadakwa wonten tiyang Cina 2 encik 2,

Wasana sanget marsudi kula kiyai weca anama padamelanipun

kang sanyata, denten manawi dereng marengaken pratela kula
ngaturi enget kemawon sampun ngantos kiyai ngaping kalih,
ngangge nama kang tumempel nama kula sakonca, margi manah
kula kirang dhangsan sinaosa sampun katamtokaken sadya cariyos
ingkang medal wonten sakathahing srat kabar, kados ta Japa-
bodhe, Japan SEikoran, Bintang Timur Slompret Malayu Jurumar-
tani sasamenipun, tembung walandi, Paswel sarajawenipun boten
wonten kalepatanipun, ananging sae ngagem namanipun pyambak,
sampun kiyai tempelaken dhumateng aral ingkang langip, lang-
kung sae kiyai tempelaken namanipun para Malaekat sanget
sanget atur kula ing kiyai

Kasrat ing Surakarta kaping 10 Besar Jimakir angka 1794

Katandhan Abdi dalem panewu Surati, Raden Ngabei Puspadirada.

=====

Pratelaning lelang kados ing ngadhap punika.

Benjing ing Dinten Saptu tanggal kaping 28 wulan April punika
badhe wonten lelang ing griyanipun Tuwan Phelman ing Surakar-
ta

Benjing ing dinten Senen tanggal kaping 30 wulan April punika
badhe wonten lelang ing tokonipun tuwan Y.A. Manuwel Nem ing
Surakarta

=====

Ongka 18, 3 Mei 1866

Pawartos warni-warni

Peken Enggal

Ing Sukareja Dhistrik Sala Katon bawah Kabupaten Kendhal wonten peken ingkang saweg dados enggal, peken punika panggenanipun titiyang sasadeyan utawi tutumbas kewan kadosta: maesa, lembu, kapal mendha sapanunggilanipun, peken wau lami-lami amasthi dados ageng, amargi siti pareden ing ngriku titiyangipun sami anedha ulam loj aung sakedhik, ingkang kathah sami katedha daging kewan, ing Dhistrik satunggal punika kemawon anggenipun amragad maesa wonten saking 180 iji ing dalem sawulan.

Punapa malih saking pawartosipun manawi ing Sukareja wau sakalangkung arjanipun, karaarjan punika tawis saking seger kasarasanipun para titiyang ing ngriku.

=====

Litnan Cina ing Bogor awasta Tan Su Wi Ti Yang, ngumur seket pitu taun punika pejah, sarehning boten gadhah anak, titilaranipun ingkang warni rajabrana miwah arta kirang langkung saking sayuta gangsal kethi rupiyah dhawah dhateng para sanakipun ingkang sampun tebih.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Antene tanah Grikelan titiyangipun sami kuwatos ing manah bilih pulo prenah celak ing ngriku kawstanan Puloneyah nameni badhe anjem blong dados saganten malih, amargi ing ngajeng sampun meh wotnen antawis 150 taun laminiun pulo punika timbul saking saganten boten mawi saronta awit saking sasampunipun wonten lindhu wiwit kala tanggal kaping 30 wulan Janawari ingkang sampun kapanekeger sitinipun ing ngriku sami bengkah amedalaken latu, dene saganten saubenging pulo sami umob sakalangkung sanget, warnining toya saganten dados abrit saha amedal kukusipun pethak ingkang ambetipun walirang sakalangkung sanget, prenah kilening pilo sitinipun murub ngantos gangsal elo inggiling urubipun, punapa dene sitining pulo sadya sampun kathah mendhakipun, para baita kapal ingkang lubuh wonten prenah celak saking polo ing ngriku, sami kesah sadya, baita kapal asep stunggil kakintunaken dhateng ing puloneyah Nameni, supados ambektanana tanah kesah titiyangipun ing ngriku.

=====

Pawartos saking tanah Ruslan kados ing ngandhap punika. Wonten tiyang panggaotanipun adamel tututing bruwang ingkang katingalaken ing ngakathah mawi pikantuk bayaran, tiyang wau kekesahan ambekta bruwangipun, sreng dumugi ing dhusun satunggil kadalon wonten ing ngriku, sedyanipun badhe anyipeng wonten ing dhusun wau, mila lajeng anjujug ing griya pasewanb, anedha dhateng ingkang nyepeng pasewan kalilanana anyipeng sadalu, ingkang nyepeng griya pasewan boten purun kapondhokan amargi saking bnoten wontening panggenanipun ingkang kenging kadamel angandhang bruwang, sareng makaten bojonipun ingkang nyepeng griya pasewan gadhah rembag dhateng

ingkang jaler, amanggenaken bruwangipun tiyang wau wontening kandhang babi sadalu, dene babinipun tiga ingkagn wonten ing kandhang punika, kaeliha dhateng panggenan sanesipun, kalam-

pahan tiyang ingkang gadhah bruwang pikantuk pondhokan sadalu kaliyan bruwangipun.

Sareng wanci dalu ing sasampunipun titiyang sami tilem wonten pandung titiga lumebet dhateng griya pasewan, pandung titiga punika sampun lami anggenipun angirik-iriki dhateng babi titiga wau badhe kapandungan, sareng makaten pandung tiga pisan sami anjujug dhateng kandhang babi, pandung kalih anjageni wonten sawawining kandhang, angulat-ulataken bokmanawi wonten tiyang ingkang satunggil limenet dhateng kandhang, sarehning bruwang tilem wonten pojoking kandhang dados pandung ingkang lumebet ing kandhang boten amanggih punapa-punapa, saha anginten manawi babinipun sampun boten wonten, mila lajeng wangsul amedal saking kandhang amurugi dhateng panggenaning kancanipun, ownten ing ngriku kancanipun wau aken dhateng pandung ingkang satunggil kapurih lumebet malih dhateng ing kandhang, pangintening kancanipun manawi babi titiga sami tilem wonten ing pojok kandhang, mila pandung ingkang lumebet ing kandhang dipun ken dhateng kancanipun angothak-othak pojoking kandhang kaliyan teken, pandung ingkang satunggil wau anuruti punapa ingkang dados pakening kancanipun, kadadosanipun bruwang kagebagan dening pandung ingkang satunggil wau, panyananipun ingkang dipun gebagi punika babi, sareng bruwang ginebagan ing pandung kraos sakit medal kanepsonipun lajeng anubruk dhateng pandung sarta kakekep boten saged uwal, andadosaken kaget ing pandung ingkang sakalangkung sanget ing waktu punika pandung jeli-jeli anedha tulung, bruwang anggero saha gereng-gereng, sareng makaten ingkang gadhah bruwang tuwin ingkang gadhah pasewan sami kaget amireng tiyang jeli-jeli anedha tulung saha amireng panggonin gbruwang, sanalika sami medal saking griya badhe atutulung sadumuginipun ing kandhang tiyang kakalih wau aningali bruwang angekep dhateng pandung, nunten ingkang gadhah bruwang anguwalaken pangekepipun bruwang dhateng pandung, dene pandung kakalih ingkang wonten sawawining kandhang sami lumajeng sadaya weksanipun pandung ingkang kacepeng wau enjingipun lajeng kaladosaken dhateng parentah.

=====

Pawartos ingkang kapendhet saking serat pakabaran walandi kasebut ing ngandhap punika.

Kados ingkang sampun kasumerepan ing ngakathah manawi titiyang estri ing tanah Indhiya sami bela pejah tumut kabesmi kaliyan jisimipun ingkang jaler, andadosaken cuwaning manah-pun para tiyang Inggris, saha tansah angangkah icaling lalampah ingkang kados makaten punika ananging ngantos sapriki pangangkah wau boten saged angicalaken babar pisan, taksih wonten kemawon titiyang estri ingkang tumut kabesmi kaliyan

jisiming bojonipun.

Makaten ugi lampahipun para titiyang estri Cina ing tanah Cina manawi rondha boten gadhah anak saking ingkang jaler, punika lajeng angendhat, dereng lami kacariyos manawi wonten tiyang estri Cina taksih nem sampun ronfha angendhat, p[unika mangangge busana sae sarwa mas, anumpak Kurmun dhateng panggenan anggenipun badhe angendhat tiyang estri wau mawi angulem-ulemi titiyang kathah kapurih angiringaken ing lampahipun dhateng panggenan badhe pangendhatipun punika, supa-

dos anyumerepana anggenipun badhe angendhat wau, sareng lampahipun tiyang estri dumgi ing sabin ingkang boten tebih sakin ggriyaniun, wonten ing ngriku kadelaken papan pirantos ing pangendhatipun mawi kadekekan pagantungan alit, panggenan ing ngriku suka langkung kathah titiyang jaler estri ingkang sami aningali.

Sareng makaten tiyang estri medal saking Kurmun kakanthi ing sanak sadherekipun dhaeng papan pirantos pangendhatan wonten ing ngriku tiyang estri asuka panrima dhateng ingkang sami angeteraken sasampunipun asuka panrima tiyang estri wau lenggah anedha wonten ing meja kaliyan para mitranipun sawatawis meja dhaharan punika tata wonten salebetipun panggenan pirantosing pangendhat tiyang estri anedha tetedhan ingkang sakalangkung esca ing pangolahipun, amargi anggenipun anedha amung kanton sapisan punika, sasampunipun anedha nunten wonten tiyang anyukani rare alit dhateng tiyang estri wau awit tiyang estri dereng nate gadhah anak, punika ingkang dados sababipun tiyang estri anggenipun badhe angendhat, rare wau tumunten kaliling dhateng tiyang estri, saha sakalangkung anggenipun angemas-emas, sareng makaten ratre lajeng kasukan kaling, salajengipun tiyang estri amendhet sekar ingkang kaadhawahan ing wakul, sekar punika kasawur-sawuraken dhateng titiyang kathah minangka dana saking tiyang ingkang pamit badhe pejah sareng mungel pukul tiga, punika anedahaken manawi sampun dumugi ing wancinipun bab badhe pangendhating tiyang estri.

Menggah pagantungan wau ingkang kadamel cagakipun kajeng kakalih palangipun ing nginggil deling sakalangkung santosa, tangsulipun ingkang kadamel angantung warninipun abrit, sareng makaten tiyang estri ingkang badhe angendhat minggah ing dhingklik ingkang wonten sangandhaping tangsul pangantungan sirahipun tumunten kalebetaken ing kolonging tangsul, lajeng asuka wilujeng kanton dhateng titiyang kathah ingkang sami wonten panggenan ing ngriku sasampunipun tiyang estri asuka tabe dhateng titiyang kathah wau, sirahipun tumunten kalebetaken ing kolonging tangsul lajeng asuka wilujeng kanton dhateng titiyang kathah ingkang sami wonten panggenan ing ngriku, sasampunipun tiyang estri asuka tabe dhateng titiyang kathah wau sirahipun lajeng katutupan saptangan piyambak, sareng tiyang estri badhe angandhul ing waktu

punika tiyang estri kaundang ing tiyang, ingkang ananjangi bilih kolonging tangsul dereng kaleresan ing pangetrapipun, sanalika tiyang estri angleresaken kolong wau, sareng sampun leres ing pangerapipun kolonging tangsul dhingklik tumunten kadhupak dening tiyang estri kadadosanipun tiyang estri lajeng gumantung, tanganipun tiyang estri kalih pisan ing waktu gumantunging badanipun tansah angawe-awe dhateng titiyang kathah minongka asuka wilujeng kanton, andadosaken pratandhaning kapurunanipun dhateng ing pejah dene anggenipun angawe-awe dhateng ingkang ngakathah wau boten kendel kendel ngantos boten kuwawi ing pangawenipun awit saking telasing karosanipun wasana lajeng pejah, badaning tiyang estri sasampunipun pejah taksih gumantung satengah jam dangunipun nunten titiyang sepuhipun ingkang angudhunaken badaning tiyang estri wau saking pagantungan.

Menggah lalampahan ingkang kados makaten punika wonten kaping tiga ing dalem tigang Akad laminipun, dene paparentahan tanah ing ngriku dereng saged amambengi ingkang kalayan pikantuk bab icaling ngadatipun titiyang estri angendhat punika wau.

=====

Jurung pamuji tumunten sageda tentrem.

Saha angaturi lepeyan isaratipun nebihaken ing lampah dursila kecu pandung sak panunggilanipun kula sampun aninglai criyosipun kiyai Wikyadirada, ingkang kapacak ing jurumartani wedalipun taun punika awit angka 13 dumugi angka 16 amemuji dhateng prenatalipun bawah ing panagara, [penjagenipun ing bab kadirsilan sakpenunggilanipun pendamelanipun pulisi yen mila mekaten inggih saestru dados yrogi, sarehning para abdi dalem sak punika teksih tintrim muntawatos saking bab kjathahipun ing dursila ngantos purun lumebet ing kitha kados ingkang kapratelakaken kiyai Wikyadirada, ngantos sapriki dereng angsal katrangan kula memuji sanget sanget mugi mugi tumunten kacepenga tiyang dursila keng tanpa kering wau.

Wonten lepeyan menawi dados wewah prayogenipun kawewahaken pranatan ing kabupaten Panaraga wau, cariyosipun kala rumiyin dhusumn ing rino utawi dhusun Ngrejeg sami bawah kabupaten Suleman Risidhen Si Ngayogyakarta, dhusun kakalih wau kacriyos panggenanipun tiyang awon saben saben dursila kacepeng inggih asringaken tiyang ing ngriku sareng ing taun 1845 dhusun wau kapaosan dhateng tuwan K Engre wondene ingkang dados prenatalipun tuwan Engre dhateng sabawahipun pabrik ing Cobongan kados ing ngandhap punika kacariyosipun bab 1 caben dinten Jumungan para bekelipun sami dipun ken ngalempak wonten ing pabrik dipun takeni anggenipun mulasara pasabina-nipun punapa boten kakirangan yen wonten ingkang kakirangan dedamelipun tatanen lajeng dipun tulangi dhateng tuwan Engre kados ta garu weluku pacul sesamenipun utawi maesa lembu inggih dipun gadhuhi yen boten gadhah wiji pantun sak penunggilanipun inggih dipun sambuti, dados tiyang alit sami seneng

sarta boten bera pasitenipun amargi satunggal tiyang boten
purun nganggur kedah rembut damel kimawon sabab kacukupan
pirantosipun bab 2 yen wonten bekel ngaturaken tiyangipun
alit kakirangan tedha, amargi tanemanipun dereng nunduh
punika lajeng dipun kumisi sak wenenipun tiyang alit sapinten
cukupipun tedha sak anak bojonipun ing dalem sadinten yen
sampun terang lajeng kasambutan weni pantun sak cukupipun
katedha dumugi panen yen sampun panen inggih lajeng sami reur
sambutanipun wau namung sawujud kemawon ugi andadosaken
renanipun tiyang alit rumaos boten saged kakirangan tedhani-
pun bab 3 pendamelipun dhateng pabrik namung ingkang pancen
prelu prelu kimawon kapara enthenging ngatasipun tiyang alit
bab 4 yen wonten ingkang suker sakit sami kapitulungan jampi
ngantos dumugi ing sarasipun tanpa bayar argining jampi bab 5
yen wonten tiyang ingkang jempo cotho dhateng pendamelan
kados ta saking sampun sepuh utawi ina lumampah sasamienipun
punika sami kapinta tedha pemahanipun piyambak-piyambak boten
kairing ing damel utawi boten kenging paos malah tampi bagey-
an saking kaum dhusun yen mongsa riaya, warni wos pitrah
sidhekahan sak penunggilanipun kalampahan awit taun 1845
dumugi sapriki tiyang ing ngriku awis wonten ingkang kadakwa

bab kadursilan utawi kambah ing dursila kecu pandung inggih
awis wonten dene tiyang inggih saya kathah ingkang gagriya ing
bawahipun tuwan Engre, menggah tuwan Engre inggih saya kathah
indhakipun kauntungan ing saben taun awit penjagenipun tiyang
alit sami tumemen amergi diupun cukupi ingkang dados
kekiranganipun sedaya, punika para tuwan tuwan ing sanesipun
ingkang tiru-tiru dhateng tuwan Engre, inggih lajeng sae
kados mekaten wau wondene saestunipun sareng kula manah-manah
kawontenanipun tiyang dursila punika wit saking kirangipun
ingkang katedha mergenipun kakirangan tedha punika awit boten
saged nyambut damel botenipun saged nyambut damel wau awit
boten gadhah p[irantos sarehne melarat badhe baberah boten
rosa, badhe rembut paitan boten dipun endel ing tiyang,
kendel kimawon boten saged mirengaken tangisipun ing anak
ingkang nedha sekul dados medal tekadipun awon nglampahi
dursila wau sabab paitanipun amung jugil utawi penthung.
Ngupados sak enggen-enggen kimawon angsal menawi tiyang
gesang punika dipun reksa sandhang tedhanipun kados ingkang
kasebut ing ngajeng wau sampun tamtu yen tebih dhateng lampah
kadursilan upami ingkang sughipun anglakungi tuwan Engre,
kersa anindhakaken mekaten kados boten kelampahan kathah
dursila ing bawahipun sementen wau kula ngaturi boten eegah
boten namung ngaturaken lepeyan kimawon yen mila sae mugi
kapacaka ing Jurumartani, kula sumongga. Kaserat ing Wanggen
kaping 21 April 1866 katandhan Mas Bei Brongtakarya.

=====

Ongka 19, 10 Mei 1866

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 9 wulan April ingkang sampun kapengker kanjeng tuwan Komisaris Panris bidhal saking Banyumas dhateng Purwakarta, lajeng dumugi ing BUMiayu wonten ing Bumiayu Kanjeng Tuwan Komisaris kapethuk dening Kanjeng Tuwan Residhen tuwin bupati ing Tegal saha tuwan Kontelir sareng enjingipun kanjeng tuwan Komasaris mangkat saking Bumiayu dhateng nagari TEgal kadherekaken dening kanjeng tuwan Residhen Bupati ing Tegal tuwin tuwan Kontelir wau.

Para priyantun jawi sanesipun sami anglempak wonten ing dalem paresidhenan ing ngriku kanjeng tuwan Komasaris angrembag bab indhakaning balanjanipun para priyantun jawi sareng sampun sami karembah kadadosanipun kadis ing ngandhap punika.

Balanjaning Bupati ing TEgal satunggil-tunggilipun 1200 rupiyah

Balanjaning Patih ing TEgal satunggil-tunggilipun 350 rupiyah
Balanjaning Piskal ing TEgal satunggil-tunggilipun 300 rupiyah mawi upas 6

Balanjaning Onder KOLEktur ing TEgal satunggil-tunggilipun 300 rupiyah

Balanjaning Wadana ongka 1 ing TEgal satunggil-tunggilipun 275 rupiyah

Balanjaning Wadana ongka 2 ing TEgal satunggil-tunggilipun 225 rupiyah

Balanjaning Ajung Up Jaksa ing TEgal satunggil-tunggilipun 150 rupiyah

Balanjaning Up Jaksa Alit ing TEgal satunggil-tunggilipun 100 rupiyah

Balanjaning Mantri ongka 1 ing TEgal satunggil-tunggilipun 150 rupiyah mawi upas 2

Balanjaning Mantri Ongka 2 ing TEgal satunggil-tunggilipun 100 rupiyah

Balanjaning Mantri Kabupaten ing TEgal satunggil-tunggilipun 70 rupiyah

Balanjaning Mantri Cacar ing TEgal satunggil-tunggilipun 50 rupiyah

Balanjaning Mantri Gudhang ing TEgal satunggil-tunggilipun 50 rupiyah

Balanjaning Mantri Guru ing TEgal satunggil-tunggilipun 50 rupiyah

Balanjaning Juru Serat ing Kabupaten ing TEgal satunggil-tunggilipun 5 rupiyah

Balanjaning Para Juru serating Kontelir ing TEgal satunggil-tunggilipun 50 rupiyah

Menggah indhakan balonja wau ingkang sarestu kedah badhe kaidenan dening kanjeng Gupremen.

=====

Saking pawartosipun manawi tuwan dhokter Artus ingkang dados pujongga ing Jenah tanah Dhitslan gadhah pamanggih enggal ingkang sampun kacoba sae kadadosanipun, kapratelaken kados ing ngadhap punika.

Kawut ingkang sampun kakepyuran toya kathahipun sapanduman, kamoran pasir tigang panduman lajeng kauled ingkang sae ngantos tunggal manawi sampun anggenipun anguled tumunten

kammoran ing sanalika kapur ingkang dereng kakepyuran toya saha ingkang kabubuk ngantos alus sanget kathahipun tigang prapat, lajeng kauled dados satunggil ingkang sae, uledan kapur ingknag kados makaten punika dados labur langkung prayogi kadamel talesing tembok, manawi sampun angsal kawan dinten laminipun, labur wau dados sakalangkung atos ngantos boten saged bucik manawi kalinggis punapa malih labur lajeng karaket sanget kaliyan banonipun manawi sampun langkung saking kalih wulan laminipun atosing labur sampun kados sela, menggah pandamelipun labur ingkang kados makaten wau, sakalangkung sakedhik wragadipun, langkung sakedhik manawi katimbang kaliyan pandameling labur ingkang sampun kalimrahan ing ngakathah.

=====

Sampun lalampahan kaping pinten pinten manawi wonten tiyang angresiki gendul kaliyan gotri asring kaslempitan gotri wau salajengipun kaangge wadhah anggur, cokak sapanunggilanipun, punika anggur, cokak sapanunggilanipun wau lajeng dados racun, manawi kaosmbe ing titiyang asring amejahi mila manawi badhe angresiki gendul ingkang langkung prayogi anganggeya pasir lepen punika langkung sar katimbang kaliyan gotri, saha boten amutawatosi.

Menggah titiyang ingkang pejah kenging racuning gotri, cariyosipun kados ing ngandhap punika.

Ing Paris kithanipun ageng ing tanah Prangkrik dereng lami wonten tiyang ingkang sami kenging racuning gotri, sareng makaten salebeting gendul kapariksaan wonten gotrinipun kalih welas iji, sami kaslmpit wonten jepitaning ngandhap.

=====

Tiyang panasten punika kaupamekaken kados paksi kokok beluk ingkang anyingkiri padhang ing rainten, saha noten saged aningali tiyang sanes ingkang mangangge sae, tiyang panasten kaupamekaken malih kados kamlandhingan ingkang amung anyerot upasing sekar ingkang endah warninipun, padamelanipun tiyang panasten amung angraosi cacading titiyang sanes, saha anyilepna saenaning tiyang wau, tiyang panasten kaupamekaken malih kados tatah utawi kikir, samukawis ingkang katatah utawi kakikir amesthi kalong, punapa dene malih kaupamekaken kados sendhang ingkang dados asrepo toyanipun ing mongsa panas, saha dados panas ing mongsa asrep, manahipun tiyang panasten bingah manawi aningali tiyang kacingkrangan, saha rumaos susah manawi wonten tiyantg pikantuk kabegjan, tiyang panasten kaupamekaken malih kados baledheg ingkang amung anyamber griya inggil saha boten anyamber griya ingkang andhap paksi kolik punika rumaos susah, bilih srengenge amalethek makaten ugi tiyang panasten inggih ugi rumaos susah ing manah, manawi aningali tiyang sanes amukti wibawa tiyang panasten kaupamekaken malih kados uwit ingkang ngandhapipun kathukulan uwit alit-alit, lajeng kaayoman amrugaken rendhet ing dadosipun ageng para uwit alit wau. Tiyang panasten inggih ewa ing manah manawi wonten tiyang ingkang ngungkuli dhateng piyambakipun, pamrihipun angupados badhe anglindhih dhateng tiyang ingkang ngungkuli wau tiyang panasten kaupamekaken malih kados sakit panastis, samukawis tetedhan manawi katedha karaos pait, makaten ugi pangangkahipun

adamel boten sakeca dhateng titiyang ing barang samukawis, sarta kaupamekaken kados laler ingkang anggidhuhi dhateng titiyang saking dening amencok wonten ing sasakit titiyang wau, tiyang pansten remen angupadosi tiyang ingkang cotho, saha boten purun amarsudi kasaenan.

Tiyang panasten wau kaupamekaken timba kakalih ingkang kakerek wonten ing salebeting sumur manawi kakerek timba ingkang satunggil minggah ingkang satunggilipun mangandhap, timba kakalih wau kaupamekaken tiyang kalih, ingkang satunggil dhawah ingkang satunggilipun minggah ing kadarajatanipun, dados titiyang panasten punika bingah aningali tiyang ingkang dhawah, sarta suisah aninglai ingkang minggah kaarajatanipun wau, manah ing tiyang panasten tansah karaos kados kasogokan ing ngeri ingkang adamel tatuning manahipun sarta karaosing manah kados kasingseten ing tangsul kados kaplethet ing tosan, kados kapuleting sawer, punapa malih kados kagrautan ing sima, dados manahing tiyang panasten wau boten saged tentrem, tiyang panasten boten saged anyimpen pakaremaning manah lajeng katawis wonten ing rainipun kalusuring pipi, panyrenging mripat birnuning lambe jengkeruting bathuk punika sadaya amratelakaken ingkang dados pamanahipun, tiyang panasten manawi anedha tuwin ngombe yasa pikajengipun, sapinten kemawon anggenipun anedha utawi ngombe inggih tansah kera kemawon dados salaminipun agesang boten saged lema awakipun, boten saged sumeh sumeh polatanipun.

=====

Wewangsulan minangka panjurung jurumartani ing ngandhap punika.

Kula sampun aningali sratipun raden Ngabei Puspadirada, kawrat ing Jurumartani angka 17 saklangkung renaing manah, cihnanipun karsa mamintra, mila wiwit sapunika lajeng kula anggep mintra, ananging panyeratipun saweni kirang panjanging panggalih amawi dangu nama griya kula kang temen, sah anyana kang kathah-kathah, punapa dene boten kapareng kula nama makaten dene srat kula sampun nyethakaken nama tuwin griya inggih punika kang temen, boten yen ta kula ngangge ya namaning liyan sakala saking kageting manah kantos kula anebut astaga pirlulalahalingalim, lajeng amaos asalamungalekum wawarahmatullahi wabarakatuhu, salaman daiman ilayaomidin, punpudya ing gustri kang sipat jalal, ing ngatasing mitra kula amratelakaken yen ing gahahan boten wonten punika kasinggiyan wasana pratelan kula punika kagaliya kacdekap ing ngatasipun kang karaos nama kula punika pusaka sangking tiyang sepuh, saking cariyosipun Wikya punika tembung jarwa pinter tegesipun kala salebeting nagari Surakarta, wonten kecu sapisan kaping 2, taksih kula sasagetaken di ing tembung jarwa luwih tegesipun sarng rambah rambah dereng wonten kang angsal katrangan aseklangkung, rada wedenipun untu tegesipun mesgulipun manah kula dhumateng durjana kecu kang purun lumebet salebeting nagari yen katingala sauntuning dipongga, kang sampun kasebut ageng anglangkungi sasaminipun untu, pangaken kula abdi dalem jajar sampun tembung jarwa, tegesipun ing ngatasipun sami yasa biyantu, surati tegesipun ardaning panedya antuk kakangsih saking panganggeng kula kadosa surati dhumateng dipangganipun wondening lirisipun cariyosing Panara-

ga, Pana ing tembung arap panak makna weruh, raga ing tembung jarwa awak tegesipun yen saingga kecu kecu boten na kandhek saking kawruh kula tiyang langip, badhe boten nyakakaken awak kang wontening patileman, amila sareng kula mireng pawartosipun kanjeng Parentah ageng suk langkung anggalih kantos kanjeng tuwan Residhen, andhawahaken saking kabar ing tembung Walandi, Meryisondherpersekerdhe, Ondherperpligting, Anpersonel carajawenipun, tulungan kawarni yatra saha mawi nama, ingkang makaten wau andadosaken renaning manah wajib pinuji puji ing ngakathah panuwun kula ing gusti kang sipat rahman, mugi mugi para ingkang kabebahan kaparenga kang klayan sanget sabiyantu amarsudi tetepa sadhawahipun kangjeng parentah ageng, kantos sasaestu saget angsal katrangan nyepengi durjananipun ingkang temen kapanggih sabinnanipun supados lajeng ngakasebut kenceng karajinanipun pulisi, wasana anuwun-nuwun sadaya kang mariksa miyarsa ing pratelan punika angagengna pangaksama, gen kula mratelakaen mekaten wau lepata ing kalepatan saking kamipurun kula kumawa mamuji wewaha kartaning karaton dalem, ingkang menawi wonten lepatipun panyerat tembung wedi teges kang kapareng mugi paring a tedah ing lepat-leresipun, Kaserat kaping 9 Mei sinengkalan Nedya Mosik Brama Ngatunggal Katandhan Kiyai Wikyadirada.

=====

Pawartos ingkang angumunaken martgi saking kaelokanipun gusti ingkang maha kuwasa kados ing ngandhap punika.

Wonten titiyang estri 1 wasta bok SARikem ngumur 23 tayub dadis senaguoyb Tadiwirya ing dhusun Padhangan Kabupaten Klathen karesidhenan Surakarta sareng ing dinten Jemungah legi tanggal kaping 28 Dulkangidah tau punika anuju mantuk saking peken anyumerepi lare kakaliyh kang 1 wasta Sakiyem kaponakanipun leres umur 6 kang 1 wasta pun Satinem umur 4 taun kaleres kaponakanipun nak sanak, sami estri dolan celak griyaning bapakipun bok SARikem, sareng makaten lare wau sami tumut alajeng bok Sarikem dhateng pategilan sacelakkipun lepen ing dhusun ngriku sumedya mendhet godhong ing kacang kang winastan lembayung ambekta dadamel lading, sadhatengipun ing pategilan rehning panas wanci pukul 1/2, 12 (setengah rolas) siyang lare wahu dipun ken sami mantuk, saking pangtraosipun bok Sarikem inggih sampun mantu boten dangu bok Sarikem mnmantuk saking pengraosipun sampun dumugi ing griyanipun pyambak wonten katingal wugel kajeng dhadhap lajeng dipun pendhet kabekta lumebeting griya kapecel-pecel ing ngarit sumedya dipun angge ngliwet, alajeng dipun tilar pados bubonipun lawuh ing wasana kang katingal dhugelipun pecel-pecel punika anak kaponakanipun anak sanak kang wasta pun Sutinem, kantos dados pejahipun, anggenipun mecel-mecel rumaos sampun wontening griya wau taksih wonten pategilan sacelakipun ing lepen ing dinten septu enjing bok Sarikem sawek kaengetan yen kang dipun pecel-pecel wau kaponakanipun lajeng gegetun utawi nangis sanget ing dinten septu ugi kumisi priyantun pulisi andhatengi titi-pariksa, bangke sampun kapanggih wonten ing griyaning bapakipun pyambak wasta Kertawijaya ing dhusun Padhangan panjangipun ing bangke 3 kaki ageng ukuran mubeng 1,1/2 kaki mawi tatu githok panjang

4 dim terus balung sangajenging bunbunan tatu panjang 3 dim lebet 1/4 din, sangandhaping ngunyeng-unyengan tutuka kalih panjang sami 3 dim lebet sami 1/4 dim ngrai tatu 10 sawerni ajur, labet saking dadamel arit utawi lading bangke lajeng kaparingaken dhmateng warisipun saha tumunten kakubur priyantun kumisi lajeng amariksani panggenanipun amejahi lare wau, wonten pategilan celak lepen kang tumut ing dhusun getas tebihipun saking dhusun griku 180 kaki saking panggenan panganiaya wau dumugi gigriyanipun boksarikem 560 kaki, kapanggih ing bangke dumugi panggenan panganiaya 180 dene bok sarikem lajeng kacepeng katur nagari, ingkang punika andadosaken pangunguning manah wonten kaelokan ingang makaten. Kasrat ing Surakarta kaping 17 Besar JImakir ongan 1794
Katandhan Sayid Ngabdurahmi.

=====

Para tiyang ingkang gadhah sambutan lelang ing Surakarta kala ing wulan Januwari 1866 ing mangke sami kaemutaken ambayara sambutanipun saderenging utawi satelasipun wulan Mei punika, manawi boten angestokaken ing pambayaripun wau punika badhe kawedalaken saking pangadilan.
Surakarta kaping 1 Mei 1866
Inkang Wakil anguwasani lelang
Katandhan Tuwan H.N.H.Wilkes.

=====

Ongka 20, 17 Mei 1866

Pawatos warni-warni

Pawartos saking Surakarta kados ing ngandhap punika.

Kanjeng Raden Adipati Sasradiningrat papatih dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing Surakarta awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kamantunan kalayan kurmat saking anggenipun dados papatih mawi kaparingan pensiyun kasebut ing serat kakancinganipun kanjeng Gupremen ingkang katitimangsan kaping 28 wulan Pebruwari ingkang sawrg kapengker punika ongka 9 dene ingkang kakarsakaken amakili dados papatih dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan punika raden Tumenggun Wiradiningrat kaparingan nama Kanjeng Raden Adipati Sasranagara.

=====

Kala tanggal kaping 17 wulan April ingkang kapengker wanci enjig kanjeng tuwan Asisten Residhen ing Anyer atampi pawartos manawi baita kapal Inggris ing kang wasta Yeddho, kapitanipun Anama Wes punika kandhas wonten prenah celak ing Anyer, baita kapal wau ambekta kuli tiyang Cina kathahipun 400 dene kuli wau badhe kamadamelaken wonten ing tanah Dhemerari bawah tiyang Inggris.

Kala samanten baita Kruwis ongka 35 sampun cumawis badhe alayar, katitiyan ing tuwan Apenmister, sumedya atutulung dhateng baita kapal Inggris ingkang kandhas, sareng makaten wonten pawartosipun malih, bilih baita kapal Inggeis wau kandhasipun wonten arah arah ing saantaranipun Paguran kaliyan ing Tawing, saha sampun kabesmi ngantos telas menggah titiyangipun baita kapal punika ingkang kathah sampun sami minggah dhateng dharatan.

Kanjeng tuwan Asisten Residhen kaliyan tuwan Apenmister sareng mireng pawartos manawi baita kapal Inggris kabesmi lajeng tindak dhateng panggenanipun kasangsaraning baita kapal wau, wonten ing margi prenah celak ing Tanjung Cina kapethuk kaliyan kapitaning baita kapal Inggris tuwan Wes, punika acariyos manawi baitanipun kapal kala wingi sonten wanci pukul sanga sareng langkung ing supitan Sundha, katingal manawi kabesmi sasampunipun titiyang angangkah pejah ing latu dangunipun kalih tengah jam nanging latunipun boten saged pejah lajeng sami ambujeng gesang baitanipun kapal tumunten kapinggiraken sampun linampahan ing sanalika.

Awit saking ambucal tangsul kathah titiyanging baita kapal katulungan ananging sareng dumugi panggenanipun kabesmi baita kapal ngantos telas wau kasumerepan manawi wonten tiyang gangsal ingkang ical satunggil saking ingkang gangsal punika Stirman, sarta watawis tiyang Cina kalih atus sami boten wonten ananging lajeng kapanggih sawidak saking tiyang Cina kalih atus wau, punika sami anumpak kajeng wonten ing sagan-ten, dene titiyanging baita kapal ingkang akathah-kathah dereng wonten pakabaranipun, ananging ing dinten enjingipun sareng kanjeng tuwan residhen rawuh wonten ing Tanjung Cina, titiyang amanggih jisim kathah sami kumambang ing toya aliya saking titiyanging baita kapal ingkang ical, sabaitanipun

kapal posan inggih sampun bnoten kenging kapitulungan malah
seratipun baita kapal wau tumut ical.
Para tiyanging baita kapal ingkang bongsa Eropah sami kapang-

genanaken rumiyin wonten ing beteng, dene ingkang sakit sami
kapanggenanaken wonten ing griya sakit ing Anyer, dene para
kuli tiyang Cina ingkang anguwatosi awit saking cariyosipun
kapitan kapal punika sami kapanggenaken rumiyin wonten peken
ing Anyer, mawi kajagenan ing prajurit.

=====

Kala tanggal kaping 19 wulan April ingkang kapengker wanci
sonten ing Salatiga wonten lindhu ngantos sanget ebahing siti
saking eler kilen mangidul ngetan, dangunipun gangsal sekon.
Punapa malih ing Ambahrawa kala sonten punika wau inggih
wonten lindhu, ebahing siti kaping sakawan awit saking lindhu
punika griya prajurit ing Banyubiru bengkah enggal dene
bengkahipun lami dados mindhak wiyaripun.
Menggah redi Marapi amedalaken kukus sakalangkung sanget.

=====

Kula ngaturi panjurung kabaripun ing Jurumartani
Serat Jurumartani ingkang medal ing dinten Kemis tanggal
kaping 26 wulan April 1866 anyariyosaken pawartos saking
Singapura manawi ing kampung kampung bawah Singapura ing
mangke sampun dados ngadat menawi wonten tiyang ngajal lajeng
angungelaken bendhe, amurih ngalempakipun tiyang, ingkang
nunggil sakampung, manawi titiyang sampun nganlempak, lajeng
sami pirembagan badhe pametakipun ing ngalyon utawi badhe
sidhekah sarta waragadipun, sami kabage ing ngakathah ingkang
medal saking pirukun dene manawi wonten satunggalipun ing
tiyang ingkang nunggil kampung mongka boten dhateng punika
lajeng kapatrapan dhendha 25 sen, sadya tiyang sugih miskin
samongsa ngajal ugi makaten punapa dene ing pamedtakipun mawi
kaurmatan saingga ngantos adamel kamayaranipun sanget dhateng
para ahli warisipun, ing tiyang ingkang sampun ngajal wau.
Inkang punika wonten tatiga pranatanipun ing nagari makaten
wau sakalangkung-langkung anggen kula amemuji sakethi jumu-
rung mugi-mugi lestantuna ing sapanginggilipun.
Inkang kaping kalih saking pamuji kula ing Gusti Allah
ingkang sipat murah, utawi dhateng para nabi wali, punapa
dene para ratu-ratu, ingkang sami sumare ing Tanah Jawi
sadya mugi aparinga kaengetan dhateng sadaya para ageng
-ageng ingkang sami anyepeng nagari, ageng-alit ingkang sami
ngasta panguwasanipun ing nagari wau, sami kagungan pranatan
kados dene ing nagari Singapura wau, bilih saking pamanggih
kula tiyang bodho menawi inggih punika ingkang makiki dipun
wastani pirukunipun ing selam, ingkang sayektosipun.
Inkang kaping tiga, wansahipun ing babasan ingkang dipun
wastani tatulung dhateng kasusahan punika kados inggih punika
kawujudanipun anggen kula mastani makaten wau, sabab ratu-
ratunipun ing susah namung tiyang kakirangan tambah lajeng

kapejahan punika susah sajagat ngalempak dados satunggal.
Ing wusona dipun pitulungi ing parentah kados pundi anggeni-
pun boten sakelangkung pamundhinipun, tur ingkang mitulungi
wau, boten andadosaken sangsaranipun awit saking sinanggi ing
kathah, sarta ing wingking badhe gagentosan, kalih saestuni-
pun ing ngagesang, boten kenging dipun tamtu, sugih miskin
trekadhang ingkang sugih sakedhap netra dados miskin punapa
malih ingkang miskin trekadhang sakedhap netra lajeng dados
sugih.

Sinerat tanggal kaping ...wulan Mei taun 1866 katandhan Kyai
Darmawardaya.

=====

Panjurung kabar Jurumartani ing sarat tiyang sepuh boten
guguh, katimbang kathahipun ing ngumur, Ngayogyakarta wonten
priyantun jaler 1 priyantun estri 1 sampun sami kawical sepuh
piyambak para priyantun sasamenipun awis kados ingkang
kacriyos ing ngandhap punika: pratelanipun.

Bab1

Priyantun ingkang jaler wau nalika perangipun raden Rongga
ngraman Balela ing ratu, kirang langkung sapriki sampun 60
taun mongka priyantun wau kala semanten dados pini sepuhipun
raden Rongga, sasamenipun tiyang madiyun inggih kapetang
sepuh piyambak punika ngantos taun 1866 utawi jimakir 1794
punika teksih bagas kesarasan malah teksih anggadha engetan
ingkang leres leres utawi teksih gadhah anak saweg ngumur 3
taun kaotipun kalih tiyang nem namung oamirengan suda saked-
hik sarta tragi kagetan saweg pun Kertaita dame resah wonten
redi Jeram bawah Nanggulan taun 1863 priyantun wau kadhawahan
anyenapateni ingkang sami badhe repeng dhateng Kertaita,
priyantun wau katingal sanget beragipun saestu mila wanter
ing kapurunanipun kancanipun dereng wonten ngalempak saking
kasesaning penggalih lajeng numpak kapal mangkat piyambak
namung kalih kapedhakistan kimawon wusanipun inggih angsal
damel saged nyepeng tiyang ingkang nama Kretaita wau, punika
ngantos sapriki teksih kuwat sadayanipun wondene lampahipun
ing saben dinten menakten yen wanci pukul 7 sonten bakda
sembayang Ngisa, lajeng sare dumugi pukul 2 dalu lajeng wungu
siram wuwung, lajeng nunjuk wedang utawi dhahar sawatawis
ngantos dumugi enjingipun sareng jam 8 enjing lajeng dhateng
pendamelan dumugi jam 2 siyang ngaso lajeng dhahar saben
dinten namung punika ingkang katingal isaratipun ginanjar
kuwa wau, dene gbab kalakuanipun ingkang raga aneh satunggal
saklamanipun boten nate memoyoki dhateng sakwerenipun tiyang
saha boten nate angrasosi awonipun ing tiyang sebatrang ginem
namung saenipun ingkang dipun rasosi kados punika ingkang nama
pepethingnipun ing kalakuwan sae, pantes tinelad.

Bab 2

Priyantun putri wau saweg geger Sepei bedhah negari Ngayogyakarta,
sampun kagungan putra putri yuswa 3 taun putra putri wau

sapunika sampun kagungan buyut 4 ingkang sepuh ngumur 5 taun dados kapetang nama canggah saking priyantun wau, ngantos ing dinten punika saliranipun teksih pupuk sarta bagas kasarasan malah saben dinten nymbut damel bathik sinjang kang alus-alus seratanipun dereng ngagem kacamata teksih waspaos wujudipun tiyang antawis 40 tindak dene lampahipun padintenan sabarang mawi ngagem saksekecanipun boten ngantos ketlangso, sarta tagi remen gegujengan ingkang pantes dipun damel gegujengan criyos ingkang kina-kina, sumangsanipun saweg lenggahan kalih priyantun kathah mongka mireng barnag nalar ingkang boten sae lajeng sumingkir kimawon boten kersa mireng boten kersa mitrsa punapa punika ingkang murigaken ginanjar awas peningal saha teksih seger kasarasan wau sabab saged anyirnakaken awanipun ugi kados pantes tinelad punika sedaya matur sak leresipun bilih tiyang ngumbar awanapsu, ngadatipun asring

manggih susah, kula sumongga kagaliya piyambak ingkang sami kepengin kuwat dumugi ing sepuh.

Ngayogya ping 6 Mei taun 1866.

Katandhan Kyai Bahrul Kirkat Juru Kunci ing Sidikan.

=====

Ngantos dumugi ing mangke dereng kendel kendel menggah pamar-sudi kula ing katranganipun seat Jurumartani nomer 6 taun 1866 bab raden saleh anggenipun manggih balung wonten pasiten bawah kawedanan Kenanggulan ing Ngayogyakarta punika saking pamawratipun para saged tanah Ngayogya wau bnalung kawawrat kala jamanipun Nabi Adam.

Saking bab punika pandugi kula yen kagalih jaman semanten kados kados sanget mokalipun awit kala jaman Adam sakpriki boten wonten tiyang ingkang sumerap lamenipun rehning jaman Adam dumugi jaman Ibrahim dereng wonten ongka tuwin taun wondeneing katranganipun pamar-sudi kula kados ing ngandhap punika:

Wonten satunggal tiyang Cina sangking negari Batawi tetuwi dhateng Ngayogya wasta Babah Natarata, asuka cariyos dhateng kula wau balung sareng sampun dipun tingali dhateng babah Natarata ing mangke kapesthekaken klayan tamtu yen punika balung kewan ing wana ageng asalipun ing ngajeng kapesthekaken yen kewan wana nagari Cina, menggah wenenipun kala teksih gesang sak emper kados sidhat anamung kaot mawi sungu saha ing buntut netha tangan sliranipun mawa wulu kados bajing, inggih punika ingkang dipun wastani Kanun, menawi tiyang Cina dipun wastani Tikbingbungwing inggih punika kewan kang saka-langkung mutawatasi dhateng ing ngatasipun tiyang Cina sadya, denten Kanun punika ingkang dipun ajrihi namung toya mila panjagining tyang Cina tanah Makao griya-griya sami kajagang sarana toya, denten dumugining Tanah Jawi mengkatèn. Kala jamanipun tiyang Cina dipun wastani jaman Yonglipoang uda kawis sapriki sampun angsal 1500 taun kala jaman samanten Tanah Jawi Sumantrah Burneyo sak urutipun dumugi negari Cina

teksih satunggal pulo tanpa let satunggal punapa.

Ing nalika semanten negari Cina lajeng santun jaman Tik Bi Ong, inggih punika jawah ageng lamnipun ngantos 22 dinten wau Kanun lajeng lumajar sami ngungsi gesang pados panggenan wonten kang lumajar dhateng Burneyo Sumantrah tanah Jawi saurutipun.

Boten antawis dinten ing tanah Jawi katempuh ing jawah ageng lamnipun uda kawis 17 dinten ing sarehning Tanah Jawi dede siti wadhas dados boten kuwawi katempuh ing jawah saha katempuh ing banjir lajeng Tanah Jawi pecah kathah jurang-jurang dados lepen, lebak-lebak dados rawa, punika kakawitipun pecah Tanah Jawi lan Sumantrah Burneyo saurutipun kala semanten Tanah Jawi dipun wastani jaman Tirta tuwin jaman Sbara, ing tanah Sumantrah dipun wastani Waktu Abut ing Burneyo dipun wastani Waktu Erbradhu, punika kawit kawitipun icaling Kanun pramila ing Tanah Jawi Sumantrah Burneyo kula tamtokaken ing mongka tesih kathah panunggilanipun balung Kanun kang sami kependhem, sanadyan kiwa tengenipun balung ingkang sampun kadhudhuk dening raden Saleh punika temtu teksih wonten panunggilanipun ingkang wetah.

Sinerat Ngayogya 9 Mei taun 1866

Katandhan putranipun Raden Tumenggung Natayuda, Suryaprawira.

=====

Ongka 21, 25 [sic; probably error for 24] Mei 1866

Pawartos warni-warni

Enggelen

Baita kapal asep Inggris ingkang anama Londhon kerem wonten ing saganten bawah Engglen, baita kapal punika saking Londhen pancen badhe dhateng ing Melboren tanah Ustraliyah, titiyangingkang wonten salebeting baita kapal kathahipun 289 kala keremipun baita kapal wau titiyang sam,anten punika ingkang gesang amung 16kalebet titiyanging baita kapal dene titiyang ingkang numpang amung wonten titiga, tiyang sangalas wau kapitulungan dening baita kapal anama Mariyah Nophel gadhahanipun tiyang Italiye, sami kaudhunaken dhateng dharatan wontening Maut tanah Inggris, menggah kala keremipun baita kapal punika kala tanggal kaping 11 wulan Januwati ingkang sampun kapengker dene angkatipun saking Plimaut tanggal kaping 6 wulan Januwari wau sareng tanggal kaping 7 taksih tungguil wulan katempuh ing angin ageng sasampunipun tiyanging baita sami putung lajeng ical katempuh ing angin saha baita sekeci sawatawis ingkang wonten ing baita kapal asep sami remuk, toyaning sagantenn lajeng lumbet ing baita kapal, sakathahing latu ing baita kapal wau sami pejah kenging ing toya sanadyan toya kawedalaken saking kaepom, sarta pangangkahipun titiyanging baita sami amampetaken sakathahing panggenan ingkang borot sarana saking dening kasumpelan ewadenten baita kapal wau malah sangsaya kathah kalebetan ing toya andadosaken badhe keremipun punika.

Kala baita kapal asep wau badhe kerem para tiyang ingkang numpang tuwin titiyanging baita kapal sami teteg ing manah saha tansah ubeg ing damel atutulung sasaged-sagedipun amurih gesangipun kemawon saha sampun ngantos dados keremng baita kapal, ewadenten lebet ing toya dhateng baita kapal sangsaya kathah kadadosanipun pitulung para titiyang wau boten amikantuki kalampahan sareng tanggal kaping 11 wulan Januwatri ingkang sampun kapengker kapitaning baita kapal anama Martin kabentel apratela dhateng para tiyang ingkang numpang saha titiyanging baita kapal manawi baita kapal punika wiwit badhe kerem dene para titiyang wau kapurih sami arumantos badhe ing pejahipun, ing nalika samanten baita kapal sampun andungkap ing keremipun, kathah kemawon pratingkahipun para titiyanging baita ingknag sami angupados gesangipun sareng titiyang wau angudhunaken baita sekeci saweg satunggil baita punika lajeng remuk katampek ing ombak ananging tiyangipun gangsal ingkang anumpaki baita sekeci katulungan dados boten kalampahan pejah kabekta ing toya, para tiyang ingkang anumpang sami giris sadya sareng aningali remuking baita sekeci wau, saha lajeng ajrih anyoba ngudhunaken malih baita sekeci ingkang kanton tiga, tumunten para titiyanging baita kapal sadaya sami amumuji ing Allah badhe pejahipun, saha sami angalempak dados satunggil sareng kapitan Martin anamtokaken bilih baita kapalipun sampun boten kenging kapitulungan para titiyang sami tungguil ing cipta saha sampun pasrah ing pejahipun ing baita kapal boten wonten kang anda-

dosaken reresah, susah ing manah katawis wonten ing ulating
titiyang satunggil tunggilipun para biyunging rare sami
anangisi anakipun ingkang masthi badhe tumut pejah dene para

rare punika saking dereng sumerepipun dhateng bilahi ingkang
badhe andhatengi sami apitaken punapa ingkang andadosaken
kasusahaning biyungipun wau.

Sareng watawis pukul kalih sonten toya ingkang lumebet ng
baita kapal sangsaya kathah sarehnin gangnipun sangsaya
ageng, tumunten wonten tiyang sawatawis sami anekad, punika
angudhunaken baita sekeci satunggi lingkang ageng piyambak
sareng sampun sai anumpak sekeci lajeng angundang-undang
dhateng kapitanipun ingkang kapurih tumut anumpak ing sekeci
ananging kapitan boten purun wicantenipun makaten: aku ora
gelem milu ing kowe anunggang sekeci aku kari ana ing kene
bar, sarta dak palaur mati bareng karo wong kang anumpang
pujui ku bae marang kowe kabeh muga kowe kajurungana ing
Gusti Allah bisa mutumeka ing dharatan, sareng makaten baita
sekeci lajeng mangkat dereng ngantos tebih lampahipun ing
watawis wonten lampahan gangsal menit saking baita kapal
tumunten baita kapalpunika kerem kala samanten sakalangkung
rame swaraning titiyang ingkang sami kantun wonten ing baita
kapal, ananging sakedhap lajeng cal swara wau saha boten
ketinggal punapa-punapa.

Baita kapal asep ingkang kerem wau saweg wonten sataun angge-
nipun dados ingkang kadamel tosan sadya, saha sakalangkung
saenipun anggenipun adamel baita kapal punika kapancekaken
ing damel dhateng tanah Ostraliyah dene pitunanipun kaetang
regining baita kapal tuwin wawratipun sadaya kamurwat wonten
saking 1200000 rupiyah.

wondening para tiyang ingkang sami numpak baita sekeci wau
sasampuning baitanipun sekeci kabekta ing toya dangunipun
sawatawis jam lajeng sami kapitulungan para tiyang wau angge-
nipun sampun luwar saking ing pejah, meh boten kenging kapi-
tulungan, amargi baitanipun sekeci kalanipun para tiyang sami
kapitulungan punika isi toya ngantos sapalih.

Kaelokan sanget bab kereming baita kapal Lndhon awit ing
dinten kereming baita kapal wau wonten baita kapal asep
Inggris anama Amaliyah ingih ugi kerem, menggh tebihing
anggenipun kerem baita kapal Amaliyah amung seket mil saking
panggenanipun kerem baita kapal Londhon wau, ananging ti-
tiyangipun salebeting baita kapal Amaliyah sami kenging
katulungan sadaya jalaran saking kang panujon, ing waktu
badhe keremipun baita Amaliyah panuju wonten baita kapal asep
langkung ing ngriku punika aningali dhateng baita kapal
Amaliyah lajeng atutulung titiyangipun sadya kainggahaken ing
dharatan.

=====

Pirantos mendhet tikus ingkang sampun kacoba.

Menggah pirantos mendhet tikus punika kasebut wonten ing

serat pakabaran saking Otreh tanah Walandi, pratelanipun kados ing ngandhap punika.
Amendhet tatong ingkang inggilipun watawis meh wonten saking tigang kaki, tong punika ingkang rapet manawi kaisenan toya sampun ngantos saged borot, saha boten mawi tutup tumunten katutupana kertas ingkang kaken, kertas punika katangsulan ingkang kenceng angsal sapinggiring tong mubeng, manawi sampun katutupan keras wau lajegn amendheta balabag kaedegna mayat sumendhe sapinggiring tong, supados sageda kalangkungan

ing tikus saking ngadhap manginggil, ing kertas wau kadekekan tetedhaning tikus, manawi saweg kadekekan tetefhan wau tikusipun satunggil-tungile boten wonteningkang purun anedha ananging manawi sampun angsal kalh dinten laminipun lajeng wonten tikus ingkang purun anedha, manawi tiyang sumerep bilih tikusipun wiwit anedha tetedhan wau boten mawi ajrih nunten tong punika kaisenan toya watawis wolung dim inggilipun toya salebeting tong kaliyan salebeting toya kadekekan sela ingkang kenging kaadegaken saha katongolna sajawining toya sasampunipun kadekekan toya tuwin sela wau, kertas katangsulna malih saha kairis samarapat, lajeng kakendelna kemawon manawi wonten tikus ingkang amurugi tetedhanipun kados ngadat punika lajeng dhawah kalebet ing tong, sarehning tikus ingkang dhawah salebeting tong boten angsal margi sagedipun medal lajeng minggah dhateng sela ingkang mandhotngol nunten wonten malih tikus ingkang amurugi tetedhan wau punika inggih lajeng dhawah ing salebeting tong, sarehning tikus ingkang dhawah kantun wonten salebeting tong awit saking boten angsalipun margi medal inggih badhe minggah dhateng sela ananging sela punika saking alitipun saha amung cekap kaenggenan tikus satunggil dados ingkang minggah ing sela rumiyin boten suka, kalampahan dados tangled tikus kakalih pating cruwit sabawanipun sami arebat panggenan.
Menggah ingkang dados wawateking tikus punika boten angemungaken kedah badhe sumerep kemawon inggih ugi remen kerah, boten ngantos dangu para tikus ingkang kathah-kathah sanesipun wau punika mireng swaraning tikus sami tangled lajeng amurugi dhateng panggenanipun atangled kadadosanipun sami dhawah ing salebeting tong sadaya, tumunten langkung rame sabawanipun ingkang sami tangled, sangsaya dangu sangsaya kathah tikus ingkang sami andhatengi saha lajeng kacemplung salebeting tong, kalampahan ngantos kathah sanget tikus ingkang kacemplung ing salebeting tong, pinten banggi ngantos saged telas sadaya sakathahing tikus ingkang wonten sapanggenan.

=====

Bab Pejah

Para titiyang saged ing jaman kina sami arerembagan taken tinaken bab pejah punika punapa, saha kaupamekaken kados punapa, tumunten wonten tiyang satunggil saking para saged

wau anama Sopokles punika amangsuli ingkang rumiyin piyambak ing pitaken wau wicantenipun makaten: pejah punika minongka dados dhukunipun wekasan para sasakit sadaya, pikajenganipun pitembungan punika bilih dhukun sampun boten saged anyarasaken sasakit kalayan guna tuwin rembagipun, punika pejah ingkang lajeng angicalaken sasakit wau wonten malih tiyang satunggil saking para saged wau anama Soladhes amedalaken pitembunganipun makaten: pejah punika kaupamekaken kados muhara ingkang pancen kapurugan ing titiyang sadaya, lajeng wonten titiyang satunggil malih saking para saged wau anama Skatres punika wicanten makaten: pejah punika kaupamekaken kados tilem dene tiyang saged ingkang anama Aristoteles amastani manawi pejah punika sakalangkung sanget anggenipun anggigirisi wasana wonten titiyang saged satunggil malih anama Periyander, punika angupamekaken pejah wau kados ku-

mandhanging agesang, upami makaten punika prayogi saha patitis awit boten wonten kumandhanging swara ingkang anyamleng kados pejah kaliyan gesang, amargi sakedhap gesang sakedhap pejah.

Tiyang boten kenging amastani: mbok manawi boten masthi pejah, punika boten kenging boten tiyang mesthi pejah, benjing punapa pejahipun punika kadereng tamtu, kados pundi badhe pejahipun inggih boten tamtu, sarta wonten ing pundi badhe pejahipun punika nggih ugi boten tamtu ananging pejah punika amasthi sampun tamtu.

=====

Punika serat ingkang muging katur ingkang saudara tuwan Dhegrootkolep enko, ingkang mengarang serat Jurumartani ing nagari Surakarta ADiningrat.

Sasampunipun kadya punika wiyosipun kula ngatruaken kawontenanipun Agem dalem ing Kangjeng Susuhunan Kudus, ingkang maksih ing sapunika wujudipun kantun 1 panjenengan wasiyat dhuwung weta Kyai Cintaka, dhapur sangkelat ing mangke kasimpen dhateng Kaji Juru Kunci, Muhammad Sampuri, anakipun Kaji Asnawi, lurah Juru Kunci ngiras Imam mestjid Kudus Kilen saben wulan Sura dipunwarangi nanging wau KYai Cintaka boten purun kanggeni kendelan, Jeni miwah suwaos, yen dalu tansah glodhagan wondenten ingkang 1 westa Kyai Cis sampun kappundhut takkala, panjenenganipun kanjeng Raden Tumenggung Panji Patdema nagara Bupati Nagari Kudus.

Kejawi punika wontenmalih 1 kursi kathil kajeng areng bubudan pinarakanipun jeng pangran Poncawati, pun Dityang kang purun minaraki lajeng ewah, akalipun kadi dene tyang jawal pramila kaselehaken wonten ing Tajuk.

Katandhan R.Sastra Pratisna.

=====

Ngayugyakarta Mei kaping 14 taun 1866

Atur urmat suka pirenaning penggalih.

Kang pinucung batangan cangkriman ulun duk bumi ginelar, apa

kang sira tanggungi yen winalik apa ingkang sira asta. Keng kaping dwi maksih nunggil sekar pocong wonten warna nyata, cingos-cingos ingkang warni meleng-meleng anenggih ing nama-nira. Lah sumongga pawong mitra kang pinunjul mugi dyan batanga, cangkrim amba kalih warni sampun ngantya tumpang sodhomo ing karsa. Nis Ukara Besar tanggal Asthalikur Jima-kir keng warsa, Resik ing leng giriwani pan katandhan Mas Raden Mangun Carita.

=====

Pratelaning lelang kados ing ngandhap punika.
Benjing ing dinten Rebo tanggal kaping 24 wulan Mei punika badhe wonten lelang ing griyanipun Kapitan Cina, Lim Ji Bo ing Surakarta.
Benjing ing dinten Jumungah tanggal kaping 25 wulan Mei punika badhe wonten lelang ing griyanipun Tuwan Litnan Setat ing Bayalali.
Benjing ing dinten Senen tanggal kaping 28 wulan Mei punika badhe wonten lelang ing griyanipun Tuwan Y.A. Manuel Nem ing Surakarta.

=====

Nyonyah Bislar ing Kartasura ngaturi wuninga para priyantun

utawi tuwan-tuwan ingkang ngarsakaken sinjang bathik,jawi sarung sinjang utawi dodot kemben salendhang, bathikan sae utawi soganipun kalangkung sae, menawi wonten para priyantun utawi tuwan-tuwan ingkang bahe ngangge sinjang bathikan sae, melinga dhateng tuwan Jaspres sarta bayar kuntan ing Surakarta.

=====

Ongka 22, 31 Mei 1866

Pawartos warni-warni

Wonten cariyosing tiyang ingkang kalebet ing cariyos aneh
pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wonten pangeran satunggil saking tanah ngamonda cereng lami
menang saking anggenipun totohan trapipun sakalangkung elok
pangeran punika totohan manawi badhe kacepeng wonten Paris
kithanipun ageng ing Prangkrik boten mawi gadhah kalepatan
pisan-pisan, nunten wonten priyantun ageng ing kang anadhahi
toh ing pangeran wau sareng kakaten pangeran punika lajeng
tindak dhateng griya paserwan ing Paris pangagem-agemanipun
sarwa amoh tuwin tambalan, wonten griya pasewan ing ngriku
sang pangeran amundhut wedang kopi samangkok tumunten ren-
canging griya pasewan aningali mandeng dhateng sang pangeran
saha lajeng amalengos katawis manawi boten sudi amirengaken
dhateng pangandikanipun pangeran mila boten purun anyukani
ingkang dados pamundhutipun ing nalika samanten sang pangeran
lajeng angrogoh ing kanthonganing rasukanipun, saha lajeng
amedalaken arta keras sakalangkung kathah sareng ingkang
gadhah griya pasewan aningali manawi pangeran wau gadhah arta
kertas kathah, lajeng aparentah dhateng rencangipun kinen
anyaoi wedang kopi samangkok, ing waktu punika ingkang
gadhah griya pasewan tumunten medal saking griya angupadosi
dhateng pulisi sareng kapanggih pulisi lajeng kalapuran bilih
ing griya pasewanipun wonten tiyang satunggil panganggenipun
sarwa amoh tuwin tambalan punika agadhah arta kertas saka-
langkung kathah pangintening tiyang bokmanawi arta kertas wau
anggenipun anyolong, kalampahan sang pangeran kacepeng ing
sanalika dening pulisi, saha lajeng kabekta dhateng kantor
pulisi wonten ing ngriku pangeran agadhah panedha mugé kabek-
ta asowan wonten ing ngajenganipun priyantun ageng ingkang
kasebut ing nginggil wau amargi wonten ing ngriku sang pang-
eran badhe ambalakakaken prakawisipun, kalampahan pangeran
menang anggenipun totohan wau.

=====

Saking pawartosipun manawi wonten jaka kakalih ingkang sa-
tunggil anama Endrimahoren satunggilipun Dhawid Wiliyam punika
sami kesah saking panggenanipun gigriya, ing kitha Benton
dhateng ing Misuri tanah Amerikah ler, badhe ngupados pada-
melan sareng angsal kalih Akad saking anggenipun kesah wau
Dhawid Wiliyam wangsul mantuk malih, wicantenipun wonten ing
griya, bilih piyambakipun wonten ing margi gadhah engetan
sanes boten purun ngupados padamelan wonten ing Misuri, mila
lajeng mantuk dene kancanipun punika anglajengaken ing lampah
sareng makaten ngantos lami Endrimahoren boten wonten pawar-
tosipun kalampahan sanak sadherekipun kuwatos ing manah, saha
lajeng sami angintuni serat dhateng panggenaning anggenipun
dados saradhadhu, amargi kala angkatipun saking griya awit
saking pratelanipun Dhawid Wiliyam endrimahoren wau lumebet
dados saradhadhu saha lajeng mangkat asarengan kaliyan Resem-
enipun prajurit inpanteri salajengipun para sanak sadherek
wau inggih ugi atampi wangsulan, ananging wangsulan punika

amratelakaken bilih boten wonten tiyang ingkang lumebet dados
saradhadhu anama Endrimahoren, para titiyang sanesipun sami
amanah manawi boten wonten ingkang anddosaken sababing kuwa-

tos ing ngatasipun Endrimahoren wau awit asring kemawon sampun
kalampahan bilih saradhadhu ingkang saweg lumebet enggal
punika elih saking rasemenipun awit saking panedhanipun
piyambak punapa malih asring kemawon manawi saradhadhu kintun
serat seratipun ical awit saking tebih ing panggenan utawi
saradhahu punika asring boten pikantuk margi sagedipun
angintunaken serat.

Kala samanten titiyang taksih awiraosan bab prakawis icalipun
Endrimahoren nunten tiyang amanggih jisim wonten ng wana
prenah celak ing panggenanipun amangkat Endrimahoren watawis
tebihipun amung kalih mil, jisim wau sampun bosok sanget
sareng katitipariksa medal saking parentah tetela manawi
jisim punika sampun watawis sataun anggenipun wonten pangge-
nan ing ngriku saha katawis manawi pejahipun kaaniaya ing
tiyang dene panganggenipun katitik manawi sandhanganipun
Endrimahoran ingkang kaangge kala angkatipun saking griya
punapa dene tiyang kemutan manawi endrimahoren kala rumiyin
sampun nate kacathut untunipun kakalih mongka jisim wau
inggihi boten wonten untunipun kalih mila kalammpahan Dhawid
Wiliyam katiti pariksa ing parentah sarehning aturanipun
boten anyekapi Dhawid Wiliyam lajeng kacepeng saha kening
pandakwa manawi amejahi dhateng endrimahoren, sareng makaten
prakawis wau kapriksa ing pangadilan kadadosanipun ing karam-
pungan manawi Dhawid Wiliyam badhe kapatrapan ukum pejah saha
paukuman punika badhe tnindhakaken kasaru dhatengipun
endrimahoren ingkang lajeng lumebnet wonten panggenaning
pangadilan, endrimahoran katingal seger kasarasan sareng
dhawid wiliyam aningali mitranipun dhateng lajeng karangkul
saha luhipun darodosan awit saking bingah ing manah menggah
pratelanipun endrimahoren manawi anggenipun lumenet dados
saradhadhu angangge nama sanes sarta sampun akintun serat
dhateng titiyang sepuhipun amratelakaken bab anggenipun
angangge nama sanes wau, ananging boten anampeni wangsulan
saking titiyang sepuhipun kamanah manawi seratipun boten
dumugi sareng bataliyonipun kasuwak piyambakipun inggihi
lajeng kendel anggenipun dados saradhadhu, sarta tumunten
mantuk dhateng griyanipun ananging sareng wonten ing margi
amireng manawi wonten prakawis kados makaten wau ing sanalika
lajeng anjujug dhateng ing pangadilan supados sageda anglu-
wari dhateng mitranipun saking paukuman pejah.

=====

Mugi kapacak ing serat Jurumartani.

Kula nyaosi pekabaran para bendara priyantun ingkang sami
karsa nupiksa serat kondha kula punika sabab salami kula
gesang dereng priksa reramen kados ingkang kasebut ing ngand-
hap punika.

Kala suwageningpun Kanjeng Tuwan Nursip Residhen ing Madiyun punika karsa bedhami kaliyan Kanjeng Rahaden Mas Tumenggung Ariya Natadiningrat bupati Negari Madiyun karsa ngiyamsani lepen ing wana Griyan uru-uruwan toya sangking redi Pandhan, punika pamurih sageda noyoni sabin sakidulipun Griyan wau dumugi sabin dhusun Sima saurutipun, punika kalampahan lajeng kabendung kadamelaken wangan dumugi sabin sadaya dhusun ingkeng sisih kilen kadhistrikan CARuban, punika kalampahan lajeng kados sauntawis wulan kimawon saking sami kasdonipun

para palang nekel ingkeng badhe angsal toya wunon wau, sareng sampun dados, lajeng kanjeng Rahaden Mas Tumenggung ngaturi repot ingkangjeng tuwan residhen wau bendungan sampun dados punika kanjeng tuwan residhen saklangkung tarimahipun dhatng para priyantun Caruban sadaya delasan palang bekelipun wit saking kalawaonipun sampun kaping kaping badhe kayasanan wande-wande kimawon wit saking para ageng nimbang kathah prakewetipun saha menggahaken sangking geneng padhas sapa-nunggilanipun kekajengan satengah ing wana ngriku saha kathah sesingitanipun saking lalembat, dados para tiyang alit sami gadhah kuwatos ajrih ambendungi lepen griya wau, ing wusana sareng kayasanan Kanjeng Rahaden Mas Tumenggung Arya Natadiningrat saged dados punika kanjeng gupermensak langkung dhanganiipun penggalih wit saking tiyang alit sabinipun kathah igkeng sami angsal toya saking bendungan wau manawi pranuju rendheng mongsa sabin punika menawi ing redi pandhan jawah ageng toyanipun saged angsal sabin 1200 bau kirang langkung amergi toya lampahipun anjok, mila kathah pekangsalipun dhateng para sabin malah sapunika sabin ingkeng sami bera-bera punika sadaya kinging kagarap boten kirang toya, punika satunggal wektu kanjeng tuwan residhen saking bingahipun penggalih karsa yasa rame-rame wonten satengahipun bendungan wau saha mawi maringaken ganjaran dhateng wedana Caruban samantrenipun, juru serat dumugi palang bekel sadaya saha kaleresan wektu mongsa anslah paos sabin punika kaansah wonten satengahipun bendungan ugi mawi nyedhahi para tuwan tuwan saha para priyantun jawi utawi bongsa methakan pengulu landrat pengulu kakim para merdikan para naip, para santri pamulang para modin, wondening pangulu sapengandhapipun wau namung kakersakaken ngepang wilujenganipun bendungan wonden-ing pranatanipun rame-rame kados ing ngandhap punika pratelanipun:

Ingkeng rumiyin piyambak kanjeng tuwan residhen karsa lenggahan slah paos sabin, nipun para tiyang alit nginggah ngedhukaken paos saha para palang bekel sami wilujeng boten wonten ingkeng angsal deduka res utawi pocot.

Bab 2

Sasampunipun lenggahan slah kanjeng tuwan residhen karsa maringaken ganjaran dhateng wedana mantri carik, para palang bekel ingkeng garap bendungan Griyan, wondening ganjaran

pangkat pangkat kados ing ngandhap punika pratelanipun.
Raden Bei Natasubrata Wedana Caruban 1 lapak Inggris sasaput
pirantosipun: 3 elolaken 1 badhe sabukesti wungu mawi kasung-
ket ing toya jene, Mas Bei Suma Sentana, mantri dhistrik
Caruban, 1 lapak Inggris saputipun 3 elolaken amergi punika
ingkeng neggani ngantos sarampungipun bendungan wau raden
Panji Nata Prawira: mantri dhistrik Karangmalang Caruban
angsal badhe rasukan keasting wungu sungketan jene para palang
dumugi bekel bekel sadaya sami angsal paringan badhe rasukan
laken gunggung palang bekel sadaya 260 iji tiyang.
Sasampunipun maringaken ganjaran Gungsa Munggang Cara Balen
musik reyok Jidhor mungel sadaya prinsipipun gongsa sapanung-
gilanipun tambak ing samodra saking kathah ing tiyang ing-
kang garap weklut punika kula teksih suwita ngabdi kanjeng
Madiyun, Gamelan Pelok Slendro gunggung 27 rancak angger

sawelas cekal mawi gongsa munggang serancak Cara Balen 3
rancak musik 1 gagragan Reyok 5 gagragan Jidhor 1 gagragan
mriyem sepasang mungel sambal-ambalan, tandhak sadaya 73 iji
maesa lembu ing dalem satunggil dinten kalih kalih kapragat
damel rangsum para tiyang alit, lajeng kakarsakaken sami
tayuban sapalang-palang sabawahipun bekel kami sepuh bayan
kuli, telas arak 1 tongleger kinten-kinten poara tiyang
sadaya ingkeng sami wonten salebeting wana bendungan Griyan
kirang langkung jaler estri lare 6400 tiyang yen dalu obor
punika sampun boten kantenan petangipun saha suwaranipun
gemrenggeng para tiyang meh boten saged mirengaken surak
aloking tiyang sami kasukan tayuban, saha gendhingipun gamel-
an sanes-sanes, polahipun jogeting para kkuli saklangkung
gumujengaken, para kuli tanpa mawi ngangge angge ingkeng
pantes namung kathah ingkeng ngangge sura amoh kimawon saha
kathah para kuli ingkang sami mendem, ingkeng gujengaken liya
punika pemainanipun tingalan plorutdan badulan wutwutan kuli
kabuntel karung sami plajengan mercunan wondening para priy-
antun utawi para tuwan tuwan sami kasukan wonten pasanggrahan
sawetaning bendungan Griyan, para santri utawi para kuyai-
kyai lajeng sami pareng mantuk lajeng bibaran bendungan
Griyan sapunika kanamanan Bendungan Natapura wondening ing-
keng damel serat punika nuwun ngapunten sampun mawi kacawa-
dan, sabab pamriksanipun tiyang satunggal namung sapinten
saha umur kula sawek 23 taun utawi dereng priksa tanah pundi-
pundi dados dereng priksa kupiya tatingalan wonten satenga-
hing wana kados punika kajawi negari ageng Ngayogyakarta
mekaten ugi boten rame-rame wonten satengahipun wana sabab
wektu punika dosa Bathara Rama.

Ngawi kaping 7 Mei 1866

Inkeng pratondha Raden Mas Panji Suryawinata.

=====

Tuwan Dhegroot Kolep enko gadhah panedha kalayan adrenging
manah dhateng para priyantun ingkang dereng ngrampungaken ing

sambutanipun sumerepa numbasing barang toko, mugi angintuna
ingkang tumunten arta sambutanipun wau supados anyingkiri
prakawis ingkang boten sakeca kadadosanipun.
Punapa dene tuwan Dhegrootkolep enko wau gadhah [anedha malih
dhateng para priyantun ingkang dereng ambayar pangaosing
serat Jurumartani mugi angintuna arya pangaosing serat Juru-
martani wau, supados sampun ngnatos kakendelaken ing pangin-
tunipun serat Jurumartani utawi supados anyingkiri prakawis
ingkang boten sakeca kadadosanipun.
Ingkeng medalaken serat Jurumartani, Katandhan Tuwan Dhegroot
Kolep enko.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegroot Kolep enko ing Surakarta mentas
atampi mangsi cemeng ingkang sakalangkung sae, dhawahipun
adhapur sapatu, saha kenigng kadamel wadhah mangsi pisan.
Punapa m,alih titiyang sage pikantuk atumbas pirantos anyerat
tuwin agambar, barang sadaya wau sakalangkung murwat regini-
pun.
Katandhan Tuwan Dhegroot Kolep enko

=====

Nyonyah Bislar ing Kartasura ngaturi wuninga para priyantun

utawi tuwan-tuwan ingkang ngarsakaken sinjang bathik, jawi
sarung sinjang utawi dodot kemben salendhang, bathikan sae
utawi soganipun kalangkung sae, menawi wonten para priyantun
utawi tuwan-tuwan ingkang bahe ngangge sinjang bathikan sae,
melinga dhateng tuwan Jaspres sarta bayar kuntan ing Surakar-
ta.

=====

Ongka 23, 7 Juni 1866

Pawartos warni-warni

Sampun asring kemawon wonten tutuladanipun tiyang kirang pangatos-atos ing panggarapipun dhateng sanjata sapanunggila-nipun, menggah cariyosipun kados ing ngadhap punika.

Dereng patos lami ing Batawi wonten Inya satunggil kasanjata ing bendaranipun andadosaken pejahing Nginya, anggenipun nyanjata wau amung kadamel gugujengan kemawon makaten ugi ing tanah Madura inggih wonten tiyang kesah anyanjata andhapan lajeng anyanjata mitranipun piyambak kalampahan pejah, punapa dene malih wonten serat pawartos saking Sampang, manawi rencangipun tuwan M. adamel dodolanan sanjataning bendarani-pun sanjata punika sasampunipun kapriksanan dening rencang wau saha kawatawis manawi boten meteng, awit kasebul medal anginipun saking sumbon punika saking rumaosipun piyambak lajeng kasanjatakaken dhateng ing tiyan gjawi estri ahnanging andadosaken cilakanipun amargi wuluh ing sanjata ingkang satunggil taksih meteng kadadosanipun sanjata mungel saha tiyang estri wau kenging kataton sanget ananging boten pejah.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Niweorleyan (mungkin New Orlen) dereng lami wonten karampunganing prakawis ingkang sakalangkung mayaripun menggah ingkang karampungan prakawisi-pun kados ing ngadhap punika.

Wonten Adpokat tiyang Prasmanb punika kesah dhateng tanah Amerikah ler badhe ngupados padamelan saking anggenipun angembani titiyang ingkang sami gadhah prakawis, sareng dhateng ing tanah Amerikah ler, lajeng paben kaliyan Adpokat ingkang wonten ing ngriku punika angerangaken dhateng Adpo-kat Prasman wonten sangajenganipun titiyang kathah Adpokat Prasman kalampahan anggebagi dhateng Adpokat ing tanah Ameri-ka ler. Awit saking anggenipun anggebagi wau Adpokat Prasman katimbangan dhateng pangadilan, sasampuning prakawisipun kapriksanan, ingkang ngasta pangadilan angandika dhateng ingkang ginugat pitebunganipun makaten: E tuwan aku dadi manungsa ora wenang asrengen marang kowe, amargga aku iya bakal anglakoni kaya kowe, anggebugi wong kang angerangake marang aku, nanging sarehne aku anyekel pangadilan, kang iku aku kawajibab angestokae angger, mulane awit saka angger mau kowe dak patrapi ukuman kakunjara suwene sajam, sarta dak dhendha kehe nem sen.

=====

Kalintuning tiyang ingkang sakalangkung elok pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Wonten jisim kaentasaken saking lepen Luire ing tanah Prangk-rik sareng sampun kaentasaken jisim punika kawastanan dening singa titiyang, bilih jisimipun tiyang ingkang awasta Prudhen ing Taot, sareng makaten sanak sdherekipun kadhatengaken dene ingkang dhateng ing sanalika punika anakipun jaler Prudhen Irtaut, anakipun estri tuwin mantu inggih sami tumut dhateng wonten panggenanipun jisim, anak jaler estri tuwin mantu wau

sam amastani bilh jisim punika tiyang sepuipun, nunten jisim wau karesikan saha lajeng kapendhem, sasampunipun amendhem jisiming bapa, anakipun jaler badhe dhateng ing peken, sareng makaten wonten ing margi aningali tiyang amurugi dhateng piyambakipun, tiyang punika bapakipun piyambak, anak jaler wau sareng aningali dhateng bapakipun manahipun gajeg-gajeg, meh boten pitados manawi punika bapakipun amargi bapakipun sampun pejah saha sampun kapendhem, ananging tiyang wau sayektos yen bapakipun, ingkang saweg mantuk saking kekesahan , dangu dangu anak jaler boten pandung dhateng bapakkipun wau lajeng wicanten makaten: Bapak, punapa sampeyan punika bapak kula, ingkang dereng dangu kula pendhem, saha kula saweg wangsul kemawon saking kuburan malah dereng ngantos anguculi dhasi kula pethak, sarta kula sampun ambayar wragading pamendhem sampeyan, kathahipun boten kirang watawis saking 31 rupiyah.

Ing salajengipun bapa kaliyan anak ararangkulan, saha lajeng sami mantuk dhateng griyanipun, kala samanten sanak sadherek tuwin para mitra taksih sami kalempakan wontening griyaning bapa wau, sareng bapa tuwin anak jaler lumebet ing griya para sanak sadherek tuwin mitra ingkang wonten griya ing ngriku sami kaget aninglai dhateng bapa ingkang kainten sampun pejah.

Sareng makaten tiyanging tanah ing ngriku sami acacariyosan ngantos geder, bilih bapa wau boten pejah, kalampahan titiyang atitipariksa dhateng kuburing tiyang ingkang pejah ing toya wau, kadadosanipun manawi ingkang pejah punika tiyang Kriya awasta Lepanser.

=====

Menggah urubing redi Awu Taruna tanah Seram kala ing taun 1855 pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Panuju ing dinten Senen wanci dalu watawis pukul sadasa, wonten swara kados galudhug mawi caleret boten kendel kendel padhangng latunipun kados kawah ing gamping ingkang sakalangkung ageng amurub wonten satengahing ngawang-awang, titiyang tanah ing ngriku sami ajrih dening sumerep punapa ingkang katingal ing nalika samanten, ngantos enjing taksih kemawon, sareng watawis pukul pitu enjing srengengeipun saweg katingal ingkang wau peteng saking dening jawah awu sareng watawis pukul kalih welas siyang ing dinten punika ladhunipun sakng redi mili mangandhap dene angnipun ageng saha amulek kados wonten satengah ing saganten, kadadosanipun titiyang ing TAruna ing Kandhahar tuwin ing Tajuk kang akathah ingkang pejah, menggah ilinin gladhu boten kados rumiyin kala redi wau murub, amargi kala rumiyin ilinin gladhu medal ing lepen lepen ananging kala redi murubn kados ingkang kasebut ing nginggil wau ladhunipun mili anarajang paranging redi mangandhap sapurug-purugipun, saha ambujeng titiyang, para tiyanging Taruna ing Tajuk kang tuwin ing Kandhahar kathah ingkang sami pejah, titiyang wau sami lumajeng katututan ing ladhu sami pejah wonten ing margi para tiyang ingkang ngadeg sami pejah ngadeg ingkang angrembat ing pundhak dhateng sanak sadherekipun sami pejah, boten ewah saking anggenipun angrembat wau, titiyanging kampung Sawan kathah ingkang sami pejah kadhawan ing sela, siti tuwin walirang, wonten titiyanging-

kang ngewah, punika sareng wonten sela dhawah saking nginggil, lajeng kabacok ing bendho kadadosanipun tiyang ewah kapaletikan ing latuning sela badanipun sakojur katingal kados konang.

Ing kampung Kalongan bawah TARuna wonten tiyang estri kaliyan anakipun ingkang taksih alit, tiyang estri sareng redi murub punika supe dhateng anakipun saha lajeng umpetan lumebet ing griya piyambak, anakipun katilar awit saking sakalangkung ajrihipun tiyang estri ambekta cempe satunggil, panyananipun punika anakipun ingkang lajeng kalela-lea, wonten malih rare kakalih ing kampung Sawan punika kakengkeng dhateng titiyang sepuhipun angupados gesangipun piyambak, rare ingkang satunggil angrembat ing pundhak dhateng satunggilipun sareng dumugi satengahing margi rare kalih pisan kabekta ing ngangin ngantos mumbul lajeng dhawah ing sapucuking uwit aren sareng rare wonten ing uwit aren ingkang satunggil taksih angrembat ing pundhak dhateng satunggilipun nunten kalih pisan amedhun saking uwit aren ananing rare ingkang satunggil lajeng dhawah saking pundhak rare ingkang ngrembat ing pundhak dhateng rare ingkang prenatal adhinipun piyambak angin ten manawi adhinipun sampun pejah, lajeng mendhun dumugi ing sangandhaping uwit aren tumunten gejeripun kadhawan latu ngantos ambesmi gejer wau rare ingkang kabesmi gejeripun lajeng dhawah ing siti, sareng ebyur rare ingkang kenging latu gejeripun wau lajeng tangi pangraosipun kados tiyang tangi tilem kemawon nunten sadherekipun ingkang dhawah saking pundhakistan kagugah, ananging sampun pejah.

Saking kampung Longan titiyangipun sami lumajeng dhateng Tamakoh, kathah ing titiyang kalih atus seket, amargi saking boten wontenipun ingkang katedha para kapala ing Tamakoh sami anyukani panggenan wonten ing kampung dhateng titiyang wau wonten ing ngriku lajeng kasukanan tedha, menggah titiyanging Kalongan sami anggadhahi gethek ing badanipun saking dening kadhawahan ing sela, tuwin sami kabrongot ing ladhu, kalampahan angraosaken sakit sanget.

=====

Dereng lami ing NORMadhi tanah Prangkrik wonten tiyang estri ing dhusun sakit inkang jaler tumunten angundang dhukun sareng dhukun sampun dhateng dhukun puniks lajeng wicanten dhateng ingkang jaler manawi sakiting bojonipun amutawatosi, wangsulanipun ingkang jaler makaten: Punika wonten gangsal uwangmas badhe kula saosaken ing sampeyan sadaya, manawi sampeyan adamel pejahipun utawi sarasing bojo kula, salajengipun tiyang estri wau pejah, dene dhukun sareng sampun wonten sawatawis dinten laminipun angengetaken dhateng bojonipun ingkang pejah, bab anggenipun badhe anyukani uwang mas gangsal, bojonipun wau amangsuli makaten: Kula saestu dhangan sanget anuhoni punapa ingkang dados prajangi kula, ananging kula kalilanana apitaken ing sampeyan kalih prakawis, ingkang saprakawis punapa sampeyan adamel pejahipun bojo kula, wangsulaning dhukun manawi boten pisan-pisan adamela pejah ing bojonipun ingkang jaler wicanten malih pitembunganipun makaten punika sakalangkung prayogi dados kula boten susah anggugat sampeyan wonten ing sangarsaning pangadilan dene ingkang mangke pitaken kula ingkang kalih prakawis, punapa

sampeyan anyarasaken dhateng bojo kula, dhukun amangsuli manawi boten, bojonipun tiyang estri ingkang pejah lajeng wicanten makaten: sarehning sampeyan boten adamel pejah utawi anyarasaken bojo kula, mila sapunika sampeyan boten kaleres angsal uwang mas ingkang kula prajangjekaken dhateng sampeyan.

=====

Wawalesing potang kasaenanipun ing titiyang.

Wonten tiyang neneman dados tukang gambar, punika dhateng tanah ing ngamonca, sareng wonten ing ngriku tukang gambar lajeng kamalaran nunten kapanggih kaliyan tukang ngasah gunting, punika katedhanan pitulung, angupadosaken pasewan kamar alit ingkang sakedhik seanipun sareng makaten tukang ngasah gunting adhangsan ing manah, saha lajeng anaweni dhateng tukang gambar, kapurih amondhok wonten ing griyanipun kalampahan tukang gambar mondhoek wontening griyaning tukang ngasah gunting.

Salajengipun tukang gambar boten saged pikantuk padamelan kalampahan kaingonan ing saben dintenipun dhateng tukang ngasah gunting, mongka tukang ngasah gunting punika boten patos kacekapan sanget mila anggenipun anyambut damel ing sadintenipun katikelan ing dangunipun kados ngadat, amarengi wanci esnjing takih peteng tukang ngasah gunting sampun tangi, lajeng anyambut damel ngantos dalu kendelipun pamurihipun saged anyukani ingon dhateng tukang gambar, ing nalika samanten tukang gambar sakit ngantos lami, ananging tukang ngasah gunting boten uwasing manah saha tansah tumemen anggenipun anyambut damel pamulasaranipun dhateng tukang gambar ing salebetipun sakit boten kendhat-kendhat ing gumatosipun tukang gambar katumbasaken jampi, saha kawragadan ingkang dados prelunipun.

Sareng wonten ing sawatawis dinten sampunipun saras, tukang gambar atampi arta kathah saha lajeng badhe ambayar dhateng tukang ngasah gunting, bab anggenipun angingoni tuwin adamel sae dhateng tukang gambar wau, ananging tukang ngasah gunting boten purun anampeni wicantenipun tukang ngasah gunting makaten: kula boten purun anampeni paparing sampeya arta, awit kasaenan kula dhateng sampeyan punika sumerep wawalesing potang kasaenan amargi kula rumiyin sampun kadamel sae ing tiyang dados kasaenan kula punika minangka wawalesipun mila sampeyaning mangke sampun ngantos supe, adamela sae dhateng tiyang manawi wonten jalaranipun supados sageda amales pitang sampeyan kasaenan.

=====

Para tiyang saged pikantuk atumbas beskuwit tuwin kuwih-kuwih walandi warni-warni wonten ing griyanipun Nyonyah Meski, griya pijok ing Kabalen ingkang rumiyin kadamel Kopiheis kacepeng dening tuwan Brihe, sapunika gumantos dhateng Nyonyah Meski.

=====

Tuwan Dhegroot Kolep enko ing Surakarta gadhah panedha kalayan adrenging manah dhateng para priyantun ingkang dereng angrampungaken ing sambutanipun sumerepa panumbasing barang toko muging angintuna ingkang tumunten arta sambutanipun wau supados anyingkiri prakawis ingkang boten sakeca kadadosani-

pun.

Punpa dene tuwan Dhegroot Kolep enko wau gadhah panedha malih dhateng para priyantun ingkang derteng ambayar pagaosing serat jurumartani, mugi angintuna arta pangaosing serat Jurumartani wau, supados sampun ngantos kakendelaken ing panginanipun serat Juurumartani, utawi supados anyingkiri prakawis ingkang boten sakeca kadadosanipun. Ingkang medalaken serat Jurumartani, Katandhan Wan Dhegroot Kolep enko.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegroot Kolep enko ing Surakarta mentas atampi mangsi cemeng ingkang sakalangkung sae, dhawahipun adhapur sapatu, saha kenigng kadamel wadhah mangsi pisan. Punapa m,alih titiyang sage pikantuk atumbas pirantos anyerat tuwin agambar, barang sadaya wau sakalangkung murwat reginipun.

Katandhan Tuwan Dhegroot Kolep enko

Ongka 24, 14 Juni 1866

Kulawisudhan

Kanjeng tuwan Y.A.W.U. Pisen ingkang wau dados residhen ing Palembang saha dereng lami wangsul saking pamit dhateng nagari Walandi ing mangke kakula wisudha dados residhen ing Kedhu.

Tuwan F.H.Bures, Kontelir Irsteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Balitar paresidhenan Kadhiri.

Tuwan Y.Y.Uperwik Sekretaris Paresidhenan ing Dhistrik-dhsitrik Lampung, ing mangke kakula wisudha dados sakretaris ing Paresidhenan Timur, angiras dados Kas Auder tuwin Pendhimiter.

Tuwan Y.Panseloten Ambtenar wahgel saha ingkang wau dados sakretaris Paresidhenan ing tanah Borneo sisih kilen ing mangke kakula wisudha dados Sekretaris paresidhenan ing dhistrik-dhistrik Lampung angiras dados Pendhimiser.

=====

Pambikakipun Pamulanganing para murid carlon guru Sundha ing Bandhung.

Menggah pambikakipun pamulanganing para murid calin guru Sundha punika kala tanggal kaping 23 wulan Mei ingkang sampun kapengker.

Sareng pamulangan wau kabikak mawi kajenengan dening Kanjeng Tuwan Mister A.Lodhon Liding Rad Nederlan Indhiya, minongka susulhipun Kanjeng tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral dene tedhkipun Kanjeng tuwan Lodhon saking Batawi dhateng pamulangan ing Bandung punika pancen sampun kasedya saking dening anggenipun karsa badhe anjenengi ing pambikakipun pamulangan wau.

Manawi tiyang lumebet ing pamulangan punika, lajeng kasengsem dhateng pikantuking pandamelipun saderengipun pamulangan wau wau kabikak, punika karengga ingkang sakalangkung pantes, kadekekan bandera tuwin gogodhongan ijem menggah dununging pamulangan wonten panggenan ingkang sakalangkung sae, pamulangan wau angungkuraken redi-redi Ngendheng ing Priyangan, manawi badhe lumebet ing pamulangan ingkang sakalangkung wiyaripun punika marginipun medal saking emper ingkang mawi pilar, ing sakiwatengning pamulangan kaedegan griyaning para guru, dene sawingkinging pamulangan para kamaripun murid-murid punika kadamel wonten panggenan ingkang sakalangkung wiyaripun kamar satunggil-tunggilipun sampun amirantos punapa sadandosaning griya, sadaya kemawon sakalangkung pikantuk ing pandamelanipun wragading pandamelipun pamulangan wau punika saking kanjeng gupremen, sarta pangreka tuwin panjagining pandamelipun pamulangan punika sadaya saking tuwan F.Ole, ingkang sampun anglampahi pandamelanipun boten mawi anggad-hahi pikantuk punapa-punapa, dados awit saking pikajenganipun piyambak.

Sasampunipun para tamu ingkang sakalangkung kathah sami alenggah wonten salebeting pamulangan kanjeng tuwan Lodhon Liding Rad Nederlan Indhiya tedhak lumebet ing pamulangan kadherekaken ing kanjeng tuwan Residhen tuwin bupati ing

Bandhung mawi lampah pasamuwan kados ingkang sampun katamto-
kaken, menggah para priyantun Walandi tuwin Jawi sadya saking
paresidhenan tanah Sundha sakalangkung kathah para bupati

boten kirang saking sanga.

Salebeting pamulangan ing Bandhung sampun wonten muridipun
tigang dasa sadaya saking tanah Sundha sarta samin lenggah
ing dhingklik wonten salebeting pamulangan.

Kanjeng tuwan Inspektur saking wuwulang Jawi sapanunggilani-
pun ing Nederlan Indhiya ingkang sakalangkung amerlokaken ing
prakawis wuwulang wau, ing nalika samanten amedalaken pangan-
dika bab prakawis cariyosing wuwulang ing tanah Indhiya
sadaya, saha wuwulang ing tanah Pasundhan ingkang kapinta
piyambak ing pangandika pangandikanipun kanjeng tuwan Inspek-
tur titiyang sampun sami pitados manawi awit saking agenging
pangaosipun badhe kalimrahaken ing ngakathah dene wekasaning
pangandika amratelakaken bab agenging pikajenganipun pasamu-
wanpunika sarta agenging pangajeng-ajengipun ingkang saking
kawontenaning pamulangan dadamelan enggal wau.

Sasampunipun kanjeng tuwan inspektur angandika, tumunten
wadana guru pamulangan ing Bandhung tuwan Tenseldhamgansewik
amedalaken pitembunganipun, wosing pitembungan asuka panga-
bekti dhateng pikajengan ingkang utami awit saking karsanipun
kanjeng gupremen ayasa pamulangan wau tuwan Tenseldhamganse-
wik amratelakaken kalayan kasenenganing manah sanget suka
sukur bab padamelan sakalangkung sae ingkang kabebahaken
dhateng wadana guru sakancanipun para guru sadaya punika
sakathah ing pakewed badhe linampahan boten mawi sumelang ing
saening kadadosanipun.

Tiyang ingkang kenging kawastanan saestu andadosaken pamulan-
gan ing Bandhung, punika tuwan K.F.Hole amedalaken pitembun-
gan ing basa Sundha ingkang wedalipun sakalangkung gampil
dhateng para pangagenging tanah Sundha, dene para pangageng-
ing tanah Sundha awit saking anggenipun amirengaken pitembun-
ganipun tuwan Holle kalayan manah, punika sampun tetela
manawi para pangageng safaya sam kagendeng ing suraosing
pitembungan wau.

Bupati ing Bandhung amedalaken pitembungan boten kathah
angaturi pangabekti dhateng Kanjeng Gupremen sarta asuka
panrima dhateng tuwan Holle, bab anggenipun adamel samukawis
ngantos dumugi ing dinten punika mupakat ing ngatasipun
wuwulang tanah ing Sundha.

Ing wekasanipun para priyantun ingkang wonten pamulangan ing
ngriku sami jumeneng saking palenggahanipun, sareng kanjeng
tuwan Lodhon Liding Rad Nederlan Indhiya andhawahaken pangan-
dika, amratelakaken saking karsanipun Kanjeng Gupremen ayasa
pamulangan wau para pangageng Walandi utawi Jawi sapanung-
gilanipun kapurih ambiyantoni kalayan santosa supados sageda
pikantuk ing kasaenaning lamaphipun saha amratelakaken kalay-
an anunuwun berkah ing Gusti Allah manawi pamulangan ing

Bandhung ing mangke sampun kabikak, saha kababaraken ing ngakathah.
Kala samanten pasamuwaning pambikakipun ing pamulangan lajeng bibar, nunten gumantos titingalan Jawi kathah para titiyang ingkang sami dhateng aninglai saestu sakalangkung sae titin-
galanipun.
Ing mangke mugi mugi praptaha dintenipun ingkang adamel kateranganing kasagedanipun para titiyang Sundha, saha mugi kanjeng guptremen ananjakna pratandhaning pakurmatan saking

dening anggenipun ayasa pamulangan ing Bandhung, dene tuwan K.F.Holle namanipun tansah wonten pamulangan ing ngriku ngantos salamin-laminipun minongka tondha ingkang adamel sae dhateng titiyang Sundha sadaya.

=====

Pepejah ing tiyang tanah Jawi ingkang anemahi kasangsaran.
Saking lapuraning paparentahan ing Nederlan Indhiya ingkang kantun piyambak kapratelakaken bab kasangsaran ing dalem sataun ingkang sampun kauningan ing paparentahan awit saking prtelan punika ingkang pejah ing tanah Jawi tuwin MAdura kados ing ngandhap punika.
Para tiyang ingkang ?pejah kasamber ing baledheg ing taun 1862, ?356, ing taun 1863, ?481
Para tiyang ingkang Kabalabak ing taun 1862, 948, ing taun 1863, 902
Para tiyang ingkang Dhawah saking wit-witan sapanunggilanipun ing taun 1862, 431, ing taun 1863, 328
Para tiyang ingkang Dening Sima ing taun 1862, 148, ing taun 1863, 131
Para tiyang ingkang Baya ing taun 1862, 49, ing taun 1863, 48
Para tiyang ingkang Sawyer ing taun 1862, 43, ng taun 1863, 22
Para tiyang ingkang sato sanesipun ing taun 1862, 10, ing taun 1863, 13
Para tiyang ingkang Sakingdening anemahi kasangsaran warni-
warni ing taun 1862, 393, ing taun 1863, 742

Gunggung tiyang pejah----- taun 1862 2378 ing taun 1863 2667
Para tiyang ingkang pejah
saking suduk salira-----taun 1862 127 ing taun 1863 130

Gunggung sadaya.....2505..... 2797
Menggah gunggunging titiyang pejah saking anemahi sangsara ingakng kasebut ing ngnggil wau punika amung ingkang kauningan ing parentah kemawon dene ingkang boten kauningan ing parentah awit saking boten kalapuraken kainten langkung kathah malih.

=====

Punika serat ingkang pamuji kelayan kurmat katur saudara kula tuwan Dhegroot Kolep enko, kula nyaosi isenipun serat Juru-

martani, menawi Marengi dhangsan saudara serat kula punika kapacaka ing Jurumartani.
Kula sampun aningali serat Jurumartani ingkang medal Kemis kaping 17 wulan Mei taun 1866 angka 20 ingkang katandhan putranipun Raden Tumenggung Natayuda ing Ngayogyakarta, nama Raden Surya Prawira, katitimangsan tanggal ping 9 wulan Mei wondene suraosipun serat Raden Suryaprawira wau mokalaken cariyos ing bab nalung angsalipun Raden Saleh kalanipun dhateng wonten nagari dalem ing Ngayogyakarta punika Raden Saleh badhe neja sumerep tanah kabupaten Kenangulan sareng sampun kelampahan wonten ing ngriku manggih balung saking pamawratipun para saget wau balung kawawrat saweg jamanipun kanjeng Nabi Adam dene saking pamanggihipun Raden Suryaprawira kawastanan ingkang klayan tamtu balung punika balunging kewan anama Kanun wijenipun saking nagari Cina, wondene kula

tiyang bodho boten gadhah pendamelan namung kedhik-kedhik inggih angsal sih dalem tedha suwawratipun langkung cekapi, kula nyuwun priksa dhateng Raden Suryaprawira sarehning kula boten sumerep saweg jaman samanten tur tebih sanget mongka balung ingkang sampun kasebut ing nginggil wau saking pambatangipun raden Suryaprawira kewan saking nagari Cina, mekaten malih Raden Suryaprawita wau mawi criyosaken Kanun punika ajrih dhateng toya, wusana ngantos dumugi negari dalem Ngayogyakarta, punika lampahipun kados pundi lan medal pundi, punapa mabur punapa medal saklebet ing siti punapa baita, punika kula suwun kapratelakna, naming sangking dumugi dugi kula pyambak wahu kanun kados-kados boten sagedt menawi dumugi Ngayogya, nanging kula kkok ngrencangi boten nglepataken inggih boten semu semu kados kados lere ingknag mestani balunging kewan saweg jamanipun kanjeng Nabi Adam naming kula inggih boten sumerep namaning kewan ingkang gadhah balung wau, kalih dene malih sak sumerep kula piyambak bendara Raden Tumenggung Natayuda, boten kagungan putra ingkang nama Raden Suryaprawira, ugi kagungan naming putra kuwalon bektan saking ingkang garwa sak punika.

Sinerat kaping 20 wulan Mukaram taun Alip angka 1795, katandhan Mas Citra Pragola, Kampung Kemlayan Abdi Dalem ing Ngayogyakarta.

=====

Tuwan Dhegroot Kolep enko ing Surakarta gadhah panedha kalayan adrenging manah dhateng para priyantun ingkang dereng ngrampungaken ing sambutanipun sumerepa numbasing barang toko, mugi angintuna ingkang tumunten arta sambutanipun wau supados anyingkiri prakawis ingkang boten sakeca kadadosanipun.

Punapa dene tuwan Dhegrootkolep enko wau gadhah [anedha malih dhateng para priyantun ingkang dereng ambayar pangaosing serat Jurumartani mugi angintuna arya pangaosing serat Jukumartani wau, supados sampun ngnatos kakendelaken ing pangin-

tunipun serat Jurumartani utawi supados anyingkiri prakawis
ingkang boten sakeca kadadosanipun.
Ingkeng medalaken serat Jurumartani, Katandhan Tuwan Dhegroot
Kolep enko.

=====

Para tiyang saged pikantuk atumbas beskuwit tuwin kuwih-kuwih
walandi warni-warni wonten ing griyanipun Nyonyah Meski griya
pojok ing Kabalen ingkang rumiyin kadamel Kopiheis kacepeng
dening tuwan Brihe, sapunika gumantos dhateng Nyonyah Meski.

=====

Panggenan tokonipun Tuwan Manuwel Nem ing Surakarta mentas
atampi barang dagangan kados ing ngandhap punika.
Sutra warni-warni saha sakalangkung sar kamli abrit, topi,
dodolanan rare anggur sampanye, anggur asem, bir, jae saking
Mandharin, Srutu manila sakalangkung sae, anggur Poret saka-
langkung eca kaisekaken ing gendul alit, rum saking Jamaikah,
ulam Salem, ulam Aring kawadhan ing tong alit, Brenduwin,
Kobak, sabun, tetedhan kawadhan ing blek soklat, lisah tanyu,
lak tuwin sanes-sanesipun, punapa malih musik piyano
Katandhan tuwan Y.A.Manuwel Nem

=====

Para tiyang ingkang anyambut tuwin anyambutaken dhateng babah
Owi Cuntik ing Surakarta ingkang sampun pejah kala tanggal
kaping 4 wulan Juni punika saha dados sudagar agigriya ing
Surakarta punika sadaya sami kaaturan ambayar sambutanipun,
sarta anagiha anggenipun anyambutaken wau ing dalem tigang
wulan laminipun dhateng ingkang anguwasani titilaranipun
Babah Owi Cuntik, anama Kiyai Yen Ho,kaliyan Li Su Wi Ci
Yang.

=====

Para titiyang ingkang taksih gadhah sambutan lelang ing
Surakarta kala ing wulan Pebruwari 1866 sami kaemutaken
angesikna sambutanipun wau saderengipun utawi satelasipun
wulan Juni punika manawi boten angleksanani ing pambayaripun
wau punika badhe kawedalaken saking pangadilan. Surakarta
kaping 1 Juni 1866
Ingkang anguwasani lelang katandhan Tuwan Pan Ogendhorep

=====

Ongka 25, 21 Juni 1866

Kateranganing tindakipun Kanjeng Tuwan Inggang Wicaksana
Guprenur Jendral dhateng saperanganing Tanah Jawi Wetan tuwin
Tengahan kados ing ngandhap punika:

Tanggal kaping 16 Juni 1866, tindak saking Batawi

Tanggal kaping 17 Juni 1866, dhateng baita

Tanggal kaping 18 Juni 1866, wanci enjing tedhak saking baita
dhateng dharat wonten ing Japara lajeng tindakipun dhateng
Kudus.

Tanggal kaping 19 Juni 1866, dhateng Pathi

Tanggal kaping 20 Juni 1866, lerep wonten ing Pathi

Tanggal kaping 21 Juni 1866, dhateng Rembang

Tanggal kaping 22 Juni 1866, lerep wonten ing Rembang

Tanggal kaping 23 Juni 1866, wanci enjing tedhak ing baita
dhateng Surabaya.

Tanggal kaping 24 Juni 1866, tedhak saking baita dhateng ing
dharatan wonten ing Surabaya.

Tanggal kaping 25 Juni 1866, lerep wonten Surabaya

Tanggal kaping 26 Juni 1866, lerep wonten ing Surabaya

Tanggal kaping 27 Juni 1866, dhateng Majakerta

Tanggal kaping 28 Juni 1866, dhateng Kedhiri

Tanggal kaping 29 Juni 1866, lerep wonten ing Kedhiri

Tanggal kaping 30 Juni 1866, dhateng Madiyun

Tanggal kaping 1 Juli 1866, lerep wonten ing Madiyun

Tanggal kaping 2 Juli 1866, dhateng Ngawi

Tanggal kaping 3 Juli 1866, dhateng Surakarta

Tanggal kaping 4 Juli 1866, dhateng Surakarta

Tanggal kaping 5 Juli 1866, dhateng Surakarta

Tanggal kaping 6 Juli 1866, dhateng Surakarta

Tanggal kaping 7 Juli 1866, dhateng Surakarta

Tanggal kaping 8 Juli 1866, dhateng Karangpandan bawah ing
Surakarta

Tanggal kaping 9 Juli 1866, lerep wonten ing Karangpandan

Tanggal kaping 10 Juli 1866, Wangsul dhateng Surakarta

Tanggal kaping 11 Juli 1866, dhateng Ngayogyakarta

Tanggal kaping 12 Juli 1866, lerep wonten ing Ngayogyakarta

Tanggal kaping 13 Juli 1866, lerep wonten ing Ngayogyakarta

Tanggal kaping 14 Juli 1866, lerep wonten ing Ngayogyakarta

Tanggal kaping 15 Juli 1866, dhateng Brosot bawah ing Ngayo-
gyakarta

Tanggal kaping 16 Juli 1866, dhateng Ngambal

Tanggal kaping 17 Juli 1866, dhateng Cilacap medal saking
Karanganyar tuwin Purwareja

Tanggal kaping 18 Juli 1866, lerep wonten ing Cilacap

Tanggal kaping 19 Juli 1866, tindak saking Cilacap anitih
baita kapal asepep wangsul dhateng Batawi malih.

=====

Saking pawartosipun manawi ownten resah ing baita kapal
Prasman anama Hongkong wonten ing saganten Cina, baita kapal
punika kamuwatan kuli Cina, cariyosipun kados ing ngandhap
punika.

Kala tanggal kaping 22 Pebruwari ingkang sampun kapengker

para kuli Cina ingkang wonten ing baita kapal Hongkong sami katingal kenging sasakit, kalampahan para kuli Cina wau boten sanget ing pang rumaksanipun kados ngadat malah sami kaliyan

aminggah wonten jrambah ing baita kapal ing nginggil, sareng para kuli 'Cina wonten jrambah ing baita kapal ing nginggil lajeng sami adamel resah asoroh amuk para Matrus ing baita kapal sami kaget aningali pangamuking para kuli Cina ingkang sakalangkung kathah para Matrus lajeng anyegur ing saganten sami angudhunaken baita sekeci, tumunten lumajeng kaliyan baita sekeci wau para kuli Cina lajeng anempuh dhateng kapit-anipun ing baita kapal Hongkong tuwin para setirman kalampahan tangled sakalangjung rame Matrus nenem ingkang sami taksih kantun wonten ing baita kapal inggih atangled kaliyan kuli Cina ngantos dangu, menggah kathaing kuli Cina wonten tiyang kalih atus awit saking sayah anggenipun atangled saha saking kathah ing anggenipun amedalaken rah Matrus nenem wau sami anungkul salajengipun para kuli Cina sami amakoni sum-boning mariyem-mariyem ing baita kapal.

Menggah para kuli Cina wau ingkang pejah tigang dasa, dene ingkang tatu langkung saking satus, punika andadosakenn pratondha, manawi Matrus nenem wau sakalangkung kapurunanipun anglawan dhateng para kuli Cina, sarteng makaten para kuli Cina lajeng anglebetaken ing panggenan ngandhap wonten baita kapal dhateng Matrus nenem wau nunten para kuli Cina aminggi-raken baita kapal sareng dumugi ing panggenan prenatal celak ing pulau Tongguwah, para kuli Cina sami kuwatos ing manah bab titiyang prasman ingkang wonten ing baita kapal mila titiyang prasman punika badhe kapejahan kemawon salajengipun titiyang prasman wau kasanjangan manawi badhe dipun pejahi saha sami kapurih amirantos ing pejahipun titiyang prasman ingkang wonten ing baita kapal punika inggih Matrus nenem wau punika kala samanten sami kalilan kapanggih kaliyan kapitani-pun supados apamitan anggenipun badhe pejah, menggah kapitan kapal ing waktu punika inggih badhe pejah awit saking kataton kathah sareng makaten titiyang prasman wau sami angalempak wonten sapanggenan saha angajeng-ajeng pejahipun, boten dangu titiyang lajeng amireng ungeling mariyem kaping kalih baita kapal Hongkong katempuh ing bajag Cina, kalampahan kenging karebat dening bajag Cina wau, ingkang lajeng anjarah-rayah wonten ing baita kapal Hongkong, nunten benggoling bajag Cina apitaken dhateng Matrus nenem, wonten ing pundi anggenipun andekke barang ingkang wonten pangaosipun, manawi barang barang punika kasukakaken dhateng benggoling bajag Cina, para Matrus wau badhe dipun gesangi.

Boten ngantos dangu lajeng wonten bajag sanesipun dhateng punika anempuh dhateng baita kapal Hongkong arame anggenipun tangled ungeling mariyem ngantos sadalu muput, sareng ebuyr wonten baita kapal Inggris dhateng, saha lajeng anempuh dhateng para baitranipun bajag Cina, ingkang sampun sami

lumajeng sadaya, nunten kapitan tuwin Matrus nenem ing baita kapal Hongkong sami kapulasara sae dhateng pangagenging baita kapal Inggris saha lajeng kabekta dhateng Makao punapa kadadosanipun baita kapal Hongkong punika dereng terang, ananging sampun masthi kemawon manawi kenging mimis akathah awit saking tangledipun bajag Cina ingkang sami arerebatan wau, menggah kapitaning baita kapal Hongkong tuwin setimanipun sami kataton sanget ananging tatunipun boten angumawatosi, Matrus kalih welas ingkang sami lumajeng kala kuli Cina sami

soroh amuk wonten ing baita kapal Hongkong, punika sami dhateng ing Makao wontening ngriku para Matrus wau sami alapur manawi para opsir baita kapal Hongkong kapejahan ing kuli Cina, nunten ingkang angasta panguwasa wonten ing Makao angutus baita kapal Inggris, kapurih atiti pariksaha, kadadosanipun apitulung gesang dhateng kapitaning baita kapal Hongkong sakalerehanipun.

=====

Manawi tiyang boten kadunungan kabegjan boten saged pikantuk ing lampahanipun.

Wonten priyantun satunggil ingkang sampun sepuhj anuju satunggiling dinten andherek ing ratunipun numpak kapal anyabrang lepen priyantun punika aningali manawi titiyanipun sang nata anguyuh wonten ing lepen tumunten priyantun wau wicanten makaten: jaran iku watake kaya gustine, sang nata andangu punapa ingkang dados pikajenganipun pitembungan punika, priyantun amangsuli atur titiyan dalem andhawahaken uyuhipun wonten panggenan ingkang sampun kathah toyanipun kados makaten ugi panjenengan dalem amaringi raja brana tuwin kaluhuran dhateng abdi dalem ingkang sampun kacekapan boten karsa anggalih dhateng abdi dalem ingkang kacingkrangan, kanjeng raja uninga manawi panguman-uman punika dhateng panjenenganipun sang nata awit sang nata rumaos bilih dereng angg\anjar dhateng priyantun wau, lajeng angandika makaten: iku ora saka ing sun utawa ora saka ing karsaning sun yen sira ora oleh kabecikan saka ing sun ananging sira sumurupa manawa gusti Allah ora karsa anjurungake kabecikaning wong gedhe marang saweneh wong, sanadyana wong gedhe mau adhangan ing ngati enggone arep agawe becik sasampunipun sang nata angandika makaten: lajeng badhe amaringi ing kayaktosanipun bab pangandika dalem wau sang nata nunten adhawah amendhet Bogem kakalih ingkang sami ageng tuwin warnipun bogem punika ingkang satunggil kaisenan mas satunggilipun kaisenan timbel sareng bogem kakalih sampun kasaosaken dhateng sang nata pangandikanipun sang nata dhateng priyantun makaten: marajupuken bogem iki salah siji ing sun paringake marang sira, priyantun amilih bogem salah satunggil lajeng kapendhet ingkang satunggil, dene pamilihipun punika ingkang kawatawis awrat piyambak sang makaten bogem ingkang kapilih wau isinipun timbel sang nata lajeng ngandika makaten lah saiki sira usmurp dhewe yen

olehira arep sugih ora bisa kalakon iku saka dening kurange kabegjanira ora saka ing karsaning sun kang temen-temen.

=====

Raja kaliyan tiyang ingkang nyepeng pasewan tuwin topinipun. Wonten raja kasowanan ing sudagar satunggil ingkang anyuwun adil, dene prakawisipun anggugat tiyang ingkang nyepeng pasewan tiyang ingkang nyepeng pasewan punika katitipan arta dening sudagar wau kathahipun 100 rupiyah sareng arta katedha wangsulipun tiyang ingkang nyepeng pasewan amunkir, wicantenipun boten rumaos katitipan arta sarehning sudagar boten anyepeng serat pethuk ing panemapining arta dening tiyang ingkang nyepeng pasewan sarta boten wonten saksinipun ingkang sumerep kala angulungaken arta punika dhateng tiyang ingkang nyepeng pasewan dados prakawisipun boten gampil anggenipun badhe angrampung ing amargi wicantenipun sudagar sami kemawon

kaliyan wicantenipun tiyang ingkang nyepeng pasewan kalih pisan boten kenging kamanah. Sareng makaten kanjeng raja ingkang kasuwunan adil adhawah dhateng sudagar kinen amratelakaken bab ageng alitipun wadhahing arta utawi kados punapa ing dhapuripun sareng sudagar punika sampun amratelakaken ageng alit tuwin dhapuring wadhah, sudagar wau kadhawahan sumingkir lumebet ing gedong ingkang prenah celak saking panggenan ing ngriku, dene tiyang ingkang nyepeng pasewan lajeng katimbalan dening kanjeng raja sarehning ingkang nyepeng pasewan rumaos manawi awonipun boten saged kawiyak boten ngantos dangu lajeng sowan ing sangarsanipun sang nata ananging kanjeng raja boten kikiran ing kawicaksanan ing nalika samanten ingkang nyepeng pasewan boten kadangu bab prakawisipun ngandikan bab prakawis remeh ing sanesipun, nunten kanjeng raja wau angantingalaken manawi kayungyun dhateng topinipun tiyang ingkang nyepeng pasewan, malah amedalaken pangandika bilih karsa badhe atumbas topi wau, tiyang ingkang nyepeng pasewan rumaos amanggih begja dene badhe saged adamel sukaning galihipun sang nata ajalaran saking barang ingkang sakedhik pangaosipun mila topinipun lajeng kasaosaken kemawon boten mawi katumbas ing arta kanjeng raja anampeni topinipun lajeng kasaosaken kemawon, boten mawi katumbas ing arta kanjeng raja anampeni topining tiyang ingkang nyepeng pasewan saha aparing panrima dhateng ingkang gadhah topi sareng makaten kanjeng raja jumeneng saking pinarakanipun saha tedhak lumebet dhateng gedhong ingkang boten tebih saking panggenan anggenipun pinarak, wonten ing ngriku lajeng adhawah dhateng abdi satunggal kinen dhateng griyaning tiyang ingkang nyepeng pasewan mawi ambektaa topinipun tiyang ingkang nyepeng pasewan ananging lampahipun kapurih sisiliban sampun ngantos kajuwara ing titiyang kathah topining tiyang ingkang nyepeng pasewan katedahna dhateng bojonipun tiyang ingkang nyepeng pasewan minangka tondha bilih kakengken dhateng ingkang jaler wau,

pitembugnanipun andining raja wau manawi arta punika ingkang
jaler badhe anglampahaken pikantuk anakan langkung saking
tiyang sanes bojoning tiyang ingkang nyepeng pasewan kenging
ing pangapus krama, sanalika lajeng angulungaken arta.
Sareng kkanjeng raja sampun anampeni arta sakng abdi utusan
wau tumunten adhawah anyowanaken sudagar ing ngarsanipun
sudagar kadangu bab gugatipun ingkang lajeng kaaturaken
saking wiwitan dumugi ing wekasan ananging tiyang ingkang
nyepeng pasewan tansah kekah ing pamukiripun sareng makaten
kanjeng raja dhawah amedalaken arta ingkang dados gugat wau,
saha katdahna dhateng tiyang ingkang nyepeng pasewan, sareng
tiyang ingkang nyepeng pasewan aningali arta kaliyan wadhahi-
pun ing sanalika boten saged wicanten awit saking sakalang-
kung kagetripun saha lajeng boten gadhah rah sanget puceting
rainipun kadaosanipun sudagar anampeni wangsuling artanipun
ingkang sampun kakinten ical, dene tiyang ingkang nyepeng
pasewan kapatrapan paukuman ingkang sampun dados leresipun.
=====

Pawartos warni-warni

Batawi, saking pawartosipun ingkang medal ing telegrap ka-
nejngntuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral kala tanggal
kaping 18 wulan Juni punika anci pukul sanga enjing rawuh
wonten ing Japara sareng siyangipun wanci pukul kalih rawuh
wonten ing Kudus, sasampunipun amariksani pamulangan jawi ing
ngriku kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral ing
dinten enjingipun malih tindak dhateng Pathi, dene rawuhipun
wonten ing Pathi wanci pukul sadasa enjing.

=====

Punika lajengipun pawatos ing nginggil wau bab tindakanipun
kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur Jendral saking
pawartosipun manawi kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur
Jendral wau kala tanggal kaping 20 wulan Juni punika amarik-
sani pamulangan walandi tuwin jawi wah gedhong gedhong wonten
ing Pathi saha amaringi Aodiyensi wonten ing ngriku.

=====

Wonten tiyang jawi anama Karsa Semita ing dhusun Karang Talun
kawadanan Wanagiri bawah Kamangkunagaran, punika kasamber ing
baledheg kala tanggal kaping 17 wulan Mei ingkang sampun
kapengker wanci pukul sakawan sonten wonten ing ara-ara
Pilang Rembes, ngantos anemahi pejah, menggah pun Karsa
Semita wau mentas mantuk awade kacang dhateng ing peken Wulu
kaliyan semahipun tuwin anak kapenakanipun jaler anama Trani-
ti sabojonipun, sareng antukipun saking peken wanci sonten
pun Karsa Semita lumampah wonten ngajeng ing sawingkingig
bojonipun, sawingkinging Karsa Semita anakipun kapenakan
ingkang anama Traniti wau kaliyan bojonipun tiyang sakawan
punika sami kajawahan sareng dumugi ing ara-ara Pilang Rembes
pun Karsa Semita kasamber ing baledheg, ingkang tatu sirah
ngantos ambrol rambutipun sadaya, wekasanipu anemahi pejah.

=====

Dereng lami ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik wonten
tiyang aningali dhateng panggenanipun sudagar wade tosan
rosokan, boten dangu tiyang punika aningali kunci teplok
sampun aninju sanget glumlethek wonten panggenaning wawadayan
wau, sarneg makaten kunci teplok katingal wonten seratanipun
ingkang cetha amungel makaten: lo dhewik kaping 16 punika
tegesipun manawi Kanjeng raja Lodhewik kaping 16 ing Prnak-
grikk ingkang ayasa kunci teplok wau, nunten kunci teplok
punika katumbas dening tiyang wau kirang langkung saking
seket sen, sareng kunci teplok sampun katumbas ingkang anum-
bas tumunten dhateng griyanipun sudagar sanesipun, wonten ing
ngriku kunci teplok lajeng anyukani sapalih saking papajenga-
nipun kunci teplok dhateng sudagar ingkang wade tosan rosokan
wau.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Tulos sebahaw Prangkrik wonten
tiyang saged awit saking anggambar soroting tiyang saged wau
apikantuk pratondha manawi ing rembulan kaenggenan ing titi-
yang menggah lampah ing panggambaripun kados ing ngadhap
punika:

Inggang rumiyin rembulan punika kagambar sorot sareng sampun
angsal gambaripun rembulan wau, gambari punika lajeng kagunt-
ing sakedhik guntinganing gambar sakedhik wau kagambar sorot

malih mawi kaagengaken dening keker mikroskop, sareng sampun
dados gambaripun saking guntingan sakedhik wau gambar punika
lajeng kagunting malih, kados ingkang sampun kalampahan
makaten lampahipun kados ingkang sampun kasebutna ambalan
ngantos kaping satus ing panggabaripun tansah mawi kaagengak-
en dening keker mikroskop, kadadosanipun lajeng wonten gam-
baripun katingal cetha, bilih ing ngriku wonten gambaripun
titiyang, ing mangke pangajeng-ajenging titiyang gambaripun
rembulan ingkang angatingalaken gambaring titiyang mug-
ing enggala kawedalaken ing ngakathah.

=====

Seserepaning kuldi dhateng wanci manawi badhe jawah utawi
terang.

Wonten raja satunggil ingkang pitdados dhateng samukawis
ingkang dados pambatangipun Juru Nujum kalampahan Kanjeng
Raja punika angabdekaken jurunujum ingkang kalilan wonten
salebeting kadhaton, juru nujum wau asring dangu dening
kanjeng raja bab lampahan ingkang prelu, saha terkadhangan
bab lalamoahan ingkang remeh.

Panuju ing satunggiling dinten kanjeng raja karsa badhe
ambubujeng dhateng wana, lajeng andangu dhateng juru nujum
punapa ing dinten punika badhe boten jawah, juru nujum kala
samanten lajeng amendhet primbonipun sareng primbon sampun
katingalan ngantos dangu, juru nujum amangsuli atur manawi
badhe terang, ing sanalika kanjeng raja bidhal dhateng wana,
kadherekaken ing para abdi kathah sami anumpak kapal saya,
dene para grema inggih boten kantun, boten ngantos dangu
sareng sang nata dumugi ing tepis iringing wana, wonten
tiyang ingang damel areng amedal saking wana, saha anggire-
kaken kuldinipun kalayan rikatan ing lampah tumunten kapethuk
kaliyan sang nata, ing ngriku sang nata lajeng andadngu
sababing anggenipun anggirtekaken kuldi kalayan lampah kase-
sa, tiyang damel areng amangsuli atur makaten: gusti, manawi
panjenengan dalem apitados ing kawula kawula aturi enggal
wangsul dhateng ing kitha awit mangke sakedhap badhe jawah
deres saha baledhekipun anyamber-nyamber, kanjeng raja gumu-
jeng amargi boten apitados dhateng aturipun tiyang damel
areng, saha tansah kekah ing pitadosipun dhateng aturing juru
nujum, panggalhipun sang nata manawi juru nujum wau sumerep
sadaya punapa ingkang dereng kalampahan mila sang nata punika
anglajengaken tindakipun dhateng wana, ananging boten antawis
dangu sareng sang nata saweg dumugi ing wana panggenanipun
badhe ambubujeng, lajeng mendhung andhedhet, elet sakedhap
engkas jawahipun dhawah sakalangkung deres saha baledheg
anyamber-nyambaer, abdinipun sang nata sami lumajeng angupa-
dos pangauban, kanjeng raja inggih lumajengaken titiyanipun,

manawi botena rikat palajenging titiyan wau, amesthi sang nata anandhang kasusahan saking dening kajawahan ingkang sakalangkung deres, palajenging titiyanipun sang nata dhateng ing dhusun ingknag boten tebih saking wana wau, wonten dhusun ing ngriku sang nata apikantuk pangauban ngantos teranging jawah, sareng jawahipun ingkang dangu sanget sampun terang sang nata lajeng kondur dhateng kadhaton. Sareng enjingipun sang nata dhawah animbali dhateng tiyang damel areng, boten ngantos dangu tiyang damel areng kasowa-

naken ing ngarsanipun sang nata, nunten sang nata andangu dhateng tiyang damel areng wau, pangandikanipun makaten: sing mulang marng sira sapa nganti sira aduwe kabisan sumurup marang wayah manawa arep udan utawa terang, wangsulanipun tiyang damel areng, manawi piyambakipun boten nate amarsudi kasagedan ingkang kados makaten, malah boten sumerep pisan dhateng sastra, ananging ing griya tiyang damel areng agadhah ingkang sumerep dhateng wanci manawi badhe jawah utawi terang, saha boten nate cidra ing seserepanipun wau, sang nata ngandika malih: sing sira arani iku juru nujum saka ing ngendi, tiyang damel areng mangsuli makaten: O gusti kawula punika kuldi kawula ingkang sumerep dhateng wanci manawi badhe ajawah, bilih kupingipun anjepiping saha lampahipun langkung rindhik boten kados ngadat wah mawi akosod, punika sampun tamtu manawi tumunten badhe jawah, sasampunipun tiyang damel areng angaturaken seserepaning kuldinipun wau sang nata lajeng dhawah amaringi arta dhateng tiyang damel areng, supados cekap kadamel ing ngoning kuldinipun ing salaminipun agesang, wasana sang nata angandika makaten: saiki ing sun luwih ngandel marang kuldi karo juru nujum.

=====

Juru Nujum

Wonten juru nujum satunggil, padamelanipun ing saben dinten ambababatang ingkang dados bekja utawi cilakaning titiyang, anuju satnggiling dinten juru nujum wau katimbangan ing ngarsanipun sang nata, lajeng kadhawan ambatang punapa sang nata ginanjar yuswa panjang punapa badhe enggal seda, sarehning juru nujum sampun amireng, manawi sang nata punika sakalangkung ing panganiyanipun dhateng para abdi titiyang alit, lajeng amangsuli atur makaten: gusti, panjenengan dalem kawula aturi enget awit saking pambatang kawula panjenengan dalem badhe enggal surud, sasampunipun sang nata kabatang manawi badhe enggal seda, lajeng ngandika makaten: juru nujum sarehne sira wus kasebut banget pinter mu ambatang pati uriping wong liya, saiki ingsun takon marang sira, apa sira bisa ambatang umurmu dhewe, juru nujum amangsuli manawi umuripun taksih lami sanget, sareng makaten sang nata lajeng ngandika malih, supaya wong padha weruha, yen ngelmuumu panujuman iku goroh banget, ing maengko ingsun ambatang yen sira bakal mati sajroning rong jam, sareng sang nata

sampun ngnadika maakaten lajeng dhawah anggantung dhateng juru nujum, kalampahan juru nujum kagantung ing sanalika, wekasanipun dereng ngantos kalih jam dangunipun juru nujum sapun pejah.

=====

Kados pundi lampahipun tiyang anyepeng Baya
Wonten tiyang Bugis agigriya ing kampung Pakis dhistrik
Cabang Bungin tanah Krang, namanipun Bugis wau Burin saweg
ngumur kawandasa kalihy taun, punika kala tanggal kaping 5
wulan Mei ingkang sampun kapengker Bugis wau andhawahaken
pancing wonten ing lepen Kedhung, dene ing lepen Kedhung
ngriku Bugis wau sumerep manawi wonten bayanipun satunggil,
sareng enjingipun Bugis anuweni pancingipun, saking panginte-
nipun bokmanawi kadtedha ing baya, sareng makaten pancing wau
katingal saking katebihan sampun boten wonten ing panggenan

kala pandekkipun, sasampunipun kaupadosan dangu, pancing
lajeng kapanggih tebih saking panggenanipun amargi pancing
punika kasarab ing baya, saha kabekta tebih saking panggena-
nipun wau.

Bugis ingkang gadhah pancing sakalangkung bingah ing manah
dene pancingipun katingal angsal baya ing sanalika Bugis
lumajeng wangsul dhateng kampungipun wonten ing ngriku angun-
dangi para tiyang jaler saha kasanjangan manawi pancingipun
angsal baya, sareng makaten para tiyang kampung sami anumpak
baita Jukung, ingkang kalampahaken dhateng panggenanipun
pancing, wonten tiyang satunggil saged anyandhak tangsuling
pancing, sarta sumedya badhe anarik bayanipun dhateng pinggir
ananging baya wau ambonda kalani, palajengipun sakalangkung
rikat wonten salebeting toya, baita Jukung katut kabekta ing
baya, menggah rikating lampahipun baita punika sami kados
lampahing baita kapal asepi, wontendening solahing baya papa-
lajengan wau dangunipun wonten kalih jam sarng makaten baya
sangsaya sayah, utawi palajengipun suda, kalampahan kening
katarik dhateng ing pinggir kalayan alon ing lampahipun
sareng sampun dumugi sapinggiring lepen, baya lajeng katarik
minggah dhateng dharat kalayan kakagetaken ing panarikipun,
wonten ing dharatan baya katingalan ing titiyang kathah
ingkang sami dados gumunipun sadaya wau, awit saking agenging
baya.

Sareng baya sampun kaentasaken saking lepen demanging kapung
Pakis anuju wonten panggenan ing ngriku, lajeng aken dhateng
kalerehanipun titiyang kampung, kapurih ambekta baya dhateng
ing kampung Pakis, kalampahan baya kagered dening tiyang
tigangdasa, mawi kairingaken ing titiyang ingkang sami anin-
gali kathahipun tigangatus, kala ing pangentasipun baya
saking lepen anuju wonten walandi tukang gudhang dhateng,
Walandi punika lajeng aken angukur baya, sareng baya kaukur
kapanggih panjangipun gangsal welas, wiyaripun tigang kaki,
nuntun Walandi wau aken mejahi baya, lajeng kabacokan gi-

thokipun ngantos tatas, sasampunipun baya kabacokan githokipun ngantos tatas, titiyang sadaya wau sami anginten manawi sampun pejah ananging baya katingal manawi boten patos kadamel raos kabacokan githokipun wau, amargi karosanipun taksih sakalangkung anget, awit kajeng agengipun sadim kalolohaken ing cangkempun kacakot tatas, wekasanipun baya lajeng pejahan ing titiyang kathah, inggih ugi kalampahan saged pejah.

=====

Serat sayogi katur panjenengaipun tuwan ingkang ngarang serat Jurumartani, menawi leres pirembag kula mugi kapacak kaserat Jurumartani.

Kula gadhah pemanggih amrih sudanipun tiyang dursila, ingkang saupami wonten karsanipun negari paring undhang dhateng sawernenipun tiyang, sintena ingkang saged ngaturaken kabar dursilan ingkang kalayan terang, tiyang ingkang ngaturaken wau badhe tampi ganjaran: ganjaran wau warni kekalih yen tiyang sampun lumampah damel badhe angsal pangkat kalenggahanipun, yen tiyang Ng(H)indhu badhe tampi ganjaran arta kathah kedhking arta wau mawi kamurwat prakawisipun, supados sekathahing tiyang ingkang sae sengkut ngupados kabar lampahipun

kadursilan, persasat sami dados sepiyunipun nagari sedaya, kalih sawenenipun tiyang saupami gadhah ngindhung tiyang dursila, punapa dene kebatih wusana tiyang dursila wau kacepeng negari kalayan terang prakawisipun punika ingkang ingkang kanggenan wau tampiya paukumanipun negari, ingkang supados resikipun kadursilan pekampungan utawi dhusun, mekaten malih saupami wonten tiyang mentas anglampahi kadursilan sampun kaparingan luwar saking paukuman parentah mawiya mundhut tanggulan dhateng sanak sedherekipun utawi pekampunganipun tilas anggggenipun gegriya wau uen boten wonten ingkang purun nanggél kapundhuta ing negari malih lajeng kasaosna kanjeng gupremen, menawi wonten ingkang purun nanggél tiyang wau inggih klilan mantuk dhateng tanahipun, nanging ing wingking tiyang punika yen ngantos purun anglampahi dursila malih, tiyang ingkang nanggél wau ugi tampi paukumanipun negari, ingkang supados sdaya tiyang dursila sami kapok pewingkingipun: ing nginggil wau sedaya yen katin-dakaken kados saged memper tanah gupremen kertinipun. Ing Pathuk tanggal kaping 6 Juni taun 1866. Pun Aneh.

=====

Ongka 28, 12 Juli 1866

Jampining sasakit Kolera

Dhokter Dhegronbolonye tiyang Prasman salaminipun anjampeni titiyang sakit Kolera, ngantos kaping kawan welas ambah-ambahan, punika amratelakaken, manawi tiyang ingkang sakit kolera sampun watawis ragi wonten sangetipun, punika boten wonten jampu ingkang saged anyarasaken, wangsul tuwan dhokter Dhegronbolonye amastani, manawi sasakit kolerah sakalangkung gampil anggenipun anyarasaken bilih sasakit wau saweg wiwit tiyang ingkang sakit kolerah saweg sajam dangunipun punika manawi kajampenan meh kenging kawastanan tamtu ing sarasipun, dene manawi tiyang ingkang sakit kolerah ngantos kawan jam dangunipun dereng kajampenan, punika pejahipun meh boten kenging kasingkiran, mila tuwan dhokter Dhegronbolonye rumaos kawajiban anglimrahaken punapa ingkang dados seserepanipun bab sasakit kolerah wau, kados pundi tandhanipun manawi tiyang kenging sasakit kolerah, saha punapa ingkang dados jampinipun ingkang sage anulak bilahi, saha sampun ngantos tiyang ingkang kenging sasakit kolerah anyarantosna ing panganggenipun jampi.

Menggah titiyang ingkang kenging kolerah manawi wonten kalih dasa, punika ingkang sangalas wiwiting pasakit amesthi wawratan rumiyin ing ngriku kenging katitik punika anggenipun wawratan wau kaambah sasakit kolera, manawi susukeripun kuning, utawi semu ijem punapa dene cemeng, saha taksih katingal akas utawi ragi akas, punika boten wonten kuwatosipun ananging manawi susukersipun mancur kados toya warninipun kados wedang bubuk ingkang mawi ppuwan kathah kados ta jin kados wedang teh mawi puwan sakedhik punika sampun saestu manawi tiyang ingkang wawratan kados makaten warnining susuker wau kenging sasakit kolera, s anadyana tiyang wau dereng karaos sakit utawi sudaning karosanipun ing waktu punika sampun agentosi malih saha enggal-enggala angangge jampi supados antentasaken sasakitipun kolera ingkang saweg wiwit.

Ing sanalika tiyang anggodhoga godhong pepermin ingknag anyekapi kathahipun kaombeya saben saprapat jam satengah cangkir, anggenipun angombe wau kala taksih panas saha kadekekena gendhis ingkang kathah, mawi kamomoran arak utawi konyak kadekekana kalih dasa tetes kanilitur. Kanilitur punika tiyang saged pikantuk saking Apoteker.

manawi tiyang ingkang kenging sasakit kolerah wau taksih kuwawi, prayogi kadamel lumampah wanngsal-wangsul lampahipun ingkang rikat, anggenipun angombe jampi taksih kalajengaken ing nalikanipun lumampah wangsul-wangsul wau, manawi boten lumampah wangsul-wangsul tiyang ingkang kenging sasakit kolerah wau amedalna karinget saking dening anggarapa damelan ingkang ngantos karaos ewadene manawi ingkang kenging sasakit wau sampun boten kuwawi badanipun utawi rumaos lungkrah ing badan, punika kadamel tileman saha kasemprot toya ingkang resik satengah gelas, kalebetaken ing silitipun mawi kamomoran swapelelater sasendhok dhahar ingkang alit, swapelelater punika tiyang inggih saged pikantuk saking Apoteker, sasam-

punipun kasebmprot ingkang sakit kolerah kakemulana ingkang kandel amurih saged dipun karingetan.
Menggah anggenipun angombe jampi ingkang kenging sasakit

kolera wau taksih kalajengna ngantos kandel anggenipun wawra-
tan, ingkang sampun kalampahan kathah titiyang ingkang sakit
kolerah kapulasara kados makaten wau, ing dalem tigang jam
lajeng saras.

manawi jampi wau kalanipun wiit kaosmbe adamel mendem dhateng
ingkang sakit kolerah, punika tiyang sampun kuwatos, malah
endemipun wau andadosaken tondha sae, saha angicalaken kuwa-
tosipun ing sasakit.

Cariyos punika badhe kalajengan amargi dereng dumugi.

=====

Cariyos Aneh.

Tiyang mintuhu dhumateng wawelinging bapa, wekasan dados
luhur.

Ing kina wonten satunggal Pandhita, darbe anak namung satung-
gal jaler, sang pandhita sampun waspaos ing galih, yen putra-
nipun badhe boten saged angntosi dados pandhita, sareng sang
pandhita badhe seda, ingkang putra winaeling, kulap sapung-
kurku kowe tumuruna saka ing gunung, panawangku kowe ora bisa
anutugake pagawehanku dadi pandhita mulane kowe prayoga
lumebuwa mring nagara, ngawula marang wong gedhe, sasampuni-
pun meling, sang pandhita lajeng seda, layon pinetak ing
ngarga, kang putra jalu wau, sakalangkung prihatosing manah,
sapengkeripun kang rama, lami-lami kaengetan wewelingipun
kang rama, kinen lumebet nagari suwita ing priyantun ageng,
Suteng Pandhita lajeng lumampah lumebet nagari, sareng dumugi
sajawining nagari, lumampah sasarengan kaliyan tiyang nagari
abdinipun priyantun Kaliwon sadangunipun sarengan lumampah
Suteng Pandhita wau, urut margi tansah pitaken dhumateng abdi
Kaliwon nagari punika, ingkang dipun pitakekaken warnining
priyantun ageng punika kados punapa abdi Kaliwon mangsuli
bendara kula raden angabei Kaliwon punika sampun kenging
kasebut priyantun ageng, punapa andika dereng nate pirsu
priyantun nagari Suteng Pandhita mangsuli dereng, abdi Kaliwon mangsuli bendara kula raden
angabei Kaliwon punika sampun

kenging kasebut priyantun ageng punapa abdika dereng nate
pirsa priyantun nagari, Suteng Pandhita mangsuli dereng, abdi
Kaliwon pitaken andika sadherek saking pundi, Suteng Pandhita
sumaur, kula tiyang saking redi, lumebet ing nagari, perlu
badhe sumerep priyantun ageng, abdi Kaliwon pitaken: punapa
andika gadhah sadherek tuwin kawanuhan salabeting nagari,
Suteng Pandhita mangsuli boten gadhah, pirsu ing nagari
inggih dereng nate abdi Kaliwon wicanten: yen mekaten andika
mondhok griya kula mawon, ngiras kula dedahaken bendara kula,
yen andika badhe suerep priyantun ageng, suteng pandita
sakalangkung suka sukuring manah, dene manggih pitepangan
langkung sae manahipun.

Ing lampah sampun lumebet nagari, anjujug dalemipun raden ngabei Kaliwon sipenggriyanipun andi Kapedhak punika wau, enjingipun dinten Kemis pasowanan ageng Raden Ngabei Kaliwon sowan, ing nalika punika karaton nagari Matawis jumeneng dalem ingkang Sinuhun Sida Krapyak sampun akhir, meh awalipun ingkang sinuhun kanjeng sultan agung sareng raden ngabei Kaliwon sampun dados ampilan sami kawedalaken tinampen abdi Kapedhak Suteng Pandhita: tumut ing saenggening mitranipun abdi Kaliwonnan wau, sareng raden ngabei medal saking dalem lajeng mangkat sowan Suteng Pandhita bibisik dhumateng mitra-

nipun abdi Kapedhak Kaliwon pundi priyantunipun ageng abdi Kapedhak manguli bibisik inggih puniku bendara kula raden angabei, Suteng Pandhita micareng driya, kang iing ngaran priyayi gedhe padha lan aku bae, lajeg micanten dhateng mitranipun abdi kapendhak Kaliwon wau, raden ngabei punika: dereng kawical ageng, abdi Kapedhak mangsuli, inggih leres andika, sabab bendara kula Raden Ngabei punika: teksih wonten inggil-inggilanipun priyagung Bupatos punika ingkang langkung ageng saking bendara kula, suteng panhita pitaken panggenanipun ing pundi, abdi Kaliwon mangsuli, mangke yen sampun dumugi pagerlaran kula dedahaken andika tumut andherek ing bendara kula, sowan dhateng pagelaran andika wontening wingking kula kimawon, Raden angabei Kaliwon sampun dumugi pagerlaran lenggah panggenanipun saben nunggil para priyantun Kaliwon para abdi sami lungguh ing sawingkingipun raden ngabei, Suteng pandhita celak kaliyan mitranipun kawdhak Kaliwonan wau, lajeng bibisik Kapedhak dhateng Suteng pandhita, ingkang lenggah majeng ngidul punika sapangilen puniku para Bupatos, Suteng pandhita, awas tumingal sarta micareng wardaya kabeh padha bae lan aku, kepriye dene ing ngaran gedhe, lajeng micanten bibisik dhateng mitranipun, para bupatos punika, sami kimawon kaliyan raden ngabei Kaliwon, Kapedhak mangsuli, mangke sakedhap kanjeng raden adipati tawuh, punika ingkang angungkuli para bupatos sadaya antawis dangu kanjeng raden adipati rawuh, sasampuning pinarak Kapedhak bibisik dhateng Suteng pandhita, kilen piyambak punika kakang sawek rawuh, kanjeng raden adipati langkung ageng piyambak Suteng Pandhita mangsuli bibisik, punika sami kema-won kaliyan para bupatos, Kapedhak mangsuli malih, lintang saking punika, anjawi ingkang sinuhun kang ageng piyambak, Suteng pandhita pitaken panggenanipun ing pundi kang nama ingkang sinuhun punika, Kapedhak mangsuli, wonten ing kadhaton, benjing emben dinten Septu, miyos watang ing ngalun-alun abdika badhe kula dedahaken.

Inggang sami sowan ing pagelaran sampun bibaran mundur, kacariyos ing dinten Septu, sami sowan watang ing ngalun-alun Suteng pandhita tumut ing mitranipun dumugi pasowan pakapalan Suteng Pandhita jinawil ing mitranipun Kapedhak Kaliwonan punjak mangidul turut pinggir ngandhap waringin, nyelaki

pakiteran dalem ingkang sinuhun margi badhe kadedahaken ingkang sinuhun saking katebihan sareng ingkang sinuhun sampun nitih titiyan kiter kados saben dinten septu, Kapedhak anedahaken dhateng Suteng pandhita, kang nitih titiyan kiter kilen punika ingkang sinuhun Suteng Pandhita tumingal ingkagn sinuhun wau malah ageng nginggil raden ngabei Suteng Pandhita sungkaweng driya, kepriye welinging rama pandhita, aku kinen ngawula wong gedhe ing nagara, ing menggo tak lakoni lumebu nagara, ora nana wong kang gedhe, sareng noli mangalor ningali gajah wonten ing wantilan ngalun-alun, Suteng Pandhita micarng tyas, iki gedhe dhewe, sak alun-alun ora nana ngungkuli, baya iki wekase bapaku biyen, Kapedhak Kaliwonan Suteng Pandhita dipun jak wangsul dhateng pasowan pakapalan, nanging Suteng Pandhita kedah kantun wonten panggenan gajah ngriku, Kapedhak sampun wangsul dhateng pasowan pakapalan, Suteng Pandhita tinilar.

Sabibaripun watang, gajah kabekta mundur dhateng Gajahan, Suteng Pandhita andherek Gajah, nunggil para srati, sadumuginipun ing Gajahan Suteng Pandhita tansah ngadhep wonten ngarsaning Gajah, sakedhap sakedhap talethong Gajah dipun bucali, lajeng kasapinan, talawah ing ngangsonan boten ngantos lukak lajeng dipun angsoakaken, sakedhap-sakedhap dipun byaki rumput tandukipun majeng-mundur, Gajah sinembah rinten dalu boten kesah kesah, tansah ngadhep bendaranipun gajah, menawi gajah kaguyang, Suteng Pandhita andherek wonten ing lepen Suteng Pandhita cakut angosoki, yen dinten Septu, Gajah dipun sowanaken dhateng ngalun-alun Suteng Pandhita andherek wonten ngalun-alun sila ambukuh, nyembah cedhokan wonten ngarsanipun gajah, para srati sami anerka yen punika tiyang ewah, bibar watang Gajah kabekta mantuk dhateng Gajahan, Suteng Pandhita andherek lajeng angladosi nyembah cethokan, ing nalika punika, para srati kang saos boten susah ngresiki, kang ngresiki sampun Suteng Pandhita kimawon denten kang dipun tedha Suteng Pandhita punika, para srati ingkang nykani agegentosan.

Ing satunggal dinten dalu wanci pukul tiga, Gajah ngandika dhateng Suteng Pandhita, ing ngriku Suteng Pandhita pinaringan sumerep pangandikaning bendaranipun Gajah punika, pangan-dikanipun mengkatan: iki tampanana peparingku, paringku: banjur untalen mulung saking telale,, lajeng dipun tampani weni kumala karosanin ggajah, lajeng dipun nuntal ing Suteng Pandhita sanalika saged wicanten cara gajah, ngempret suwaranipun sampun sami kaliyan swara gajah, rosanipun sami lan karosaning gajah, gajah ngandika malih dhateng Suteng Pandhita aku iki gajah anak ratuning gajah, kena pirantine manungsa, banjur diaturaken ratu Mataram kene, dene kowe iku, aku sumurup menawa anaking pandhita, ananging enggonmu mintuho-kake wekasing wong tuwamu, kinon ngawula priyayi gedhe, enggonmu nampani kaliru kang diarani priyayi gedhe iku,

pangkate kalungguhane kaya ta tumenggung, patih iku gedhe
pangkate, dudu gedhe wujud rupane, ratu iku wus ora nana kang
angungkuli.

Eh Suteng Pandhita sarehning pangawula mu marang aku iku
kaliru nanging aku bakal mitulungi marang kowe supaya kowe
oliya pangkat kaluhuran, dina Septu ngarep iki, sadurunge
Sinuhun miyos, ana ngalun-alun aku bakal ngamuk paseban
saubenging ngalun-alun bakal tak bedholi tak rusak kabeh,
delasan waringin bakal tak bedholi, mongsa ana wani nyekel
aku, ing wekasan sinuhun bakal andhawuhake sayembara, sapa
kang bisa nyekel ing ngangkat dadi bupati, kowe kuli tuman-
danga, aku cekelen bakal nutut bae, Suteng Pandhita mature
ing bendaranipun gajah, sandika, saeng dumugi dinten septu
gajah kasowanaken ing ngalun-alun kados adad, wonten ngalun-
alun lajeng meta ambethat lajeng ngamuk sakathaing pasowan
ing ngobrak-abrik waringin binedholan para bupati Kaliwon
kawur-kawur, raden adipati ngunjuki uninga lumebet kadhaton,
kori gapit lajeng kakunci, ingkang sinuhun minggah panggungan
ningali saking pangungan solahing gajah angigirisi lajeng
utusan medal gandhek andhawuhaken timbalan dalem sapa bisa
nyekel gajah ngamuk iku, yen wong cilik tak angkat dadi
bupati, yen bupati tak angkat dadi dipati, dhawah dalem sapun
wradin saabdi dalem sadaya, nanging boten wonten kadugi
nyepeng, lajeng Suteng Pandhita, matur yen kadugi anyepeng,

enggalanipun gajah lajeng kacepeng dening Suteng Pandhita,
Suteng Pandhita, lajeng kaangkat dados bupati, kaparingan nama
Tumenggung Rajaniti, inggih punika ingkang sinebut Raja Niti
Gajah.

Pramilanipun tiyan gesang punika, ingkang mintuhu ing wuwu-
langing bapoa, yen ing ngestokaken kalayan temen-temen wewel-
inging bapa wau, ing wekasan badhe amanggih luhur, kabegjan
sarta kawilujengan kaluhuran Amin.

=====

Kala ing dinten Rebo Legi tanggal kaping 13 wulan Sapar taun
Alip angka 1795, bendara Raden Ayu Purwadiningrat putranipun
pambajeng swargi Kanjeng Ratu Angger, bakyu dalem Kanjeng
Ratu AGeng Ibu Dalem ingkeng Sinuhun Kanjeng Sultan Ingkeng
Jumeneng sapunika, seda tilar dunya kundur ing Rahmatollah,
kagarwa Kanjeng Pangeran Arya Purwadiningrat ing Ngayugyakar-
ta, dumugi ing sedanipun Bendara Rahaden Ayu wau, yuswa 72
taun sumare Pajimatan ing Mulangi, awit gerah salira sadaya.
Kasrat kaping 24 Sapar Alip angka 1795
katandhan S.P.R.

=====

Ongka 27, 5 Juli 1866

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Tuwan M.Y.Onih, KOnTelir Twedheklas saking Paparentahan Lebet Paresidhenan tanah Kilen ing Borneyo awit saking panuwunipun piyambak ing mangke kamantunan kalayan kurmat saking angenipun dados kontelir, mawi kaparingan wahgel amargi saking sakit.

Tuwan F.L. Winter, Ajung Jurubasa tembung Jawi ing Surakarta, ing mangke kaparingan pamit kalih taun dhateng nagari Walandi amargi saking sakit.

Tuwan G.Y.P.Petrus Amtenar Wahgel saha ingkang wau dados Asisten RESidhen ing Saparuwah tuwin Aruku, bawah Gupremen Pulo-Pulo tanah Moloko, ing mangke kakulawisudha dados Asisten Residhen ing Tebing Tinggi bawah Palembang.

Tuwan Y. Panseloten sekretaris Paresidhenan ing Dhistrik-dhistrik Lampung ing mangke kakula wisudha dados Sakretaris Paresidhenan tanah Kilen ing Borneyo angiras dados Pendhimester.

Tuwan C.Y.A.Wilkes Komis Wiskamer ing Surabaya ing mangke kakula wisudha dados Ajung Juru Basa tembung Jawi ing Surakarta.

Tuwan N.Pandhersetok kontelir Twedheklas ing mangke kakula wisudha dados Kontelir Irsteklas saking paparentahan lebet ing paresidhenan tanah Kidul tuwin Wetan ing Borneyo.

Tuwan O.M.Dhemunik kontelir Dherdheklas ing mangke kakula wisudha dados kontelir Twedheklas saking Parentahan lebet ing Paresidhenan tanah Kidul tuwin Wetan ing Borneyo.

Tuwan L.C. Dhenis dados Amtenar kareh ing kanjeng tuwan residhen tanah Kidul tuwin Wetan ing Borneyo.

Tuwan W.Meyer, Kontelir Irsteklas ing mangke kaelih saking Paresidhenan Banten dhateng Paresidhenan Kedhu, kareh ing Kanjeng tuwan Residhen ing ngriku.

Tuwan F.G.A.Pandheldhen KOnTelir Twedheklas ing mangke kaprenahaken panggenanipun wonten ing Banten Kareh ing Kanjeng Tuwan Residhen ing ngriku.

=====

Pawartos warni-warni

Menggah pawartosipun kasebut ing serat pakabaran saking Surabaya ongka 146 kados ing ngandhap punika.

Kala wingi enjing wanci pukul satengah wolu kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral rawuh wonten muhara ing Surabaya, anitih baita kapal asep ing ngriku kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral punika kalampahaken ing tindakipun dhateng dalem paresidhenan para prajurit merdika sampun sam sami andher babarisan ing ngriku wonten putraning ratu titiga saking Surakarta, akaliyan saking Ngayogyakarta taksih sami nem sadaya tumut andherrekaken ing tindakipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral putraning ratu titiga wau sami dados ajidanipun kanjeng tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendraling margi dumugining dalem paresidhenan karengga sami kadekekan palengkung mawi gogodhongan tuwin bandera negerlan dene palengkung ingkang wonten palata-

ran ing dalem paresidhenan kadekekan seratan mawi aksara
ageng ungelipun makaten: pangabekti katur ingkang angasta
pangawasa ageng.

Para opsir tuwin amtenar sami angalempak wonten ing dalem
paresidhenan badhe anyaos i kurmat tabe ing sarawuhipun
Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wau ananging
para walandi mardika ing Surabaya ingkang sami sowan dhateng
dalem paresidhenan amung sakedhik sareng sontenipun ing
pakebonan kaprenah sangajengipun ing dalem paresidhenan
karengga mawi kasuledan ing dilah sewu.

=====

Serat saking bawahi anyariyosaken kados ing ngandhap punika.
Kala tanggal kaping 21 wulan Juni ingkang sampun kapengker
punika, Kanjeng tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral
amariksani griya gedhong sawatawis wonten ing Rembang, kala
tanggal kaping 22 tindak dhateng pamulangan walandi tuwin
amaringi Odhiensi, tanggal kaping 23 Bidhal dhateng Surabaya
enjingipun rawuh.

=====

Serat saking Atene tanah Grikenlan ingkang kakintunaken tuwin
kapacak ing serat kabar Dhitslan amratelakaken kados ing
ngandhap punika.

Antawis saking tigangwulan laminipun wonten tiyang begal
titiga sami katrap ing paukuman pejah dening pangadilan ing
tanah Sirah, begal titiga wau sami prenah sanak sadherek.

Sareng ing Grikenlan ewed pangupadosipun Glojo, mongka ukum-
ing pejah kedah kapatrapaken ing sanalika, serat
karampunganpun kadhawahaken begal wau ingkang satunggil
gadha aturan dhateng pangadilan manawi piyambakipun kadugi
anigas guluning kancanipun kakalih, supados kaluwarana saking
paukuman pejah.

Wondening panuwunipun ugi kalilan ananging begal wau salami-
nipun gesang kedah narimah anglampahi padamelanipun Glojo.

Ing wusana Glojo wau sadamelipun warni kampak kadhelikaken
wonten ing kapal amargi sakathahing Glojo ing tanah Grikenlan
punika dipun pejahi kaliyan nyelamur, manawi boten saged
minggat saking tanahipun.

Sawatawis dinten laminipun ing baita panggenan pandhelipun
Glojo Glojo ingkang kasebut ing nginggil wau kapejahan ing
Glojo sanes

=====

Cariyos Aneh

Pawartosipun dhusun ing Kedhungreja tanah Pajang, wonten
tiyang sugih saking taberi angaota, barang gagadhahanipun
ingkang awarni arta raja brana akathah ingkang dipun pendhem
wonten salebeting griya autawi sawawining pemahan, sareng
tiyang sugih wau kaganjar sakit sanget, punika ameling dha-
teng anakipun jaler, wicantenipun makaten: thole, laraku ini
pira bara yen bisa awaras, manawa ana karsaning Allah, aku

tumeka ing jangji aja dadi susahing ngatimu, karana aku duwe
pependheman dhuwit atawa rajanbrana akeh, padha nganggo
tetenger dhewe-dhewe, ana kang nganggo tetenger tanduran
nanas, ana kang nganggo tetenger tanduran empo-empon, iku
bae dhdhukana seka ing kiraku kaya kaya cukup ginawe waragad-
ing patiku kongsi tumeka enteking mumule, dene liyane iku ana
maneh pependheman kang luwih samar, tanpa tetenger ananaging
katon, parandene pilih pilih kang sumurup payon ora kalawan
nugraha, iku upayanen manawa bisa katemu dadi kabegjanmu,

tatakona marang sujana kang lepas budine. Sareng sampun
wicanten makaten antawis sadinten sadalu tiyang ingkang sakit
wau ngajal, sampun amirantos ing sapalakartinipun lajeng
kapetak dhateng kuburan, ing ngantawis dinten anak jaler
ingkang kaweling punika angleksanani pandhudhuking pendheman
rajabrana sami kapanggih sadaya, amung satunggal ingkang
dereng kapanggih, inggih punika pependheman ingkang langkung
samar wau, lajeng tataken dhateng sujana kang lepas ing
pambudi, winangsulan manawi pependheman kang langkung samar
tanpa tetenger ananging katingal punika kasaenan ingkang
dumunung wonten ing parentah, boten kenging manawi katagih
kados anyambutaken, prayogi dipun suwitanana terkadhang
angsal kanugrahan tiyang ingkang tataken lajeng anglampahi
manggang wonten ing parentah katarimah saking saregepipun
boten lami angsal kanugrahan kadadosaken priyantun.

=====

Pangkur

Kula pun Brastha carita, dupi titi wrin srat Jurumartani,
kang medal ongka salikur, kaping catur dwi dasa, wulan Mei
nenggih kang sampun kapungkur, ing ngriku wonten cangkriman,
den sinuwung pocung saking.

Mas Raden Mangun Carita, cangkriman tawang gelarireng bumi,
nunggang punapa wran idhup, bab punika wamba pecah, boten
langkung manusa mung nunggang garu, kalawan malih cangkri-
man, kalamun bmi winalik.

manusa nyepeng punapa, bab punika ugi kawula pasthi namung
cepengan weluku, dwimalih kinen mecah, warna nyata cengos-
cengos gyan dinulu, meleng-meleng winastanan, ceret wedang
boya sisip.

Rehning lat pambatang kula, dhuh mas radennuwun-nuwun aksami,
wit kula ceguk trawilun ngantos ngupadi wikan, ing wusana
cina batawi kang suwruh, ing yen batang kula lepat, ambakkin-
ten badhe yekti. Ngayogya 12,2,95.

Wangsul wonten binatang boten manak boten ngandhog, anaming
kok tinandir gadhah anak, punika dipun wastani binatang
punapa, kula nuwun priksa mugi dipun batanga.

katandhan Mas Brasthacarita.

=====

Wangsulan dhateng mas Ngabei Citra Pragola wawaton Buku Kina.
Kala wedaling serat Jurumartani ongka 20 wonten cacriyosani-

pun putra ing Natayudan wasta Suryaprawira ing nagari Ngayogyakarta, anyariyosaken manawi pyambakipun boten kendel kendel amarsudi katranganing balung kewan ingkang sampun kadhudhuk dening Raden Saleh, Surya prawira nampeni pamanggih saking Babah Natarata Cina Batawi kados ingkang sampun kajarwa ing saseratanipun sadaya.

Sareng wedaling jurumartani ongka 24 wonten saseratan saking mas Ngabei Citra Pragola ing kampung Kemlayan: ugi nagari Ngayogyakarta, kados denten serat pamaibenipun kasebut Juru-martani ongka 24 wau.

Inkang punika titining pamaos kula gumun sanget dene kok mas Citra Pragola mawi nyerat makaten: Kewan Kanun wau dhatengipun nagari dalem Ngayogya punapa mabur punapa medal salebet-ing siti punapa baita kula nyuwun priksa kalih wonten malih sasebutan makaten: wondene kula tiyang bodho saha boten

sumerep jaman kina ingkang kula sumerepi jaman sak punika, Lo punika kados pundi, punapa boten kawaspaosaken ta mas: minggah ungeling jurumartani, mongka kula punika sing pangkat kapala kapung Baru kiumawon saged waspaos cetha, saben nupik-sani serat kabar. Ing kale serat cacriyosaipun Surya Prawira sampun nyariyosaken kala sakderenging jaman Tirta tanah Sumatrah Borneyo lan tanah Jawi saurutipun mas: dumugi nagari Cina tasih satunggal pulo, tanpa let punapa-punapa, ewadenten inggih inggih, anaming estoknipun leres gancar Surya Prawi-ran, yen mila-mila waspaos saha wungu pamriksanipun dhateng Jurumartani, samanten malih mas ing mangke kula umuki te-rangipun babar pindhah, cacriyosan sak derenging jaman tirta. Sak derenging jaman Tirta dipun wastani jaman Kukila, jarwan-ing Kukila paksi titiyang tanah jawi taksih kados pikajengan-ing paksi, saha tiyang tiyang sami wuwuda namung sarana awer-awer klothokan kajeng kemawon, sarta boten ajrih dhateng sasami-sami, awit ing ngriku dereng wonten kang sinembah. Sanes mas sareng sak bakdaning jaman tirta, para titiyang tanah ASiya sampun sami saged damel baita layar dagang dha-teng pundi-pundi panggenan, inggih punika tiyang Indhu layar dhateng tanah Sumantrah, wonten ing ngriku bongsa Indhu asring-asring ngecakaken rodapaksa lan reresah, lajeng sami kabujuk dipun purih layar dhateng tanah Jo, jarwaning tanah Jao bumi adoh saking Sumantrah, ing sarehning titiyang indhu boten saged mungel O, dados wicanten: wa, punika katelahipun dumugi ing mangke karan Tanah Jawa, wonten ing ngriki tiyang indhu lajeng mumulang sabarang kagunanipun lajeng titiyang jawi lumebet agami Indhu, nyembah dhateng paksi wulung sawe-neh nyembah dhateng wedal suruping surya, anaming bongsa jawi teksih wuwuda kados wau-wau, sareng udakawis 250 taun saking tiyang Indhu ngejawi wau, wonten satunggal jongga wegig awasta Bebuyut Saka, angajawi bekta bangsanipun C Setan, wetawis tiyang 150 jodho tuwin ambekta bakakasing among taki lan dadamel sapanunggilanipun, denten tiyagn 150 jodho

punika penganggenipun kathokan rasukan potong mangkok, ing sirah mawi ngingah rambut kagelung kadhal menek, inggih punika ingkang dipun wastani tiyang Cina Siyem, agami nyembah dhaeng kayuwatu, ing ngriku bebuyut sak amumulang dhateng tiyang jawi, kados ta damel reca tunggu reca sela sasamenipun ngantih nenun adamel rasukan kathok sakpanunggilanipun, saha malih tiyang jawi sami mangartos sastra, tumunten sadaya bongsa jawi sami lumebet agami Siyem, bicanten teksih Indhu ugi kaworan Siyem.

Inggang pramila mas saseratan kina kang sami katatah ing sela kadosta: sela tulis ing nagari Bogor, tuwin sela tulis kagungan dalem Kanjeng Gupremen ing kantor Musiyum, saha ing barabudhur sapanunggilanipun punika sastra lan basa Siyem, ewa denten ing mangke teksih kapersudi tansah kapitakenan dhateng tuwan PredherikInsipektir saking Sastra Kina. Wondening pujongga ingkang kasebut bebuyut sak wau, sarehning titiyang jawi sami geguru dhateng pyambakipun lajeng kasebut Ngajisaka (ajisaka), denten agami tuwin sastranipun ngantos kangge ing wekasaning prabu Brawijaya Maospait, boten antawis lami lajeng titiyang Banisrail ngejawu wasta Seh Maulana Magribi, ambekta bangsanipun Arab watawis tiyang 30 iji, ing

ngriku saged adamel damel sarana sulap akal dora, lajeng tiyang jawi keguh ing gelar lajeng sami lumebet agami Arab, sami ngaos sastra ARab, sastra Siyem inggih teksih kangge namung kathah ewahing warnenipun dumugi jaman punika, doran ing tiyang Arab manawi kadenangan ing tiyang jawi, tiyangipun lajeng kaangkat nama Wali.

Ewa samanten titiyang jawi ing wingking inggih badhe santun ami manggalih, awit sapunika ing Batawi sampun wonten ugakawis 200 tiyang kang lumebet agami Sekristen, sanadyan sadaya ing tembe badhe kalampahan punika sampun kula damel tamtu mas.

Punapa malih sumerep kula cacriyosan kina ingkang sampun tuwin kang dereng punika wawaton saking dining kanalan waskitha. Wondene mas Citra Pragola mastani menawi Bendera Raden Tumenggung Natayuda boten kagungan putra nama Raden Suryaprawira mmila inggih leres ugi kagungan raden Mas Prawira putra babektan saking bendara rahaden ayu anamung toh kenging ugi kaputra, awit ingkang ibu kagarwa. Wusana sampeyan kula purih ingkang saklangkung sanget mariksanana malih ing jurumartani angka 20, samanten malih mas manawi sampeyan meksa dereng saged tampi dhateng cariyos kula punika sadaya, kula inggih boten sumelang.

Ngayogya ping 3 Sapar Alip 1795, katandhan Ratakusya.

=====

Ongka 28, 12 Juli 1866

Jampining sasakit Kolera

Dhokter Dhegronbolonye tiyang Prasman salaminipun anjampani titiyang sakit Kolera, ngantos kaping kawan welas ambah-ambahan, punika amratelakaken, manawi tiyang ingkang sakit kolera sampun watawis ragi wonten sangetipun, punika boten wonten jampu ingkang saged anyarasaken, wangsul tuwan dhokter Dhegronbolonye amastani, manawi sasakit kolerah sakalangkung gampil anggenipun anyarasaken bilih sasakit wau saweg wiwit tiyang ingkang sakit kolerah saweg sajam dangunipun punika manawi kajampenan meh kenging kawastanan tamtu ing sarasipun, dene manawi tiyang ingkang sakit kolerah ngantos kawan jam dangunipun dereng kajampenan, punika pejahipun meh boten kenging kasingkiran, mila tuwan dhokter Dhegronbolonye rumaos kawajiban anglimrahaken punapa ingkang dados seserepanipun bab sasakit kolerah wau, kados pundi tandhanipun manawi tiyang kenging sasakit kolerah, saha punapa ingkang dados jampinipun ingkang sage anulak bilahi, saha sampun ngantos tiyang ingkang kenging sasakit kolerah anyarantosna ing panganggenipun jampi.

Menggah titiyang ingkang kenging kolerah manawi wonten kalih dasa, punika ingkang sangalas wiwiting pasakit amesthi wawrat-rumiyan ing ngriku kenging katitik punika anggenipun wawrat wau kaambah sasakit kolera, manawi susukeripun kuning, utawi semu ijem punapa dene cemeng, saha taksih katingal akas utawi ragi akas, punika boten wonten kuwatosipun ananging manawi susukersipun mancur kados toya warninipun kados wedang bubuk ingkang mawi ppuwan kathah kados ta jin kados wedang teh mawi puwan sakedhik punika sampun saestu manawi tiyang ingkang wawrat kados makaten warnining susuker wau kenging sasakit kolera, s anadyana tiyang wau dereng karaos sakit utawi sudaning karosanipun ing waktu punika sampun angentos malih saha enggal-enggala angangge jampi supados angentasaken sasakitipun kolera ingkang saweg wiwit.

Ing sanalika tiyang anggodhoga godhong pepermin ingknag anyekapi kathahipun kaombeya saben saprapat jam satengah cangkir, anggenipun angombe wau kala taksih panas saha kadekekena gendhis ingkang kathah, mawi kamomoran arak utawi konyak kadekekana kalih dasa tetes kanilitur. Kanilitur punika tiyang saged pikantuk saking Apoteker.

manawi tiyang ingkang kenging sasakit kolerah wau taksih kuwawi, prayogi kadamel lumampah wanngsal-wangsul lampahipun ingkang rikat, anggenipun angombe jampi taksih kalajengaken ing nalikanipun lumampah wangsul-wangsul wau, manawi boten lumampah wangsul-wangsul tiyang ingkang kenging sasakit kolerah wau amedalna karinget saking dening anggarapa damelan ingkang ngantos karaos ewadene manawi ingkang kenging sasakit wau sampun boten kuwawi badanipun utawi rumaos lungkrah ing badan, punika kadamel tileman saha kasemprot toya ingkang resik satengah gelas, kalebetaken ing silitipun mawi kamomoran swapelelater sasendhok dhahar ingkang alit, swapelelater punika tiyang inggih saged pikantuk saking Apoteker, sasam-

punipun kasebmprot ingkang sakit kolerah kakemulana ingkang kandel amurih saged dipun karingetan.
Menggah anggenipun angombe jampi ingkang kenging sasakit

kolera wau taksih kalajengna ngantos kandel anggenipun wawra-
tan, ingkang sampun kalampahan kathah titiyang ingkang sakit
kolerah kapulasara kados makaten wau, ing dalem tigang jam
lajeng saras.

manawi jampi wau kalanipun wiit kaosmbe adamel mendem dhateng
ingkang sakit kolerah, punika tiyang sampun kuwatos, malah
endemipun wau andadosaken tondha sae, saha angicalaken kuwa-
tosipun ing sasakit.

Cariyos punika badhe kalajengan amargi dereng dumugi.

=====

Cariyos Aneh.

Tiyang mintuhu dhumateng wawelinging bapa, wekasan dados
luhur.

Ing kina wonten satunggal Pandhita, darbe anak namung satung-
gal jaler, sang pandhita sampun waspaos ing galih, yen putra-
nipun badhe boten saged angntosi dados pandhita, sareng sang
pandhita badhe seda, ingkang putra winaeling, kulap sapung-
kurku kowe tumuruna saka ing gunung, panawangku kowe ora bisa
anutugake pagawehanku dadi pandhita mulane kowe prayoga
lumebuwa mring nagara, ngawula marang wong gedhe, sasampuni-
pun meling, sang pandhita lajeng seda, layon pinetak ing
ngarga, kang putra jalu wau, sakalangkung prihatosing manah,
sapengkeripun kang rama, lami-lami kaengetan wewelingipun
kang rama, kinen lumebet nagari suwita ing priyantun ageng,
Suteng Pandhita lajeng lumampah lumebet nagari, sareng dumugi
sajawining nagari, lumampah sasarengan kaliyan tiyang nagari
abdinipun priyantun Kaliwon sadangunipun sarengan lumampah
Suteng Pandhita wau, urut margi tansah pitaken dhumateng abdi
Kaliwon nagari punika, ingkang dipun pitakekaken warnining
priyantun ageng punika kados punapa abdi Kaliwon mangsuli
bendara kula raden angabei Kaliwon punika sampun kenging
kasebut priyantun ageng, punapa andika dereng nate pirsu
priyantun nagari Suteng Pandhita mangsuli dereng, abdi Kaliwon mangsuli bendara kula raden
angabei Kaliwon punika sampun

kenging kasebut priyantun ageng punapa abdika dereng nate
pirsa priyantun nagari, Suteng Pandhita mangsuli dereng, abdi
Kaliwon pitaken andika sadherek saking pundi, Suteng Pandhita
sumaur, kula tiyang saking redi, lumebet ing nagari, perlu
badhe sumerep priyantun ageng, abdi Kaliwon pitaken: punapa
andika gadhah sadherek tuwin kawanuhan salabeting nagari,
Suteng Pandhita mangsuli boten gadhah, pirsu ing nagari
inggih dereng nate abdi Kaliwon wicanten: yen mekaten andika
mondhok griya kula mawon, ngiras kula dedahaken bendara kula,
yen andika badhe suerep priyantun ageng, suteng pandita
sakalangkung suka sukuring manah, dene manggih pitepangan
langkung sae manahipun.

Ing lampah sampun lumebet nagari, anjujug dalemipun raden ngabei Kaliwon sipenggriyanipun andi Kapedhak punika wau, enjingipun dinten Kemis pasowanan ageng Raden Ngabei Kaliwon sowan, ing nalika punika karaton nagari Matawis jumeneng dalem ingkang Sinuhun Sida Krapyak sampun akhir, meh awalipun ingkang sinuhun kanjeng sultan agung sareng raden ngabei Kaliwon sampun dados ampilan sami kawedalaken tinampen abdi Kapedhak Suteng Pandhita: tumut ing saenggening mitranipun abdi Kaliwonnan wau, sareng raden ngabei medal saking dalem lajeng mangkat sowan Suteng Pandhita bibisik dhumateng mitra-

nipun abdi Kapedhak Kaliwon pundi priyantunipun ageng abdi Kapedhak manguli bibisik inggih puniku bendara kula raden angabei, Suteng Pandhita micareng driya, kang iing ngaran priyayi gedhe padha lan aku bae, lajeg micanten dhateng mitranipun abdi kapendhak Kaliwon wau, raden ngabei punika: dereng kawical ageng, abdi Kapedhak mangsuli, inggih leres andika, sabab bendara kula Raden Ngabei punika: teksih wonten inggil-inggilanipun priyagung Bupatos punika ingkang langkung ageng saking bendara kula, suteng panhita pitaken panggenanipun ing pundi, abdi Kaliwon mangsuli, mangke yen sampun dumugi pagerlaran kula dedahaken andika tumut andherek ing bendara kula, sowan dhateng pagelaran andika wontening wingking kula kimawon, Raden angabei Kaliwon sampun dumugi pagerlaran lenggah panggenanipun saben nunggil para priyantun Kaliwon para abdi sami lungguh ing sawingkingipun raden ngabei, Suteng pandhita celak kaliyan mitranipun kawdhak Kaliwonan wau, lajeng bibisik Kapedhak dhateng Suteng pandhita, ingkang lenggah majeng ngidul punika sapangilen puniku para Bupatos, Suteng pandhita, awas tumingal sarta micareng wardaya kabeh padha bae lan aku, kepriye dene ing ngaran gedhe, lajeng micanten bibisik dhateng mitranipun, para bupatos punika, sami kimawon kaliyan raden ngabei Kaliwon, Kapedhak mangsuli, mangke sakedhap kanjeng raden adipati tawuh, punika ingkang angungkuli para bupatos sadaya antawis dangu kanjeng raden adipati rawuh, sasampuning pinarak Kapedhak bibisik dhateng Suteng pandhita, kilen piyambak punika kakang sawek rawuh, kanjeng raden adipati langkung ageng piyambak Suteng Pandhita mangsuli bibisik, punika sami kema-won kaliyan para bupatos, Kapedhak mangsuli malih, lintang saking punika, anjawi ingkang sinuhun kang ageng piyambak, Suteng pandhita pitaken panggenanipun ing pundi kang nama ingkang sinuhun punika, Kapedhak mangsuli, wonten ing kadhaton, benjing emben dinten Septu, miyos watang ing ngalun-alun abdika badhe kula dedahaken.

Inggang sami sowan ing pagelaran sampun bibaran mundur, kacariyos ing dinten Septu, sami sowan watang ing ngalun-alun Suteng pandhita tumut ing mitranipun dumugi pasowan pakapalan Suteng Pandhita jinawil ing mitranipun Kapedhak Kaliwonan punjak mangidul turut pinggir ngandhap waringin, nyelaki

pakiteran dalem ingkang sinuhun margi badhe kadedahaken ingkang sinuhun saking katebihan sareng ingkang sinuhun sampun nitih titiyan kiter kados saben dinten septu, Kapedhak anedahaken dhateng Suteng pandhita, kang nitih titiyan kiter kilen punika ingkang sinuhun Suteng Pandhita tumingal ingkagn sinuhun wau malah ageng nginggil raden ngabei Suteng Pandhita sungkaweng driya, kepriye welinging rama pandhita, aku kinen ngawula wong gedhe ing nagara, ing menggo tak lakoni lumebu nagara, ora nana wong kang gedhe, sareng noli mangalor ningali gajah wonten ing wantilan ngalun-alun, Suteng Pandhita micarng tyas, iki gedhe dhewe, sak alun-alun ora nana ngungkuli, baya iki wekase bapaku biyen, Kapedhak Kaliwonan Suteng Pandhita dipun jak wangsul dhateng pasowan pakapalan, nanging Suteng Pandhita kedah kantun wonten panggenan gajah ngriku, Kapedhak sampun wangsul dhateng pasowan pakapalan, Suteng Pandhita tinilar.

Sabibaripun watang, gajah kabekta mundur dhateng Gajahan, Suteng Pandhita andherek Gajah, nunggil para srati, sadumuginipun ing Gajahan Suteng Pandhita tansah ngadhep wonten ngarsaning Gajah, sakedhap sakedhap talethong Gajah dipun bucali, lajeng kasapinan, talawah ing ngangsonan boten ngantos lukak lajeng dipun angsoakaken, sakedhap-sakedhap dipun byaki rumput tandukipun majeng-mundur, Gajah sinembah rintem dalu boten kesah kesah, tansah ngadhep bendaranipun gajah, menawi gajah kaguyang, Suteng Pandhita andherek wonten ing lepen Suteng Pandhita cakut angosoki, yen dinten Septu, Gajah dipun sowanaken dhateng ngalun-alun Suteng Pandhita andherek wonten ngalun-alun sila ambukuh, nyembah cedhokan wonten ngarsanipun gajah, para srati sami anerka yen punika tiyang ewah, bibar watang Gajah kabekta mantuk dhateng Gajahan, Suteng Pandhita andherek lajeng angladosi nyembah cethokan, ing nalika punika, para srati kang saos boten susah ngesiki, kang ngesiki sampun Suteng Pandhita kimawon dentem kang dipun tedha Suteng Pandhita punika, para srati ingkang nykani agegentosan.

Ing satunggal dinten dalu wanci pukul tiga, Gajah ngandika dhateng Suteng Pandhita, ing ngriku Suteng Pandhita pinaringan sumerep pangandikaning bendaranipun Gajah punika, pangandikanipun mengkatem: iki tampanana peparingku, paringku: banjur untalen mulung saking telale,, lajeng dipun tampani weni kumala karosanin ggajah, lajeng dipun nuntal ing Suteng Pandhita sanalika saged wicanten cara gajah, ngempret suwaranipun sampun sami kaliyan swara gajah, rosanipun sami lan karosaning gajah, gajah ngandika malih dhateng Suteng Pandhita aku iki gajah anak ratuning gajah, kena pirantine manungsa, banjur diaturaken ratu Mataram kene, dene kowe iku, aku sumurup menawa anaking pandhita, ananging enggonmu mintuho-kake wekasing wong tuwamu, kinon ngawula priyayi gedhe, enggonmu nampani kaliru kang diarani priyayi gedhe iku,

pangkate kalungguhane kaya ta tumenggung, patih iku gedhe
pangkate, dudu gedhe wujud rupane, ratu iku wus ora nana kang
angungkuli.

Eh Suteng Pandhita sarehning pangawula mu marang aku iku
kaliru nanging aku bakal mitulungi marang kowe supaya kowe
oliya pangkat kaluhuran, dina Septu ngarep iki, sadurunge
Sinuhun miyos, ana ngalun-alun aku bakal ngamuk paseban
saubenging ngalun-alun bakal tak bedholi tak rusak kabeh,
delasan waringin bakal tak bedholi, mongsa ana wani nyekel
aku, ing wekasan sinuhun bakal andhawuhake sayembara, sapa
kang bisa nyekel ing ngangkat dadi bupati, kowe kuli tuman-
danga, aku cekelen bakal nutut bae, Suteng Pandhita mature
ing bendaranipun gajah, sandika, saeng dumugi dinten septu
gajah kasowanaken ing ngalun-alun kados adad, wonten ngalun-
alun lajeng meta ambethat lajeng ngamuk sakathaing pasowan
ing ngobrak-abrik waringin binedholan para bupati Kaliwon
kawur-kawur, raden adipati ngunjuki uninga lumebet kadhaton,
kori gapit lajeng kakunci, ingkang sinuhun minggah panggungan
ningali saking pangungan solahing gajah angigirisi lajeng
utusan medal gandhek andhawuhaken timbalan dalem sapa bisa
nyekel gajah ngamuk iku, yen wong cilik tak angkat dadi
bupati, yen bupati tak angkat dadi dipati, dhawah dalem sapun
wradin saabdi dalem sadaya, nanging boten wonten kadugi
nyepeng, lajeng Suteng Pandhita, matur yen kadugi anyepeng,

enggalanipun gajah lajeng kacepeng dening Suteng Pandhita,
Suteng Pandhita, lajeng kaangkat dados bupati, kaparingan nama
Tumenggung Rajaniti, inggih punika ingkang sinebut Raja Niti
Gajah.

Pramilanipun tiyan gesang punika, ingkang mintuhu ing wuwu-
langing bapoa, yen ing ngestokaken kalayan temen-temen wewel-
inging bapa wau, ing wekasan badhe amanggih luhur, kabegjan
sarta kawilujengan kaluhuran Amin.

=====

Kala ing dinten Rebo Legi tanggal kaping 13 wulan Sapar taun
Alip angka 1795, bendara Raden Ayu Purwadiningrat putranipun
pambajeng swargi Kanjeng Ratu Angger, bakyu dalem Kanjeng
Ratu AGeng Ibu Dalem ingkeng Sinuhun Kanjeng Sultan Ingkeng
Jumeneng sapunika, seda tilar dunya kundur ing Rahmatollah,
kagarwa Kanjeng Pangeran Arya Purwadiningrat ing Ngayugyakar-
ta, dumugi ing sedanipun Bendara Rahaden Ayu wau, yuswa 72
taun sumare Pajimatan ing Mulangi, awit gerah salira sadaya.
Kasrat kaping 24 Sapar Alip angka 1795
katandhan S.P.R.

=====

Ongka 29, 19 Juli 1866

Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Arya Mangkunagara, ingkang jumeneng angasta panguwasanipun piyambak wonten nagari ing Surakarta, Rider saking Orde Nederlan Senleyo, kolonel komandahan saking ingkang lesiyun kakula wisudha dados ajudaning kanjeng amaharaja Walandi ing Nederlan ing salebetipun padamelan ingkang mirungga, kasebut wonten ing serat kakancinganipun Kanjeng Raja, katitimangsan kaping 6 wulan April taun 1866 ongka 47.

Kanjeng Pangeran Angabei Putra Dalem Inkgang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing Surakarta ing mangke kakula wisudha dados Mayur Jendral Setap.

Kanjeng Pangeran Arya Mataram putra Dalem Inkgang Sinuhun Kanjeng Susuhunan ing Surakarta ing mangke kakula wisudha dados Kapitan Jendral Setap.

Kanjeng Pangeran Arya Prabu Sudibya putranipun Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Arya Mangkunagara ing mangke kakula wisudha dening Kanjeng Tuwan Inkgang Wicaksana Guprenur Jendral kaparingan nama Kanjeng Pangeran Arya Prabu Prang Wadana.

=====

Punika candhaipun cariyos bab jampining sasakit Kolera.

Manawi tiyang Inkgang sakit kolera anuntak-untak, punika angggenipun angombe jampi godhogan godhong peperminn kados ingkang kasebut ing ngajeng kakendelan, dene ingkang kaombe ing nalika makaten konyak utawi likur ingkang keras, saben saprapat jam kaombebab sagelas alit, manawi rkaos ngelak ingkang sakit kolera mawi nuntak-nuntak wau kaombenan toya Walandi sawatawis cegukan kemawon, ananging sampun kerep kemawon anggenipun angombe wau, menggah tiyang sakit kolera lajeng anuntak-untak punika awis-awis ingkang makaten, punapa malih manawi wonten eis, ingkang sakit kolera kaemutan eis pringkil, ananging sampun kerep kerep kemawon.

Manawi ingkang sakit kolera anuntak, pulung manah tuwin wetengipun kadekekan plester ageng ingkang kadamel saking moster, pandekekipun palester punika kedah gentos gendos wonten ing pulung manah lajeng ing wetengipun, plester moster wau kadekekna ing pulung manah utawi ing weteng saengga ngantos abrit kulitipun ingkang sakit kolera, saha ingkang sakit kolera ngantos kraos sakit sanget.

Wondening manawi badanipun ingkang sakit kolera wau sampun anyep, punika pamulasaranipun boten kening katamtokaken, dene sasakitipun kolera lajeng sanes-sanes, saha jampunipun inggih beda-beda, ingkang sampun kalimrahan kaombenan lisah pepermin kaliyan konyak, kasemprota silitipun ingkang sakit kolera kaliyan godhongan teh kembang mawi kamoran opman, panyemprotipun manawi sampun asrep, dados kadamel asrep rumiyin, badanipun ingkang sakit kolera kagosoka kaliyan wol utawi kaliyan kamper tingtur sapanunggilanipun ingknag adamel panas, menggah kamper tingtur punika tiyang saged pikantuk saking paoteker, salajengipun ingkang sakit kolera kakrukuba supados panasipun, punapa malih kajampenan sakathahing jampi ingkang saged amulihaken lampahing rah, saha ingkang adamel

karaos kumepyur.

manawi ingkang sakit kolerah wiwit saras, punika lajeng
kasukanan ingkang adamel kuwat kadosta: kaldhu, ananging

sampun mawi gaji, manawi sampun anedha kaldhu, kasukanana
jangan sop, manawi sampun wonten dangunipun ing dalem sadin-
ten sadalu saking anggenipun wiwit saras wau, ingkang sakit
kolerah kasukanan tetedhan mawi daging sapanunggilanipun,
ananging sampun ngantos kakathahen anggenipun anedha.
Inkang punika saupami wonten ambah-ambahan sasakit kolerah
titiyang kedah ajega lampahing panggesanganipun kados ngadat
sampun ngantos kaewahan, manawi andadosaken segert kasarasa-
nipun.

=====

Pakurmatan ing rawuhipun Kanjeng Tuwan Inkang Wicaksana
Guprenur Jendral ing Nederlan Indhiya: Mister LA.Y.W.Baron-
slut Pandhebele, wonten ing Surakarta, pratelanipun kados ing
ngadhap punika:

Kala tanggal kaping 3 wulan Juli punika kapara priyantun
sanagari ing Surakarta sami bingah ing manah, sareng Kanjeng
Tuwan Inkang Wicaksana Guprenur Jendral rawuh wonten ing
Surakarta, menggah rawuhipun Kanjeng Tuwan Inkang Wicaksana
guprenur Jendral wonten dalem Paresidhenan ing Surakarta wau,
wanci siyang pukul setengah tiga, kakurmatan ing ungeling
mariyem kados ngadat ingkang ampun kalampahan, para priyantun
Walandi tuwin Jawi, para opsir miwah para tuwan-tuwan sanesi-
pun sampun sami ngalempak wonten ing dalem paresidhenan
sadaya.

Kala tindakipun Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana guprenur
Jendral dhateng Surakarta, tuwin militer Komandhan tuwan
Asisten Residhen Kanjeng Raden Adipati tuwin Bupati kakalih
sami methuk wonten ing Kedhung Bandheng, dene Kanjeng Gusti
Pangeran Adipati Arya Mangkunagara methuk wonten ing Kramat,
ing ngriku Kanjeng Gusti Pangeran ADipati ARya Mangkunagara
ayasa pasanggrahan sakalangkung saenipun, menggah pandameli-
pun pasanggrahan punika sakalangkung pantesipun, saha karngga
ing praboting griya ingkang endah-endah, punapa malih gam-
baripun Kanjeng Maharaja Walandi kappasang wonten salebeting
pasnggrahan sampun boten wonten ingkang andadosaken kuciwa
saenipun pasanggrahan wau, dalah palaaraning pasanggrahan
karengga sakalangkung asri saking dening kadekekan gogodhon-
gan ijem mawi kapasangan bandera Nederlan, ing mangke Kanjeng
Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara mugi-mugi kasaosan
pangalembana.

Manawi boten lepat tuwan dhokter sampun adamel gambar sorot
saking pasanggrahan ing Kramat saha sae ing pandamelipun
andadosaken bingahing galihipun Kanjeng Gusti Pangeran Adi-
pati Arya Mangkunagara, ingkang punika pamujinipun para
titiyang, mugi kanjeng gusti Pangeran ADipati Arya Mangkunag-
ara, ingkang punika pamujinipun para titiyang, mugi kanjeng

Gusti Pangeran ADipati Arya Mangkunagara amarengana, manawi gambaring pasanggrahan ing Kramat ingkang kadamel saking sorot wau badhe kagrami, awit titiyang kathah ingkang boten aningali pasanggrahan punika, sami kapengin anggadhahi gambaring pasanggrahan ing Kramat ingkang kadamel saking sorot. Sasampunipun Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral kendel saha anentremaken sarira sakedhap, tumunten anglajengaken tindakipun dhateng nagari ing Surakarta, Pangeran ARya Pringgalaya saha para Pangeran sawatawis sami methuk wonten

ing Jagamasan, sarng dumugi ing Jurug ingknag tebihipun tigang epal saking nagari Surakarta, kanjeng tuwan ingkanc Wicaksana Guprenur Jendral karsa kendel wonten ing pasanggrahanipun ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan, menggah ingkang sampun dados ngadat ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Methuk dhateng Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral wonten pasanggrahan ing Jurug, tindakipun ingkang sinuhun kanjeng susuhunan saking nagari dhateng Jurug punika kadherekaken dening kanjeng tuwan residhen, sareng kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral rawuh wonten pasanggrahan ing Jurug, kapethukaken dhateng ingkang sinuhun kanjeng susuhunan saha lajeng angaturi wilujeng dhateng kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral ing sarawuhipun, menggah pasanggrahan ing Jurug wau inggih karengga sakalangkung sae, mawi kadekekan gogodhongan ijem saha kapasangan ing bandera. Sareng sampun kendel sakedhap wonten pasanggrahan ing Jurug kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral anglajengaken tindakipun dhateng ing dalem paresidhenan Surakarta, menggah ingkang katitayan kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral punika kareta kagungan dalem ingkang sinuhun kanjeng susuhunan, anama Kyai Garuda Kancana, lampahing kareta karindhikaken, mawi kagrabeg para abdi dalem wadana Kaliwon panewu mantri saha prajurit kados ngadat, sareng dumugi ing dalem paresidhenan, kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral pinarak wonten ing dhampar kaliyan ingknag sinuhun kanjeng susuhunan, para ageng Jawi, para priyantun Walandi tuwin Jawi para opsir tuwin para tuwan tuwan sanesipun sami andher wonten ing ngarsanipun kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral. Sasampunipun angunjuk anggur madera kalih gelas minongka kawilujenganipun kanjeng tuwaningkang Wicaksana guprenur jendral ing sarawuhipun wonten nagari ing Surakarta, saha kawilujenganipun ingkang sinuhun kanjeng susuhunan, kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral andhawahaken pangan-dika, angulawisudha awit saking asmanipun kanjeng maharaja Walandi ingkang padamelan ingkang mirungga. Sareng kanjeng gusti pangeran Adipati Arya mangkunagara sampun kakulawisudha dados ajudanipun Kanjeng Maharaja Walandi ing padamela ingkang mirungga, lajeng kaageman pratandhaning anggenipun dados ajudan wau dening Kolonel Raparet, pangageman pratandhanipun

dados ajudaning kanjeng maharaja Walandi punika kaparingaken dhateng kanjeng gusti pangeran adipati Arya Mangkunagara dening kanjeng maharaja Walandi, awit saking sakalangkung panrimahipun kanjeng maharaja Walandi dhateng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara bab anggenipun taberi anglampahi padamelanipun, saha bab saking rumaket tuwin temenipun dhateng kanjeng gupremen.

Kaparengan ing nalika samanten kangjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral amaringi madali emas dhateng kanjeng

pangeran Arya Pringgalaya putra dalem swargi ingkang sinuhun kanjeng susuhunan Pakubuwana ingkang kaping 4, minongka pratondha temen-temen anggenipun anglampahi padamelanipun dhateng karaton ing Surakarta Adiningrat, sareng kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral sampun amaringaken madhaliye dhateng kanjeng pangeran ARya Pringgalaya, tumunten asuka pratandhaning pangaji-aji saha katresnan dhateng ing-

kang sinuhun kanjeng susuhunan awit saking putra dalem ingkang pambajeng kanjeng pangeran angabei kakulawisudha dados Mayur Setap, saha putra dalem kanjeng Pangeran ARya Mataram kakulawisudha dados Kapitan Setap.

Sareng sontenipun lajeng pista dhahar, Kanjeng Gusti Pangeran ADipati Arya Mangkunagara, para ageng Jawi, para priyantun Walandi tuwin Jawi, para opsir, saha para tuwan-tuwan sanesipun inggih sami wonten sadaya.

Kala tanggal kaping 4 wula Juli wanci enjing ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan tedhak dhateng dalem paresidhenan atutuwi dhateng kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral sareng ingkang sinuhun kanjeng susuhunan sampun kondur saking dalem paresidhenan kanegntuwan ingkang wicaksana guprenur jendral lajeng amaringi aodieni, kathah ingkang sami sowan aodiensi. Menggah sontenipun pista ageng wonten ing dalem pareesidhenan, ing waktu punika mawi bulet sekar latu ingkang sakalangkung sae, dene sekar latu punika dadamelanipun Cina saking anggenipun anyaos kapitan tuwin litenan Cina ing Surakarta, kalampahan kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral amaringi panrimah dhateng Kapitan tuwin Litenan Cina, bab anggenipun anyaos sekar latu wau.

Kala tanggal kaping 5 wulan Juli wanci enjing kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral tedhak dhateng kadhaton, atutuwi dhateng ingkang sinuhun kanjeng susuhunan, sontenipun lajeng pista dhahar malih wonten ing dalem paresidhenan.

Kala tanggal kaping 6 wulan Juli ing wanci pukul wolu enjing, kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral tedhak dhateng dalemipun kanjeng gusti pangeran adipati ARya Mangkunagara, ing ngriku kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral aningali barisanipun para prajurit ing Mangkunagaran ingkang sakalangkung sae anggenipun sami amacak baris ing nalika samanten kanjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jendral angulawisudha putranipun kanjeng gusti pangeran

adipati Arya Mangkunagara, kanjeng pangeran Arya Prabu Sudi-
bya anama Kanjeng Pangeran Arya Prabu Prang Wadana, sareng
pukul sadasa kangjeng tuwan ingkang Wicaksana guprenur jen-
dral kondur saking Mangkunagaran lajeng tedhak dhateng ing
kadhaton, kaaturan aningali ngaben-aben sima kaliyan maesa
tuwin angrampok sima wonten ing ngalun-alun, sareng sonteni-
pun lajeng pista dhahar malih.
Cariyos punika badhe kalajengaken.

=====

Panembramanipun Kanjeng Gusti Pangeran ADipati ARya Mangku-
nagara, ingkang katur kanjeng tuwan ingkang Wicaksana gupre-
nur jendral ing nalika rawuh wonten Karangpandhan.

Kinanthi

Sarjuning tyas saha atur. Wiyahing jagat saestu, wewijangan-
ing nalujeng rawuh ing ngriki, langkung ing sokur kawula,
pagari, wonten carane priyangga, kados boten duka tumedhak
malih, sewu bagja kamayangan sasana sang dewaji, paduka
kakilapana, laksitat tamu wande wadi.

Nirengdumadi

Bingahipun manah ulun kadi grimanggihi. Waspada panduming
kalbu, saking labeting tyasadi, kbanjiran ing sarkara, kaju-
grugan wukir sasuci, puwarajati prasanta, sanetyas kang

pinuri, ratus gonda paripurna, sumrik sumrambah mringsthi,
jejeg arjaning tajawa, mulyane kang pinarsudhiri.

di

Marmanta paminta ulun ing paduka ing kang mugi. Tita tetelan-
ing ngatur, tumutur atur pamuji rinesepna ing wardaya, kali-
lana ing sam,angkin sumugi-mugi jeng paduka, kadugena kang
kinapti, pinameka atur sunggata, ngalengen tumrap ping gend-
hing, njangna yuswanira, dening hyang kang maha sukci. Dadya
panembrameng rawuh, nadyan saru kapiar. Santi panembrameng
kidung, cinitreng rat ditya asi, awit punika minongka, paese
kawiri, patlikur ingkang candrama,lek Sapar ing taun Jawi,
sampun kirang pangaksama, amengku kang nedyan Alip satata
trus pujinira, jeng gusti pangra asih.

ndhipati.

=====

Ongka 30, 26 Juli 1866

Punika candhaking cariyosipun kala kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral wonten nagari ing Surakarta, pratelanipun ados ing ngandhap punika.

Kala tanggal kping 7 wulan Juli wanci enjing pukul wolu kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral kaliyan ingkang sunuhun kanjeng Susuhunan anitih kareta tedhak dhateng panggenan ingkang badhe kaadegan griya Posepurweh, kanjeng tuwan Algemene Skretaris, kanjeng tuwan RESidhen saha para priyantun ageng, wah para Ajudanipun Kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral sami andherek sadaya. Menggah panggenan ing ngriku kadekekan pasanggrahan ingkang sakalangkung sae, para tuwan ingkang amaosi titi dhusun akathah ingkang sami dhateng saha sampun ngalempak wonten panggenan ing ngriku wau, punapa malih para tuwan sanesipun ing surakarta saha para priyantun Walandi tuwin Jawi ing sanes nagari inggih sami wonten sadaya.

Sasampunipun Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral kaliyan ingkang Sinuwun Kanjeng Susuhunan tedhak saking kareta, sami pinaraak ing dhampar sakaliyan, tumunten tuwan Olman Liding KOMisai saking padamelan Sepurweh majeng wonten ing ngarsanipun Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral, saha lajeng adarbe panuwun dhateng kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral, mugi karsaha amimiti pandekkipun banon sapisan ingkang badhe kangge kadamel griya Posepurweh wonten ing Surakarta, kalampahan Kanjeng Tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral tedhak dhateng panggenan ingkang pancen badhe kaadegan griya Posepurweh, saha lajeng amituruti punapa ingkang dados panuwunipun tuwan Olman wau, sareng pandekkipun banon saposan dening kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral sampun kalampahan, kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral lajeng pinarak ing dhampar malih, boten dangu kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral andhawahaken pangandika dhateng ing ngakathah, pangandikanipun anedahaken preluning pikantukipun ing para titiyang saking pandamelipun Sepurweh, awit ing Samarang kaliyan ing Surakarta upaminipun kados sampun atunggil, nunten kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral asuka panrimah dhateng ingkang sinuhun kanjeng susuhunan tuwin dhateng kanjeng gusti pangeran Adipati Arya Mangkunagara, bab dhanganing panggalhipun ingkang sinuhun kanjeng susuhunan tuwin Kanjeng Gusti Pangeran ARya Mangkunagara, dening sami karsa amaringaken kemawon siti ingkang kangge ing Sepurweh sacekapipun, wekasan kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral andhawahaken pangandika, manawi nagari ing Sala sasampunipun Sepurweh dados, badhe wewah-wewah ing leresipun anbama Surakarta Adiningrat.

Sareng makaten boten ngantos dangu tuwan C.Pandherlindhe, ingkang amaosi siti dhusun punika majeng wonten ing ngarsanipun Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana Guprenur Jendral, saha lajeng matur anyaosaken pamundhi panunuhun bab anggenipun

karsa anyantosani panuwuning ngakathah saking denin gamaringi
lilah rumiyin ing pandamelipun Sepurweh, kalampahan lilah wau
kaiden dening kanjeng maharaja Walandi, nunten tuwan pandhir-

lindhe matur malih anamtokaken bilih para tuwan ingkang amaosi
siti dhusun kathah ingkang sami dhangan ing manah, anyaosaken
sitinipun ingkang badhe kangge kadekekan Sepurweh, boten mawi
anyuwun tetempah ing pangaosipun siti, wasana tuwan pandher-
lindhe anyaos i wilujeng dhateng kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur Jendral sagarwa putra
sada ing badhe tandaki-

pun dhateng tanah Eropah, wekasan aturipun tuwan pandher-
lindhe mugimugi asmanipun kanjeng tuwan ingkang Wicaksana
Guprenur Jendral Baronslut Pandhebele dados sappingemutemut
ingkang kalayan panrimahing manah dhateng para titiyangipun
ing sanagari Surakarta, sasampunipun tuwan Pandherlindhe
anyaos i wilujeng ing badhe tandakipun kanjeng tuwan ingkang
Wicaksana Guprenur Jendral dhateng nagari Walandi, lajeng
angtag dhateng para priyantun ingkang sami wonten panggenan
ing ngriku, supados amedalna pitembunganipun ingkang seru
makaten: mugimugi kanjeng tuwan ingkang Wicaksana Guprenur
Jendral ing Nederlan Indhiya: Baronslut Pandherbele asugenga.
Sasampunipun angunjuk anggur sampahnye tuwin adhahar dhadha-
haran saha sasampunipun Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana
Guprenur Jendral aningali rengrengan tuwin karepan badhe
griya Posepurweh, saha dununging sepurweh kanjeng tuwaning-
kang wicaksana Guprenur Jendral lajeng angandikan sakedhap
kalayan tuwan Kolonel Timan, Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana
Guprenur Jendral lajeng tihak dhateng pasanggrahanipun Kan-
jeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, menggah pa-
sanggrahan punika rerenganipun sami kalayan pasanggrahan
ingkang wonten ing Kramat, sareng satengah sadasa Kanjeng
Tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral anitih kareta kondur
dhateng dalem paresidhenan, sontenipun lajeng posta ageng
wonten ing kadhaton ngantos pukul kalih dalu bibaripun.

Kala tanggal kaping 8 wulan Juli kanjeng tuwan ingkang wicak-
sana guprenur Jendral tedhak dhateng Karangpandhan bawah ing
Kadhipaten Mangkunagaran, konduripun tanggal kaping 10 dados
kalih dinten anggenipun wonten ing Karangpandhan kanjeng
tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral wau, sontenipun
resepsi ageng wonten ing dalem paresidhenan.

Kala tanggal kaping 11 wulan Juli wau satengah pitu enjing
kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral tindak
dhateng Ngayogya, kakurmatan ing ungeling mariyem kados
ngadat, menggah pakurmatanipun kala tindak dhateng Ngayogya
sami kalayan ing rawuhipun wonten ing Surakarta. Kanjeng
tuwan RESidhen Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunag-
ara tuwin para pangeran kathah sami andherekaken ing tindak
ipun Kanjeng Tuwan Ingkang Wicaksana guprenur jendral, won-
dening ingkang sinuhun Kanjeng Susuhunan kalayan para
pangeran ing kasunanan amethukaken dhateng kanjeng tuwan

ingkang wicaksana guprenur jendral wonten pasanggrahan ing Kalitan, abdidalem prajurit sami kurmat apacak baris wonten panggenan ing ngriku. Sasampunipun adhahar wonten ing pasanggrahan ing Kalitan, Kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral tumunten anglajengaken tindakipun dhateng Ngayogyakarta.

=====

Punika rerantaman rakiting pakurmatan badhe trindakipun Kanjeng Tuwan Guprenur Jendral Baronslut Panderbile, dhumateng pasanggrahan Karangpandhan bawah ing Mangkunagaran.

1. Angkatipun saking dalem paresidhenan Surakarta, ing sanajan dereng katamtu tanggalipun kapetang dinten satunggal supados gampila anggenipun anampeni dhawah. Wondenten pakurmataning angkatipun wau sampun kapratelakaken wonten ing pranatan ageng, ing mangke amung ingkang tumrap dhumateng Mangkunagaran kimawon kapratelakaken kados ing ngandhap punika:
2. Ingkang sudhiya methuk rawuhipun wonten pasanggrahan ing Jurug sawetan Benawi, 1, Pangeran Gondasuputra, Gondawijaya, Gonda Siswara, 2, Arya, 2 Kaliwon Ngabei Jaya Sarosa, Jaya Sudarsa, punggawa mantri sawatawis Dranunder, gangsal Brigadhir, ingkang badhe andherekaken lajeng ngepos urutan margi satus prajurit panumbak baris susungut sakiwa tengenipun urutan margi ageng, awit griya pos dumugi palengkung ingkang pungkasan mawi gongsa kodok ngorek manggen wonten pathuk kilen sakiduling pasanggrahan gongsa carabalen wonten palengkung ingkang wetan sakidul margi, majeng mangaler Kaliwon 2, wau, ingkang satunggal kanton wonten ing griya pos sakilenipun benawi, bekta tiyang sawatawis ingkang badhe aanggendholi kareta, udhunipun dhumateng benawi.
3. Kareta titianipun kanjeng Tuwan Guprenur Jendral dumugi ing griyapos sakilenipun benawi kendel sakedhap awit kapirantosan udhunipun dhumateng benawi, para priyagung ingkang sami andherekaken nitih kareta, mudhun wonten sakilen benawi, mangetanipun sami dhatat amargi kareta wau boten wonten panggenanipun.
4. Ing wetawis sampun anggenipun mirantosi, kareta kalampahaken gongsa kodhok ngorek mungel drah gonderlipwah ingkang andherekaken lajeng mangetan dumugi sakidulipun pasanggrahan nyimpang mangidul lajeng baris majeng mangaler, pangeran tuwan arya punapa malih kaliwon punggawa mantrinipun ingkang wonten ing pasanggrahan sami medal dhumateng margi ingkang kidul urmat wonten sawetanipun ing undhak-undhakan palengkung majeng mangilen.
5. Titian kareta, sareng dumugi sangajengipun ing palengkung kendel kanjeng tuwan guprenur jendral tedhak saking kareta dhumateng ing pasanggrahan pangeran ing Mangkunagaran ingkang methuk wau, angaturaken sadaya pasugatan dhumateng kanjeng tuwan residhen menggah konjukipun ing kanjeng tuwan gUPRENUR

jENDRAL KASUManggakaken kanjeng tuwan residhen lajeng anga-
turi pinarak ingkang tuwan guprenur jendral para priyagung
ingkang sami dherek ingkang kaleres lenggah inggih lengah,
ingkang kaleres jumeneng inggih jumeneng, punapa ingkang
dados pamrayoginipun kanjeng tuwan Residhen gongsa kodhok
ngorek kendel.

6. Sasampunipun dhahar utawi ngunjuk pasugatan kanjeng tuwan
guprenur jendral saha para tuwan-tuwan ingkang sami dherek
mangkat sangking Jurug anitih kareta ladosan sangking Mangku-
nagaran kareta ingkang saking residhenan sajaranipun tuwin
para priyagung ingkang andherekaken sami wangsul ungelipun
gongsa kodhok ngorek nalika jumeneng saking pinarakan.

7. Ingkang anjajari karetanipun kanjeng guprenur jendral ing
ngajeng Drahgunder gangsal Brigadhir ing wingking Ronggasiwa-
ka 4 para Ngabei Demang, bawah Wanagiri sami kaposaken dumugi
ing Karanganyar.

8. Ingkang methuk wonten pasanggrahan Karanganyar 1, Pangeran
ARya Suryadiningrat 1, Arya Suryaputra,1, KALIWON Ngabei
PONcaoya, sawentawis para mantri dhusun Drahgunder gangsal
Brigadhir, kalih atus prajurit tumbak baris sesungut sakiwa-
tengen ing margi ageng, awit palengkung ingknag kilen dumugi
palengkung ingkang pungkas wetan mawi gongsa carabalen wonten
ing palengkung kilen gongsa malih manggen wonten sangajengi-
pun pasanggrahan sakidul margi majeng mangaler, gongsa malih
manggen wonten palengkung ingkang pungkas wetan.

9. Titiyanipun kareta, kanjeng tuwan guprenur jendral bilih
sampun katingal saking karanganyar, antawis kirang sattus
tindak saking palengkung ingknag kilen gongsa carabalen tuwin
sanès-sanèsipun sami mungel prajurit panumbak sami kurmat
sadaya, pangeran sakantenipun ingkang sami methuk wau an-
grumiyini dhumateng ing griya pos sarawuhipun wonten ing
ngriku, kanjeng tuwan guprenur jendral mudhun saking kareta
kaaturan pinarak dhumateng pasanggrahan kanjeng tuwan residhen
ingkang angaturaken pasugatan kados denten kala wonten pa-
sanggrahan Jurug.

Cariyos punika taksih wonten candhakipun.

=====

Serat saking Pasuruan anyariyosaken kados ing ngandhap puni-
ka:

Kala ing dinten sabtu tanggal kaping 23 wulan Juni, wanci
enjing kanjeng tuwan residhen ing Pasuruan andhawahaken
pagadika wonten dalem Kabupaten ing Pasuruan, manawi Bupati
ing Pasutuan Raden Adipati Arya Niti Adiningrat kaganjar
ingkanjeng gupremen kalilan angangge songsong jene.Kala
samanten ingkang sami wonten dalem kabupaten ing Pasuruan
tuwan Sekretaris ing Paresidhenan pasutuan para Kontelir
tuwin para priyantun jawi ing Kabupaten Pasuruan.

Menggah pangandikanipun kanjeng tuwan Residhen wau amratela-
kaken bab lalabetipun Raden Adipati ARya Niti ADiningrat

dhateng Kanjeng Gupremen sampun wonten tigang dasa tiga taun saking anggenipun anglampahi padamelanipun ingkang kalayan temen-temen, ing nalika samanten pangandikanipun kajeng tuwan Residhen ingkang dados sasulhipun Kanjeng Tuwan Ingkang wicaksana Guprenur Jendral adamel karaos ing manah, punapa malih sareng angandika ing wekasanipun mawi angasta pundhaki-pun bupati ing Pasuruan, anedahaken manawi awit saking wawatekanipun utami raden Adipati Arya Niti Adiningrat, ingkang sakalangkung wajib angsal tetenger ingkang ginanjaraken dening kanjeng gupremen, punika angungkuli lalabet kawekelan tuwin rumaketipun Raden Adipati Arya Niti Adiningrat dhateng Kanjeng 'Gupermen, mila Raden ADipati Arya Niti Adiningrat kapurih dening kanjeng tuwan Residhen, apitadosa manawi Kanjeng Gupremen asih dhateng Raden Adipati ARya Niti Adinin-grat.

Raden Adipati ARya Niti Adiningrat karaos ing galih sareng amirng pangandikanipun Kanjeng Tuwan Residhen ingkang kados makaten wau, saha lajeng mangsuli angaturaken ing pamundhi panuwunhun, bab angsalipun tetnger ganjaran saking kanjeng Gupremen, panuwunipun Raden ADipati Arya Niti Adiningrat, mugi Kanjeng tuwan Residhen anyaosena ing pamundhi panunuhunipun Raden Adipati Arya Niti Adiningrat dhateng Kanjeng

Tuwan Ingkang Wicaksana Guprenur Jendral.

Menggah Raden ADipati Arya Niti Adiningrat ing sayektosipun utami wawtekanipun, saha solah pratingkahipun sakalangkung prayogi, boten wonten titimbanganipun, Raden Adipati Arya Niti Adiningrat tedhakistanipun saking bongsa ageng ing jaman kina ingkang sampun misuhur, tedhakistanipun bongsa ageng wau wonten satunggil ingkang perang kaliyan Trunajaya kala ing taun Walandi 1705, kalampahan andadosaken jalaraning pejahipun TRunajaya wau.

=====

Ongka 31, 2 Agustus 1866

Punika candhakipun cariyos kalanipun Kanjeng Tuwan Inggang Wicaksana Guprenur Jendral rawuh saha wonten ing Karangpandhan.

10. Sasampunipun dhahar utawi ngunjuk pasugatan mangkat sangking Karanganyar, gongsa utawi prajurit sami urmat ingkang wonten ngajeng kareta, drahgunder gangsal Brigadhir, ing wingking Ronggasewaka, sakawan para Ngabei ing demang bawah ing Karangpandhan sami ngepos dumugi ing Karangpandhan sareng dumugi pos ing Kuweron kapethuk ing Drahgunder saplaton wonten ngajenging kareta sapalih, mawi panyompret satunggal ing wingking kareta sapalih, Litenan satunggal wonten ing ngiringan kareta, katengen ingkang andherekaken sangking Karanganyar, sami kendel.

11. Inggang sampun tedhak rumiyin bahde anampeni rawuipun kanjeng tuwan Guprenur Jendral wonten pasanggrahan Karangpandhan bilih kanjeng tuwan guprenur jendral wau, ambekta garwa kangjeng gusti pangeran adipati ARya Mangkunagara, sagarwa putranipun sawatawis bilih boten bekta garwa, inggih amung panjenenganipun piyambak saha para putra santana sawatawis.

12. Para prajurit tuwin para andi ingkang kabekta, pirantos angurmati rawuhipun Kanjeng tuwan guprenur Jendral prajurit Infantri sakompanyi, samusikanipun badhe baris susungut sakiwatengenipun margi awit palengkung ingkang majeng mangilen dumugi palengkung ing plataran kilen Artileri, saseksi, mariyemipun kalih, wonten sawetanipun margi, ingkang kidul majeng mangetan mawi mungel kaping 33, prajurit Jaga Astana panumbak mawi rontek kawan atus baris susungut sakiwa tengenipun margi ageng ing Karangpandhan awit palengkung inggah-inggahan dumugi palengkung kang majengilen kapalri, upsir satunggal Drahgunder, saplotun methuk dhumateng pos Kuweron ingkang sampun kasebut wonten bab kaping 10.

13. Gongsa cara Bali manggen wonten saleripun palengkung kang ngandhap sawetan margi, gongsa salerndro ageng, wonten tengahipun margi pinggir kilen monggang, wonten griya kampung wetan margi, sakidul pajagen musikan wonten salebetipun palataran ingkang kidul kilen majeng mangetan gongsa kalengen kangge bilih dalu kimawon utawi manawi wonten karsa dalem denten gongsa ingkang wonten tengah-tengahan wau, bilih sampun dipun angge kurmat wangsul manggen wonten sakidul palengkung wetan sakilen margi.

14. Taksih nunggil denten ing wanci jam 10 enjing kanjeng gusti sasantanipun sami mengagem cara Wlandi, Grutnigalah, methuk dhumateng pasanggrahan ngandhap anitih titiyan kadherekaken Drahgunder sakawan tuwin abdi dalem punggawa mantri sami mengangge prajuritan kapa titiyan ingkang badhe kagem ing kanjeng tuwan Guprenur Jendral tuwin tuwan tuwan sanesipun sami kasudhiyakaken wonten pasanggrahan ngandhap utawi titiyang ingkang badhe geret kareta, bokmanawi kanjeng tuwan Guprenur Jendral karsa nitih kareta minggahipun dhumateng pasanggrahan.

15. Sarawuhipun Kanjeng tuwan Guprenur Jendral wonten Pasanggrahan ngandhap Drahgunder ingkang anjajari ing ngajeng winging, piyak mangidul baris majeng mangaler angajengaken

pasanggrahan gongsa ingkang wontening palengkung ngadhap mungel sanesipun boten bilih kanjeng tuwan Guprenur Jendral sampun pinarak kendel kanjeng gusti sasantanipun methuk wonten ing palataran angancarani pinarak saha angaturaken pasungatan.

16. Bilih sampun pinarak utawi aneningali sawetawis punapa kawontenanipun ing pasanggrahan lajeng mangkat minggah nitih kapal ingkang anjajari ngajeng, Drahgunder 1/2 plotun salompret 1, ing wingking 1/2 plotun ubsir 1, wonten ngiringanipun tengen kanjeng tuwan guprenur jendral gongsa mungel malih, prajurit panumbak satabuhanipun sami kurmat tampen-tinampen sapanginggil.

17. Dungkap lumebet palengkung palaratan musikan mungel bilih sampun kanjeng tuwan guprenur jendral tuwin para tuwan sanesipun mudhun saking titiyan urmat mariyem mungel kaping 33, lajeng pinarak utawi neningali, kawontenanipun salebetng pasanggrahan menggah kamar ingkang kasaosaken ingkang jeng tuwan guprenur jendral ingkang ler wetan kanjeng tuwan Sakeretaris Jendral kamar ingkang ler kilen kanjeng tuwan residhen kamar ingkang kidul kilen sadaya wau pasanggrahan ingkang iring ler, pasanggrahan ingkan giring kudul kamaripun sakawan punika sasaosanipun para Ajudhan tuwin tuwan sanesipun langkungipun saking punika, wonten malih pamondhokan sajawining palataran kamaripun sakawan ing wanvi jam 12, siyang pinarak dhahar.

18. Ing wanci jam 7 sonten dhahar, sabibaripun dhahar, lalengahan utawi main kartu, punapa ing saparengipun kanjeng tuwan guprenur jendral, denten lelangetn ingkang kasadiyakaken gamelan saringgitipun kaliyan para priyantun langen swara, tumrapping gendhing tuwin angulukaken balon.

19. Ing dinten kaping kalih wanci jam 1/2 8 enjing, kanjeng tuwan guprenur jendral tindak dhumateng Pablengan miyos radinan ingkang kilen aningali toya warni-warni, anitih titiyan tebihipun 3 pal tanpa kaurmatan amung kajajaran Drahgunder 5 Brigadhir, Kanjeng Gusti sasantana abdinipun para punggawa mantri sawatawis sami dherek.

20. Ing wanci jam 7 dhahar dhine, sabibaripun dhahar kasukan kartu utawi kalangen gamelan tuwin taledhekan langen swara, angulukaken balon tuwin main api, ing saparengipun kanjeng tuwan Guprenur Jendral.

21. Ing dinten kaping tiga wanci jam 1/2 9 enjing, kanjeng tuwan guprenur jendral kondur saking pasanggrahan Karangpandhan angkatipun saking nginggil anitih titiyan ngantos dumugi ing pasanggrahan ngandhap saweg nitih kareta, kanjeng gusti sasentana abdinipun sami andherekaken dumugi ing pasanggrahan ngadhap menggah rakiting pamethuk tuwin kaurmatan

boten ewah kados denten kala rawujipun.

=====

Cariyosipun kala rampok sampeyan dalem ingkang sinuhun akaliyan Kanjeng Tuwan ingkan gwicaksana kanjeng Tuwan Residhen wonten ing Panggungan utawi para ageng jawi sarta tuwan tuwan sawatawis, baris kapang akepong, sakidul waringin kurung, para bupati wadana anindhihi barisipun pyambak-pyambak mawi tondha bawat utawi bandera sabilik-bilik, ingkang nyepeng waos ing barisan boten kalilan sadhingah tiyang

amung para abdi dalem mangangge kampuh Ancalanan kados garebe-
gan ingkang sampun dados ngadat kanjeng Raden Adipati, anindhihi lenggahing kursi sawingkingipun baris wonten selanipun waringin kurung, kaadhep priyantun wadana pulisi nagari Raden Tumenggung Suradirja lenggah ing lante, ingkang wonten ngarsanipun angampingi salenggahipun kanjeng Raden Adipati priyantun panewu mantri, amung 4 boten kapareng langkung, jejer mujur mangetan anyepeng waos ligan menawi boten kalintu ingkang wonten wetan pyambak, abdi dalem panewu Surati, ingkang kapiji wonten kaptiyan Raden Ngabei Puspa Dirada, lajeng mantri kaptiyan mas Ngabei Suradeksana, 3 Mas Ngabei Kertawijaya, 4 Mantri sanesipun, Kumendhanipun Baris Kaptiyan Raden Panji KLiwon anon-anon kaptiyan, satreng sima ingkang medal saposan nrajang barisan Kaptiyan kawaos dhmateng Kartadimeja, rosanipun sima tatagipun ingkang nadhahi waos bengkung landheyan putung, , sima dhawah tiyang klu mah gulung saengga kakelonan, wantu sima mawi ngekem kuku modot, kentoling tiyang kenging kuku tatu 4 prigelipun para rampok, boten kantos kenging waos amung mantri kaptiyan raden ngabei Kartadirja, kaslempek boten saget mundur sangandhaping alis kasrempeting waos,kantos kewal walipun kaliyan tiyang gegulungan wau, sima medal sajawining baris watawis 6, kaki snagking pabnarisan katututan ing kathah pejah sakidul watn-
gin kurung kang wetan saderengipun pejah adegipun sima kaliyan Rafen Ngabei Puspadirada watawis amung 3 kaki gadugipun pamaos punika para ingkan gngadhep boten kalilan maos menawi dereng gadug waosipun saha lenggahipun boten ewah, dene para tiyang ningali geger sasaran bingung pating bilulung sumanten kanjeng Raden Adipati, sapangiringipun boten ewah jumeneng sangking palenggahanipun kursi kimawon boten, andadosaken pangungunipun para tuwan-tuwan utawi para titiyang ingkang sami nyumerepi, sima ingkang medal kaping 2 nrajang baris kaptiyan pejah nggen satengah ing kalangan baris pajek boten mawi ewah adegipun bibar rampik ingkang sinuhun akaliyan kanjeng tuwan ingkan gwicaksana kanjeng tuwan Sekretaris Jendral kanjeng tuwan Residhen lenggah wonten ing Bangsal Pangrawit, Kanjeng RAden Adipati sowan ing pagelaran ingkang sinuhun lajeng dangu bab Sima 2 mongsa 3 tiyang among tani 4 lepen kados adat, lajeng ngunjuk kaping 2 bibar kanjeng tuwan ingkang wicaksana kondur ing karesidhenan ingkang sinuhun

Kundur ngadhaton kadherekaken dening kanjeng tuwan Residhen.

=====

Tiyang tapa, utawi prajurit tuwin tiyang saged titiga punika drajatipun meh kenging winastan sami, tilasing cariyosipun menggah pangkatitiga wau, langkung dening apanjang, dumugi putra wayah, tuwin buyut miwah canggah wareng, teksih wonten tilasing kasaenanipun ing mangke kang cinariyosaken tilasipun tiyang tapa, kasebut ing ngandhap punika:

Kala karaton Maospait Panjenengan dalem Prabu Brawijaya wekasan putra dalem kakung putri, miyos saking ngajeng, utawi saking wingking, sadaya kathahipunlangkung satus iji, risaking karaton Maospait inggih Majalengka, inggih Majalangu, kagentosan adegipun karaton Demak tiyang bongsa Jawi, sami kaperdi manjing agami Islam manut sarengatipun Kanjeng Nabi Mukamad saking karsanipun Kanjeng Sultan ing Demak tuwin

Kanjeng para wali, wondenten putra Maoslangu, kakung putri wau, ingkang sami karsa manjing agami Islam inggih lestantun sami tundhuk dhateng Demak ingkang boten karsa manut sami rebat purug pating salebar, sasenging galhipun pyambak-pyambak sami kawlas arsa ing lampah.

Wonten satunggal putra kakung miyos saking wingking, nama Raden Jaka Panirat saking Maoslangu lolos mangilen namung lan garwanipun dumugi iringing redi duk redi alit ing tanah Pangelen urut sewu kaparabing wetan raden Jaka Panirat lan kang garwa kendel ing ngriku lajeng adhedhekah, kathah tiyang kang dherek dhedhekah, ngantos dados dhekah ageng, tiyang sakiwatengen ngriku enggening sami mastani dhekah punika Kadilangu, awit kang dhedhekah wong kadi majalangu, ngantos sapriki karan ing Kadilangu.

Raden Jaka Panirat lajeng tatapa wonten Kadilangu, saha linurah dhateng tiyang Sakadilangu, lami-lami puputra satunggal estri, langkung endah warnanipun miyosan ing kadilangu ngriku, sareng sampun prawan karan Rara Kadilangu, kang ibu lajeng seda, layon binesmi, taksih manut agami buda sang retina sasedanipun kang ibu, namung kaemong dening kang rama kimawon caketing dhekah kadilangu wonten lepenipun ageng, inggih karan Lepen Kadilangu, ngantos dumugi samangke sang retina menawi siram tuwin ngangsu miwah mususi uwos ing sadinten-dinten inggih ing lepen ngriku, panuju satunggal dinten sang retina siram ing lepen ngiras ngangsu tuwin musui kados saben sadangunipun siram sang retina lajeng sinarap ing baya pethak baya punika kang wau pandhita ageng sareng sang pandhita puputing yuswanipun kersa anintis nanging panitisipun kalintu dhateng baya pethak punika, mila kang sampun sampurna ing tingal batos ngelmi panitisan punika, kaanggep ngelmi samar, sabab kathah kimawon para pandhita, nitis sami kalintu lan kang dados pangesthining galih.

Sang retina, sareng sinarap ing baya pethak wau, katingal ing ngemban kakung bagus swarnanipun lajeng kabekta dhateng

pajungutan sasampunipun pulang resmi, sami reraosan sang
retna wineling, wong wadon iku kang nestiti ngati-ati, kaya
ta dangdane wong wadon kang rupa kukusan enthogn irus tuwin
soled wusu, bethut sapanunggalane, iku yen ngngkuli wong
priya, dadi apes kang kaungkulan sangretna, lajeng kawangsu-
laken mentas sapinggir lepen katunggilaken panggenanin gjuni-
pun tuwin tanggok pususan byar lajeng katingal lepen malih
mantun katingal pajungutan sang retna langkung ngunguning
galih, sasampuning dangos nyampingan kasemekan junipun ing
ngisen-isen toya, uwos sampun pinususan lajeng mantuk angind-
hit jun saha nynagking togok kacariyos sang retna kahebg
wawrat sampun tigang wulan laminipun padharan sampun katawis
kang rama asring andangu ririh, enggonmu meteng iku nini
kambi sapa, kang putra kendel kimawon amung muwun boten
amangsuli pandanguning rama, saben saben kadangu kang putra-
inggih namung muwun kimawon sareng wawratana saya ageng, saha
kaweningan ing kathah kang rama langkung merang, wanci tengah
daluraden jaka panirat obong lajeng seda, sang retna: kalas
arsa, tinilar ing rama ibu, sakalangkung prihatosing galih,
wawratipun sampun sepuh, lajeng ambabar putra kakung, lang-
kung pekik kang warna. tiyang Sakadilangu, sami atur-atur

sakuwasanipun yen dalur sami kemit melek ing pandhapi dalemi-
pun sang retna, bibar mantuk wanci enjing sam kaparinganned-
ha.

Cariyos punika taksih wonten cadhakistan. Katandhan Raden
Panji Puspawilaga.

=====

Benjing ing dinten Saptu tanggal kaping 4 wulan Agustus
punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan S.T.G. Sen-
sis, dene ing dinten Rebo kaping 15 wulan Agustus wau inggih
badhe wonten lelang ing griyanipun swargi Nyonyah Nolten ing
Loji Wetan.

Surakarta kaping 1 Agustus 1866

Inggang nguwasani lelang, Katandhan Tuwan Panlingen.

=====

Ongka 34, 23 Agustus 1866

Pawartos warni-warni

Dereng antawis lami ing Dhitslan wonten tukang gambar pejah, punika sakalangkung anggenipun remen ngombe inuman, sarening tukang gambar wau saben sonten manawi mantuk saking kekesahan amesthi sampun satengah mendem, pangangkahipun amurih damel kamayaraning awakipun piyambak mila aparentah dhateng rencangipun, kinen tilem tunggil sakamar kaliyan piyambakipun, rencang inggih lajeng miturut dhateng parentahing bendara.

Menggah namaning rencang pun Johan, sarehning Johan punika boten saged pisan-pisan agambar kados bendaranipun, mila sasaged-saged lajeng ambudi amurih ngungkuli bendaranipun bab anggenipun ngombe inuman panuju satunggiling sonten pun Johan anglampahi ingkan gdados pambudinipun wau, sareng mantuk saking kekesahan pun Johan lajeng lumebet dhateng kamaring bendara, sakalangkung anggenipun mendem, ngantos angungkuli endeming bendara kados ngadatipun, kala samanten pun Johan sampun supe sanget, boten anjujug patilemanipun piyambak, lajeng tilem wonten patilemaning bendara, sukunipun kadekekaken wonten ing bantal sirah wonten ing ngandhap.

Bendaranipun boten dangu dhateng lajeng lumebet ing kamar, bendara punika inggih sampun satengah mendem nunten acucul pangangge ing sasagedipun lajeng ambruk wonten ing patilemanipun kados ngadat, sarehning rencang ingkang tilem ing ngriku anggenipun tilem wonten ing pinggir mepet ing tembok, dados bendaranipun boten sumerep dhateng piyambakipun, bendara wau lajeng tilem kemawon.

Sareng sampun sajam anggenipun tilem, bendara aliyan anggenipun tilem wau, tumunten karaos kajeglug ing maujud, bendara kaget lajeng tangi, ananging taksih ayub-ayuben, kawujudan wau lajeng kacepeng, ing ngriku bendara sakalangkung kagetipundene ingkang kacepeng wau sukunipun tiyang, ing waktu punika bendara sumlengeren, ngantos dangu boten sumerep punapa ingkang badhe linampahan, wekasanipun lajeng angundang rencang pun JOhan, pangundangipun makaten: Johan ing paturon ku kene ana wong turu. Pun JOhan kaget ing pangundangipun bendara, tanganipunkumlawe lajeng anyepeng sukunming bendaranipun, wangsulanipun mekaten: ing patileman kula inggih wonten tiyang tilem satunggil.

Sareng makaten bendara kaliyan rencang lajeng sami tilem malih, nunten pun Johan salenetipun tilem sukunipun kadekekaken wonten ing raining bendara, andadosaken ngalilir-ing bendaranipun, suku katamplek ing bendara, ingkang lajeng angundang rencangipun saha wicanten makaten: wong iku asih turu ana paturon ku kene, Johan ingkang kaget malih amangsuli: ing patileman kula inggih taksihwonten tiyang tilem sasampunipun Johan amangsuli makaten, lajeng tilem malih bendara inggih tumut tilem ing sanalika.

Boten dangu Johan salebetipun tilem anyolehaken sukunipun malih wonten ing raining bendara ingkang lajeng ambengok ngundang rencangipun, wicantenipun makaten: Johan wong iki

buwangen saka paturonku.

Kala samanten pun Johan badhe tangi, sarta badhe ambucal tiyang ingkang tilem tunggil kaliyan piyambakipun mila tiyang

wau lajeng kajorogaken saking patileman dhawah ing ngandhap, sareng tiyang sampun dhawah sangandping patileman, pun Johan lajeng andhawah saking patileman, saha tilem malih wonten ing ngriku.

Bendara ingkang kajorogaken wau dhawah wonten sangandhaping patilemanipun, ing ngriku bendara lajeng atilem malih.

Boten dangu bendara tangi malih, ing nalika samanten enget dhateng tiyang ingkang tilem wonten patilemanipun mila lajeng angemek-emeki ing patileman, ananging sampun boten wonten, sakalangkung bingah ing bendara dene rumaos tilem piyambak, wekasnipun angundang rencang malih saha apitaken makaten: wong kang turu ana paturonmu mau kok kapakake, wangsulanipun rencang: kula bucal saking patileman, bendara wicanten malih, wong kang turu ana paturon ku ora nganti dak buwang saka paturon, wis banjur lunga dhewe aniba saka paturon, sareng sampun wicanten makaten, bendara lajeng tilem malih.

=====

Kados pundi tiyang kawastanan andhapan dening sadherekipun piyambak, saha kados pundi ing kadadosanipun.

Tiyang anama Singacondra punika sami sadherek, saha sampun pinten pinten taun agigriya tunggil sadhusun wonten ing dhusun Panolih Dhistrik Cahyana. Sadherek kakalih wau salaminipun rukun boten nate paben, mila lalampahan ingkang kasebut ing ngadhap punika kenging kawastanan awit saking cilakanipun piyambak, menggah pratelaning lalampahan wau makaten:

Kala tanggal kaping 12 wulan Juli ingkang sampun kapengker pun Singacondra, wanci sonten dhateng pategilanipun jagung, badhe jagi jagungipun sadalu posan wonten ing ngriku.

Sadherekipun ingkang anama Trunacondra ing sonten wau wanci pukul wolu panuju mantuk saking kekesahan, lumampah medal ing pajagungan, saha langkung ing gubugipun Singacondra amarengi kala samanten saweg anedha bakaran jagung, sarehning peteng sanget pun Singacondra boten sumerep anggenipun langkung sadherekipun wonten prenah celak ing gubugipun, malah ngantos anglangkungi gubug pun Singacondra tansah boten sumerep.

Sareng makaten Singacondra mireng ebahing uwit jagung, sanalika pun Singacondra medhun saking gubug ambekta waos, sarneg dumugi ing ngandhap lajeng anyapa makaten: sapa kang lumaku ing kono iku, wong apa celeng, anggenipun anyapa wau ngantos kaping pinten pinten, ananging botten dipun sauri.

Sarehning pun Singacondra boten pikantuk wangsulan, lajeng andugi manawi ingkang lumampah punika andhapan, sareng makaten Singacondra amurugi dhateng panggenen ebahing uwit jagung kalayan ambekta waos, pangintenipun Singacondra, manawi andhapan badhe andhelik, mila lajeng kawaos.

Singacondra sakalangkung kaget, sareng mireng sasambating tiyang, lajeng kapurugan, ing ngriku singacondra aningali sadherekipun piyambak ingkang kawaos wau ngantos butul uwangipun, waosipun kadudut ing sanalika, ananging lajeng pocot saking landheyanipun, dados tosanipun kantun wonten ing buwang, nunten singacondra angundang kancanipun ingkang wonten prenah celak panggenan ing ngriku, kalampahan tiyang kakalih sami andudut waos ingkang kantun wonten ing nguwang, kadadosanipun waos wau kenigng kadudut, pun Trunacondra ing

sanalika boten enget,

Kala samanten awit saking saening pamulasaranipun dhokter ing Banyumas, kathah ing pangajeng-ajengipun bab sarasing sakiti-pun Trunacondra, menggah pun Trunacondra wau sareng kataton waos, lajeng kabekta dhateng nagari ing Banyumas, supados kapulasaraha wonten ing ngriku.

=====

Wonten pawartos saking tanah Kedhu, ing ngriku kathah arta gopok kawradinaken wonten tiyang satunggil dede sudagar, punika ing dalem wolung dinten kalebetan anampani arta gopok ingkang warni rupiyah, 1 rambah kaping kalih, warni ukon 1, rambah kaping tiga, tuwin warni talen 1, rambah kaping kalih, para tiyang tamtu sami amestani kalayan satemening manah, manawi kawontenanipun arta gopok wau masthi andadosaken sudaning taberen dhateng panggaotan tuwin kiranging rejanipun titiyang ingkang sami gagriya ing tanah Kedhu, mila parentah kedah anindakaken pranatan amurih kendelipun amradinaken arta gopok punika, wondening ingkang dados pangajeng-ajeng, tanah Kedhu tumuntena saged asuka pawartos bab sirnanipun arta gopok wau.

=====

Kanjeng tuwan Algemene sekretaris asuka uninga dhumateng sawarnining tiyang, kawrat wonten serat kabar ing Betawi, katitimangsan kaping 13 wulan Agustus punika, manawi ing salebetipun taun punika, wiwit tanggal kaping, 11 wulan Oktober iung tanah Melbourne bawah Ustrali badhe anggelaraken barang-barang ing kang pandamelipun awit saking taberen saha kagunan sarta bilih panjurungipun titiyang ing tanah jawi ugi badhe katampenan kados ta kang warni: barang-barang ingkang pandamelipun medal saking taberen ing tanah Nederlan Indiya, wah pamedaling tataneman punapa malih saseratan tuwin dedamel sapanunggilanipun.

=====

Dereng antawis lami ng Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik anggelaraken musik instrumen satunggal, inggih punika bakakas ingkang dados panunggilanipun gongsa Walandi, ungelipun anelad swaraning manungsa, wujudipun awarni kados tiyang estri lenggah, sakathahing brumbungan lampah lebet tuwin wedaling angnipun kadamel saking karet, patrap pasangipun brumbungan manut pitedah ing kawruh, ungeling mmusik intrumen

wau saking swara ageng minggah dhateng swara alit ngantos
tundha nembelas, sarta yen mungel gendheng warni-warni angen-
legi swaranipun tiyang estri.

=====

Ong Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik wonten tiyang
dhawah saking payoning griya ingkang sakalangkung inggilipun,
sareng makaten tiyang wau dhawah ing gegeripun tukang batu
ingkang panuju anyambut damel wonten sangandhapipun payoning
griya punika, kadadosanipun tiyang ingkang dhawah kaliyan
ingkang kadhawahan boten ngantos kirang punapa-punapa, kalih
pisan sami wilujeng, wekasanipun tiyang ingkang dhawah wau
darbe rumaos kawajiban, pantes ngajak anedha ing sanalika
dhateng tukang batu ingknag kadhawahan gegeripun wonten
losemen prenah celak kaliyan panggenan ing ngriku.

=====

Sinom

Wonten basa catur wanda, kawi kang kalih ing ngapti, punika
lamun pinisah, wastane kang temah wiji, akathah monca warni,
dene basa kantunipun, kalih wanda ing wuntat, mastani pakarya
drusti, mialani srana lampah sasamunan.

Sarkara.

Praja agung ing kina winarni, wistanipun basa caturwanda,
lamun pinisah wandane, kakalih ingkang ngayun, wistanipun ing
woh sawiji, arum ing gandanira, nanging tan kalebu, adi ing
wilanganira, dene kalih wanda ing wuri wistaning, rasa ing-
kang kuciwa.

Katandhan Kondhaguna.

=====

Punika candhing cariyosipun Raden Jaka Panirat ing Kadilangu.
Sang Onggapati, lajeng anglampahaken utusan abdi pinisepuh,
atur uninga ing kanjeng Sultan Demak saha utusan paring pirsu
dhumateng kang rayi sang Onggajaya, kang dalem wetan bangawan
Sala, bab kasangsaranipun kang rama, wekasan malih baya
pethak caraka kalih umesat ing kang dhumateng Demak anjujug
Kanjeng Sunan Kudus lajeng katur kanjeng Sultan ing nalika
semanten Kanjeng Sultan sakalangkung pangunguning galih,
midhanget atur lalampahan punika, saha sanget oweling galih,
amargi adipati Jayasengara dipun sihi ing kanjeng sultan
lajeng dhawah dhumateng kanjeng Sunan Kudus baya oethak
Jayasengara kang wonten ngandhap wit Manggis andikakaken
ngruwat serana kaajekaken ing santri kathah kanjeng sunan
Kudus matur sandika, caraka saking Pengging sampun kadhawuhan
punapa sadhawuh dalem kanjeng sultan Demak caraka matur
sandika, pamit lengser saking ngarsanipun kanjeng Sunan Kudus
sadumuginipun Pengging, caraka anjujug sangandaping manggis
Ragabaya, Sang Onggapati tuwin para abdi Pengging, teksih
sami tugur ing ngriku, sang Onggabaya sampun sowan kang raka,
lajeng tugur sangandhap manggis ragabaya kaliyan kang raka,
caraka matur sareh ing dinuta mimiti amekasi sang Onggapati

lajeng dhawuh angerig sawenining sasndri: kaum ngulami: bawah
Pengging sadya, andikakaken sami ngaos wonten sangandhap wit
manggis RAgabaya, ngantos kawandasa dinten boten saged ruwat
utusan anjujug kanjeng Sunan Kudus lajeng katur kanjeng
sultan dhawah dalem kanjeng sultan yen wus tita ora bisa
ruwat Baya Putih iku kon anglabuh marang bangawan Sala, Si
Onggapati, gumantiya kalungguhane bapakne, insun paringi
jeneng adipati Onggapati, kanjeng Sunan Kudus matur sandika.
Enggaling cariyos sang Onggapati sampun guman tyang rama;
nama ADipati Onggapati, Bayapethak lajeng kabronjong, ing
ngusung dhumateng bangawan Sala, dumugi satepinin bangawan
lajeng ing nguculaken saking bronjong, kaceguraken ing banga-
wan wonten salebeting toya bangawan bayapethak Jayasengara,
tansah muring-muring sakathahing baya tuwin bajul ing banga-
wan Sala, dipun amuk sadya kawon sami takluk baya pethak
Jayasengara: lajeng manginggil dhumateng Kedhung Srengenge,
prang kaliyan ratuning baya ing Kedhung Srengenge, kang nama
Sri Jalumampang, weksan srijalumampang kawon prang lajeng
takluk baya pethak Jayasengara, lajeng jumeneng nata wonten
Kedhung Srengenge, nama Sri Baureksa, ratu lami Sri Jalumam-
pang; kinarya papatih, nama patih Jalumampang.

Cariyos punika teksih wonten candhaipun, katandhan Raden
Panji Puspa Wilaga.

=====

Ongka 35, 30 Agustus 1866

Pawartos warni-warni

Titingalan kados kang kasebut ing ngandhap punika, sampun kasumerepan ing saantawis lami, sarta boten kening dipun paiben: yen satunggal kan kaisenana toya buthek mawi kalebetan tawas kathahipun kalih duman ngantos gangsal duman saking wawrat satunggal wihye kapara sadasa, toya punika dados bening sanget, ananging bab ambeningaken toya sarana tawas wau, taksih kapaiben ing sawatawis, wonten tiyang Eropah awasta Senet sakalangkung anggenipun amardi saged ambeningaken toya, menggah kadadosanipun sampun tetela, bilih toya buthek awit saking laletheke ingkang kumambang tuwin ingkang amor ing toya, ing dalem pitung menit dumuginipun pirulas menit saged dados toya pangunjukan sae, anggeripun toya ingknag buthek wau kawadhahan ing satunggilan lajeng kalebetan tawas kathahipun namung sakawan duman saking wawrat satunggal wihye kapara sadasa, utawi sakawan Korel kagerusa ingkang lebat yen toya sampun kalebetan tawas wau, tumunten kaubeka ingkang waradin, kadadosanipun laletheke punika lajeng pisah kaliyan toya sarta kelem mangandhap wonten dhasaring kan, wondening toya ingkang kabeningaken makaten punika kening kaunjuk boten pisan yen ngantos amutawatosi.

=====

Ing satunggilipun dinten malem Senen antawis wanci pukul satengah kalih welas titiyang ing tanah Kepel sami amireng swaraning Bledheg amung mungel sapisan ananging sora sanget ing sasumerepipun para titiyang, sakiwa-tengenipun ing tanah Kepel wau boten wonten ingkang karisakan awit saking ungeling bledheg punika, amung kala dinten Senening ngajeng wau, wanci sonten tiyang amireng pawartos kados ing ngandhap punika: Tuwan B, ingkang gigriya ing Melo, panuju ing dinten Akad wanci dalu kekesahan ambekta kandhi tiyang tani sa satunggal lampahipun angambah radinan alit ingkang tepang kaliyan margi ageng celak ing tanah Kepel, sarening kala samanten jawah deres, tuwan B ngungsi angaub wonten sangandhapipun uwit, sanalika aningali papadhang ingkang amblerengi wonten sakiwa-tengenipun, ing nalika punika tuwan B sumaput, boten antawis dangu sareng sampun enget malih, lajeng ngadeg wonten satengahing margi, sarta songsongipun uwal saking tangan dhawah ing siti sawatawis tebihipun, ngantos saprapat jam dangunipun amung paningalipun tuwan N taksih ambelereng, ananging wilujeng boten kirang punapa-punapa, wondene ingkang taksih kaengetan amung dhadhanipun songsong, wujud tosan punika sakedhap karaos sakalangkung panas wonten tanganipun tuwan B, mila songsong lajeng kakipataken utawi kabucal.

=====

Ing salebetipun sawatawis taun ingkang sampun kapengker, kathah jinisipun uler sutra enggal pinangkanipun saking nagari Cina tuwin Japan sami kabekta dhateng tanah Eropah, titiyang sampun sami anyumerepi, bilih ing tanah Prangkrik punapa malih ing tanah eropa sampun amrelikaken ing panyoba, amurih uler sutra wau keninga kapencaraken wonten

ing tanah sakaliyan punika, ananging kadadosanipun ngantos
sapriki boten patosa amikantuki.
Ing sapunika wonten serat kabar saking tanah Amerikah

anyariyosaken manawi panyoanipun tuwan Trupelot ing tanah
Menlor, amurih endhungipun kupu sageda dados uler sutra,
punika sakinten kaleresan, pamulasaranipun endthung wau boten
mawi rekaos awit tetedhanipun godhong Wilhen, angsal-
angsalanipun sutra kawartos sakalangkung sae awit saking
gilapipun panglikasipun gampil, satunggil endthung amedali
benang sutra panjangipun 1500 elo Inggris, tuwan Trupelot ing
sapunika anggadhahi enthung kathahipun wawratan boten kirang
saking pitung grobag ing salebetipun taun punika enthung
samanten wau badhe kapencar-pencaraken.

=====

Mugi karsaha tuwan amacak ing Serat Jurumartani.
Sareng nalika suwarninipun Kanjeng Pangeran Rongga Ariya
Prawiradiningrat Bupati WEdana ingkang pilenggah ing nagari
Madiyunkacaosan bedhor panah, sangking wedana Caruban ingkang
sampunkendel Raden Bei Prawiradipura kala semanten taksih
medanani wonten Dhistrik Caruban sawek kala angsalipun bedhor
wau piyambakipun kakersakaken pados balung denawa dhateng
redi Pandhanbalung ingkang taksih maujud wijang-wijanging
balung wahu kados ta uwang cumplung igabalung gares sapanung-
galanipun sareng mekaten angsal balung gares punika sareng
kadhungkel saking siti katingal balung wau, wonten tosan alit
cungat-cungat lajeng balung kabathok ing wadung, ing ngriku
sareng balung pecah dedamel bedhor wau kennging kapendhet
lajeng kapriksa pura piyambak sareng dangu-dangu, lina driji-
nipun kablesah namung prasasat dhedhel kulitipun ingkang
ingkang jawi mawon boten let dangu lajeng kraos nyangklak
lajeng semapat sakedhap ngantos dados abuhipun ngantos wolung
wulan sagedipun saras kadhukun dhukunaken, ngantos kathah
klempakipun dhukun ingkeng garap salamenipun sakit wau,
wondening bedhor lajeng kapundhut dhateng negari, woninin
gbedhor saking pemawratipun tiyang kathah inggih dedamelipun
tiyang buda, anglaras saking balung denawa.
Wondening dedamel sapunika kanamanan Kyai Bramastya: saha
sapunika ingkang nyimpen kanjeng Raden Mas Tumenggung Ariya
Natadiningrat Bupati Negari Madiyun, saha sarehning kula
dereng trang menggah namaning balung denawa sampun wonten
para priyantun ingkang maos gugujeng awit saking kaprah
limrah ing tiyang sami mestani balung denawa sabab ingkang
kula jagi jurumartani wonten sebutan balung kewan ananging
atur kula punika mawi wonten tersandhanipun upami balunga
kewan saestonipun boten mawi balung gares ingkang kaprah
gares ing kewan kiki, punika sanes werni saha cumplung ugi
benten uwang mawon kagotong tiyang sekawan saking pandhan
dumugi Madiyun tebihipun 5 pos wah saha mila tiyang monca
negari terang sami mestani balung denawa, amergi ing redi

ngriku mawi gadhah awisan menawi wonten tiyang purun maos
serat rama utawi tiyang dhudhusunan purun ringitan purwa ugi
sawiyah lampahan lajeng boten dangu kadhatengan sima saking
guwa Kopek amergi wau redi pandhan wonten guwanipun sima
samongsa wancinipun prase kathah sima: medal sakig guwa
ngriku, saha lampah ing sima menawi wonten subawa tiyang maos
serat rama sinajan ura-ura lajeng katerak ampuwan pacet
lintah ingkang alit-alit gebel badan sakojur wah kaganggu ing
sima mila tiyang monca negari sami mestani trangbalung denawa

kapirit saking jaman purwa.

Ingkang pratondha, Mantri Negari Ngawi Raden Mas Ariya Panji
Surya Purnama.

=====

Kaligesing ping 15 Agustus 1866 ngaturi suka pirenaning
manah.

Sekar pangkur kang rinengga, den pacaka ing srat jurumartani
ingkang minongka panjurung wedaling kang srat kabar, sagung
ingkang kersa mundhut serat Jurumartani sing Surakarta, mugi
sami nupiksani.

Kula ngaturi cangkriman, wasta abrit langkung cemeng kawarni
langkung cemeng wstanipun abrit ing warnenira, lah sumongga
pawong mitra kang pinunjul suwawi dipun batanga, cangkriman
kalih prakawis.

Sampun tumpang so ing nalar, lah suwawi den batang kang
patitis sinerat tanggal ping telu Rubingulakir condra, kang
pandhawa wiawagoraning ratu katandhan Mas Talisabda, Carik
dhusun Kaligesing.

Ing nginggil punika sangking panuwun kawula mugi kapacaka ing
srat Jurumartani, kawula carik dhusun Kaligesing, Talisabda.

=====

Kadi madu panasthi kamanis, pan kumudu kumedah kanggeya,
rinahabna sadayane, walitya ing sasiku, tembung karya ciya-
keng galih, kawula arsa batang cacangkrimanipun, priyantun
kang ambeg santya, sujana reh trang cipta santoseng galih,
tang pindha pawugata.

Cangkrimanya kang nomer satunggil, sekar sinom pabatang
kawula Majapait nagri agung, tan lyan ing pamanggih kula,
boten langkung yen lepat atadhah runtik, apunten tangpa wara.
Nami ulun taksih ngarsi-arsi, tunggilipun cangkriman punika
sinau mencarna lare, nuntuning tyas balilu, ngindhakaken
lantiping budi, mila sanget mintamba, mring kang darbekayun,
ngedalaken cacangkriman, tembung alus remit kramane patitis,
pratondhaprameng sastra,

Silih ulun yen arsa udani, gih kawula pun Prawiradirja, ing
Surakarta nagrine, ing gunung Kendheng suku, ring Jabrisan
wastaning bukit, arda turideng nglampah, nggen ulun tumuwuh,
tnwonten ingkang mulanga, marma mangke kelajeng bodho tan
bakit, namung lowung kewala.

=====

Punika candhaking cariyosipun Raden Jaka Panirat ing Kadilangu.
patih Jalumampang angreh sakathahing baya tuwin bajul sapan-
gandhap sapanginggil ig bangawan Sala sadaya, kacariyos Sri
Baureksa, rinten dalu tansah angajap-ajap panedhaning galih,
muga turune kigedhe Pengging, tinekakna ing Kedhung Srengenge
kene, aku bakal malesukum marang turune Ki Gedhe Pengging.
kacariyos titilaranipun putra kakung, Kanjeng Kyai Ageng
Pengging, nama Raden Mas Karebed ingkang pinendhet putra Nyai
Ageng Tingkir, karan Raden Jaka Tingkir, suwita ing Kanjeng
Sultan Demak langkung kanggep ing pasuwitanipun abdinipun
prajurit kangjeng Sultan priyantun Prawira tamtama, kathahi-
pun kawanatus sadaya sami tiyang pipiliyan teguh timbul tan
ana braja tumama, menawi sami napuk bandheng pecah sirah ing
bandheng lajeng pejah, raden Jaka Tingkir kadadosaken Onder

Mayoring prajurit prawira tamtama unika sampun misuwur ing
sanegari Demak satelatahipun sadaya, Raden Jaka Tingkir Onder
Mayur tamtama, bagus prawira ing yuda, dados kekidunganing
para estri ing sanegari Demak awit saking bagusipun.
Adipati Onggapati ing Pengging, langkung sandeya ing galih,
denekanjeng sultan angabdekaken putranipun kanjeng kyai ageng
Pengging, sarta sanget kanggep cinipta boten wande ing tembe
Raden Jaka Tingkir punika, kaantukaken tinanem dados adipati
ing Pengging, mila adipati Onggapati lajeng mogok boten purun
sowan dhumateng ing Demak menggah pamogokipun Adipati Ongga-
pati ing Pengging, sampun misuwut ing sanegari Demak sampun
katur ingkang jeng sultan kanjeng Sunan Kudus ing ngandikan
prapteng ngarsa kadhawahan matah satunggal bupati kang prayo-
ga, andikakaken mukul mring adipati Onggapati ing Pengging,
Kanjeng Sunan Kudus matur sandika lengser saking ngarsa
sultan.
Enggaling cariyos sampun anglampahaken satunggal bupati,
lumurug dhumateng Pengging, nanaging panglrugipun kasor,
santun santun kang linurugaken tansah kasor, katur ingkang
kanjeng Sultan manawi adipati Onggapati, langkung ampuh
yudanipun kanjeng Sultan langkung rentenging galih, awusana
Raden Jaka Tingkir Onder Mayur Tamtama ingkang tinedah lumu-
rug dhumateng Pengging, kancanipun prawira tamtama, kadhawa-
han andikakaken ambekta sadaya aturipun Raden Jaka Tingkir,
menawi swek mengsah adipati Onggapati ing Pengging kemawon
boten susah angedalaken abdi dalem konca prajurit prawira
tamtama sadaya, Raden Jaka Tingkir ijen kemawon sagah amar-
jayeng adipati Onggapati ing Pengging. ananging dhawah dalem
kanjeng sultan kedah andikakaken ambekta kancanipun raden
Jaka prajurit ptawira tamtama ing sawetawis raden Jaka and-
herek ing sakarsa dalem kanjeng sultan kancanipun kabekta
namung tigangdasa, sasampunipun samekta: Raden Jaka Tingkir,
bidhal saking nagari Demak.
Boten kawiraos lamining margi, lampahipun Raden Jaka Tingkir

sampun nganik laladening nagari Pengging, kula wangsani pun
Raden Jaka Tingkir, tiyang sanegari Pengging sadaya, sami
mireng pawarta tetela, yen kang ingutus kangjeng sultan
lumurug dhumateng Pengging, gustinipun piyambak Raden Jaka
Tingkir namung kanthi abdi tiyang tigangdasa, samangke sampun
rawuh sajawining nagari, tiyang sanegari Pengging bodhol
sadaya, tilar sang adipati onggapati, ambalik andherek gusti-
nipun piyambak sabab abdi alit ing Pengging, kathah kang
kalebet kulidadingipun raden jaka Tingkir, Adipati Onggapati
kantun anggana, ingkang jagi namung abdinipun kang rayi
Onggabaya, tiyang sawetan bangawan Sala, tuwin kang rayi Sang
Onggabaya, tugur anjageni kang raka gsang adipati, boten
mantuk mantuk dhumateng wetan bangawan.
Cariyos punika teksih wonten candhakipun, katandhan Raden
Panji Puspa Wilaga.

=====

Tuwan Dhegroot Kolep enko angintunaken serat pratelanipun
serat pananggalan tuwin Jurumartani dhateng para priyantun
sadaya, ing mangke panedhanipun tuwan Dhegrootkolep enko
dhateng para priyantun wau, mugi karsaha angintnaken wangsul
ingkang tumunten serat pratelanipun serat pananggalan tuwin

Jurumartani sasampunipun kaseratan sapinten anggenipun sami
mendhet serat paannggalan tuwin jurumartani wau, kakintuna
medal ing pos dhateng tuwan Dhegoort Kolep enko mawiya ka-
dekekan ules marapat, supados sakedhik bayaranipun pos,
Surakarta kaping 16 Agustus 1866 Katandhan tuwan Dhegroot
Kolep enko.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegoot Kolep enko mentas atampi malih
buk pirantos wadhah gambar sorot ingkang sakalangkung sae
tuwin lis lis gambar, puanapa malih kertas warni-warni saka-
langkung kathah, gelas gelas tuwin garan kalam saha barang
sanesipun.

Katandhan Tuwan Dhegoor Kolep enko

Ing tokonipun Tuwan Dhegroot Kolep enko, mentas atampi barang
dagangan awarni Erloji tuwin kalung rantemas ingkang saes
sanget, pancen kawade sakalangkung mirah reginipun.
katandhan Tuwan Dhegroot Kolep enko.

Ongka 36, 6 September 1866

Pawartos warni-warni

Kala tanggal kaping 15, wulan Agustus punika ing nagari Betawi pernah celak kaliyan kareteg ing kitha Weltepredhen kareteg ingkang mawi ineblerengan pancen kadamel margi lampahing baita wonten cilaka ingkang anggigirisi manahipun [ara tiyang ingkang sami nyumerepi, wonten bendi satunggal katumpakan tiyang jaler ambekta anakipun jaler taksuh rare, punika tumbukan kaliyan kareta, bendi lajeng alewang tuwin jempalik kadadosanipun rare wau sirahipun remek kapipit ing ngindhen kaliyan paltosan cagak lantera, bapakipun rare awit karaos sakit anggenipun anemahi sangsara punika, sakalangkung riwung ing manah, lajeng angrangkul kencenging dhateng anakipun ingkang sampun rusak sipatipun boten kaeculaken ngantos bapa wau dhawah ing siti sara kalempur, wonten dhokter sawatawis sami dhateng tutulung, lampahipun dhesekan kaliyan sakathahing tiyang kang sami aningali dhokter sawatawis punika tumunten angangkah sagedipun kendel katingalan ingkang anyekelaken manah wau, jisimpun rare kaliyan bapakipun ingkang kalempur sami dipun ken ambekta dhateng griya ingkang pernahipun celak piyambak wonten ing ngriku bapa wau tumunten anget malih, saha rumaos kasekelan ing satemenipun.

=====

Ing serat kabar saking tanah Prangkrik wonten cariyos kados ing ngandhap punika.

Panuju ing dinten Senen wanci enjing wonten Juru serat satunggal anyuwun pamit dhateng lurahipun badhe kakesahan ing dalem 48 jam prelunipun atuwi dhateng akrabipun, lurah punika inggih pareng, sareng juru serat wau ngantos pitung dinten boten mantuk tiyang boten wonten ingkang sumerep punapa sababipun, ananging pendhakipun dinten senen ing ngajeng wau wanci enjing juru serat katingal dhateng, wancinipun kados adat ingkang sampun kalampahan, lurahipun lajeng apitaken: eh juru tulis sapa kang wis anglilani pamitmu lalungan nganti muput pitung dina iku, juru serat amangsuli: sampeyan piyambak tuwan ingkang sampun anglilani anggen kula kakesahan, lurah awicanten malih: aku ora rumongsa, temen aku anglilani pamit mu mung ing dalem 48 jam ora ta nganti nem dina mangkon, juru serat matur malih: yen kula lepat kula anyuwun ngapunten, anggen kula kakesahan punika laminipun namung anetepi ingkang sampun dados lilah sampeyan kateranganipun kula sakonca sadaya ing dinten-dintenipun sami anggarap padamelan amung wolung jam dados etangipun wolung jam sadinten kaping nem dinten jangkep 48 jam wondening manawi dalu tuwin ing waktu bilih kula boten dhateng anggarap padamelan leresipun kula boten susah anyuwun pamit dhateng sampeyan. Wangsulan makaten punika patitis ing salajengipun lurah wau manawi badhe anglilani pamiting kalereyanipun laminipun mawi angetang jam-jaman manut mangsanipun tiyang anyambut damel. Wonten tiyang estri rencangipun juru sabin angenger dhateng satunggilipun Nyonyah ing tanah Belhi, anggenipun kesah saking dhusun saweg sapisan punika, lurahipun enggal angu-

lungi mrica taksih klothongan kadhawahan wontening kanthong,
parentahipun marica kagilinga ingkang lambat, rencang estri
matur pitaken dhateng lurahipun: nyonyah kados pundi anggen

kula anggiling marica punika, lurah amangsuli ing pawon ana
kothakan siji, tumumpang ing blabagan iku pirantine panggil-
ing mu marica, rencang estri lajeng kesah badhe anggarap
damelanipun ananging tumunten wangsul malih saha matur dha-
teng lurahipun: nyonyah, marica punika jinisipun marica
punapa, dene damelipunnamung sindhen kemawon, rencang estri
ingkang prigel kados makaten wau, angenipun anglebetaken
marica kalintu ing panggenanipun boten kalebetaken ing kothak
gilingan marica, ananging kalebetaken ing pethen ing kang
mawi isi mainan Orgel sorogipun tansah kaubengaken dhateng
rencang estri punika.

=====

Ing tanah Opalenit gagolongan ing kitha Posen bawah ing
Prusen, dereng lami wonten tatingalan aeng medal saking
kodrat, sakawit kamirengan swaraning bledheg anyamber-
nyamber, akanthi jawah uwoh, tumunten kendel sakal namung
kilat ingkang gebyar gebyar, tanpa mawi swaraning gludhug, ing
satatenganipun kilat agbyar-gebayar, sakal wonten papeteng
gumeleng kathah katingal prenahipun ing kidul adhapur kados
tugu ageng lancip sarta memper kukus kumelun medal saking
kang kabesmenan ageng, papeteng wau ula layangan wonten ing
gagana, mawi nyuwara gumrebeg purugipun mangaler lereslajeng
angrisak angrebahaken gilingan ingkang kalampahaken sarana
angin angrucat kajeng raganganipun griya gilingan punika
kabekta mumbul wah malih angsol wit-witan tuwin tataneman
sanesipun katut sasitenipun pisan, sadaya punika kabekta
mumbul alalayanan ngantos tebih purugipun, titinglaan peteng
wau tumunten malih dhapur tugu gilig, lajeng malih dhapur tugu
lancip ingkang kuwalik, bongkotipun kasasaban mega,
lancipipun lalayanan tumutun ing siti sarta anggosongaken
pupucukipun wit-witan, dangu-dangu titingalan peteng punika
nipis ananging taksih lalayanan tumunten ngampar sarta
musna, sirmanipun adhapur kados ular-ular gumantung, wonten
ing panggenan sanesipun sawatawis angrarisaki kathah, sarta
kawastanan caleret taun, wonten ing tanah Polen angesataken
toyanipun balumbangan angrebahaken tuwin angrarisak griya
pitu gadhahanipun tiyang tiyang juru sabin wah malih amame-
jahi tiyang pitu, sarta anatoni sanget dhateng tiyang pitulas
sanesipun, jisimipun tiyang ingkang dipun pejahi punika,
ingkang satunggal pinanggih sigar dados kalih, wonten tyang
jaler satunggal kesah ngungsi akanthi anakipun taksih rare,
sareng amrangguli caleret taun wau, baonipun lajeng katempuh
kaputung-putung, anankipun kasaut kabekta mumbul, wonten
malih tiyang ingkag anggadhahi pasiten ing tanah Stolselno,
punika kasaut dening caleret taun sakapalipun ingkang dipun
tupaki, kabekta mumbul kaubeng-ubengaken ngantos dangu

wonten ing gagana, atatunggilan kaliyan kakajengbakakas
griya, wah jisim tuwin sanes-sanesipun malih ingknag sami
kasaut mumbul dening caleret taun wau, ananging tiyang ing-
kang numpak kapal punika wilujeng gesang.

=====

Saking panuwun kawula mugi kapacak ing srat jurumartani, bab
saking lampah-lampahipun tiyang nanem pantun gagi ing redi,
tanah Rema.

Mongsa dhestha, Pengaitan, artosipun malih-malih siti

Mongsa Sadha, prembukan, artosipun rembagan.

Mongsa ?Kasa, ?utas dalan artosipun ?Babad margi

Mongsa Karo, Tarung Dadi artosipun Maculi sarta mancong

Mongsa Katelu, Suci badan artosipun Ngresiki kang sampunka-
paculan

Mongsa Kapat, Mandheng nggon dewa artosipun Palang-palang
panggenan gagi

Mongsa Kalima, mendhemsoca, artosipun Monja inggih punika
mawur gabah

Mongsa Kanem nglangutaken kasiyan artosipun Mentas kawatun
tuwin mongsamapak saha meteng,

Mongsa kapitu, manggung pari artosipun Pantun sepuh kuning-

Mongsa Kawolu, motong gulu, artosipun mugut

Mongsa Songa, Kabonda artosipun Gedhenging pantun

Mongsa Sapuluh Katuring gusti, artosipun munjungi sekull
dhteng lurah.

Luning kaping 23 Agustus 1866, Katandhan Senawing Kepala
ancer slokan Luning.

=====

Punika candhaking cariyosipun Raden Jaka Panurit ing Kadilang-
gu.

Kacariyos sampun campuh prang rame, Kulawongsa ing Pengging,
ngumpul andherek Raden Jaka Tingkir, prang kuwel kaliyan
abdinipun sang Onggabaya, tiyang wetan bengawan dhadhal larut
boten kuwawa nadhahi pangamuking Kulawongsa ing Pengging,
Raden Jaka Tingkir prang ijen kaliyan adipati Onggapati, rame
sendhal-sinendhal sang adipati sinendhal dhawah krungkeb
lajeng tinampiling dening Raden Jaka Tingkir, sang Onggabaya
giris mulat lajeng smembah angrungkebi sukunipun Raden Jaka
Tingkir ing satengah payudan takluk aminta gesang, bibaring
prang kasaput ing dalu.

Ing roroncatan wiraos raden Jaka Tingkir, bidhal kondur
dhumateng Demak para boyongan garwa putranipun adipati Ongga-
pati, utawi garwa putranipun Onggabaya, tuwin kang nama
Branartya, sadaya lumampah ngarsa, Raden Jaka Tingkir, tuwin
abdi Prawira Tamtama tigang dasa, lumampah ing wingking, abdi
kawula warga ing Pengging, aja owah kaya kang mau raden Jaka
Tingkir, sadhatengipun ing Demak dados tontonan ing sanegari,
sami pupuji angalembana dhumateng Raden Jaka Tingkir, sampun
katur ingkang jeng sultan lajeng ing ngandhikan umanjing

pura, kanjeng sultan saya wewah sih pracayanipun dhumateng raden Jaka Tingkir, denen boyongan saking Pengging, anak rayatipun Onggapati utawi Onggabaya, lajeng kadadosaken pamomongipun Raden Mas Panangsang, pinaring lenggah siti ing Mataun sareng raden mas Panangsang diwasa, jumeneng Pangerwan wonten ing Jipang, nama Kanjeng Pangeran Arya Panangsang, Onggabaya, ing ngangkat nama Tumenggung teksih dados emban ngiras papatih.

Kala semanten Raden Jaka ing Tingkir Kersa Allah kadamel lalampahan Raden Jaka tampi dudukanipun Kanjeng Sultan ing Demak ingkang dados bubuka ngajeng, wonten satunggal tiyang ing dhusun Pingit tanah ing Kedhu, nama Dhadhung Awuk piyambakipun sanget enggenipun suekti, lumebet ing nagari Demak Sumedya ngabdi dados abdi dalem prajurit Prawira Tamtama, ingkang sampun dados adad menawi wonten lebetan abdi dados

abdi dalem prajurit prara Tamtama, ingkang sampun dados adad menawi wonten lebetan abdi dalem prajurit Prawira Tamtama, margi saking para nayaka, lajeng katur ing rekyana patih, lajeng konjuk ingkang jeng sultan kanjeng sultan lajeng dhadhawah dhumateng Raden Jaka Tingkir, Onder Mayur Tamtama, tiyang kang lumebet wau, andikakaken anjajal kaaben kaliyan Bantheng, wonten ngalun-alun sawetan ngringin kurung kang wetan menawi nampiling bantheng sapisan pecah sirahing bantheng lajeng pejah, punika estu kalebet dados abdi dalem prajurit Prawira Tamtama, yen nampiling bantheng boten pecah, boten kalebet pangabdinipun.

Angleresi dinten pasowanan ageng, rekyanapatih sakancanipun para nayaka, sampun sami pepak sowan ing bangsal pasowanipun prenah sawetaning bangsal pangrawit ing pagelaran Raden Jaka Tingkir sawek ngandikan lumebet ing kadhaton kados saben ingkang sampun dados adad menawi raden Jaka sowan wonten ing bangsal pasowanipun enjing lajeng ngandikan lumebet kadhaton antawis sajam wangsul medal dhumateng bangsal pasowanipun Dhadhung Awuk tiyang ing dhusun Pingit tanah Kedhu wau, dhatengipun tanpa larapan lajeng marojog anjujug pasowanipun abdi dalem prajurit Prawira Tamtama, sami tinakenan sanjang yen tiyang saking tanah Kedhu ing dhusun Pingit wasta Dhadhung Awuk boten dangu, raden Jaka Tingkir Onder Mayur Tamtama, medal saking kadhaton oreg prajurit Prawira Tamtama, sami urmat andhodhok raden Jaka sampun punarak ing bangsal kancanipun sadaya sami wangsul tatapa lenggahanipun malih, Raden Jaka kaget aningal tiyang satunggal sanes kancanipun prajurit umbul Tamtama matur, angger punika tiyang dhusun Pingit tanah Kedhu, nama pun Dhadhung Awuk sumedya ngabdi ing rama dalem kanjeng sultan dados abdi dalem prajurit Prawira Tamtama, Raden Jaka mireng atur kang makaten parebeng esmu runtik ing galih dene tilar adad boten mergi ing mergi, ananging dukanipun raden Jaka sinamun lajeng anggenten sarta angandika abot temen wong sumedya dadi kancaku karsaning gusti kudu

sarat jinajal dhingin aturipun dhadung awuk klangkung suka
ing manah angger menawi rama dalem kanjeng sultan kersa
anjajal kathah-kathah sesongaripun Dhadhung Awuk raden jaka
bawenipun priyantun teksih timur, midhanget aturing tiyang
peksa lancang, kelajeng runtiking galih, wusana ngandika
majuwa mrengse dikedhak lungguha ing ngarepku, aku dhewe kang
anjajal marang kowe, enggenipun anganten raden jaka sawek
anengahi, sareng Dhadhung Awuk sowan majeng, dhadhanipun
sinuduk ing sadak dening raden Jaka, dhadha pecah Dhadhung
Awuk niba pejah kapisanan kancanipun prara Tamtama dipun
kejepi, sami andikakaken ngarocok sadak sadaya tumandang
Dhadhung Awuk kinarocok ing sadak kuwandanipun ajur, namung
sinudukan ing sadak kemawon boten sinuduk an ing dedamel
sarehning abdi dalem praira Tamtama sadya sami sekti kados
Mayoripun.

Cariyos punika teksih wondten candhaipun, Katandhan Radan
Panji Puspa Wilaga.

=====

Cangkriman Sekar Asmaradana

Sang dyah sukune mung siji, atenggak datan pasirah, sirah,
siri bengkah pranajane, winayungyung jangganira, sinendhal

ngasta kiwa, ngaruara denya muwun sarwi kekejek kikitrang.

=====

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor
lelang ing Surakarta kala ing wulan Mei 1866 ing mangke sami
kaemutaken mugi ambayara sambutanipun wau saderengipun utawi
satelasing wulan September punika, manawi boten angleksanani
ing pambayaripun para tiyang wau badhe katagih medal saking
pangadilan. Ingkang nguwasani kantor lelang.

Surakarta kaping 1 September 1866. Katandhan Tuwan Pan Ogend-
horep.

=====

Ongka 37, 13 September 1866

Pawartos warni-warni

Minongka pratandhaning katemenan, kapratelakaken kados ing ngandhap punika.

Dereng lami wonten opsir ing beteng Dhekok tanah Padhang anama Tuwan R, punika nuju mider-mider anumpak kapal dhateng ing kitha Gedhang kaprenah celak ing beteng Dhekok, sareng wanci sonten opsir wau mantuk, sumerep manawi erlojinipun ical, iong sanalika opsir punika asuka uninga dhateng lurah ing kitha Gedhang, bab anggenipun kecalan erloji. Menggah lurah ing kitha Gedhang awit saking kumedahipun badhe aningalaken damel ingkang kalayan taberi dhateng tuwan R, elet tigang dinten saking icaling erloji lurah wau tumunten saged amanggihaken erloji sarta lajeng kawangsulaken dhateng ingkang gadhah, boten mawi wonten ingkang risak.

=====

Pawartos saking tanah Amerikah, ingkang kasebut ing serat pawartos kawastanan Bintang Timur, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Tiyang asuka pawatos manawi pamelikan Salaka ing Nefada (Nevada, mungkin), lami-lami sangsaya mindhak kathah pamedalipun, wonten malih pamelikan enggal ingkang nembe kapelik sarta ing salebetipun tigang taun ing Ustin Phirgeniya tuwin ing Kitei punika wonten 130 panggenan ingkang tansah kapelik, saking pamelikan wau satunggil tunggilipun amedalaken Salaka ing dalem sadinten wawrat 1000 ringgit punapa malih titiyang sampun sami anyumerepi kathah siti ingkang amedalaken Salaka sakalangkung kathahipun, dene pakumpulanipun tuwan Gel tuwin tuwan Ketei, sampun pikantuk kauntungan kathahipun 14,000,000, rupiah. Makaten ugi ing Sanpransisko inggih kathah panggenan ingkang amedalaken pelikan Salaka, menggah angsal-angsalanipun Salakaa wau, kabekta ing nagari Inggris wonten ing ngriku lajeng kalebur.

=====

Ing tanah Rus kathah pratandhanipun ingkang sampun kasumerepan ing titiyang, manawi tanah ing ngriku kathah panggenan ingkang wonten pelikanipun Areng Sela, pamedalipun anglangkungi kathah saking pamelikan ing tanah Amerikah. Ing redi Ural kathah ugi titiyang ingkang sampun angsal panggenan pamelikan Areng Sela, sarta reginipun sakalangkung kathah, awit celak panggenan ing ngriku kathah pelikanipun ingkang

kenging kadamel tosan.

Tiyang asuka pawartos manawi panggenan ingkang kapelikan wau wiyaripun wonten 120,000 mil pasagi, sarta celak ing lepen Dhon wonten ingkang wiyaripun 180,000 mil pasagi, panggenan pamelikan kalih punika kemawon, anjawi pamelikan ing Kaukasus Krim Simbersek Ekatarinopoko, Kairon tuwin Kif, punika an-glangkungi ageng saking panggenan pamelikan ing tanah Ameri-kah.

=====

Ing tanah Prangkrik wonten pandhe ingkang sampun pikantuk kagunan enggal, adamel lapising tracakipun kapal, punika tracaking kapal wau kedah kapapral ingkang waradin sarta katatah, dene lebet ing tatahan sacekapipun lapis tosan puni-ka, supados malebet ing lapis sampun ngantos renggang, saha

saged dawa radin lapis wau kaliyan tracaking kapal, punika kenigng kaangge sakalangkung lami.

=====

Bab umuripun titiyang estri

Wonten cariyosipun yen sawarnipun tiyang estri boten purun ambelakakaken umuripun punika dora, wonten tiyang estri sawatawis ingkang remen nyidhem umuripun samanten punika bilih umuripun sampun lumampah wolung dasa utawi sangangdasa taun, sarta sampun boten anggadhahi pangjeng-ajeng sagedipun laki, utawi sagedipun imah-imah kaping kalih.

Tiyang estri ingkang sampun sakalangkung sepuh, nanging mangartos temen saged sumerep bilih badhe tumunten angsal pacangan awit saking sanalar-nalaripun punika inggih badhe ambelakakaken medal saking pikajengipun piyambak sapinten umuripun estri wau prelunipun belaka punika, supados wontena tiyang ingkang mestani yen tiyang estri wau angeram-eramaken sanget.

Wonten malih tiyang estri ingkang badhe purun amratelakaken umuripun samanten punika manawi warnipun taksih katingal anem sanget rumaosipun badhe kawastanan taksih rare, wonden-ing yen warnipun katingal sepuh, inggih ugi badhe purun ambelakakaken umuripun, ananging bilih dhasar taksih anem amung katingal sepuh kemawon.

Rare estri ingkang sampun ragi sepuh, bilih katakenan umuri-

pun boten purun belaka, amasthi lajeng ngaken taksih anem,
purunipun belaka bilih warninipun katingal sepuh, timbang
kaliyan mangsanipun sampun kenging imah-imah sarta boten
angsal jodho.

Dagingipun kewan sepuh kenging kasaekaken awit saking kaguna-
nipun ing pangolah, peksi sepuh kenging kagodhog utawi kaku-
kus, tiyang jaler sepuh utawi tiyang estri sepuh, ingkang
mangarttos badhe mangangge samukawis ingkang pantes timbang
kaliyan umuripun, manawi rema tuwin godhogipun tiyang sepuh
ingkang sampun uwanen mawi kapidih punika anjelehaken warni,
sarta mewahi awonipun, katingal anyanyengit, wondening bilih
rema tuwin godhog wau boten mawi kapidih, kalulusaken saka
wuudipun punika katingal prak ati, badhe andadosaken kajeni-
pun tiyang sepuh.

Inkang sampun kalimrahan tiyang umur sepuh kawastanan pantes
dipun ajeni, ananging warninipun katingalan awon, kathah rare
alit ingkang gadhah watekan remen angiwi-iwi saking wingking
dhateng bapa biyung tuwin gurunipun ingkang sampun sami
asepuh, bilih konangan ingkang dipun iwi-iwi wonten ingkang
lajeng srengen dhateng rare wau, punika boten leres sabab
tiyang sepuh manawi nepsu warninipun katingal sangsaya awon.
Titiyang sepuh ingkang mangartos sarta sareh watekanipun
manawi dipun damel sembranan dhateng rare awit awon warnini-
pun sampun ngantos anepsu, amung anarimaha kemawon, supados
andadosaken kajen.

=====

Palimarmaning nata, pantes kawartosaken,
Ing nagari Surakarta wonten santana wasta raden Mas Panji
Sasradireja, kamantun dhateng swargi Kanjeng Pangeran ARiya
Surya Amijaya, ingkang wau raden Mas Panji punika dados abdi
dalem panji, angreksa kagungan dalem sanjata tuwin pistol

angladosi manawi wonten karsa dalem anyenjata lesan ing
salebetipun capuri ing kadhaton punapa malih angrangkep
negari kagungan dalem titiyan utawi andhedherek bilih kang-
jeng ingkang sinuhun karsa tatedhakan tegar, anggenipun
anglampahi padamelan sadaya punika sampun lami, tansah kanthi
manah wekel saha taberi sanget anyondhongi ing karsa dalem,
mila kala ing dinten Senen tanggal kaping 3 wulan September

punika raden mas panji Sasradireja, awit saking katrimah ing pangabdinipun anampeni sih ganajaran dalem kakula wisudha dados priyantun panewu kaparak tengen ing salebetipun nagari, kapatedhan nama Raden Ngabei PUrwadipraja, saha kaparingan prabot marasowan kalih pangadeg, menggah paring dalem gegadhuhan siti cacah, 6 1/4 jung, sami wetah sarta saes-sae, pamnedalipun sawatawis kathah, anyekapi panggesanganipun Raden Ngabei Purwadireja, sumrambah dhateng garwa putranipun sadaya.

Katandhan Sakibulul, ing Kapung Jayengranan, Surakarta.

=====

Ganjaraning ratu lumuntur dhateng lelabet sae.

Amesthi sampun kawutyan bilih abdi dalem bupati Anon-Anon Onder Mayor Raden Tumenggung Wiryadiningrat awit kathah lelabetipun sae, ing mangke saking karsa dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan kakula wisudha dados wakil papatih dalem wonten nagari ing Surakarta, kapatedhan nama Kanjeng Raden Adipati Sasranegara, saha kapitadosan angasta paprentahan jawi, amriksani tuwin angrampungu sawarnining prakawis ingkang kaleres minggah ing pangadilan jawi, anggenipun anindakaken paprentahan wau saweg kalampahan sawatawis wulan sampun kawartosaken bilih Kanjeng Raden Adipati Sasranegara ambekipun alus panggaliyanipun utami saha taberi sanget dhateng sakathahing padamelan nagari, panggarapipun padamelan wonten pandhapi ing dalem kapatiyan saben dinten kawite enjing pukul sanga dumugi siyang pukul kalih ngantos pukul sakawan yen sonten kawit pukul nem dumugi pukul sadasa dalu, kajawi ing dinten pasowanan Senen utawi Kemis punika panggarapipun padamelan wonten ing pendhapi pradatan ing ngalun-alun ler, wiwit enjing pukul sanga utawi sadasa ngantos siyang pukul satunggal, mila sapunika kathah prakawis saged rampung ttumunten, para priyantun agng alit ingkang sami kabawah ingkangjeng raden adipati Sasranegara, sami angajeni sanget dhateng kanjengraden ADipati, awit amaringi tuladha kasariranan piyambak bab lampah ing kuwajibanipun para abdi dalem ingkang sami mundhi dhawah dalem saha kapitadosan amardi karaharjaning nagari, tuwin tentremipun titiyang alit. Kanjeng Raden Adipati Sastranegara wau pangrangkuhipun dhateng bongsa Welandi katingal kurmat saha rumaket boten ewah kados kala taksih nama Onder Mayor Radne Tumenggung Wirya diningrat, sakalangkung anggenipun amrelikaken panyuwun pitulungipun bongsa Welandi, ingkang gadhah prakawis mawi wewaton nalar leres.

Menggah ingkang gentos sila lampahanipun Kanjeng Raden ADi-

pati Sasranegara, dados bupati Anon-anon, ingkang putra
kakung salah satunggil kaparingana nama Onder Mayor Raden Mas
Wiradiningrat, awit karsa dalem semanten punika anget anda-
dosaken sukarenaning galihipun Kanjeng Raden Adipati Sasrane-

gara, sabab rumaos lumunturing sih ganjaran dalem dhumateng
kanjeng raden adipati jalaran saking lelabet sae, anyrambahi
dhateng ingkang putra.

katandhan Sadujana, ing Kampung Jebres, Surakarta.

=====

Punika candhing cariyosipun Raden Jaka Panirat ing Kadilangu.
Rekyana Patih utawi para nayaka, kang sami sowan BIngler
majeng mangidul sadaya sami kaget andalih yen raden Jaka
anglunas kancanipun awit sampun angsal dhawuh dalem Kanjeng
Sultan kala semanten wanci satengah satunggal siyang, mangsa-
nipun priyantun sowan sami mundur, sadaya sampun bibar so-
wang-sowang, kacariyos gumyuh ing pawartos lami-lami katur
ingkang jeng sultan sakalangkung dukanipun dene Raden Jaka
amejahi tiyang tanpa dosa, sanalika ical sihipun dhumateng
Raden Jaka, kang kawawang namung jejeg pajeging pangadilan
nagari dalem ing nalika satunggal dinten panuju pasowan
ageng, Rekyana Patih utawi para nayaka sampun pepak sowan ing
pagelaran Raden Rekyana Patih ngandikan lumebet kadhaton
prapteng ngarsa, kanejgn sultan angandika, patih apa sira
nora weruh, si Jaka Tingkir amateni wong tanpa dosa, angala-
sake nagarining sun rekyana patih matur nembah, gusti putra
dalem wantu meksih timur, aningali tiyang pelsa lancang,
mila lajeng sanget duka, kanjeng sultan asru ngandika, patih
dhawuhna marang si Jaka Tingkir, yen ing mengko ingsun tund-
hung, kon lunga saka nagara, dimen dadi wong alasan ora
pantes tunggalan wong nagara, patih nembah matur sandika,
sampun lengser saking ngarsa sultan.

Rekyana Patih sawedalipun saking pura, anjujug bangsal pasow-
anipun Raden Jaka Tingkir, andhawuhaken timbalan dalem Kan-
jeng sultan yen ing mangke ijengandika boya kalilan wonten
salebetng nagari Demak kinen kesah dhateng wana ing sakarsa
jengandika, Raden Jaka matur sandika, dhuwung kagungan dalem
Kanjeng Sultan kang ginadhuhaken winang ki Raden Jaka, sana-
lika ing ngaturaken dhateng Rekyana Patih, supados kaunjukna

ingkang jeng sultan Raden Jaka, saking pasowan teksih kekam-
puhan lajeng kimawon kesah saking nagari Demak kepuh ing
kampuh jinebol kadamel rimong sumampir ing bau, kancanipun
prajurit prawira tamtama, sadya sami lara karuna, tuwin
tiyang sagenegari ing Demak kang sami kapethuk ing margi
aningali raden Jaka, prasami karuna, boten antawis dangu,
wonten lulurah ing cethi utusan saking pura, ambekta yatra
gangsalatus reyal pinaringken Rekyana Patih sarwi andhawu-
haken timbalan dalem tembungipun kya patih dhawuh dalem ing
wingking menawi Ahli warise Dhadhung Awuk kang pejah, nebut
toya narima nyuwun adiling parentah ageng nagari, yatra
gangsalatus reyal puniki, andikakaken maringake, kang minong-
ka diyate, Rekyana Patih matur sandika, utusan dalem lulurah
ing Cethi, sampun wangsul malbeng pura.

Cariyos punika teksih wonten candhakipun.

katandhan Dening Raden Panji Puspawilaga.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegrot Kolep enko ing Surakarta, tiyang
saged pikantuk tumbas gambaripun pasanggrahaning Kramat
ingkang kaadegaken kala rawuhipun Kanjeng Tuwan ingkang
wicaksana Guprenur Jendral gambar punika kadamel saking

soroting srengenge, punapa malih serat panembrama ingkang
mawi kasekaraken kinanthi, tuwin sinten ingkang.....

Katandhan Tuwan Dhegrot Kolep enko.

Ongka 38, 20 September 1866

Pawartos warni-warni

Ing serat kabar saking Betawi, katitimangsan kaping 29 wulan Agustus wonten cariyos kados ing ngandhap punika.

Tuwan Utsahres ingkang gagriya celak ing margi winastan Prinsenlan saking teteging manahipun kala ing dinten Jumungah kang kapengker punika wanci sonten amitulungi ageng dhateng tongga tepalihipun, tuwan wau panuju saweg anedha, kadhatengan tiyang jawi sawatawis dumrojog malebet ing griyanipun sami anedha pitulung, awit wonten maesa satunggal ngamuk kendel wonten ing kampung sawingkinging griyanipun Tuwan Utsahres sarta maesa punika sampun anyundhangi nenatoni sanget dhateng tiyang jawi jaler utawi lare sawatawis, Tuwan Utsahres lajeng nyandhak sanjatanipun Buwis sarta medal dhateng sajawining griya, akanthi tiyang jawi kekalih, ingkang karimuk ngantos dangu saweg purun tumut ing lampahipun, wondening titiyang kampung meh sadaya sami menek uwit kalapa, sarehning Tuwan Utsahres saged nyanjata patitis saking tabeiyang lajeng anyanjata dhateng maesa ngamuk wau, kataton sukunipun salah satungggil, maesa tumunten amurugi kalawan sanget pangamukipun dhateng Tuwan Utsahres, sareng sampun celak kaliyan tuwan punika, namung elet sawidak utawi pitungdasa tindak lajeng kasanjata malih, kenging sirahipun, maesa sangkoyoran tumunten dhawah pejah, sareng maesa sasampun pejah titiyang kampung sami dhateng malih medal saking panggenan pangungsipun lajeng angrungrubung dhateng Tuwan Utsahres mawi surak surak saking bingahing manah, minongka kurmatipun dhateng tuwan ingkang atutulung wau. Salajengipun titiyang punika sami angateraken mantuk dhateng Tuwan Utsahres sarwi asuka-suka. Sareng Tuwan Utsahres sampun andugaken anggenipun anedha, para walandi sanesipun ingkang gagriya sacelakipun margi ingselan wau, sami kancing konten sadaya, awit ajrih dhateng maesa ingkang ngamuk punika.

=====

Serat kabar saking tanah Reisel anyariyosaken kados ing ngandhap punika:

Tuwan Gautir dados tukang pak agadhah ayam babon tigang dasa iji, panuju dinten Salasa wanci sonten Tuwan Gautir amanggih tigan tigang iji wonten salebetipun ing kandhang. Tigan punika ingang satunggal mawi seratan inukir ing kulitipun ungelipun kados ing ngandhap punika:

Aku iki ratuning pitike Gusti Allah, sapa sing mangan endhog iki bakal bagja, dene sapa kang mateni babon kang angendhogake bakal nemu bilahi, wonten tiyang langkung saking gangsalatus kalebet para pujongga, sami aniti priksa tigan ingkang ngeram-erami wau, nanging ngantos sapriki boten wonten ingkang saged anerangaken tegesipun titingalan ingkang aeng punika.

=====

Cariyos aneh.

Marginipun badhe pikantuk kabegjan ingkang sampurna.

Ing tanah bawahipun Ratu AGeng wonten pandhita satunggil, pandhita punika kadangu ing sang nata, punapa ingkang kedah linampahan amurih pikantuk kabegjan ingkang sampurna. Sang pandhita mangsuli atur makaten: gusti, manawi ngalam dunya

ing ngriki panjenengan dalem angupados sakados punapa kabegjan ingkang sampurna, amesthi salaminipun boten saged pikantuk, sang nata andangu malih dhateng pandhita, punapa ingkang dados sababipun boten saged pikantuk wau, pangandikanipun sang nata makaten: yen arep oleh kabegjan kang sampurna ana ing swarga, kapriye lakune, sang pandhita matur: gusti, manawi panjenengan dalem atindak ing margi ingkang leres, amasthi saged pikantuk kabegjan ingkang sampurna, sang pandhita andangu malih dhateng panhita: apa kang diarani dalan kang bener iku, atur wangsulanipun sang pandhita: manawi panjenengan dalem wiwit ing sapunika anetepi ing prajangji ingkang kapangandikakaken kalanipunpanjenengan dalem gerah sanget, punika marginipun saged pikantuk kabegjan ingkang sampurna.

=====

Tampiling ingkang sampun dados leresipun.

Wonten ratu satunggil punika boten remen babar pisan amiren-gaken pangumpaking tiyang, sanadyan ratu wau dados satruning pangumpak, ewadenten wonten abdinipun priyantun ing kadhaton satunggil ingkang purun purun angumpak dhateng panjenengani-pun sang nata, pangumpakipun manawi sang nata kasamekaken kaliyan dewa, sareng sang nata mireng pitembungan makaten, lajeng anampiling dhateng tukang pangumpak ngantos dhawah ing siti. Inggang katampiling sasampunipun ngadeg saha angusap-

usap pipinipun, lajeng matur pitaken dhateng sang nata,
punapa ingknag dados sababipun katampiling, m sang nata mang-
suli: ya gene ing sun sira cokot kalawan pangumpak, manawi
para tukang pangumpak kaukuma kados makaten, amasthi paukuman
tampiling badhe kaprah, saha ing salebeting kadhaton badhe
langkung kathah titiyang ingkang balaka tuwin temen-temen.

=====

Pamilih gemblung.

Wonten pujongga angabdi dhateng panjenenganipun ratu ageng,
awit saking katrimahipun dhateng sang nata pujongga wau
kaparingan pangkat luhur. Sareng kala samanten sang nata
tedhak dhateng gedhong pangadilan < salebeting gedhong pangad-
ilan awit saking karsanipun sang nata kadekekan palenggahan
mawi kaperang < para bongsa luhur sami lenggah atunggil bang-
sanipun < saha para pujongga inggih makaten sami tunggil
kaliyan pujongga. Tedhkipun sang nata dhateng gedhong pan-
gadilan kadherekaken dhateng pujongga ingkang kaparingan
pangkat luhur wau, sadumuginipun ing gedhong pangadilan,
pujongga punika kewedan bab anggenipun badhe lenggah, dangu-
dangu lajeng amilih palenggahan atunggil kaliyan bongsa
luhur. Ing nalika samanten sang nata uninga ing pamilihipun
palenggahan pujongga ingkang ambek sumakeyan, sareng sang nata
sampun kondur dhateng kadhaton, pujongga lajeng katimbalan
pangandikanipun sang nata dhateng pujongga makaten: pamilihi-
ra palungguhan mau kaliru, sira iku aran pujongga nanging ora
anduweni kawicaksanan, apa sira ora sumurup, manawa ing sun
ing dalem sadina bisa amaringi pangkat luhur marang wong
sewu, balik ing sun ora kuwasa agawe pujongga siji bae ing
dalem sewu taun.

=====

Katur saudara, Tuwan Dhegrot Kolep enko.

Sakelangkung-langkung prayoginipun bab pambudi beninging toya
buthek dadosipun benng, anamung praikeling akal kawastanan
wihye tuwin korel punika menggah ing kota jawi kados pundi
artosipun, sabab tembung jawi boten wonten kota makaten, ugi
sampun kula angaeni langkung prayogi beninging toya, namung
dugi dugi kula dereng patitis mugi saudara aparinga katranga-
nipun amaning ingknag kawastanan wihye, tuwin korel wau, ing

ngatasipun sasakit lebet boten liya medal saking reregeting
toya sadaya, pramila langkung sangking prayogenipun, wonten
ingkung mangertos sarananing beninging toya.
Inggang punika mugi kapacaka ing Jurumartani kimawon menggah
ing katranganipun wau, sabab andadosaken kauntungan ing sak
dangonipun.

Kaping 1 September taun angka 1866, Katandhan SuryaOkara.

=====

Nuwun kula ngaturi priksa ing panjenenganipun tuwan, ing
saratipun titiyang padhusunan ingkung boten kuwasa tumbas
keker sarana kadamel mriksani surya waktu grahana, pecahan
kaca gelas ingkung sampun boten mawi rasa, punika panggang
ing dilah ingkung ngantos cemeng sasisih, lajeng katawangna
ing surya katingal celak wah boten ambalerengi.

Sinerat Bagelen kaping 20 Rabingulakir Alip 1795

Katandhan Juru Serat Kepala Tegalaren Jenar: Mas Widyawikara.

=====

Ing Pakualaman nagari Ngayogyakarta, wonten satunggal abdeni-
pun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Surya Sasraningrat, tiyang
wutuk pedhati nami Kyai Wirakerta, darbe gadhuan lembu
penyarat pedhati, 2, jaler ageng-ageng, pyambakipun gadhah
maesa gadhah anak gudelipun estri maesa wau pejah gudel
lajeng katunggilaken lembu pedhati wau ngantos ageng boten
kenging pisah, menawi penuju lembu wau nyarat pedhati grobag
gudel wau inggih tumut kekinthil.

Lami-lami sangsaya ageng gudel estri dipun wajangi dhateng
lembu penyarat pedhati ngantos wawrat, dumugi ing dinten
malem Jumungah tanggal kaping 19 Rabingulakir maesa ingkung
wawrat gadhah anak, anakipun estri, medal estri warni inggih
maesa namung wulu sirah ingkung wulu lembu, dumugi dinten
punika teksih gesang. Katandhan pulisi kampung Pakualaman
nomer 3 Natawikrama.

=====

Pemut kala pengangkatipun jumeneng putra dalem, Kanjeng Pang-
eran Ariya Natakusuma, ing dinten Kemis Paing, tanggal kaping
25 Wuku Mondhosiya, wulan Rabingulakir, ing taun alip, Windu
Sancaya, angka 1795.

=====

Punika candhaing cariyosipun Raden Jaka Panirat ing Kadilan-
gu.

Raden Jakatingkir, kesahipun saking nagari Demak sami ugi
kados cariyosing serat babat ing Demak kang sampun limrah,
Raden Jakatingkir, saking Banyubiru, badhe kondur dhumateng
Demak kencinging galhipun kedah medal ing Bengawan Sala,

numpak gethek ciptaning galih kang semanten wau punika saking karsa Allah, enggenipun anuruti panedhanipun Adipati Jayasagara, kang kenging wilalati pun jeng Kyai Geng Pengging, malih baya angratoni baya tuwin bajul sabengawan Sala, nama

Sri Baureksa, angadhaton Kedhung Srengenge, panedhanipun ing batos muga turune Ki Gedhe Pengging, tinekakna ing Kedhung Srengenge kene, aku arep males ukum sarehning gusti allah sipat murah lan asih, mila putranipun jeng Kyageng Pengging, Raden Jakatingkir, linampahaken medal kedhung Srengenge, lajeng prang kaliyan Sri Baureksa, wekasan Sri Baureksa kawon teluk dhumateng Raden Jaka, kados kang kasebut serat Babat ing Demak kang sampun limrah, ananning srat babat kang sampun limrah, menggah urutanipun kang nurunaken Sri Baureksa ing Kedhung Srengenge, saking Raden Jaka Panirat Kadilangu, punika sepen boten kasebut ing cariyos babat kang sampun limrah, saestunipun menggah cariyos kawontenanipun ing pulo jawi, kang sampun kaanggit kadamel serat waosan inggih punika babat awit saking cariyos kang awal dumugi cariyos kang akhir, teksih kathah kang kalempit dereng kasebut kalebet ing srat babat waosan ananging badan punika saking bodho puguh kula, saupami wontena kang cariyos inggih kula westani mokal malah kula gegujeng mila mangerosan kua boten mindhakmindhak.

Telasing panyerat ing nagari Surakarta, kampung Loji Wetan kemis kaping 30 Agustus 1866, utawi kaping 18 wulan Rabingulakir ing warsa Alip angka 1795

Katandhan dening Raden Panji Puspawilaga.

=====

Cangkriman sekar kinanthi.

Nora sami dedegipun andhap inggil ageng alit yen arsa pinet kang karya, kedah pinupuh awanti, dangu dangu asenentan mung sirahira kaeksi.

=====

Benjing ing dinten Jumungah tanggal kaping 21 tuwin ing dinten Salasa tanggal kaping 25 wulan September punika, badhe wonten lelang ing tokonipun tuwan P. Swager ing Surakarta.

Benjing ing dinten Senen tanggal kaping 24 wulan September punika, badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan W.C.Maopeng,

ing Jebres Surakarta.

Benjing ing dinten Salasa tanggal kaping 2 wulan Oktober
ngajeng punika, wanci pukul pitu sonten badhe wonten lelang
ing griyanippun tuwan Y.A.manuwel Nem ing Surakarta.
Surakarta kaping 19 September 1866. Ingkang nguwasani lelang
katandhan tuwan Panlingen.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrotkolep enkp ing Surakarta, tiyang
saged pikantuk tumbas panilye, satunggil-tunggilipun regi 50
sen. Katandhan tuwan F.H.Jaspres.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrotkolep enko ing Surakarta, tiyang
saged pikantuk tumbas gambaripun pasanggrahan ing kramat
ingkang kaadegaken kalarawuhipun kanjeng tuwan ingkang wicak-
sana Guprenur jendral gambar ppunika kadamel saking soroting
srengenge, punapa malih sera panembrama ingkang mawi kaseka-
raken kinanthi, tuwin sinten ingkang/.....,
katandhan Tuwan Dhegrotkolep enko.

=====

Ongka 39, 27 September 1866

Pawartos warni-warni

Pawartos saking Surakarta kados ing ngandhap punika:

Ing nalika tanggal kaping 31 wulan Agustus ingkang sampun kapengker punika, wanci pukul 11 dalu, wonten tiyang jawi awasta Kertasana Bekel ing dhusun Gelang, punika ambujeng luwak ingkang mentas anedha ayam, sareng kabujeng luwak amenek ing uwit aren, tumunten kasogokan lajeng anjlog, kasanjata dening Kertasana saking sakiduling uwit aren, dados anggenipun anyanjata majeng mangaler, sareng luwak kasanjata lepat, ananging rare awasta pun Pator ingkang kenging, rare punika prenah putunipun Kertasana piyambak, menggah rare kengingipun ing sanjata, awit ing nalika wonten rame-rame ambubujeng luwak, rare wau lumajeng anyegat luwak wonten salering pager saha boten mawi anyuwara, sareng makaten para tiyang ingkang sami tumut ambujeng luwak mireng sweara gereng-gereng, lajeng kapurugan mawi ambekta obor, wasana sumerep manawi pun Pator anandhang tatu kenging sanjata, kadadosanipun rare lajeng kabayang kabekta lumbet ing griyanipun Kertasana, dene kathahing tatunipun rare kenging pacar wutah tuwin remukan kejen, ing lengen kiwa tatu kalih wiyaripun 1/2 dim, ingkang satunggil butul dumugi ing bau, ingkang satunggilipun butul dumugi sangandhaping pundhak, ing kelek kiwa nyrempet daging sakedhik panjangipun 1/2 dim, sangingiling sikut ingkang kiwa tatu kalih wiyaripun 1/2 dim, sangandhaping mata ingkang kiwa anyrempet daging wiyaripun 1/2 dim, lambe tengen celak irung terus anarajang untu pothol kalih, menggah rare ingkang anandhang tatu kenging sanjata wau wekasanipun boten anemahi pejah.

=====

Kala ing dinten malem Akad tanggal kaping 2 wulan September punika, wonten tiyang jawi ing dhusun Panggang bawah Prambanan, punika pejah katedha ing sima, jalaran saking anggenipun mentas anyolong jagung, mila kawatawis manawi anyolong jagung, awit sandhining panggenanipun jisim wonten bagor isi jagung, dene kapanggih ing jisim wonten satengah ing jurang, pupu kiwa sempla dagingipun telas saha pringsilan inggih sampun boten wonten.

=====

Ing tanah Paris nalika anggelaraken barang-barang katingalaken ing ngakathah, wonten ingkang dados panunggilanipun barang

kang kalebet aeng, punika kawastanan piyano biyola, wujudipun piyano inggih limrah, nanging kagandhetan kothak satunggil isi biyolah satunggal mawi kapingantosan bekakas angeram-erami, ingkang pandamelipun medal saking kagunan, bilih piyano wau kamain ing tiyang, biyolah punika lajeng saged mungel gendhing ingkang sakeca kamirengaken, dedamelan meka-ten punika awit saking pamanggihipun tiyang ing tanah Ameri-kah.

=====

Priyantun Sosoraning parentah.

Wonten tiyang jaler satunggil saweg mantuk saking kakesahan sumerep manawi semahipun sampun pinanggih pejah, sirah ing jisim katigas sarta boten katingal ujudipun, tiyang jaler wau sanalika asuka serep dhateng para akrabipun ingkang estri,

bab anggenipun kaaniaya punika, ananging para akrab lajeng sami sowan ing parentah mawi darbeni atur gugat bilih tiyang jaler punika amejahi bojonipun piyambak, sareng tiyang jaler wau sampun dipun sakiti sarta kagebag dening parentah, tumun-ten gadhah atur dora, angaken manawi sampun mejahi dhateng semahipun mongka satemenipun boten dosa, priyantun sosoraning parentah asumelang bab kalepatanipun pasakitan lajeng matur dhateng parentah, pitembunganipun makaten: gesangipun manung-sa sakalangkung kathah ajinipun sarta prakawis kang mekaten punika kedah katitipriksa kalawan sareh. Aliya punika pundi wonten tiyang jaler ingkang remen amejahi dhateng bojonipun saupami pasakitan temen amejahi semahipun jalaran saking paben amesthi laeng saged angsal satunggiling akal supados sampun ngantos anemahi paukuman sarta badhe anggadhahi atur, yen bojonipun pejah awit sakit utawi jalaran saking eroh, mongka ing mangke badanipun ingkang pejah taksih wujud si-rahipun sirna, pamanah kula prakawis punika dereng terang, mila panyuwun kula mugi kula kalilanana amriksani malih, prentah anglilani, sarta priyantun sosoraning parentah lajeng aken angelih pasakitan mawi kabelok tanganipun dhateng ing griya sanesipun, wonten ing ngriku kasukanan inuman anggur tuwin tatedhan eca, ing sadangonipun pasakitan ngalih panggenan priyantun wau aken amriksani sakathahipun tiyang ing kitha ingknag sami kawogan angopeni jisimipun tiyang

pejah, mawi dipun dhawahi satunggil-tunggilipun tiyang anga-
turna serat pratelan bab anggenipun angladosi tabela, tuwin
andamelaken kubur, ing salebetipun waktu kang wekasan punika,
sapinten kathahipun, priyantun tumunten amriksani dhateng
tiyang sadaya wau, majeng satunggil satunggil sarta kadangu
mekaten: salawase kowe anglakoni kuwajiban mu angladeni
kareping wong, apa kowe durung nate anduweni pangira yen wong
iku ana kang darbe laku kang ora becik, saking titiyang wau
wonten satunggal ingkang mangsuli, aturipun mekaten: nalika
kula angladosi tutulung wonten griyanipun satunggiling tiyang
ingkang kajan sarta sugih, kula mireng manawi tiyang punika
amejahi dhateng rencangipun estri. Anggen kula amedalaken
tabela boten saking konten kados ingkang sampun kalimrahan
ananging tabela kula wedalaken malangkah ing pager banon,
raosing tangan kula tabela punika entheng sanget presasat
boten wonten isinipun, ing mangke tabela wau kapendhem wonten
satunggiling kampung, priyantun ingkang nyepeng paprentahan
lajeng dhawah ambikak tabela punika, pinanggih namung isi
sirahipun tiyang estri satunggil, sareng sirah kadedahaken
dhateng pasakitan aturipun pasakitan yen sira punika dede
sirahipun ingkang estri, priyantun wau lajeng dhawah anyepeng
dhateng tiyang ingkang sugih punika, sareng kapriksa wangsu-
lanipun mekaten: sampun lami anggen kula remenan kaliyan
semahipun pasakitan sareng kula panuju nepsu kanthi kasupen
kula amejahi rencang kula estri, sirahipun kula kethok sarta
kula aken mendhem, salajengipun barang panganggenipun remenan
kula kula anggekaken jisimipun rencang kula estri, jisim
punika tumunten kula aken bekta dhateng griyanipun pasakitan,
wondening bojonipun pasakitan lajeng tumut dhateng kula,
ngantos sapriki kula umpetaken wonten griya kalangenan kula
salah ing satunggil.

Pangaken semanten punika anerangaken prakawis, sarta andado-
saken kajanipun priyantun sosoraning parentah.

=====

Sareng kala wulan Juni angka 1866 welandi kula aningali kapal
bagus ingknag saklangkung ing sae warnenipun ules sarta ageng
inggil suku merit amenjangan wau kapal wedalan sabrang bima.
Utawi Persi: yen pethaning weni meh kados sangsam branggah

inggil 4 kaki kapal wau kalih namung ules sanes ingkang satunggal abrit jragem wenipun wangun sami: kapal kalih ingkang pethak tutul dados piliyan nomer satunggal ingkang ngabrit dados piliyan nomer kalih sami angsal ganjaran miturut taripipun ganjaran peken binantang ing kang nomer satunggal utawi nomer kalih menggah ganjaranipun kapal wau: wonden-ing ingkang kagungan wahu kapal Kanjeng Tuwan Paut Asisten Residhen Bageyan Panaraga, mila muging kapacaka ing Jurumartani kalebet bagus utawi aneh.

Ngawi kampung Kabupaten Pratondha Raden Jati Surata.

=====

Kula sampun maos serat Jurumartani angka 38 katitimangsan Kemis kaping 20 wulan September punika, ing ngriku wonten panedhanipun katerangan Suryaukara, bab wawrating Wihye tuwin Korel ing mangke kula suka kateranganipun: Sawihye punika kirang langkung wawrat saparatiganipun sadhuwit, dene Sakorel wonten wonten saparadasanipun Sawihye, dados Sakorel punika wawrat pradasaning sapratigan dhuwit.

Surakarta kaping 2 September 1866

Katandhan Murid ing Pamulangan Jawi Surakarta, SArdun.

=====

Kang pustaka rinenggeng pamijil, katur sang kaot, ingkang anganggit cacangkrimane,, kapacak serat Jurumartani, munggeng angkaneki, poncadri daseku. Pan kumudu kumedah kang kapti, cumandhak ingong, ambatang cangkriman anggitane, priyantun ingkang ambek utami, panenggranireki, tali sabdanipun. Anang-ing panuwun ulun maring, ingkang sami maos, tuwin ingkang darbe cangkrimane, den agunga pangaksama sami, lamun batang mami, kathah lepatipun. Yen tan sisip ing pambatang mami, cangkriman sawiyos, warna brit langkung cemeng namane, neng-gih peksi wulung ingkang nami, kang cajuga malih, de pambatang ulun. Kalangkung cemeng warnanireki, abrit wastaning wong, inggih bongsa peksi sasamane, dene ta saking pambatnag mami, peksi ingkang nami, bang ebanganiku. Surakarta kaping 19 September 866.

Katandhan Murid ing Pamulangan Jawi Surakarta, Mas Rana Armaja.

=====

Pambadhenipun cangkriman ingkang kasebut ing Jurumartani angka 38.

Mijil. Saras lwir angganing pralewih, jangkaning tyas ingong, mari kelumintak sameng akeh, katampena dera sang sudyapti, tinrimah alansih, sang ngadhasta atur. Pamabdhe wikan leres myang sisip, sotaning driyengong, puyuh ingon punika jarwane,

titimah ya Surasaning ati, sawigya kasuji, tak liming apung-
gung. Surana siswa pulasaran ring, pacrabakan kaot, Surakar-
ta, kang sangsayeng tyase, srusumusup rumesep sedyapti,
tansah mangastuti, sasab dadi wijengsun.

=====

Titiyang saged pikantuk atumbas saking tuwan Jaspres ing
Surakarta gambar-gambar sorot ingkang aeng sae boten katin-
gal, manawi kertasipun kadekekaaan toya gambaripun lajeng
katingal, sakalangkung adamel bingah ingkang tumbas, menggah
reginipun sadhosin 4 rupiyah, bayar kenceng.
katandhan tuwan Jaspres.

=====

Loterei arta tanpa kacengklong punapa punapa, ingkang minong-
ka kauntunganipun pakempalan main musik ing Surabaya winastan
Sintesesiliyah, sarta ingkang sampun kalilan dening kanjeng
gupremen kawrat ing serat kakancangan katitimangsan kaping 17
wulan Nopember taun 1865 onka 31.

kathahing arta ingkang kadamel loterei wau 100,000 rupiyah,
dene cacahipun lot 10,000 iji, satunggil tunggilipun regi 10
rupiyah, lot wau badhe kadamel papaliyan sarta para sakawan.
Ing ngandhap punika pratelaning kauntungan ingkang medal
saking loteri wau:

Kauntungan ingkang kapisan..... 40000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping kalih..... 15000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping tiga.....10000 rupiyah

Kauntungan ingkang kaping sakawan..... 1000 rupiyah

Kauntungan ingkang 500 rupiyah, sakawan iji

gunggung.....2000 rupiyah

Kauntungan ingkang 50 rupiyah satus iji

gunggung.....5000 rupiyah.

Nomering lot ingkang medal rumiyin sarta ingkang medal weka-
san satunggil tunggilipun angsal ganjaran 1000 rupiyah,

gunggung.....2000 rupiyah

sadaya gunggung.....75,000 rupiyah

Yatra ingkang kadamel ambayar prabeya ingknag konjuk kanjeng
gupremen sarta wragading loterei punapa malih ingkang mi-
nongka kauntunganipun pakempalan ingkang kasebut ing nginggil

wau kathahipun25,000 rupiyah

gunggung.....100,000 rupiyah.

Samongsa loterei wau sampu kamainaken ingkang gadhah lot wetah papaliyan utawi parasakawanan kang kaleres angsal kauntungan utawi ganjaran kenging anampeni arta pamenangipun tanpa kacowok punapa-punapa, kawangenan lami-laminipun ng dalem kawanwelas dinten.

Menggah dinten pamainipun loterei punika badhe katamtokaken ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Surabaya katingal ing kathah.

Sinten ingkang badhe tumbas lot akintuna serat dhateng para tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika: isi arta regining lot wau, dene serat punika kedah kabayar dening ingkang kintun.

Ing Batawi, dhateng tuwan Jonbraise enko

Ing Samarang, dhateng Tuwan Kopesemit enko

Ing ?Surakarta, dhateng Tuwan ?H.K.H. Wilkes

Ing Rembang, dhateng Tuwan F.G.Kunse

Ing Kadhiri, dhateng Tuwan Alewein

Ing Surabaya, dhateng Tuwan Mister Koster,2, tuwan P.Kam, e

Tuwan PanVonendhal, 4 tuwan Y.H. Rosemeiyer

Ing Gresik, dhateng Tuwan Eiman

Ing Bangkalan, dhateng Tuwan Y.Maiye

Ing Prabalingga, dhateng Tuwan Y.W.F.Panloten, 2 Tuwan Y.H.A.Simerman.

Ing Pasuruwan, dhateng Tuwan A.H.Beiye, 2 Tuwan Panderaret

=====

Ongka 40, 4 Oktober 1866

Tuwan ingkang angarang serat Jurumartani, guru ing pamulan-
ganipun para murid calon guru jawi ing Surakarta, katedahan
cuwilan areng sela dening muridipun ingkang anama Raden Mas
Suratiman saking Ngayogyakarta. Cuwilan areng sela wau angge-
nipun angsal saking Raden Prawira Puspita, Urdinasipun Kan-
jeng Pangeran Kolonel Ariya Purbanagara ing Surakarta, meng-
gah pikajenganipun anedahaken areng sela wau badhe sumerep
maujud punapa punika, awit warninipun kados areng awratipun
kados sela. Tuwan ingknag angarang serat Jurumartani wau
tumunten anyerepaken dhateng muridipun, yen punika areng
sela, saha lajeng pitaken angsalipun saking pundi, wangsula-
nipun murid, manawi angsal saking Raden Prawira Puspita, dene
Raden Prawira Puspita saking aturipun murid anggenipun angsal
saking redi gamping, bawah ing kadospaten Mangkunagaran,
sarehning tuwan ingkang angarang serat Jurumartani wau badhe
sumerep gancaring cariyos bab anggenipun angsal areng sela
saking redi gamping punika, ing sanalika kengkenan angundang
dhateng raden Prawira Puspita. Sareng sampun dhateng dipun
pitakeni dhateng tuwan ingkang angarang serat Jurumartani,
wangsulanipun Raden Prawira Puspita, manawi ing ngajeng
kautus ingkang angarang serat Jurumartani, wangsulanipun
Raden Prawira Puspita, manawi ing ngajeng kautus ing kanjeng
Pangeran Kolonel Ariya Purbanagara, dikakaken mariksani
pantun dhateng dhusun ing Bandar Kadhawung, angsal angsalan
anggenipun panen ingkang kantun piyambak, sadhatengipun ing
dhusun Raden Prawira Puspita wau parentahaken anggodhog
wedang mawi latu areng, ing sanalika bekel badhe mendhet
kajeng kadamel areng, ananging lajeng aningali areng saprong-
kal, wonten ing lepen jurang, anama lepen Wungkal, areng
kapendhet lajeng kabekta mantuk badhe kadamel anggodhog
wedang, sareng areng kabesmi ambetipun sakalangkung boten
eca, sami kaliyan ambeting obat kabesmi, malah tungtung
pesing. Raden Prawira Puspita lajeng dhawah kinen amejahi
latu areng wau, kamanah manawi ambetipun punika badhe tumus
dhateng toya ingkang kagodhog, nunten pitaken dhateng bekel,
areng wau angsalipun saking pundi, wangsulanipu bekel, angsa-
lipun saking lepen Wungkal, saha taksih wonten panunggilani-
pun raden Prawira Puspita lajeng lumampah piyambak dhateng
lepen, semunipun kados gumun, dene ing lepen wonten arengi-
pun, sareng dumugi ing lepen yektos wonten ananging boten
patos kathah, lepen lajeng katurut manginggil medal ing
pinggir, tebihipun watawis kalih tengah pal, kalampahan
dumugi ing panggenan ingkang taksih kathah toyanipun wonten
sangandhaping redi gamping, sapanginggilipun ing lepen wung-
kal wau toyanipun kantun embes-embes kemawon, sareng katinga-
lan celak ing ngriku wonten jugrugan redi, jugruganing siti

katingal wonten arteng prongkolan, kawatawis kados kathah panunggilanipun, Raden Prawira Puspita lajeng aken andhudhuk gampinging redi wau, angsal satengah kaki ing pandhudhukipun katingal wonten arengipun, prongkolan ageng-ageng, malah wonten ingknag boten kenging kaungkil, awit saking lebetipun kapendhem ing siti, sarehning raden Prawita Puspita wau sampun nate sumerep areng ingkang kados makaten wonten ing

Samarang, saking baita kabekta dhateng dharat, ananging dereng sumerep ing nama utawi kanggenipun ing damel, mila sanget ing pangudinipun dipun dugi manawi areng punika sami kados ingkang sampun kasumerepan wonten ing Samarang.

Ing mangke tuwan ingkang angarang serat Jurumartani mila suka pakabaran punika, supados kauningana ingkang kagungan siti, bokmanawi dereng sumerep, awit areng sela punika kalebet ing padagangan, saha andadosaken kauntungan.

=====

Cariyos bab pangundhuhipun madu wonten tanah ing Niweolan Titiyang bongsa Islam ingkang gagriya ing tanah Niweolan sami prigel ambubujeng kewan sawatawis, ing satunggilipun dinten tuwan Uber dipun sukani tala tawon satunggil dhateng tiyang bongsa Islam anama Burulah, warninipun sae mawi isi madu, tuwan Uber eram anampani pisungsung ingkang ambingahaken dhateng manah, sarta badhe sumerep kados pundi tarekahipun Burullah anggenipun saged angsal tala wau. Burulah lajeng kapurih angudharna wadosipun dhateng tuwan Uber, wangsulani-pun Burulah ing samangartosipun tuwan Uber mekaten: preluni-pun ingkang kedah dipun lampahi, namung anelika tawon satunggil ing samanggsanipun kesah badhe ngombe, lajeng kaetutna ing sapurugipun ngantos dumugi panggenaning tala, sareng tuwan Uber katingal sanget anggenipun boten pitados Burulah wicanten malih, pitembunganipun mekaten: sarehning tuwan boten pitados dhateng kula, sumongga tuwan kula purih angitutna salampah kula, ing mangke tuwan badhe sumerep bilh cariyos kla wau temen, Burulah lajeng mendet jaring kakalih, kakempit tumunten mangkat sareng kaliyan tuwan Uber, wawelingipun Burulah, tuwan Uber kapurih kendela kemawon sampun ngantos awicantenan, ing dalem sawatawis menut tiyang kakalih wau dumugi panggenan erong satunggil ingkang wonten toyanipun, Burulah lajeng mendhet toya pnika, kaemut sarwi kendel boten ebah, namung anungkuli toya ingkang wonten ing ngerong wau, patrapipun mekaten punika dangonipun kirang langkung ngantos sajam, sarta tuwan Uber sampun wiwit kemba manahipun angawasaken tiyang ingkang katawis sakalangkung eram aningali layanganipun piyambak, tuwan Uber lajeng mireng brengengening tawon satunggil, tawon punika sakawit mabur wonten sanging-

giling toya, tumunten angubengi sirahipun Burulah rambah-
rambah, ananging Burulah kendel kemawon sarta boten ebah,
ngantos mireng tawon wau brengengengipun sanes ingkang anela-
kaken bilih badhe ngombe, ing sanalika Burulah lajeng ebah,
sarta toya ingang dipun emut kaseburaken dhateng tawon,
tawon punika dereng ngangros saged aninggati angenipun
kasebut ing toya wau, lajeng kacepeng dhateng Burulah, panye-
pengipun prigel sarta angeram-erami. Awakipun tawon tumunten
katempelaken gelintiran kapuk mawi kaancur kalayan gom,
cariyosipun Burulah dhateng tuwan Uber, mila tawon katempe-
laken gelintiran kapuk wau, kapurih randhata tuwin pakeweda
iberipun dados tansah kenging kaetutaken sapurugipun, Burulah
sareng sampun cariyo mekaten lajeng anjeleh, swaranipun
anggor tuwin sora. Kancanipun sawatawis tumunten sami dhateng,
badhe nyumerepi luwaripun tawon saking tarekahipun Burulah,
iberipun tawon sayektos randhat, sarehning suwiwinipun ka-
tempelaken gelintiran kapuk wau, dados brengengengipun aneh

sarta anedahaken sapurugipun dhateng Burulah sakancanipun,
ingkang sami angetutaken tawon punika, boten mawi amanah
angeling margi kang dipun ambah, tuwan Uber inggih etut
wingking, nanging lampahipun kantun ngantos elet sajam saweg
dumugi ing panggenanipun Burulah sakancanipun, kapanggih
wonten sangandhapipun uwit gom ageng, menggah tawon ingkang
kabujeng wau kacariyosaken kenel wonten sapucukipun uwit gom
punika, Burulah lajeng enggal amenek ing nguwit wau, boten
dadngu mudhun malh mawi ambekta tala kathah, isi madu sawata-
wis.

=====

Cariyosipun Candhi Maling: Ing Redi Kethu.

Kala karaton Pengging, panjenenganipun Prabu Madu Sudhana,
nata ing Pengging kang angadhaton Salatiga, sabab lali kaka-
raton Pengging, kadhatonipun ngolah-ngalih, terkadhang kang
jumeneng nata, remen ngadhaton ing tanah Kedhu Margawati,
wonten ingkang remen ngandhaton Salatiga, wonten sweneh
teksih remen ngadhaton ing Pengging, boten sanes kados ing
jaman akhir, kados ta panjenenganipun Ratu Mataram wonten
ingkang remen ngadhaton ing tanah Pajang, ing Wanakarta,
wonten ingkang remen ngadhaton pinggir Bangawan Sala, ngantos
dumugi samangke.

Prabu Madu Sudhana wau, kagungan putra kakung, nama Raden
Madukusuma, lolos saking nagari, jumeneng nata, wonten ing
redi sakiduling tanah Pajang, redi wau awit sawetane lepen
Opak ngendheng mangetan dumugi lepen bangawan, wetan lepen
Opak wau, nama Redi Pegat lajeng redi Ijo, panggenan Candhi
ASu, leripun kedhik Redi Kraton Baka, deging karaton sangkala

990, risakipun sangkala 1018 ngetan ragi mangandhap tanah Samapura, dados karaton sakedhap degipun sangkala 1018 rtisakipun sangkala 1020 sawetan redi ijo, nama ardi Wayang, ARdi Kelirnama ARdi gambar, lajeng tanah Tembayat sawetan ardi Kelir, kepara tebih, ardi Gajah Mungkur, liripun ragi andhap ardi Torok wetan ardi Gajah Mungkur, ardi Candhini, wetanipun candhini ardi Kethu, ngetan ragi ngaler kedhik ardi widadari, lajeng Bangawan.

Inggang kasebut sadaya wau, sapangetan sapangilen ing jaman akhir karaton Surakarta, kasebut tanah Redi Kidul, Radne Madukusuma wau, jumeneng nata angratoni tiyang tanah ARdi Kidul sadaya, angadhaton ing redi Andong, sangandhap redi Andong kang bing ler kedhik punika ing waringin rubuh, Raden Madukusuma, ajujuluk Prabu Kalana Tunjung Seta, langkung ageng karatonipun tanah Pajang, Mataram Kedhu Pagelen sami sumiwi, inggang rama, sang prabu Madu Sudhana, ing Salatiga, sakalangkung sungkawanipun ing galih awit inggang putra jumeneng nata wonten tanah ARdi Kidul sarta sampun ageng karatonipun kagalih boten wande ing wingking ing gecak karaton Salatiga, ing ngrisak inggang rama, ananging Prabu Kalana Tunjung Seta, boten pisan pisan kagungan cipta karsa angrisak karatonipun kang rama, inggang kagalih sadinten dinten namung kalangenan ambedhag kidang manjangan ing wana, kadhatek para wadya prawirta, kalampahan rambah-rambah, katimbangan inggang rama, kadhawahan kondur dhateng nagari Salatiga, nanging boten karsa kondur sowan inggang rama.

Cariyos punika taksih wonten candhaipun.

Katandhan dening raden Panji Puspawilaga.

=====

Benjing ing dinten Saptu tanggal kaping 6 wulan Oktober punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan W.Magilapri ing Surakarta.

Benjing ing dinten Senen tanggal kaping 8 wulan Oktober punika badhe wonten lelang ing griyanipun tuwan Litnan Okerse, ing loji wetan Surakarta.

=====

Loterei arta tanpa kacengklong punapa punapa, inggang minong-ka kauntunganipun pakempalan main musik ing Surabaya winastan Sintesesiliyah, sarta inggang sampun kalilan dening kanjeng gupremen kawrat ing serat kakancingan katitimangsan kaping 17 wulan Nopember taun 1865 angka 31.

Kathahing arta inggang kadamel loterei wau 100,000 rupiyah, dene cacahipun lot 10,000 iji, satunggil tunggilipun regi 10 rupiyah, lot wau badhe kadamel papaliyan sarta para sakawan.

Ing ngandhap punika pratelaning kauntungan inggang medal saking loteri wau:

Kauntungan ingkang kapisan..... 40000 rupiah
 Kauntungan ingkang kaping kalih..... 15000 rupiah
 Kauntungan ingkang kaping tiga.....10000 rupiah
 Kauntungan ingkang kaping sakawan..... 1000 rupiah
 Kauntungan ingkang 500 rupiah, sakawan iji
 gunggung.....2000 rupiah
 Kauntungan ingkang 50 rupiah satus iji
 gunggung.....5000 rupiah.
 Nomer ing lot ingkang medal rumiyin sarta ingkang medal weka-
 san satunggil tunggilipun angsal ganjaran 1000 rupiah,
 gunggung.....2000 rupiah

 sadaya gunggung.....75,000 rupiah
 Yatra ingkang kadamel ambayar prabeya ingknag konjuk kanjeng
 gupremen sarta wragading loterei punapa malih ingkang mi-
 nangka kauntunganipun pakempalan ingkang kasebut ing nginggil
 wau kathahipun25,000 rupiah

 gunggung.....100,000 rupiah.
 Samongsa loterei wau sampu kamainaken ingkang gadhah lot
 wetah papaliyan utawi parasakawanan kang kaleres angsal
 kauntungan utawi ganjaran kening anampeni arta pamenangipun
 tanpa kacowok punapa-punapa, kawangenan lami-laminipun ng
 dalem kawanwelas dinten.
 Menggah dinten pamainipun loterei punika badhe katamtokaken
 ing tembe, pamainipun badhe kalampahan wonten ing Surabaya
 katingal ing kathah.
 Sinten ingkang badhe tumbas lot akintuna serat dhateng para
 tuwan ingkang kasebut ing ngandhap punika: isi arta regining
 lot wau, dene serat punika kedah kabayar dening ingkang
 kintun.
 Ing Batawi, dhateng tuwan Jonbraise enko
 Ing Samarang, dhateng Tuwan Kopesemit enko
 Ing ?Surakarta, dhateng Tuwan ?H.K.H. Wilkes
 Ing Rembang, dhateng Tuwan F.G.Kunse
 Ing Kadhiri, dhateng Tuwan Alewein
 Ing Surabaya, dhateng Tuwan Mister Koster,2, tuwan P.Kam, e

Tuwan PanVonendhal, 4 tuwan Y.H. Rosemeiye
 Ing Gresik, dhateng Tuwan Eiman
 Ing Bangkalan, dhateng Tuwan Y.Maiye
 Ing Prabalingga, dhateng Tuwan Y.W.F.Panloten, 2 Tuwan
 Y.H.A.Simerman.
 Ing Pasuruwan, dhateng Tuwan A.H.Beiye, 2 Tuwan Panderaret
 =====

Ongka 41, 11 Oktober 1866

Pawartos warni-warni

Rampunging pamainipun loterei barang-barang ingkang sampun katumbas pancen kawedalaken wonten pagelaring barnag-barang ingkang medal saking taberen ing Batawi kala ing taun 1865 pratelaning kauntungan kados ing ngandhap punika:

Kauntungan ingkang kaping 1, ingkang angsal ?tuwan H.N.H.Wilkes.

Kauntungan ingkang kaping 2, ingkang angsal Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan.

Kauntungan ingkang kaping 3, ingkang angsal tuwan Pandher-lindhe.

Kauntungan ingkang kaping 4, ingkang angsal Swargi tuwan C.Nunas.

Kauntungan ingkang kaping 5, ingkang angsal tuwan G.L.Dhor-phal.

Kauntungan ingkang kaping 6, ingkang angsal tuwan M.Bos.

Kauntungan ingkang kaping 7, ingkang angsal Raden Tumenggung Kartadipura.

Kauntungan ingkang kaping 8, ingkang angsal Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan.

Kauntungan ingkang kaping 9, ingkang angsal Swargi tuwan C.Nunas.

Kauntungan ingkang kaping 10, ingkang angsal tuwan C.F.Winter

Kauntungan ingkang kaping 11, ingkang angsal Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan

Kauntungan ingkang kaping 12, ingkang angsal Raden Tumenggung Arjadipura

Kauntungan ingkang kaping 13, ingkang angsal Tuwan Y.Pansetin Bergen

Kauntungan ingkang kaping 14, ingkang angsal tuwan R.Kam.

Kauntungan ingkang kaping 15, ingkang angsal tuwan G.L.Dhor-phal.

Kauntungan ingkang kaping 16, ingkang angsal Kanjeng Pangeran Ariya Suryadiningrat

Kauntungan ingkang kaping 17, ingkang angsal tuwan Y.Y.Pan-deredhe.

Kauntungan ingkang kaping 18, ingkang angsal tuwan Mister H.Y.W.Panlawik panpap

Kauntungan ingkang kaping 19, ingkang angsal Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan

Kauntungan ingkang kaping 20, ingkang angsal tuwan Y.F.Semit.
Kauntungan ingkang kaping 21, ingkang angsal Raden Mas Ariya
Jayadiningrat
Kauntungan ingkang kaping 22, ingkang angsal tuwan G.L.Dhor-
pal.
Kauntungan ingkang kaping 23, ingkang angsal Ingkang Sinuhun
Kanjeng Susuhunan
Kauntungan ingkang kaping 24, ingkang angsal tuwan H.L.Dhom.
Kauntungan ingkang kaping 25, ingkang angsal Ngabei Jaya
Pradata.

=====

Saking pawartosipun manawi panggenan adamel sanjata ing
Dhelep tanah Walandi, punika titiyang sami adamel sanjata
kalayan enggal-enggalan, sanjata punika angsal saking pamang-

gih enggal manawi angiseni saking wingking, dene panganggeni-
pun manawi kaungelaken ing dalem samemit saged mungel ping
wolu utawi kaping sanga boten mawi rakaos pisan-pisan, punapa
malih kenging kadamel anyanjata tebihipun ing dalem 1400
utawi 1600 tindak, menggah ingkang kalebet aji piyambak dene
isinipun patruman boten aeng, inggih sami kados patruman
sanjata limrah, ananging wonten kuciwanipun manawi sanjata
wau sampu kaungelaken kaping wolung dasa utawi kaping satus,
panasing wuluhipun sakalangkung sanget, ngantos andadosaken
boten kenging kaangge anglajengaken ing panyanjatanipun,
ingkang punika ing mangke badhe angewahi kawontenaning prana-
tan kadosta: manawi prajuritira lir salin aso saking angge-
nipun anyanjata, prajuritira lir salini sanesipun wiwit
anyanjata, trap makaten punika amikantukaken panganggenipun
sanjata dadamelan enggal wau ing salajengipun.

=====

Tiyang ambujeng gajah wonten salebeting kitha ingkang dipun
griyani ing bongsa welandi, punika amesthi kalebet ing cariy-
os kang aeng sanget, ewadenten dereng antawis lami ing kitha
Morat bawah ing tanah Switser wonten lalampahan punika,
wonten satunggaling paklempakan ingkang anggelaraken kasaged-
anipun anumpak kapal wonten ing kitha wau, mawi angatingalak-
en saged angereh dhateng gajah kakalih sami miturut kenging
kadamel sembranan, sabibaring panggelaripun wau paklempakan

lajeng mangkat dhateng kitha sanesipun, ingkang sampun kalam-
pahan gajah kakalih punika lumampah piyambak-piyambak mawi
kaateraken ing tiyang satunggil ingkang kenging kapitajeng,
sarta salaminipun gajah wau lumampah unjaran, ananging kala
semanten pikajenganipun tiyang ingkang ngateraken gajah badhe
kacoba ginandheng ing rante, sareng tiyang punika wiwit
angereapaken rante, gajah ingkang satunggil lajeng anyandhak
kalayan telalenipun dhateng tiyang wau, tumunten kaundha
sarta katadhahan malih, lajeng kaidak-idak ngantos pejah,
gajah tumunten lumajeng sarwi ngamuk ing saurutipun margi,
angrisak sakathahing kareta u\tuwin wande alit-alit, wah
samukawis ingkang dipun tingali, sadaya sami karebahaken
tuwin kawonlak-walik, sawarnining tiyang ingkang sumerep
dhateng gajah ngamuk wau, sami ajrih sarta sumingkir, dados
pangamukipun gajah ngantos ing dalem kalih jam boten wonten
palanganipun, para grema militer, tuwin prajurit mardika
ingkang julig wah juru pompa sapompanipun punapa malih saka-
thahing tiyang sami kapuriha dhateng ngatutulung sarta anyem-
badanana pangamukipun gajah wau, ingkang kanamanan pun Posto,
mongka gajah punika ing saderengipun ngamuk elet sadinten
nalika katonton ing titiyang ambingahaken manah, panggenan
pangamukipun gajah kapepetan kalayan rumput aking wawratani-
pun grobag sawelas iji, sami kabongkok sarta kagandheng,
punapa malih ingn sasaged saged kaakalan supados gajah ing-
kang ngamuk kenginga kapeksa amurugi rumput aking wau, saman-
ten punika inggih kalampahan ananging priyantun ing kitha
Morat angawisi, tiyang boten kalilan anyanjatani gajah wau,
awit kuwatos bilih gajah ngantos kataton mongka boten pejah
sakal bokmanawi lajeng sangsaya ngammuk, awisanipun priyantun
wau angasoraken dhateng para grema tuwin para prajurit mardi-
ka, tumunten para tiyang ingkang wonten griya nginggil sarta

ngungak ing ram jandhela, prenahipun ing sakiwatengening
panggenan ingkang kapepetan rumput aking, sami eroh aningali
gajah, sarta swaranipun rame, wondening sawarnining tiyang
ingkang wonten panggenan sanesipun ugi sami eroh, sarta
angundhat-undhat dhateng priyantun ing kitha Morat, ananging
priyantun punika saged anyarehaken manahipun sakathah ing
tiyang, sarta lajeng kengkenan amendhet mariyem satunggil

saking kitha ing Prenghibureh, wanci siyang mariyem punika dhateng, sareng kabekta lumebet ing kitha sawarnining tiyang sami suka-suka, salajengipun sareng gajah pun Posto mireng rerame malih, lajeng kawit angamuk malih mobat-mabit anggigirisi, ananging pamawasipun mariyem kaleresan sareng mungel sapisan gajah ingkang ngamuk kataton bramana, lajeng sangkoyoran dhawah ing siti pejah, gajah ingkang satunggilipun estrenipun gajah pun Posto, boten pisan geter anyumerepi rerame punika, malah amurugi dhateng panggenanipun ingkang jaler, lampahipun tamban sanadyana mekaten paratiyang sami ajrih anyepeng dhateng gajah estri wau, ananging sareng gajah ingkang pejah sampun kasingkiraken gajah estri lajeng nutut kenging kabekta kesah.

=====

Saking pawartos ingkangkenging kawastanan boten dora, bab tiyang anyanjata maliwis ing nagari Walandi, pratelanipun kados ing ngandhap punika.

Titiyang sawatawis kathahipun sami kendel saking anggenipun anyanjata maliwis, saha anedha wonten ing panggenan ingkang angendhakaken, prenah celak ing ngriku wonten rare ngadeg ingkang saweg ngumur sawelas taun, awit saking sumeh ing pasemonipun rare punika andadosaken panglegewaning tiyang satunggil ingkang anyanjata maliwis, kalampahan tiyang wau angawe dhateng rare, kapurih anyelaka, saha lajeng katawenan roti kaliyan ulam, menggah pitembunganing anggenipun anaweni wau makaten: enya thole, kowe arep roti karo iwak, wangsulanipun rare: kula nuwun, ya gene kowe teka ora arep, ra yre mangsuli: kula boten kalilan papriman, tiyang wau apitaken malih: sapa kang mulang yen kowe ora kena papriman, rare mangsuli malih: bapak kula, bapakmu omahe ing ngendi, rare mangsuli: punika ing kang katingal saking ngriki, bapakmu dadi apa, wangsulanipun rare: dados tiyang tani, tiyang wau apitaken malih dhateng rare: lah kowe arep dadi apa, rare inggih mangsuli malih: manawi wonten karsanipun gusti Allah, kkula badhe dados Saradhadhu, awit bapak kula kala ing ngajeng inggih dados saradhadhu, apa kowe arep dak dadekake saradhadhu, inggih purun manawi wonten karsa sampeyan, iya becik mengko aku bakal eling marang kowe, sasampunipun tiyang wau wicanten dumugi samanten, rare lajeng kesah.

Sareng ing dinten enjingipun rare katimbalan dhateng kadhaton, sadumuginipun ig salebeting kadhaton rare aningali tiyang ingknag katampik anggenipun bdhe anyukani roti kaliyan ulam, inggih punika kanjeng raja, rare lajeng sumerep manawi kanjeng raja ingkang anaweni roti kaliyan ulam dhateng piyam-

bakipun, sakalangkung andadosaken gumuning rare, saderenging mantun gumunipun wau, rare tumunten kasantunan pangangge, saha lajeng kabekta dhateng ing griya pamulanganipun kanjeng raja, supados kawulanga wonten ing ngriku bab anggenipun

badhe dados prajurit ing tembe.

Menggah pikajenganing rate ingkang boten kalilan apapriman saha bahde dados prajurit ing mangke sampun kaleksanan awit sakingkarsanipun kanjeng raja, dene patrap kasaenan samanten punika ing ngatasipun kanjeng raja dereng cekap, bapaking rate ingkang suka wuwulang dhateng anakipun boten kenging apapriman, ing nalika samanten lajeng ginantungan ganjaran dening kanjeng raja.

Ing sawatawis jam dangunipun bapaking rate lajeng dados kacekapan saanak bojonipun, amargi kanjeng raja amaringi padamelan dhateng bapa wau, saha amaringi griya ingkang prayogi kenging kaenggenan saanak bojonipun.

=====

Punika candhaking cariyosipun Candhi Maling: ing Redi Kethu. Kacariyos wonten tunggal pandung sakti, asli ing Pacitan, nalika anglampahi ngelminipun kasekten, saking pakening gurunipun kinen tapa angidang, dene patrapipun tiyang tapa angidang punika, salaminipun anglampahi tapa, nunggil kaliyan kidang, utawi manjangan wonten ing wana, ingkang dipun tedha, inggih manut kang dipun tedha kidang manjangan ing wana, katranganipun namung nedha rerambanan tuwin gegodhongan kang lemes-lemes pandung sekti wau, engggenipun tapa ngidang, nunggil kaliyan manjangan ing wana redi Kethu, piten-pinten taun anunggil manjangan ing wana redi Kethu ngriku, pandung sekti saking laminipun anunggil manjangan ing wana redi Kethu, sakathahing manjangan sawana redi Kethu, sami anjil ma dhateng pandung sekti wau, mangkaten malih pandung sekti, sanget rentah tresnanipun dhateng manjangan sawana redi Kethu, boten pae atresna sasaming manuswa, kados anunggil darah kulit daging balung sungsum otot.

Kala samanten Prabu Kalana Tunjung Seta, ing redi kidul asrig tindak ambedhag manjangan ing wana redi Kethu, ing ngiring dening wdya prawira, len punggawa mantri mukya, sang Prabu sampun rambah-rambah angektosi ing galih, yen wana tredi

Kethu punika, estu kathah manjanganipun sanes lan wana kang kathah kathah, prabu Kalana Tunjung Seta, lajeng adhedhawah dhateng punggawa mantri, wana punika andikakaken anggrogol kalampahan wana redi Kethu, kagrogol rapet santosa, pandung sekti: katut kalebet ing grogol kalagrogol wau kagarap ing tiyang kathah, kang sami anggarap boten wonten uninga, dhateng pandung sekti punika, awit kebat cukatipun alesep ing grumbul bondhot-bondhot sampun sami kaliyan menjangan. Kacariyos Prabu Kalana Tunjung Seta, asring-asring tindak ing pagrogolan wana redi Kethu ing ngiring para wadya prawira, saha punggawa mantri kathah, sarawuhipun pagrogolan lajeng dhawah sami andikakaken anjemparingi majangan kang wonten salebeting grogol sabab kala semanten tiyang bongsa jawi, dereng wonten saged ngagededamel sanjata, saged dipun namung angge jemparing, paser, tulup towok lan sasaminipun menawi sang nata kondur saking pagrogolan wana redi Kethu, pinten pinten atus angsalipun manjangan kabagi dhateng punggawa mantri, abdi sanagari kawradinan sadaya, sami asuka bingah ing manah, mila menawi sang nata lami boten tindak ing pagrogolan wana redi Kethu, para wadya sanagari sami angajeng-ajeng, mangkaten ugi sang prabu kalana Yunjung Seta, saben

tindak ing pagrogolan wana redi Kethu, sakalangkung sukaning galih, awit aningali kathah ing manjangan angreb atusan sababing jaman punika, kabingahanipun ratu jawi, namung ambebedhag dhaten gwana, terkadhang para gawa putra, sami andherek nitih gerbong bale lumur.

Cariyos punika taksih wonten candhakipun.

Katandhan dening raden Panji Puspa Wilaga.

=====

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Juni 1866 ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayyara sambutanipun wau saderengipun utawi satelasing wulan Oktober punika, manawi boten anglek-sanani ing pambayaripun, para tiyang wau badhe katagih medal saking pangadilan. Surakarta kaping 1 Oktober 1866
Inkang nguwasani kantor lelang, Katandhan Tuwan Pan Ogendhorep.

=====

Punika wewahanipun serat Jurumartani kaping 11 Oktober 1866,
ongka 41

Ing dalem kabupaten Demak benjing tanggal 29 sarta 30 wulan
Oktober punika, badhe wonten lelang barang titilaranipun
swargi Kanjeng Pangeran Ariya Condranagara, kadosta:

Meja utawi bangku ingkang sami ngangge sela cendhani utaawi
marmer, meja pasuryan utawi pangraupan kursi kajeng maoni
damelan nagari Walandi, paningalan tuwin gambar ageng-ageng,
lampu-lampu, benet utawi lemari pangageman pasareyan barang
pethakan warni-warni, kadosta: bekakas pateyan sendhok tuwin
sanès-sanèsipun lampit gedhogan tuwin gamelan selendro ageng,
pratelanipun gamelan wau kadosta ing ngandhap punika:

=====

Ongka|kathahipun |Namanipun|wawratipun gamelan|kat

|gamelan | |rembat | kati |
| | | dacin | |

1		6		Slenthem		I		56		Bedhug I
2		6		Slenthem		I		56		Kenthang 2
3		6		Demung		I		55		Gayor I
4		6		Demung		I		55		Rancangan II
5		6		Saron				95		Rebab II
6		6		Saron				95		Tabuh 17
7		6		Saron				95		
8		6		Saron		I				
9		10		Bonang		I		34		
10		10		Penerus				60		
11		I		Kenong				45		
12		2		Gongsa		I		17		
13		I		Kempul				21		
14		I		Kethuk				24		
		3		Kecer						

gunggung 14 08

Pratelan gamelan Mongga

I		2		Gongsa				68	
2		2		Kempul					
		I		Bendhe				29	
		2		Kecer					
3		6		Bonang				49	
4		6		Bonang				49	
5		6		Bonang				38	
6		6		Bonang				39	

| | |-----|-----|

Gunggung 2 72

Sanes-sanesipun barang taksih kathah panunggilanipun.

=====

Raden Mas Tranggana kolektur ing Kudus putranipun suwargi kanjeng Pangeran Ariya Condranagara Bupati ing Demak ngaturi wuninga dhateng ing para santana mitra karuh sadaya, yen samangke tampi ganjaran saking kanjeng tuwan ingkang wicaksana Guprenur Jendral ing tanah Indiya Nederlan nama Raden Mas Ariya Purbaningrat kasebut ing serat kakancinganipun Kanjeng Gupermen kaserat tanggal kaping 23 wulan September ing taun

1866, angka 26.

=====

Ing tokonipun tuwan Dhegrotkolep enko ing Surakarta tiyang saged pikantuk tumbas panilye satunggil tunggilipun regi 50 sen. Katandhan F.H. Jaspres.

=====

Titiyang saged pikantuk atumbas saking tuwan Jaspres ing Surakarta gambar-gambar sorot ingkang aeng saha boten katingal, manawi kertasipun kadekekan toya gambaripun lajeng katingal, sakalangkung adamel bingah ingknag tumbas, menggah reginipun sadosin 4 rupiyah bayar kenceng.

Katandhan Tuwan Jaspres.

=====

Ing tokonipun Tuwan Dhegrot Kolep enko ing Surakarta, tiyang saged pikantuk tumbas gambaripun pasanggrahan ing Kramat ingkang kaadegaken kala rawuhipun Kanjeng Tuwan Ingkang wicaksana Guprenur Jendral gambar punika kadamel saking soroting srengenge, punapa malih serat panembrama ingkang mawi kasekaraken kinanthi, tuwin sinten ingkang.....,

Katandhan tuwan Dhegrotkolep enko.

=====

Ongka 42, 18 Oktober 1866

Kulawisudhan

Tuwan Jonghir, Mister, O.E.Panispen, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Malang Paresidhenan Pasuruwan. Tuwan Mister, W.A.Eni, ingkang wau dados sakretaris ing Sumatra Pasisir Kilen mawi pangkatipun Asisten Residhen, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Bojanagara paresidhenan Rembang.

Tuwan W. Brus priyantun kareh ing kangjeng tuwan Residhen ing Borneyo sisih Kidul tuwin Wetan, ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Kuti tuwin ing Borneyo pasisirt wetan, kabawah ing paresidhenan Borneyo sisih kidul tuwin wetan angiras dados pendhimister wonten ing ngriku.

=====

Pawartos warni-warni

Raden Mas Trenggana putranipun swargi Kanjeng Pangeran Ariya Condranagara, bupati ing Demak saha ingkang mentas kaparingan nama Raden Mas ARIYA Purbaningrat, ing mangke saking karsanipun Kanjeng Gupremen kakula wisudha dados bupati ing demak agentosi ingkang rama.

Menggah pawartos punika pamendhetipun saking serat pakabaran ingknag anama: Lokomotif.

=====

Serat pakabaran ingkang anama Lokomotif wau anyariyosaken, manawi kanjeng Nyonyah Baroneslut Pandhebele, garwanipun Kanjeng Tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral kala ing dinten Sabtu tanggal kaping 13 Oktober punika atilar dunya kondur dhateng rahmatulah.

=====

Ing Amerikah tanah ingkang pamanggihipun dhateng samukawis sakalangkung kathah saha angeram-eramaken titiyang badhe adamel kitha ingkang pikantuk panas saking ngadhap salebeting siti. Manawi mongsa badhidhing ingkang asrepipun sakalangkung sanget salebeting ing kitha ngriku dhawahipun ing asrep dados sedhengan saha sakeca, titiyangipun boten karaos asrep ingkang ngantos andadosaken boten sakeca, manawi titiyang punika lumampah ing lulurunging kitha sukunipun tansah garing kema-won saha boten karaos anyebing suku. Menggah pandameling panas kitha wau ingkang saking ngandhap salebeting siti, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Sakathah ing margining kukus sami kabucalan, kukusing latunipun tiyang olah-olah sapanunggilanipun sami kawedalaken ing

ngandhap salebeting siti urut brumbungan sapanunggilanipun
kaanjogaken ing margi kukus satunggil ingkang sakalangkung
agengipun saha ingkang kadamel saking tembok, dhapuring margi
kukus ingkang ageng punika kados tugu lancip ing nginggil,
sakathahing kukus lajeng medal saking tugu lancip manginggil
purugipun, kadadosanipun margining kukus ingkang wonten
ngandhap salebeting siti, awarni brumbungan wau palajengipun
mrika-mriki wonten salabeting kitha enggal wau, wekasanipun
kukus anjog ing tugu lancip saha lajeng medal saking ngriku,
menggah kitha enggal wau dipun namani: Kitha Panas.

=====

Tuwan Panwin Gardhen ing Niwekup tanah Walandi amacak pawar-

tos wonten serat pakabaran sakingERlom inggih ugi tanah
Walandi, manawi semahipun sampun tigang taun laminipun bilih
manak ing dalem sataunipun boten kendhat lairing jabang bayi
dhawah ing tanggal kaping 1 wulan Agustus anggenipun manak
kaping tiga ing dalem tigang taun punika, inggih dhumawah ing
tanggal kaping 1 wulan Agustus, malah dhawah ing jam lairing
jabang bayi sawatawis sami.

=====

Saking pawartosipun manawi sapunika ing Paris kithanipun
ageng tanah Prangkrik kathah tiyang raraosan, bab badhe
wontenipun angger pranatane enggal sampun ngantos amendhem
tiyang kakinten pejah ingkang dereng katamtokaken ing pejahi-
pun sayektos, awit saking raraosaning para titiyang, bilih
kathah ingkang kakinten pejah gesang malih, menggah cacariy-
osanipun kados ing ngandhap punika:

Wonten dhokter anama: A, punika cariyos manawi piyambakipun
sampun kawastanan pejah, ananging gesang malih. Sawatawis
kalih dasa taun laminipun tuwan dhokter A, kekesahan dhateng
tanah Dhitslan. Sareng wonten ing Prangporet tanah Dhitslan
dhokter wau sakit wonten salebeting losemen ing ngriku, saha
rumaos manawi sakitipun wau badhe andadosaken pejahipun, mila
dhokter A, lajeng angundang dhateng ingknag nyepeng losemen,
sareng ingkang nyepeng losemen sampun dhateng wonten ing
ngajenganipun, dhokter A, ameling kathah-kathah ingkang dados
prelunipun dhateng ingkang nyepeng losemen wau, wekasanipun
dhokter A, gadhah waweling, manawi dumugi ing pejah jisimipun

kabalsema, tegesipun balsem punika jerowan kawedalaken lajeng wetengipun kaisenana kapur barus sapanunggilanipun ingknang adamel garing dhateng kulitipun daging, punapa malih manawi sampun kabalsem jisimipun wau kakintuna dhateng akrabipun ing tanah Prangkrik sareng enjingipun dhokter A lajeng pejah, dene ingkang nyepeng losemen awit saking temenipun nunten angundang dhokter ingkang saged balsem jisim, ing Prangporet amung wonten dhokter satunggil ingkang saged balsem jisim, sarehning dhokter ingkang saged balsem jisim ing dinten punika panuju kathah damelipun atutulung titiyang sakit, tumunten akintun tiyang ingkang saged balsem jisim, sumados kawiwitan rumiyin anggenipun balsem jisim, manawi sampun kawiwitan tuwan dhokter badhe lajeng andumugekaken rampunging anggenipun balsem wau.

Sareng makaten tiyang ingkang apitulung dhateng dhokter, balsem jisimipun tuwan dhokter A, punika dhateng ing kamar panggenanipun jisim, ing ngriku tiyang ingkang pitulung balsem jisim piyambak kemawon, saha lajeng amiwiti ngenges wetenging jisim, sareng jisim wiwit kaenges sakedhik wetengipun, lajeng kados tiyang kagugah anggenipun tilem, mripatipun tumunten melek, dene wetengipun ingkang kaengges wau medal rahipun, ing sanalika tiyang ingknag pitulung balsem jisim sakalangkung kagetipun saha ajrih, boten saronta anggenipun lumajeng medal saking kamar wau, sareng dumugi sawawining kamar tiyang ingkang pitulung balsem jisim boten acariyos punapa-punapa bab ingkang sampun kalampahan ing ngantawis sajam dangunipun dhokter ingkang badhe balsem jisim dhateng, saha lajeng nothok korining kamar, jisim ingkang gesang malh awit saking kawedalaken trahipun upamenipun kados kasanggah,

ing nalika samanten rumaos manawi prelu apikantuk kapitulunganipun tiyang, tumunten sasaged-saged angetog karosanipun, supados sageda angadeg saha amengakaken korining kamar. Dhokter ingkang saged balsem jisim ing waktu punika ngadeg wonten sawawining kori kamar, lajeng wicanten kaliyan ingkang mengakaken korining kamar wau, pitembunganipun makaten: tuwan dhateng kula ing ngriki badhe balsem jisimipun dhokter A, ingkang dipun pitakeni mangsuli: manawi pareng mugè sampeyan lumebet, kula ingkang anama dhokter A, kala samanten dhokter

ingkang saged balsem jisim lajeng biya saha sakalangkung gumunipun amandeng dhateng tuwan dhokter A, boten dangu dhokter ingkang saged balsem jisim inggih lumajeng kesah.

=====

Saking pawartosipun manawi wonten tiyang sakit kolera ingknag sakalangkung aeng kadadosanipun, menggah pratelanipun kados ing ngadhap punika:

Kala ing taun 1848 jendral ing tanah Belgi anama tuwan Sasal sakit kolerah, badanipun biru sadaya saha sampun kaundhangaken bab pasthining pejahipun, sareng makaten tumunten wonten tiyang satunggil ingkang badhe anyarasaken jendral wau, rembagipun jendral kapurih andekeki awu panas ingkang kalebetaken ing kanthongan, awu panas ingkang kalebetaken ing kanthongan punika kadekekna ing badanipun jendral, awit punika manut pranatanipun tiyang Rus anjampeni tiyang sakit kolera, sareng sampun kadekekan awu panas wau dangunipun nem jam, jendral punika kalajeng senggang babar pisan, ing sapunikanipun jendral wau dados minister gupremen Belgi.

=====

Tuwan Isidhoredhoran Opsinder Pelikan areng sela ing tanah Belgi, gadhah emah sampun tigalikur taun anggenipun kawngku dados bojo. Semah punika kala ing tanggal kaping 24 wulan Juni amanak kaping kalih dasanipun, dados ingkang lair waktu punika anakippun wuragil, anak wuragil punika jaler, gadhah sadherek jaler kawanwelas ingkang estri gangsal, gunggung sadaya anakipun tuwan Isidhoredhuran kalih dasa jaler estri. Menggah anak kalih dasa wau ingkang taksih gesang amung kalih welas.

=====

Dereng lami ing Roterddham wonten tiyang pejah saderenging rabi, punika anilari arta dhateng mitranipun tiyang wolu, satunggil tunggilipun angsal satus rupiyah, mawi jangji arta wau kadamel wragadipun kekesahan kapurih ngupados bingah dhateng ing Prangporet, dene manawi wonten ingkang boten purun anglampahi kekesahan dhateng Prangporet punika kawarisanipun arta kaedumna waradin dhateng ingkang sami kekesahan, punapa malih rencangipun ingkang anglamjengaken padamelaning bendara, punika kasukanan bekakasing padamelan sadaya, saha kasukanan pasewaning griyanipun ingkang pejah laminipun ing dalem sataun, wah kasukanan kalih rupiyah ing dalem sa-Akad, supados kadamel ingoning sagawonipuntiyang ingkang pejah wau ing salaminipun gesang.

=====

Ing Niweyoreg (Newyork-kali) tanah Amerikah wonten jagal

menda kakalih sami totohan sagedipun amragad menda nenem ingkang sakalangkung rikat saha kenging lajeng kawade ulami-

pun, menggah kathahing toh saket ringit, wekasan menang jagal menda ingkang kasebut ageng piyambak, anggenipun amragad menda nenem ing dalem kalih dasa sameneit rampung, lajeng kenging kawade ulamipun.

Bokmanawi badhe wonten tiyang totohan malih ingkang kados makaten wau lampahipun bab rikat-rikatan, boten ngantos lam amesthi badhe wonten pawartosipun bab tukang cukur, ingkang sagah anyukur tiyang seket ing dalem sadasa menit rampung, ingkang punika punapa ngantos wonten gangsal saking tiyang seket wau ingkang badhe purun kacoba dipun cukur rikat kados makaten.

=====

Ing Nagari Surakarta.

Wonten 1 abdi dalem praurit prawira tamtama, anama Mas Kudus-umantara, punika awit alit dumuginipun samangke sampun umur 39 taun, dereng nate sumerep raosipun sadya sawarnenipun wowohan agengipun nedha utawi purun nyepeng alitipun mambet punapa dene ningali boten pisan-pisan menawi puruna, awit menawi sumerep utawi ngambet dhateng sadaya wowohan wau rumaosing manah kados dening ningali sawer ingkang sakelangkung ngageng badhe nedha dhateng ing piyambakipun menggah ing kayektosanipun ugi sampun nate kacobi para priyantun ageng ing nagari Surakarta sawetawis ing nalika punika boten siwah kados ingkang kasebut ing nginggil wau, tetala boten kenging yen kapuriya agengipun nedha alitipun nyepeng mambeta wica celakan karinggetipun medal gemrobyos salajengipun boten enget supening manah lajeng badhe murruni para ingkang jrobi wau dalah samangke sampun gadhah anak jaler 1 umur 8 taun kaengetanipun ugi kados bapakipun wau, andadosaken pangeram-eramipun para priyantun ing Surakarta ingkang sampun nymerepi ing kayektosanipun wau awit sakathah ing cariyos dereng wonten ingkang kasebut kados punika, kang sarta mas Kudus-umantara wau sakelangkung saged anindakaken ing kalimrahan bab jajagongan prikonca utawi sanak sadherek sapanunggilanipun ingkang sami gadhah damel punapa dene para pangagengipun saha saged adamel karesepanipun ing manah dhateng sadaya wau

ingkang kelawan mawi nyingkiri wedaling pasegah wowohan.
Katandhan Raden Panji Pringgawijaya.

=====

Punika candhaking cariyosipun Candhi Maling: ing Redi Kethu.
Panuju satunggal wektu, sang nata tindak pagrogolan wana redi
Kethu, ing ngiring wadya prawira, tuwin punggawa mantri:
kados saben sarawuhipun pagrogolan lajeng dhawuh sami andika-
kaken jemparingi manjangan salebeting grogol kados saben ing
ngriku pandung sakti: sakalangkung welas aningali para man-
jangan ing wana redi Kethu, samangke kathah kalongipun awit
sering sering dipun jemparingi sang prabu Kalanatunjungseta,
satindakan sapisan boten narimah kalih atus tigangatus man-
jangan kapejah kenging jemparing, ing ngriku pandung sekti
badhe tetulung dhateng kancanipun kang tetunggilan lami
rinten dalu ngantos taunan para manjangan wana redi Kethu,
pandung sakti amintonaken kasaktenipun darbe jimat warni
sela, pambektanipun saking nglorog sakalangkung kuwasanipun
saben manjangan kenging jemparingpejah, lajeng dipun usap ing
jimatipun pandung sekti punika, manjangan lajeng gesang

malih, sanalika jumranthal saged malajeng.

Kala semanten para wadya prawira tuwin punggawa mantri,
enggenippun sami anjemparingi manjangan ngantos satengah
dinten dereng wonten manjangan kang pejah kenging jemparing,
para wadya sami kodheng, boten wonten saged andugi, enggeni-
pun sami kinten-kinten ing manah, anglampahaken panggrayangan
menawi kagungan dalem pagrogolan wonten kang bowol awit
binedhah ing pandung, manjangan kathah kang medal saking
salebet pagrogolan dados kang kanton amung sakedhik mila
dipun jemparingi ngantos satengah dinten boten wonten kang
kenging jemparing, ananging untabing manjangan salabeting
grogol teksih katingal kathah kados saben mila langkung ewed
enggenipun sami andugi -dugi, para punggawa sami atur unin-
geng nata, saking lalampahan kang ngodhengaken manah puni
ka.

Cariyos punika taksih wonten candhakistanipun.

Katandhan dening raden Panji Puspawilaga.

=====

Pawartos warni-warni

Ing Prangporet wonten tiyang atampi pawartos saking Alepo tanah Persi, pawartos punika sakalangkung anggenipun anggigirisi, menggah pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Kala tanggal kaping 22 Juli ingkang sampun kapengker ing Mesopotami bawah Persi, kaprenah ing sahantawisipun lepen Eprat kaliyan Tigris saha celak kaliyan Dhiyabeki, sitinipun anjemblong, wiyaripun amubeng lampahan tigangdasa jam, dene dhusun ingkang tumut anjemblong satityangipun punika kathahipun nembelas iji, menggah kateranganipun pawartos bab panjemblonging siti sadhusun titiyangipun wau ing salajengipun dereng wonten.

=====

Wonten jajaka dados rencang salebeting baita kapal anama Polperet saweg ngumur nembelas taun, punika anglampahaken baita kapal amung kaliyan kapitaning baita kapal kemawon, saking pulo-pulo Antiles tanah Amerikah, kabekta dumugi muhara ing Bres tanah Prangkrik, mila baita kapal punika kalampahaken ing jajaka piyambak amung kaliyan kapitanipun, awit para titiyang salebeting baita kapal sami pejah sadaya, jalaran saking sakit, sareng dumugi wonten ing tanah Prangkrik, jajaka lajeng kaganjar tatenger Ridher, malah para raja sanesipun inggih sami anggajar tatenger Ridher dhateng jajaka punika, ngantos angsal tatenger kathahipun kathahipun sakawan anjawi saking Ridher wau jajaka inggih angsal tatenger sanesipun akathah.

=====

Saking pawartosipun manawi sapunika para tiyang Inggris ing tanah Indhi amgamge dopongga kadamel amalujeng sabin menggah walujengipun sakalangkung ageng, saha kadamel wonten ing enggelan, kakintunaken dhateng tanah Indhi wau. Saben anjing dipongga anyepeng saratinipun kaliyan talale, lajeng kadekekaken ing githokipun, saha tiyang dhusun kakalih ingkang kabebahan anglamahaken walujeng, dene anggenipun amalujengaken dipongga sadinten muput, lebet ing siti ingkang kenging waluneng saelo, wiyaripun kalih tengah elo.

=====

Saking pawartosipun manawi ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik wonten tiyang estri ingkang saben enjing anaweni potelot dhateng jajaka satunggil kapurih dipun tumbasa, anggenipun atawi potelot tiyang estri wau wonten panggenan ing ngara-ara, saben dinten jajaka punika langkung ing ngriku badhe dhateng panggenanipun anyambut damel, awit jajaka wau dados juru serat, pitembunganipun tiyang estri dhateng jajaka

makaten: E tuwan, mugi wontena karsa sampeyan anumbas potelot kula punika ingkang badhe adamel kabegjan sampeyan satunggil regi gangsal sen, jajaka amituruti ingkang dados panedhaniun tiyang estri, saben enjing jajaka atumbas potelot satunggil, kalampahan dados ngadat manawi jajaka langkung wonten ing ngara-ara panggenaning asade potelot tiyang estri, lajeng atumbas potelot satunggil, regi gangsal sen, manawi potelot sampun katampen dening jajaka punika, ing saben saben tiyang estri wicanten makaten: potelot punika badhe andadosaken kabegjan sampeyan, sareng makaten panuju satunggiling dinten ing wanci enjing jajaka lumampah kados ngadatipun

wonten panggenaning asade potelot tiyang estri wau, ananging jajaka sakalangkung gumunipun sareng aningali tiyang estri sampun boten wonten ing ngriku, jajaka lajeng tataken angupados serep bab purugipun tiyang estri, wekasanipun boten wonten ingkang sumerep, sampun sawatawis wulan laminipun jajaka boten pikantuk pawartos bab purigipun tiyang estri wau, nunten jajaka kaundang dening notaris ingkang amratelakaken dhateng jajaka, manawi motaris angrawati warisan ingkang kapancakaken dhateng jajaka. Wangsulaniupun jajaka wau kalayan gumun makaten, warisan dhateng kula, punika saking tiyang estri ingkang anilari serat, ungelipun makaten ing mangke meh andungkap dumugi ing pejah kula, sarehning kula boten gadhah titiyang sepuh saha sanak kadang, mila ingkang kula dadosaken ahli waris tuwan L ingkang sampun atumbas potelot saben enjing dhateng kula, laminipun ing dalem sa-taun, saha kula sanjangi ing nalika saben atumbas potelot kula, bilih panumbasipu potelot wau badhe andadosaken kabegjanipun, ing nalika samanten jajaka sumlengeren, pamanahipun jajaka kala atumbas potelot kula, bilih panumbasipun potelot wau badhe andadosaken kabegjanipun. Ing nalika samanten jajaka sumlengeren, pamanahipun jajaka kala atumbas potelot saking tiyang estri ingkang saben saben amedalaken pitebungan, bilih panumbasipun potelot badhe andadosaken kabegjanipun, punika amung kadamel gumujengan kemawon, ing wekasan pitebunganipun tiyang estri wau anuhoni. Menggah warisanipun awarni barang-barang tuwin arta kathahipun kirang langkung saking 18250 rupiyah.

=====

Cariyos bab tiyang ingkang kapeksa dados Dhokter.

Kala rumiyin ingkang jumeneng maharaja wonten ing Mosko tanah Ruslan ajujuluk Borisgodseno, awit encok tanah sesareyan, saking sanget karaosing gerahipun kanjeng raja kagungan panggalih siya, saha dhahawah, abdinipun dhokter ingkag kacelakaken awit sampun tita boten saged anjampeni gerahipun-kangjeng raja, ing ngandikakaken anywek irungipun sarta anggebag kalayan camethi kaping satus, kanjeng raja panuju karaos gerahipun saha sesareyan kagungan panggalih prayogi, karsa amradinaken dhawah, sinten ingkang sumerep ing jampi saged anyenggangaken gerahipun kangjeng raja, tiyang punika boten mawi kapawang pangkat turunipun utawi agaminipun badhe ginanjar sih ageng tuwin guna kaya dhateng kanjeng raja, wonten tiyang estri neneman anama Anka, ddos semahiun tiyang ingkang gadhah pasiten awasta Isilef ing waktu paben sanget kaliyan ingkang jaler, ngantos kalampahan dipun gebagi, amireng ingkang dados undangipun kanjeng raja wau, lajeng angupados akal anggenipun badhe males dhateng ingknag jaler. Anka tumuntenlumajeng sowan ing kedhaton saha saos unjuk ing Kangjeng raja, manawi ingkang jaler awasta Isilef punika gadhah jampi ingkang utami saged anyarasaken sesakit encok nanging jampi way kadamel wados dhateng Isilef purunipun anjampekaken namung terkadhang ngantos kawon sarta mawi kaangkah sampun ngantos kasumerepan ing kathah, kanjeng raja lajeng dhawah animbali dhateng Isilef sareng sammpun kasowanake kanjeng raja ngandika mekaten: Eh sira tutune gentho, landi ewani ing ngakeh, apa sabab besi rasa prene ora ambela-

kakake marang inghun bab tambane lara encok kang sira anggep wadi, sira patut inghun patrapi paukuman gantung ing sakal, Isilef sumlengeren wangsulanipun makaten: Gusti, bab jampenipun sakit encok temen kawula boten gadhah sarta boten sumerep, kanjeng raja ngandika malih: yen mongkono aturira, mengko inghun paring wulang marang sira bab tambane lara encok, kanjeng raja lajeng dhawah dhateng ingkang andi: wong ala iki gitiken kaping seket yen wis kalakon kagitik mongka dheweke durung gelem ambelakakake duweke tomba lara encok banjur lebokna ing kunjaran kang peteng dhewe, Isilef kalam-

pahan kagebag kaping seket nanging sareng badhe kalebetaken ing kunjuran lajeng sagah badhe anglampahi ingkang kamokalan, semanten punika anedha inah kawanwelas dinten supados sageda anglempakaken racikanipun badhe jampi, panedhanipun Isilef katurutan piyambakipun lajeng kaluwaran nanging ing rinten dalu mawi karetksa deneng prajurit ing sadedamelipun, Isilef sampun anglalu, saha anynyuwun ing gusti Allah, mugi karsa amales dhateng tiyang ingkang maeka ing piyambakipun ngantos kalampahan anemahi pakewed ingkan gamutawatosi, ciptanipun sampun tiwas ananging ugi badhe anyoba anjampeni gerahipun kangjeng raja.

Ing sapinggiripun lepen anama Oska sampun kondhang yen kathah tetanemanipun sae-sae, Isilef ingkang kapeksa dados dhokter wau tumunten aken mendhet rumpun tuwin krowodan sanes-sanesipun saking sapinggiripun lepen punika, kamomotna ing grobag satunggil, panedhanipun Isilef rumpun tuwin krowodan wau kadamela pasiramanipun kanjeng raja, Isilef katingal semu bingah, sareng kanjeng raja ing waktu taksih siram mawi angandika, bilih pareng sanget galihipun sabab karaos manawi gerahipun encok wiwit suda, sareng kanjeng raja sampun sirambah-rambah kaping tiga lajeng senggang, pangandikanipun makaten: Isilef sira iku wong ala, patut ginantung kaping sewu, sabab sira tega andeleng gustinira anandhang lara kang luwih banget lawase nganti sasen ora nganggo sira unjuki tomba kang utama lan kang sira anggep wadi, sira ing sun lulusake urip nanging ing sun patrapi paukuman kagitik maneh kaping satus awit sira wong drengki, kanjeng raja lajeng dhawah dhateng ingkang abdi, Isilef gitiken maneh kaping satus yen wis banjur sowana ana ing ngarsaning sun maneh, isilef sareng sampun kagebag lajeng kabekta sowan dhateng kamaripun kanjeng raja, kanjeng raja tumunten amaringi asta, pangandikanipun makaten eh putraningsun pangukuming sun marang sira amarga sira iku wangkot nanging sira mengk bakal sumurup yen ing sun uga bisa narima ing kabecikan kanthong iki isine wang mas sewu iji, lan kulani kang minongka pakurmatan iki, sira tampanana aliya saka iku sira ing sun paringi wawengkon bumi aran Wobro, kang isi wong juru sawah sewu, sira ing saiki apa ora marem, Isilef amangsuli: Gusti Allah mugi amanjangna yuswanipun kanjeng raja ingkang ageng palimarmanipun dhateng ing kawula. Isilef anggeniipun matur punika mawi angusap bokongipun kaliyan tangan sakaliyan awit taksih karaos sakit sanget, sareng Isilef sampun dumugi ing griyanipun piyambak lajeng karangkul dhateng semahipun ingkang nama Anka wau, wicantenipun Anka mekaten Gusti Allah anyembadanana

ing sakarepmu wong lanang, aku iki rumongsa begja dadi bojon-

ing wong, kang andhap asor, lan kang pdhang susurupane, nganggo kanthi kawruh akeh tuwin pangerten papethingan, Isileg ingkang katingal taksih karaos sakit anggenipun mentas anandhang paukuman gebag lajeng amangsuli: wis ta menenga wong wadon aku iki rak wis sumurup sakabehe, tujune prakara ku ini wis rampung kalawan selamat nanging kowe dak ipati-ipati, tinekakna ing setan yen kowe kongsi angawadake maneh menawa aku dadi dhokter.

=====

Punika candhaking cariyosipun Candhi Maling: ing Redi Kethu. Dhawuh ing pangandika dalem sang nata, para wadya ing sawatawis andikakaken malebet sarta angubengi kagungan dalem pagrogolan menawi wonten ingkang bowol ngiras sami andikakaken jemparingi manjangan saking salebeting grogol kadi dening anggopyok, para punggawa matur sandika, lajeng amatah wadya sawatawis sampun sami lumebet angubengi salebeting grogol kagungan dalem grogol boten wonten kang ewah sadaya teksih kekah, sasampuning tetela yen teksih kekah sadaya, wadya kang lumebet ing grogol wau, lajeng sami tumandang anjemparingi manjangan pundi kang kenging jemparing, pandung Sekti: enggal malajengi manjangan ing ngusap dening jimatipun Pandung Sekti sanalika gesang malih lajeng milar lumajeng nebih, Pandung Sekti lumajeng ngaleridul ngilen ngetan anulungi manjangan kang sami kenging jemparing, dangu-dangu Pandung Sekti katingalan dening titiyang athah kang sami anjemparingi manjangan salebeting grogol wau, sami tetela paningalipun yen salabeting grogol wonten satunggal tiyang, ngaler-ngidul ngetan-ngulon malajengi manjangan titiyang sadaya punika, sami anarka yen tiyang punika pandung amandungi kagungan dalem manjangan salebeting grogol sanalika kaboten saronta lajeng sami alok pandung, kapireng saking sajawining grogol titiyang kathah sajawining grogol sami anglut alok pandung, saya rame awurahan kapireng ing sang nata para punggawa gepah atur uninga dhawah dalem pandung andikakaken nyepeng ing ngakathah para punggawa matur sandika wadya bala kang teksih wonten sajawining grogol salangka bantokaken lumebet salebeting grogol dene kang kathah-khatah tinata pacak baris angepung

sajawining grogol pandung ing ngoyak sinurakan ing ngakathah,
kados guntur swaraning surak salabeting grogol tuwin sawin-
ing grogol nanging Pandung Sekti boten kenging cinepeng awit
saking sektinipun ing nalika semanten sang nata saha wadya
boten amanggih suka wonten ing wana redi Kethu, manjangan
satunggal dereng angsal wah nyepeng pandung ngantos salings-
sir, boten kacepeng.

Sang nata dangu boten angandika mumuja salebeting galih
angeningaken cipta neges karsaning jawata linuwih tan antawis
dangu wonten sasmitanin gjawata Pandung Sekti kinen masangi
kalabancang, mubeng satepinin gpagrogolan den kongsi tepung
ing tengah pinasangana uga sawetara, sasampuning tampi
sasmitanin gjawata kang mangkana, sang nata lajeng amedhar
pangandika, dhawuh ing para punggawa mantri, sami kinen karya
kalabancang, pinasang mubeng satepuning grorol den kongsi
tepung ing tengah sawetara pinasangan uga, para punggawa
mantri matur sandika lajeng dhawah mring wadya, sami damel
kalabancang, tan antawis dangu kala sampun dandos rinakit

pinasang pisan Pandung Sekti lajeng kaoyak sinrakan ing kathah
lumajeng grubyugan kaliyan manjangan ing nalika semanten
kathah manjangan kang kenging kala, lajeng cinepeng pinragad
ngenggéntusan manjangan kang kengin gkala, Pandung Sekti
kasrimped ing kala, dhawah krungkeb lajeng ing ngebyuk cine-
peng ing kathah, binesta: katur ing ngarsa nata, sanalika
sang nata asesaban wonten ing wana ngriku. Cariyos punika:
taksih wonten candhakistan.

Katandhan dening Raden Panji Puspa wilaga.,

=====

Ongka 44, 1 Nopember 1866

Kulawisudhan sapanunggilanipun.

Kanjeng Tuwan S.Pandhefenter, ingkang wau dados Residhen ing Banyumas saha saweg pamit wonten ing nagari Walandi, ing mangke awit saking panuwunipun piyambak kantunan saking anggenipun anglampahi padamelan kabawah ing kanjeng tuwan Minister Pan Koloni.

Kanjeng Tuwan W.Y.Paud. Asisten Residhen ing Pranaraga Paresidhenan Madiyun ing mangke kakulawisudha dados Asisten Residhen ing Sumedhang tuwin Limbangan paresidhenan Priyangan angiras dados Pendhimister wonten ing ngriku.

Tuwan A.Iogai, ingkang wau dados Asisten Residhen ing Japara paresidhenan Japara ugi, ing mangke kakulawisudha dados asisten residhen ing Ngrawa Paresidhenan Kadhiri, angiras dados Pendhimister.

=====

Pawartos warni-warni

Pethikan saka layang kakancingane kanjeng tuwan gubernur

Eneral ing Indiya Nedelan

Batawi ping 25 sasi Oktober taun 1866 ongka 1

Setat Seblad ongka 114.

Kanjeng Tuwan Gubernur Eneral wus anguningani layange Kanjeng

Tuwan Minister Fan Koloni, katitimangsan kaping 9 sasi Juni

taun 1866, aksara, P.T. unine kanjeng tuwan Minister sareh-

ning wis tompa wawenang saka kanjeng raja aparing weruh, yen

kanjeng tuwan gubernur Eneral wis kawenangake dening kangjeng

raja, ing sapatine sasi Oktober taun 1866 anyelehake enggone

ngasta paprentahan gedhe ana ing Indiya Nederlan tuwin

kalilan kondur marnag nagara walonda, samono iku angestokna

unine pranatan kang kasebut ing layang angger bab lakuning

paprentahan muni ing bab kaping 2, ada-ada kapindho.

Kanjeng tuwan Gubernur Eneral wus amriksani layang angger

cacekelane kang anindakake paprentahan ing Indiya Nederlan

muni ing bab 14.

KANJENG TUWAN Gubernur Eneral sawuse anggalih, nalika para

kanjeng tuwan Rad ing Indiya Nederlan padha kakumplan mirung-

gan ing dina iki, kanjeng tuwan gubernur Eneral wis amasra-

hake marnag kanjeng tuwan Mister A. Prines Wise Presidhen ing

Rad mau, bab panyekele paprentahan ing Indiya Nederlan dadi

wiwit ing waktu saiki kanjeng tuwan Prines amakili ngasta

panguwasane kanjeng tuwan Gubernur Eneral.

Mulane Kanjeng Tuwan Gubernur Eneral karsa anamtokake amemuti

ana ing layang kakancingan iki bab kang wis kasebut ing

dhuwur mau.

Awit saka dhawuhe Kanjeng Tuwan Gubernur Eneral, Katandhan

Kanjeng Tuwan Algemene Sekretaris Watendhoref.

=====

Saking pawartosipun ingknag medal telegrap kanjeng tuwan ingkang wicaksana gupprenur jendral Mister L.A.Y.W. Baronslut Pandhebele, kala tanggal kaping 29 Oktober ingkang saweg kapengker punika, atilar tanah jawi tindak dhateng Singapura, anitih baita kapal ingkang anama Arjuna, kasanipun badhe bidhal saking Singapura kundur dhateng nagari Walandi.

=====

Kala tanggal kaping 30 wulan September ingkang sampun kapengker wanci enjing pukul sanga ing Manonjaya Kabupaten Sukapura bawah Paresidhenan Priyangan wonten lindhu. Ebahing siti karaos rambah kaping kalih saking kilen mangetan ingkang kantun piyambak dangunipun tigang dasa sekondhe.

Ing waktu punika ing Magelang bawah Kedhu inggih ugi wonten lindhu, ananging ebahing siti saking wetan mangilen.

Kala tanggal kaping 30 wulan September ing Banyumas karaos wonten lindhu, ebahing siti watawis ajeg saking wetan mangilen ingkang sapisan dangunipun kawandasa sekondhe ingkang wekasan langkung saking samanut, nalika samanten wonten griya pajagen satunggil prenatal celak ing kantor paresidhenan alam-pahan ngantos sanget risakipun kajawi saking punika boten wonten griya sanesipun ingkang karisakan.

Kala tanggal kaping 30 wulan September ing paresidhenan Kedhiri tuwin ing tulungagung karaos ebahing siti rambah kaping tiga saking ler wetan dhateng kidul kilen.

=====

Ing tanah Waltendhoref wonten tiyang manggih susuhipun peksi Kadhali satunggil dumunung wonten ing wuwungipun griya, sarta isi paksi Kadhali taksih nem satunggal, paksi punika endhasipun kakalih, sampun saged mabur tebih, sarta kagumatosan sae dhateng ingkang sepuh-sepuh.

=====

Ing Tanamar Selyo wonten germa satunggil awasta tuwan Perkwiset karemanipun ambubujeng singa barong ingkang kanamanan Leyo, punika gadhah pamanggih adamel mimis gagrage enggal ingkang saged ambledhos sarta kenging kabekta kakesahan boten anguwastosi. Mimis punika saged angririsak samukawis anyameni mimis limrah ingkang kapirantosan kados mimis ingkang saged ambledhos punika, yen linepasaken lantaran kaisekaken ing satunggiling mariyem kang mawi isi sandawa lajeng kaungelaken.

=====

Wonten pujongga satunggil awasta Agasi, punika angsal ulam loh saking lepen Amasonen ing tanah Amerikah kidul kathahipun boten kirang saking 1163 iji, warnipun beda-beda, dados

anglangkungi angsal angsalanipun ulam loh saking ing saganten
tengahan.

=====

Ing tanah Amerikah sampun antawis lami wonten tiyang angangge
walueng ingkang kadamel saking gelas, punika walujengaken
ara-ara wiyar ing saurutipun pasiten anama Misisipi, kadados-
anipun prayogi. Kejenipun ugi warni gelas badhe boten saged
gowang utawi rempel sarta lampahipun boten saged kesandhet.

=====

Wonten tiyang bongsa Amerikan anggadhahi pamanah, amurih angin
ingkang mlampah sanginggilipun griya wontena paedahipun,
tiyang punika amasang talang utawi brumbungan kajeblosaken
ing lotenganipun griya, ngantos butul ing payon salebetipun
talang utawi brumbungan wau mawi kaettrapan rodha satunggil
ingkang tansah mubeng awit kanginan, indhenipun rodha punika
nglanjak ing kamar ngandhap sarta kangge ing padamelan nongka
lilintoning garapanipun tiyang, kathah tiyang ing tanah

Amerikah sami anjumurungi prakawis punika, sabab ingknag
gahah pamanggih samanten wau anyuwun idin saking parentah,
angemungna piyambakipun kemawon ingkang kalilan adamel tuwin
asade pirantos saged angsal paedah saking angin wau.

=====

Putranipun Grap Babo kathahipun tigang dasa kalih sami kapa-
ringen kanugrahan dening kanjeng raja Hendrik ing tanah
Dhitslan, jalaran saking tumut ingkang rama andherekaken
kanjeng raja Hendrik wau ambubujeng sato dhateng wana, prat-
elanipun kados ing ngandhap punika.

Kanjeng raja Hendrik kagungan karsa ambubujeng sato dhateng
wana, para Ridher tuwin bongsa luhur sami kadhatahan andherek
sadaya, ananging mawi kadhawahan asanget sanget para ridher
tuwin bongsa luhur punika sampun ngantos ambekta abdi kathah,
kalilan manawi ambekta abdi satunggil kalih kemawon.

Sareng dumugi ing dinten bidhalipun kanjeng raja dhateng
wana, Grap Babo sowan ing ngarsanipun kanjeng raja, kadhere-
kaken ing titiyang sawidak nem, ingkang tigang dasa kalih
sakalangkung endah anggenipun amirantos ing pangangge andado-
saken gumunipun para ridher saha bongsa luhur ingkang sami
badhe andherek ing tedhakistan kanjeng raja dhateng wana. kala
samanten sanadyan kanjeng rtaja tumut gumun ing galih, anin-
gali saening pangangge tuwin tandukipun tiyang tigang dasa
kali ingkang taksih sami nenem, ewadanten sakalangkung
sekeling galhipun kanjeng raja, dene uninga manawi paren-
tahipun boten linampahan, mila lajeng andangu dhateng Grap
pasemonipun duka sanget, pandanganipun makaten: Grap baturira
jaranan samono kehe iku gawene apa, sira ora ingkun ajak

anglurug prang, sira amung ingsun ajak ambuburu buron alas,
ingsun watara yen sira iku agawe guguyon marang parentah
ingsun, kang iku sira weruha manawa sira kapotangan wajib
miturut marang ratunira. Sarehning Grap Babo ing kala
samanten sedyanipun amung badhe amikantukaken ing kabegjaning
para putranipun, mila putranipun sadaya sami kabekta andherek
sang nata anggenipun ambubujeng, boten pisan pisan yen Grap
Babo adamela gugujengan dhateng parentah ing ratunipun, kala
samanten Grap Bao lajeng anyngkemi sampeyan dalem saha asaos
atur makaten: Gusti, kawula boten anerak parentah dalem,
saestunipun kawula mituhu ingkang dados dhawah dalem malah
pejah gesang kawula etohaken anglabuhi panjenengan dalem,
sowan kawula ing ngarsa dalem punika sadaya anak kawula saha
sami ambekta rencang nyatunggil, sarehning anak kawula sadaya
wau sampun kawula pardi kados pamardinipun dhateng Ridher,
ananging kawula rumaos boten kacekapan amancani tedhanipun
ing tembe ingkang timbang kaliyan pangkatipun, ing mangke
anak kawula sadaya kawula saosaken ing panjenengan dalem,
kawula anamtokaken manawi anak anak kawula punika ing jaman
tentrem raharjaning nagara badhe andadosake indhaking asrini-
pun karaton dalem, dene ing jaman perang sami badhe ngetohak-
en pejah gesangipun alabuh dhateng panjenengan dalem kalayan
temen-temen, anggen kawula kamipurun anggadhang gadhang
samanten wau dhateng anak anak kawula pamirit kawula saking
wawatekanipun tuwin saking pamardi kawula.
Kanjeng raja kala samanten lajeng lilih panggalihipun saha
kalangkung suka ing galih aningali saening tandukipun para

putraning Grap Babo, punapa malih kanjeng raja sakalangkung
gumun ing galih bab kathahing putranipun Grap wau, nunten
sang nata amarengaken ingkang dados panuwunipun Grap Babo
punika, saha aparing wilujeng dhateng Grap Babo bab anggeni-
pun gadhah putra jaler ngantos samanten kathahipun punapa
dene sang nata lajeng akarsa paring tabe dhateng para putra-
nipun Grap satunggil-satunggil, wekasanipun para putranipun
Grap tigangdasa kalih wau kaabdekaken dhateng sang nata, sami
kaparingan ingkang dados tedhanipun piyambak-piyambak, boten
ngantos kirang saha sampun atimbang kaliyan pangkatipun,
menggah Grap Babo ing nalika samanten sakalangkung bingah ing
panggalihi, saha amundhi mundhi salaminipun gesang dhateng
kasaenaning ratu ingkang kagungan panggalihi, sakalangkung
utami.

=====

Punika candhaking cariyosipun Candhi Maling ing redi Kethu.
Para punggawa mantri, tuwin wadya prawira, tarap andher
sumiweng ngarsa, Pandung Sakti sinaosaken ing ngarsa dalem

sang nata dhawuh dhumateng punggawa pinisepuh, pandung andi-
kakaken andangu lajeng dinangu kawijilanipun aturing pandung
saking Pacitan kadangu malih sabab apa dene wani-wani malingi
kagungan dalem manjangan sajroning pagrogolan apa kurang
manjangan ing ngalas ana manjangan pira-pira, pandung sakti
kandel boten amangsuli atur punapa-punapa pangunadikane
manah yen aku iki matura dudu maling manjangan amratelakake
kang satemen-temene, mung angerwori nunggal manjangan ing
ngalas gunung Kethu, atur ku mangsi kandela, sabab tanpa
saksi mongka wong atusan kang nyekel aku iki, padha anetepake
ngarani yen aku iki maling manjangan luwih becik aku ngand-
hemi bae, tanpa gawe yen aku duweya atur akeh-akeh.

Punggawa pinisepuh andangu malih kepriye dene kowe banjur
meneng bae ora amangsuli maneh ing pandangu dalem menawa kowe
ora duwe atur apa apa maneh tegese wis angakoni ing kadurja-
nan mu, amasthi kowe bakal pinaten pandung sakti wiwit amang-
suli atur malih, kawula kakersakaken pinejahan inggih sumong-
ga ing ngatasipun panjenengan nata langkung waspaos boten
kasamar an dhumatneg lampah kang samar-samar, kawula boten
langkung namung darbe atur panuwun menawi kawula kapejahan
jisim kawula, sampun ngantos kabucal cara jisim pandung mugi
wontena karsa dalem andhawuhna nyandhi kados dening tiyang
sae, punga kang ameriksa mangsuli pangandika ingya aja
sumelang amesthi bakal kalakon ing sapanuwun mu iku, pandung
matur malih kawula darbe jimat warni sela watu pethak kuli-
mis gengipun satigan peksi dara menggah kuwasanipun menawi
menawi wonten sato wana kang suku pat mongka gering ing
ngusapan jimat punika, sanalika lajeng saras kuwat langkas
kados kang wau-wau, menawi satowana kang suku pat sampun
pejah, ing ngusapan jimat punika sanalika gesang malih sareh-
ning kawula badhe kapejahan ing mangke jimat punika kaunjukna
ing sang nata, minongka atur-atur kawula, para punggawa kang
miyarsa utawi sang nata sakalangkung sukaning wardaya, mid-
hanget aturing pandung bab jimat lajeng kapundhut dene jimat
wau ing salami-laminipun enggenipun nyimpen kaemut wonten ing
cethak kala semanten jimat kautahaken saking cethak lajeng
malesat ambles ing siti dados sumber celak ing redi Kethu

ngriku, pandung lajeng pinejahan kancandhi ing redi Kethu
ngriku ugi, ananging candhinipun boten kados candhi ing
Parambanan namung katumbukan sela ing sawatawis lajeng karan
Candhi Maling.

Cariyos punika taksih wonten candhakupun.
katandhan dening Raden Panji Puspa Wilaga.

=====

Ongka 45, Kemis Kaping 8 Nopember 1866

Pawartos warni-warni

Dereng antawis lami ing nagari Plorense bawah tanah Italiye wonten tiyang adamel rasukan kere ingkang sakalangkung en-thengipun wawratipun sami kaliyan rommpi, wondening rasukan kere wau kuwawi anadhahi mimising sanjata ingang kasanjata-kaken antawis 28 jangkah tebihipun, punapa malih boten saged karisak dening sangkuh ing sanjata ingkang kajojohaken ing sarosanipun.

Rasukan kere ingkang kados makaten punika lemesipun meh kados wacucal saking pawartosipun ing nagari Polrense para prajuritipun badhe dipun sukani rasukan ingkang kados makaten wau.

=====

Ing Prosnis bawah tanah Dhitsalan wonten lala, pahan ingkang sakalangkung anggigirisi pratelanipun kados ing ngadhap punika:

Ing nalika bongsa Pruwisen anglurug dhateng nagari Prosis wonten tiyang dhusun satunggil awasta Susamis andhelikaken bojo tuwin anakipun kakalih ingkang satunggil umur 5 ingkang satunggilipun 3 taun kadhelikaken wonten ing panggenan yasan sangandhaping siti, wondening marginipun lumebet kabuntonan ing sela.

Susamis wau ajangji dhateng bojo tuwin anakipun kakalih, bilih sampun amespaosaken pratingkahipun bongsa Pruwissen tumunten badhe wangsul malih amurugi dhateng anak bojonipun utawi badhe ambektakaken tedha, ananging kadagosanipun geseh kaliyan pangkangkah utawi pangajeng-ajengipun Susamis kalam-pahan dipun cepeng ing bongsa Pruwisen saha kapeksa angetutaken ing salampahing bongsa Pruwisen wau, Susamis sanget pangukhipun dhateng bongsa Pruwisen supados kaluwarana rumiyin awit badhe atutulung dhateng akrabipun ananging panuwunipun boten kapaelu, amargi kininten amung samudanan kemawon, murih sagedipun minggat. Susasis anggenipun angetutaken ing lampahipun tiyang Pruwis ngantos tigang Akad lami-nipun lajeng kaluwaran.

Sareng susais mantuk dhateng ing griya saha boten kapanggih kaliyan anak bojonipun tumunten dhateng panggenan yasan sangandhaping siti wau, kapanggih taksih kados dening nalika katilar, Susamis tumunten gadhah pandugi yen anak bojonipun

tiwas sadaya, sela ingkang kadamel ambuntoni guwa kabucal
susamis lajeng lumebet ing guwa, bojonipun pinanggih sampun
pejah badanipun kera sanget, anak kalih ugi sampun pejah
wonten sandhingipun ingkang estri, tetela saking warni jisim
yen anak bojonipun sanget kasangsaran ing saderengipun pejah
kaliren, Susamis sampun kaecalan amal saha anak bojo ing
sanalika lajeng ewah akalipun ing mangke kapulasara wonten
ing griya panggenanipun tiyang ewah.

=====

Wonten prajurit usar satunggil saking tanah Ostenrik ingkang
kataton sarta dados bandhangan dereng antawis lami gadhah
cariyos ingkang anggumujengaken kados kang kasebut ing ngand-
hap punika:

Wonten Usar ing tanah Ostenrik sakawan iji, panuju lumampah

patrol jagi nagari, kapethuk juru sabin bongsa Boim satunggal
ingkang mentas atampi arta anggenipun angladosaken rumput
aking, Usar sakawan punika sampun dangu anggenipun mider-
mider anummpak kapal sarwi kapanasen, sareng sumerep dhateng
juru sabin anggenipun numpak kareta mawi udut pipa katingal
eca sanget Usarwau lajeng sami anedha sata sakedhik dhateng
juru nanging juru sabin amangsuli mawi supaos temen boten
saged anyikani sata sakedhik kedhika dhateng Usar wau, sabab
sata sakantunipun sampun kaisekaken ing pipa kang kaudut
punika, punapa malih boten saged anyukani arta, awit boten
ngandhut arta tembagi utawi arta salaka, Usar ingkang satung-
gil lajeng wicanten: Yen mengkono kasrakat banget awaktu iki,
becike pada anjejaluk marang brahala kang arane pomik lan
kang dadi pepundhen ana sajroning masjid cilik ing kono iku,
mengko padha amratelakake bab kang dadi kasusahan, ayo juru
sawah kowe miluwa, kowe iya bakal kaputlungan, juru sabin
boten pisan kapengin tumut ananedha dhateng brahala, sanadyan
celak panggenanipun nanaging Usar ingkang wicanten wau ameksa
dhateng juru sabin supaos tumuta, wah mawi cariyos bilih
brahalane Pomik dereng nate angapinteni dhateng Usar punika,
ing wekasan juru sabin amituruti pikajenganipun Usar, sarta
kapingin badhe sumerep bab kadadosanipun, brahala pepundhen
punika inggih yektos wonten salebetipun masjid alit, Usar
kaliyan Juru sabin sami lumebet ing masjid sarta sami sidhe-

ku. Salajengipun Usar katingal meleng anggenipun amemuji boten dangu lajeng ambisiki dhateng juru sabin wicantenipun makaten: brahala papundhen angawe marang aku, Usar tumunten ngadeg amurugi brahala, kupingipun usar katempelaken ing lambenipun brahala, lajeng wangsul dhateng panggenanipun juru sabin semunipun bingah sanget wicantenipun Usar mekaten: brahala aweh dhuwit sarupiyah marnag aku, kalebokake ing kanthongku, Usar tumunten angrogoh kanthongipun amanggih isi talen sakawan iji, ingkang andadosaken gumunipun juru sabin, menggah talen sakawan punika ingkang kalih kaulungaken dhateng juru sabin dados pandumanipun saraos, juru sabin sakalangkung bingah anampani artamalih dhateng brahala, Usar inggih lajeng murugi malih dhateng juru sabin semunipun bingah, tuwin wicantenipun mekaten: juru sawah, brahala entas aweh dhuwit sakanthong kebak marang kowe lan marang aku, dhuwit iku wis kalebokake ing anthongmu, juru sabin warninipun biyas sanget sarta mangsuli dhateng usar, yen piyambakkipun temen boten ngandhut arta tembagi utawi arta salaka, nanging Usar ananjangi dhateng juru sabin kapurih angandela temen dhateng brahala punika boten nate andorani dhateng Usar, ing wasana juru sabin kapeksa amedalaken isining kanthongipun sadaya, kayektosanipun wonten buntelan satunggal isi arta kawandasa rupiyah, juru sabin cuwa ing manah anggenipun sampun anglampai tumut memuji tuwin ananedha wau, sarta kapeksa ambagi gadhahanipun arta sabuntel, nanging Usar angatingalaken yen ambek palamarta, narimah tampi saprapatanipun arta punika, sareng para Usar sampun kesah sami anumpak kapal juru sabin llajeng kukur-kukur kuping, mawi wicanten makaten: Iya Usar, aku masa nganti kena korimuk maneh, milu amemuja ana panggonane brahalane pomik kang dadi papundhen.

=====

Mugi wontena karsanipun tuwan ingkang ngarang serat Juru martani, amacak serat kula kakalih punika.

Kula mreng sampun lami menawi ing Surakarta wonten priyantun ingkang anama Raden Ngabei Ronggawarsita, sakalangkung misuwur bab kasagedanipun dhateng basa kawi saha kathah saserepanipun dhateng cariyos, ananging gumuning manah kula dene cariyos bab misuwuripun Raden Ngabei Ronggawarsita wau dereng

wonten kayektosanipun, sanes kados Raden Panji Puspa Wilaga punika purun anelakaken kasagedanipun kawrat ing serat Juru Martani, Raden Panji Puspa Wilaga adamel cariyosipun Jaka Panirat ing Kadilangu tuwin cariyosipun Candhi Maling ing Redi Kethu, punapa malih cariyos salah tiga sapanunggilani-pun, dadamelanipun cariyos Raden Panji Puspa Wilaga punika sadaya dados pratandhaning putusipun ing saserepan dhateng kasusastran dadamelanipun cariyos ingkang sampun kapacak ing serat Juru Martani sae-sae, saha awis tiyang ingknag sumerep dhateng cacariyosanipun amung satunggil cariyos Candhi Maling kemawon saking pamanggih kula piyambak taksih angodhengkaken ing manah kula, wangsul Raden Ngabei Ronggawarsita dereng wonten telakipun saged saha remen amarsudi dhateng kasusastran awit ing juru martani punika minongka dutaning pawartos ingkang dhateng ing pundi-pundi, amradini sakathahing nagari. Ingkang punika bab misuwuripun gadhah kasagedan Ngabei ronggawarsita saha remenipun marsudi dhatng kasusastran menawi anetes masthi sampun lami wonten pratandhanipun katelak ing Jurumartani, laka lampahan kula adreng badhe sumerep dhateng para saged, awit kula piyambak sakalangkung remen amarsudi dhateng kasusastran, supados sageda dados titimbangan kula angindhakaken ing pikantukipun dhateng saserepan pundi wonten latu tampa kukus, latu punika upamenipun kasagedan kukus ingkang meradinaken, kasagedan menawi boten kawratinaken ing ngakathah, masthi boten wonten gunanipun, awit manawi ingkang gadhah kasagedan pejah, kasagedanipun lajeng sirna, dados boten wonten pikantukipun.

Kudus kaping 25 Oktober 1766, Katandhan Wigya Panitisastra. Kula punika ragi gumun dene wonten cariyos bab carndhi Maling ing redi Kethu, ingkang damel Raden Panji Puspa Wilaga ing Surakarta. Salaminipun kula angesang dereng nate mireng cariyos ingkang kados mekaten, mongka kula ing dinten punika sampun ngumur seket wolu taun, saha sampun maos serat Jawi meh sadaya, dereng manggih cariyos ingkang kados mekaten wau, kalampahan kula apitaken dhateng para tiyang sepuh ing nagari kula ngriku, bok menawi wonten ingkang sumerep bab cariyos candhi Maling ing redi Kethu, pamendhetipun saking serap punapa, awit ing serat Babad Tanah Jawi boten anyariyosaken bab carndhi Maling wau, Menggah wangsulanipun para sepuh wau, bokmenawi Raden Panji Puspa Wilaga amethil cariyos punika saking serat Alpuru utawi Bugis, utawi amendhet saking enget-anipun piyambak, jer kathah tiyang anyupena ingkang aeng-aeng, sareng tangi lajeng kaanggep ing sayektos wontenipun cariyos angsal-angsalan saking supena.

Inggang punika Raden Panji Puspa Wilaga, kula apitaken ing sampeyuan sarehning kula dereng tepang, kula badhe sumerep inggang sapisan bab yuswa sampeyan inggang kaping kalih padamelan sampeyan punapa, mila kula apitaken mekaten amargi

bahde kula pirit kayektosaning wontenipun cariyos Candhi Maling, punapa cariyos punika damelam punapa sayektos wonten, menawi inggang nama Raden Panji Puspa Wilaga priyantun nem, amasthi lajeng kenging kula wastani menawi cariyos punika wedalan saking supena, menawi Raden Panji Puspa Wilaga sampun sepuh kados kula, saha padam,elanipun amarsudi kaweruh, punika kula badhe apitaken pamendhetipun cariyos Candhi Maling wau saking serat punapa, saha punapa inggang dados raosing cariyos inggang kenging kalebet ing wulang, awit priyantun sepuh punika kawajiban ing sadamel-damelipun kedah wonten raosipun amumulang dhateng para nem, dadamelanipun punika amesthi dados serat wawaosan inggang mikantuki ing ngatasipun para nem wau.

Wasana panuwun kula dhateng Raden Panji Puspa Wilaga mugi wonten akarsanipun amangusli inggang dados pitaken kula warni kalih wau, supados anerangna inggang dados kodhening manah kula awit kula punika kedhik-kedhik remen dhateng kasusastran, mongka ing mangke kula badhe pikantuk titimbangan inggang anyekapi saking inggang nama Raden Panji Puspa Wilaga, bok menawi inggang nama Raden Panji Puspa Wilaga punika priyantun inggang kacariyos sampun nate dhateng ing nagari Welandi, punika kula mokalaken, bilih taksih ya saged anganggit cariyos inggang urut suraosipun, awit tiyang sepuh punika inggang limrah asring kathah kasupenipun, manawi yektos titimbangan kula ing sapunika Raden Panji Puspa Wilaga ingkang nag sampun sepuh wau, o begja kamayangan, ananging kula mikalaken kok taksih ya sugeng, mila pamanah kula inggang nama Raden Panji Puspa Wilaga wau, bokmenawi kaprenah putra utawi wayahipun.

Kudus kaping 25 Oktober 1866, Katandhan Wigya Panitisastra.

=====

Punika candhaking cariyosipun Candhi Maling ing Redi Kethu. Wondening nalika pejah ing pandung, nuju sangkala punika, 1301, menggah sumber punika wau, menawi wonten manjangan ing

wana redi Kethu ngriku gering sampun sanget mongka ngombe ing sumber punika, sanalika lajeng bagus kwat langkas kados kang wau, mila ngantos samangke wana ing redi Kethu ngriku, langkung kathah manjanganipun sanes lan wana kang kathah-kathah, wana redi kethu pnika andherek kanjeng gusti pangeran adipati Arya Amangkunagara, lestantun dados pacang kraman dalem menawi karsa anyanjata manjangan saha para santana dalem sepuh utawi santana anem ing kamangkunagaran tuwin para tuwan-tuwan kang ageng-ageng, miwah para santana sepuh para santana anem ing karaton malah kala swargi ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping VI asring-asring miyos tindak dhumateng wana redi Kethu, akaliyan ingkang raka swargi Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kaping III saha kanjeng tuwan Residhen para tuwan tuwan kathah ingknag andherek tuwin para santana sepuh, para santana anem ing karaton utawi ing Kamangkunagaran bidhalipun saking nagari untabipun kados ratu lumurug prang. Sasampunipun pejah Pandung Sakti, Prabu Kalana Tunjung Seta, lestantun enggenipun kersa kalangenan tindak ing wana. Lestantun enggenipun kersa kalangenan ambubujeng buron wana, menawi wonten redi papanipun priyogi, kaedegan pasanggrahan

redi Andong kaedegan pasagrahan redi Mangli inggih kaedegan pasanggrahan redi Lambang inggih kaedegan Pasanggrahan, Cariyos punika taksih wonten candhakipun. Katandhan dening Raden Panji Puspa Wilaga.

=====

Ongka 46, 15 Nopember 1866

Sarehning angkat kula dhateng negari Welandi radi kasesa, dados kula boten saged anuweni dhateng satunggil-tunggiling mitra kula priyantun jawi sadaya, mila ing mangke sami kula aturi wiuljeng kanton medal saking serat punika. 35 Tuwan Sing Sis Nem.

=====

Pawartos warni-warni.

Ing ngandhap punika cariyosipun tuwan He Slehel, bab tondha kalantipanipun bongsa Cina anggenipun anglampahaken pangadilan.

Nalika tiyang Cina awasta Li Yok Un anyepeng paprentahanipun tanah ing Sun Yi, wonten tiyang jaler pejah kaaniaya, nanging durjananipun boten kantenan, Li Yok Un anyepeng semahipun tiyang ingkang pejah, lajeng kakunjara laminipun ngantos sadasa dinten nanging boten mawi katitipriksa. Sareng sampun andungkap sadasa dinten tiyang estri punika tumunten kaluwaran saking kunjaran nanging Li Yok Un apapacak kalawan wados dhateng pitajengipun satunggil kapurih amawasna dhateng tiyang estri wau, sarta angetutna ing sapurugipun, manawi sampun lumampah tebihipun angsal satunggal mil mongka pitajeng punika sumerep wonten tiyang jaler angadhang badhe wicantenan kaliyan tiyang estri ingkang kaetutaken tiyang jaler wau lajeng kabestaha sarta kaladosna dhateng pangadilanipun Li Yok Un, pangintenipun Li Yok Un boten lepat awit tiyang jaler ingkang kacepeng sareng katitipriksa auripun angaken kados ing ngandhap punika:

Ing ngajeng kula bedhangan kaliyan tiyang estri punika, lajeng sabiyantu kaliyan piyambakipun amejahi dhateng ingkang jaler, sareng kula midhanget bilih tiyang estri wau kaluwaran kula ajeng papanggiyan sarta badhe wicantenan kaliyan piyambakipun nanging sarening kula ajrih anyelaki tanah ing Sun Yi, mila kula angadhang wonten panggenan antawis tebih saking tanah punika.

Titiyang ing Tanah Sun Yi sami angalem bab putusing kasagedanipun Li Yok Un.

=====

Nalika tiyang Cina awasta I Yong Sing anyepeng pangadilanipun tanah ing Dhelun wonten tiyang jaler satunggil anggenipun kakesahan anilar bojonipun ngantos sawatawis dinten boten

wangsul, tumunten wonten tiyang acariyos yen salebetipun sumur patamanan pinanggih wonten jisimipun tiyang jaler satunggil, tiyang estri kang katilar dening ingkang jaler wau kaget amireng cariyos punika, lajeng murugi panggenaning sumur badhe aningali jisim punika, sadhatengipun wonten panggenan sumur tumunten anjelih wicantenipun mekaten iya iku bojoku, tiyang estri punika lajeng lapur dhateng priyantun ingknag nyepeng pangadilan priyantun tumunten parentayh dhateng para kalereyanipun kapurih anglempakna sakathahipun tiyang kampung, lajeng sami dhatenga panggenaning sumur, tuwin amriksanana jisim punapa temen bojonipun tiyang estri punika, punapa sanes, awit saking lebetipun sumur para tiyang boten wonten ingang saged sumerep warnining jisim wau, mila sami andarbeni panyuwun kalilana angentas jisim saking sumur,

supados kenginga dipun priksani, priyantun ingkang nyepeng pangadilan lajeng wicanten makaten sakehe wong ora ana kang bisa sumurup sapa wonge kang mati iku, kapriye kok wong wadon iki bisa angarani manawa iku bojone, priyantun lajeng aken nyepeng dhaeng tiyang estri wau, sareng kapriksa aturipun angaken yen gadhah remenan punika sabiyantu kaliyan piyambakipun amejahi dhateng ingkang jaler.

=====

Nagari Cina

Menggah prakawis bajag ingkang sakalangkung anggigirisi saking anggenipun adamel resah ambebegal wonten ing sagan-ten, punika dereng wonten titimbanganipun kados ingkang linampahan wonten saganten kaprenah sakiwa-tengenipun ing Hongkong, pratelanipun kados ing ngadhap punika:

Dereng lami baita kapal Amerikah ingkang anama Lubrah, kabeg-
gal ing bajag wonten saganten kaprenah tanah sakiwatengipun Hongkong wau. Baita kapal punika kala ing dinten Sabtu tang-
gal kaping 22 wulan Oktober ingkang sampun kapengker, alayar saking Hongkong badhe dhateng ing Yohokamah, ing dinten wau sareng baita mangkat saking Hongkong angsal tebihipun sawata-
wis kawandasa mil, alangkung ing Pedrobonso, lajeng kabeg-
gal ing baitaning bajag, baita kapal wau boten amirantos ing dadamel sareng makaten para titiyanging baita kapal ing nalika punika sami lumajeng, kalampahan baita kapal Lubrah

kenging karebet dening bajag, boten ngantos dangu ing pangr-
batipun sarehning titiyangipun baita kapal Lubrah boten sami
amirantos ing dadamel dados boten anglawan, kadadosanipun
para bajag sami anjarah-rayah ingkang wonten salebeting
baita, saha asring anyanjatani dhateng para titiyanging baita
kapal, menggah kapitaning baita kapal Lubrah ingkang gadhah
anak bojo, sasampunipun baita kapal kenging kainggahan ing
bajag punika wonten salebeting baita ing ngandhap atunggil
kaliyan anak bojonipun, kala samanten kapitan wicakten dha-
teng bajag, ingkang kapurih amendheti barnag-barang sadaya ing
sapikajenganipun ingkang rumiyin para bajag boten angarubiru
dhateng kapitan punika, sami sakeca anggenipun amendheti
barnag barang ing baita kemawon, sareng sampun anggenipun
amendheti barang-baranging baita wau wonten bajag satunggil
amurugi dhateng panggenanipun kapitan saha lajeng angestul
dhateng kapitan punika kalayan kajarag, kala samanten kapitan
panuju saweg lenggah kaliyan bojonipun kapitan kenging kakes-
tul lajeng pejah.

Sasampunipun para bajag kesah saking baita kapal Lubrah setir
maing baita kapal punika lajeng sumerep manawi kapitanipun
tuwin tiyanging baita apal kathahipun gangsal sami pejah,
kapejahan dening bbajag, nunten baita kapal Lubrah wangsul
dhateng ing Hongkong malih, wonten ing ngriku pawartosing
anggenipun kabegal ing bajag andadosaken kageting titiyang
kathah.

=====

Ing serat Juru Martani angka 45 kula sampun anupiksani serat
katandhan Wigya Paniti Sastra mila kumedah mangsuli, wondene
serat wau anyebutaken yen Wigya Paniti Sastra taksih angina
kasagedanipun Raden Ngabei Ronggawarsita ingkang sampun
misuwut ing kawigyanipun kaloka ing buwana.

Inkang kadamel wawatoning panginanipun awit Raden Ngabei
Ronggawarsita dereng nate amacak anggitanipun ing Jurumarta-
ni, sanes kaliyan Raden Panji Puspawilaga, punika anggitan-
ipun sampun asring kapacak ing Jurumartani, anelakaken yen
saestu saged, wondene andadosena kawuninganipun wigyanpaniti-
sastra yen kula boten pisan-pisan angestreni anggenipun
amaoni kasebut ing jurumartani angka 45, mila kula ingkang

anjawabaken Raden Ngabei Ronggawarsita.

Sakathahing saseratanipun Raden Panji Puspawilaga ingknag sampun kalampahan kapacak wonten ing Jurumartani, punika dereng anelakaken yen raden Panji Puspawilaga sampun putus ing tembung jawi, wangsul Raden Ngabei Ronggawarsita anggenipun boten macak saseratan ing Jurumartani ugi botn anelakaken yen boten kalebet saged, bokmanawi Raden Ngabei Ronggawarsita sampun asring macak serat ing Jurumartani, ananging boten mawi tondha astanipun utawi manawi asilih nama, punika sampun limrah yen tiyang saged menggah kayektosanipun sumongga. Wigya Panitisastra kula aturi maos serat Pustakaraja ingkang kalebetaken ing serat pananggalan taun 1866 punika, ing ngriku wonten asmanipun Raden Ngabei Ronggawarsita ananging kang sampun sinamur salebeting ukara, lah punnika damelanipun tiyang ingkang pantes kaanggep pujongga. Pangangkahipun sampun ngnatos kasumerepan ing ngakathah, sinten ingkang nganggit. Sanadyan boten amacak serat ing jurumartani para priyantun ing Kudus dene sami sumerep Raden Bei Ronggawarsita kalebet saged punika saking pundi.

Nalar ingkang kasebut wau anelakaken yen kaluwihan punika boten kenging kasidhem kajawi saking serat kabar Jurumartani punapa boten wonten malih marginipun anglimrahaken pawartos wah kasagedan.

Kula kodheng sanget dene Wigyanitisastra boten gadhah pambudi sanesipun anggenipun amradinaken busukipun, paribasan boten wonten latu tanpa kukus tumrapipun dhateng Wigyanitisastra prayogi manawi kategesaken makaten, latu minongka awon kukus punika ingkang mradinaken. Kula amangsuli malih ingkang kapratelakaken wigyanitisastra bab kasagedanipun Raden Panji Puspa wolaga, ingkang sampun tetela awit kathah kemawon pamacakipun serat ing Jurumartani mongka ing serat Jurumartani ugi angka 45 Wigyanitisastra nglairaken pamanggihipun bab suraosing serat Candhi Maling ing redi Kethu, katandhan Raden Panji Puspa Wilaga anggenipun anglairaken wau boten paeka liyan anenacad anedahaken yen Wigya panitisastra gadhah pamurih anjunjungan tebaken Wigya Panitisastra inggih amratelakaken yen boten sumerep menggah pamethilipun serat Candhi Maling saking pundi, punika kemawon sampun anelakaken yen Wigyanitisastra taksih kedhik sumerepipun dhateng kasusastran mila serat wau kawastanan anggit-anggitanipun Raden Panji Puspawilaga piyambak.

Saking pamanggihi kula serat ingkang kados makaten wau ugi wonten faedahipun ing ngatasing tiyang ingkang remen dhateng kasusastran andadosena kawuninganipun Wigya panitisastra, yen

serat Candhi Maling punika sanes supenanipun Raden Panji Puspawilaga, sabab kula sampun nate mireng cariyos candhi maling ananging dereng patosa terang, punapa malih andadosena kawuninganipun Wigya Panitisastra, yen Raden Panji Puspawila-

ga ingkang nganggit serat Cnadhi maling sampun nate dhateng nagari Walandi, wondene yuswanipun saking pandugi kula kirang langkung sawidak taun dados sepuh Raden Panji Puspa wilaga akaliyan Wigya Paniti Sastra, kasagedanipun inggih anglangkungi, manawi kula boten lepat Raden Panji Puspa Wilaga sampun nate dhateng tanah Inggris Prangkrik tuwin Dhitslan saha wangsulipun dhateng tanah Jawi baitanipun kapal katempah ing prahara remuk katanggor ing karang, tiayang ingkang wonten ing baita kapal meh sadaya amanggih tiwas, namung raden Panji Puspa wilaga tuwin awak baita sawatawis ingkang katulungan sami saged menbtas wonten ing pulo ingkang nama Nofesembelah. Ananging ingkang taksih ngodhengkaken manah kula, Raden Panji Puspa wilaga ing nalika badhe mantuk dhateng tanah Jawi dene saking pulo Nofesembelah ingkang kaprenah ing saganten beku, ewa samanten bokmanawi jalaran saking baitanipun kapal katempah ing prahara wau. Kula dereng patos satepang akaliyan Raden Panji Puspawilaga amergi sawek kapanggih kaping kalih wonten ing Puspanagaran ananging sampun tetela yen pujongga ageng, manawi wicanten jawi kaworan tembung walandi Prasman Inggris Dhitslan punika namung saking kinten-kinten kula piyambak yektosipun kula sumerep piyambak dhateng tembung-tembung wau, boten.

Samarang tanggal kaping 10 Nopember 1866, Katandhan Abdula-

tip.

=====

Punika candhaking cariyosipun Candhi Maling ing Redi Kethu. Kacariyos Prabu Kalana Tunjung Seta Raden Madukusuma salaminipun mentas mejahi pandung sakti ing wana Redi Kethu, lajeng apes panjenenganipun nata, denten nagarinipun Prabu Kalana Tunjung Seta, Raden Madukusuma wau, saler redi Andong, pinastan ing nagari Ngamartalaya, kenging wawelak wringinipun kurung rebah kalih pisan lajeng boten kataneman wringin kurung malih, nagari lajeng karan Nagari Ngamartalaya waringin rubuh ngantos samangke, wringin kurung kekalih kang rebah

wau karan ing dhusun wringin rubuh.

Antawis lami panuju satunggal dinten prabu Kalana Tunjung Seta Raden madu Kusuma tindak ing pasanggrahan redi Mangli, dulu ringgitan cucal wonten pasanggrahan ing redi Mangli ngriku, ingknag andikakaken ngringgit dhalang kipanjangmas kala semanten kedhatengan wawelak malih, enggenipun mayang kipanjang mas kobongan kelir balencong tuwin wayang, kothak gamelan sadaya kobong, delasan dhalang kipanjangmas tumut kobong, dhatenging latu boten kantenan sakanipun awor angi plahara, wayang mawut mawut wonten ingkang dhawah ing redi lambang rei punika lajeng karan Redi Wayang ngantos samangke redi Mangli wau sasampuning kelir balencong, gamelan dhalang wayang sami kabesmen lajeng karan Redi Kelir ngantos sapriki, Prabu Kalana Tunjung Seta Radne Madukusuma gugup nalika dhatenging latu wau kapalajeng badhe kondur katututan ing latu ageng wekasan sirna wonten ing redi Andong, kala sangkala 1218 denten dhalang kipanjang mas inggih punika kang nurunaken dhalang Panjangmas Mataram.

Telasing sinerat ing nagari Surakarta, kampung Loji Wetan Kemis kaping 1 Nopember 1866 utawi kaping 22 wulan Jumadiak-hir ig Warsa Alip ongka 1795. Katandhan dening Raden Panji

PUspa Wilaga.

=====

Para tiyang ingkang taksih gadhah sambutan dhateng kantor lelang ing Surakarta kala ing wulan Juli 1866 ing mangke sami kaemutaken, mugi ambayyara sambutanipun wau saderengipun utawi satelasing wulan Nopember punika, manawi boten anglek-sanani ing pambayaripun, para tiyang wau badhe katagih medal saking pangadilan. Surakarta kaping 1 Nopember 1866

Inkang nguwasani kantor lelang, Katandhan Tuwan Pan Ogendhorep.

=====

Ongka 47, 22 Nopember 1866

Ing ngandhap punika cariyosipun He, Slehel bab tondha kalan-
tipanipun bongsa Cina anggenipun anglampahaken pangadilan:
Nalika tiyang Cina awasta Tin Si Yong dados wakil anyepeng
paprentahanipun tanah ing Poso, wonten tiyang ngindhung
satunggil kapandungan barang, abdi mondaraka anyepengi tiyang
sawatawis ingkang kakinten dados durjana, nanging titiyang
punika sami narka tinarka sinten ingkang nglampahi mandung
wau, Tin Si Yong lajeng wicanten makaten: ejam kang ana
sawijining masjid iku bisa angarani sapa kang dadi maling.
Yen ejamn iku kagemok ing wong durjana banjur muni dhewe,
nanging yen kanggemok inggih anyelaki ejam punika kanthi
kancanipun sadaya. Ing sadangunipun Tin Si Yong piyambak
inggih anyelaki ejam punika kanthi kancanipun sadaya. Ing
sadangunipun TinSi Yong apiyapi asidhekah tuwin andodonga,
ejam dipun belonyo kaliyan mangsi cemeng, ing ngajenganipun
mawi kapasangan langse, Tin Si Yong lajeng parentah dhateng
sakathahing tiyang kang kadakwa dados pandung wau, sami
kapurih anggemoka ejam punika. Boten antawis dangu para
tiyang wau dippun ken wangsul sarta tanganipun kapriksanan,
sadaya sami katingal cemeng, namung tanganipun tiyang kang
satunggil punika boten wonten tabetipun mangsi. Sareng tiyang
wau katitipriksa aturipun ngaken amandungi barang gadhahani-
pun tiyang ngindhung, sarta ajrih anggemok ejam bokmanawi
lajeng mungel.

=====

Kagunan tuwin Kawruh

Sendawa damelan enggal.

Saking wartosipun tuwan Saper ing tanah Dhitslan saha tuwan
Budhenberek ing tanah Inggris ing sapunika sami
anglimrahaken sandawa enggal ingkang sakalangkung mikantuki
tinimbang akaliyan sandawa ingkang lami, awit ubaling sandawa
boten mawi kukus wondene sandawa enggal punika sami akaliyan
ingkang lami, menggah padamelipun inggih ngangge walirang
sandawa tuwin aareng, ananging kathah kedhikipun wonten
kaotipun aliyan ingkang sampun kalampahan punapa malih kawe-
wahan camboran punika ingkang sawatawis angaberaken ubaling
sandawa enggal sarta anyirnakaken awa awon awit saking kabes-
mining walirang tuwin sandawa.

Wadosing pandamelipun sandawa enggal punika saking anggenipun

kawewahan camboran kasebut ngajeng wau.

Awit saking karsaning kanjeng gupremen ing tanah Belhiye sandawa angel punika sampun kacoba dening tuwan Upin Sirbuhile, menggah kadadosanipun sakalangkung prayogi kacariyos yen ubaling sandawa wau boten mawi mungel.

=====

Kula sampun amaos serat Jurumartani angka 46 ing ngriku ingkang nama Abdulatip tiyang Samarang amratelakaken saking seserapanipun piyambak, bab anggenipun anyulayani ingkang dados pamanggih kula, prakawis anggen kula badhe sumerep dhateng kasagedanipun Raden Ngabei Ronggawarsita, saha kayektosaning wontenipun cariyos Candhi Maling awit saking panginten kula manawi cariyos punika dadamelanipun Raden Panji Puspa Wilaga piyambak, Abdulatip amastani manawi cariyos

ingkang kapacak ing serat jurumartani boten dados pratondha ingkang anelakaken kasagedanipun tiyang, ing mangke kula mangsuli sakedhik dhateng ingknag nama Abdulatip punapa piyambakipun dereng sumerep manawi panitikipun tiyang saged punika saking dadamelanipun serat ing ngriku kenging kapidir saking ngukara tuwin uruting pitembunganipun punapa kalebet saged utawi botenipun tiyang lajeng sumerep kemawon, kawedalna saking jurumartani utawi mari sanesipun, anggeripun kawaos ing ngakathah amasthi lajeng katawis ing kasagedanipun manawi kasagedan wau kasidhem wonten ing gruiya, sinten ingkang badhe amastani saged dhateng tiyang manawi boten wonten leleripun wadenten Abdulatip badhe anyuwuraken kasagedanipun tiyang sanes, sanadyan piyambakipun saking pamatawis kula taksih repit bab ing seserepanipun dhateng kasustran kados pundi anggen kula boten amastani manawi taksih repot, piyambakipun katingal eram sanget, dene raden ngabei ronggawarsita saged anglebetaken namanipun wonten ing sekar dhandhanggendhis sapada, punapa pangintenipun Abdulatip boten wonten tiyang sanesipun ingkang sumerep bab dununging nama wau wonten serat ingkang kasebut ing serat pananggalan 1866, sekaripun dhandhanggendhis ingkang punika mas Abdulatip kula asuka serep dhateng kula asuka serep dhateng sampeyan, sarehning sampeyan kula tingali saking suraosing panjawab sampeyan dhateng serat kula, manawi remen dhateng saseratan

dene sampeyan lajeng agahan anjawabaken prakawisipun tiyang sanes sados kenging kaula wastani cathok gawel ananging andadosaken remen kula manawi wonten titiyang ingknag kados makaten menggah namanipun raden ngabei ronggawarsita ingkang dumunung ing serat pustakaraja wonten ing serat pananggalan 1866 sekar dhandhanggendhis punika ikng Kudus ngriki sampun kathah tiyang ingkang sumerep, nama punika princi ing aksara satunggil tunggilipun dumunung wonten ing bubukaning serat sekar dhandhanggendhis aksara punika kadekek 9in ngajeng satunggil-tunggil pada wonten ngantos dumugi telasing sekar anjawi saking punika anggitanipun serat pustaka raja Raden Ngabei Ronggawarsita ingkang dumunung wonten ing serat pananggalan 1866 sanadyan sampun kalebet sae dereng angeram-eramaken manawi tiyang ingkang gadhah kasagedan sakedhik kemawon amesthi saged anganggit kados makaten.

Abdulatip apitaken saking pundi sumerepipun titiyang Kudus bilih Raden Ngabei Ronggawarsita kalebet saged, O, punika gampil kemawon anggen kula mangsuli para ngulami ing Kudus sami raraosan kaliyan kancanipun dene marginipun parta ngulami wau sami mireng manawi raden ngabei Ronggawarsita putus dhateng basa kawi tuwin dhateng cariyos, pnika wonten kaji watawis ingkang dhateng nagari Surakarta, kaleres ing wulan Mulud pamnrihipun tumut dhikir maulud wontening masjid ageng ing waktu angrintenaken Garebeg Mulud, kala samanten sabakdanipun garebg wonten kaji satunggil ingkangmartamu dhateng griyanipun Raden Ngabei Ronggawarsita, sadhatengipun ing ngriku Raden Ngabei Ronggawasita apradhah dhateng tamunipun, tamu kasuba-suba saha sakalangkung sae patrapipun Raden Ngabei Ronggawarsita dhateng tamunipun wau, nunten tamu kadongengaken andhe-andhe lumut, mawi kajarwanan manawi andhe-andhe lumut ingkang dados panji, dene kleting kuning

punika Condrakirana, anggnipun anjarwani mawi kamomoran tembung kawi. Kaji sakalangkung gumunipun, sareng mantuk dhateng Kudus, lajeng kathah pangalemipun dhatng kasaeanipun Raden Ngabei Ronggawarsita, saha anyuwuraken kasagedanipun dhateng basa kawi tuwin dhateng sesertepaning cariyos, lah punika kenging kawastanan segawon anjugug boten mawi bokat, awit kaji mireng pitembungan kawi ingkang boten kaserepan ing

tegesipun, kados pundi kok kaji sumerepa dhatng basa kawi,
amargi dede bebahanipun, panjuguging sagawon punika upamini-
pun swara kathah, denesagawon boten anyokot tegesipun boten
wonten yektinipun dados kathah pabenipun ingkang boten kayak-
tosan, lah punika mas Abdulatip ingkang andadosaken serepipun
titiyang ing Kudus bab kasagedan Ngabei Ronggawarsita wau.
Abdulatip amastani latu tanpa kukus tumrap dhateng badan kula
latu punika awon kukus amreadinaken dados awon kula ingkang
kawradinaken, punika kula amung amangsuli cekak kemawon pundi
wonten tiyang damel rasukan angukur badanipun tiyang sanes
kula punika amung amaiben ingknag dados suhuring tiyang
kawastanan saged mongka dereng wonten pratandhanipun kaping
kalih kula amung pitaken bab pamendhetipun cariyos Candhi Maling
saking serat punapa, amargi saking kumedah kula badhe
sumerep awit ing Kudus ngriki boten wonten tiyang ingkang
saged anerangaken bab cariyos Candhi Maling wau, kalampahan
kula pitaken dhateng para tetepangan kula ing Mangkunegaran
Surakarta, wangsulanipun kawrat ing serat, manawi dereng sami
manggih cariyos ingkang kados makaen wau, mongka redi Kethu
punika bawah Kamangkunagaran kados pundi kok titiyang siti
boten wonten ingkang sumerep, punapa inggih kenging kawasta-
nan awon manawi tiyang amratelakaken ingkang dados sumelang-
ing manah, saha punapa wonten awonipun manawi tiyang ambudi-
daya dhateng seserepan.

Abdulatip amastani manawi kula anjujung angantebaken dhateng
raden Panji Puspa Wilaga, punika angsal wawaton saking pundi,
wangsul kula saged amastani manawi piyambakipun ingnag anju-
jung angatebaken dhateng Taden Panji Puspa Wilaga, awit
katelak saking panjawabipun serat ingkang mungel akathah-
kathah pangalemipun dhateng Raden Panji Puspawilaga, ananging
boten wonten ingkang mencok, pundi wonten tiyang dhateng ing
nagari Walandi, antukipun ngajawi ngantos saged mentas wonten
ing pulo Nofesembeleh, kabawah ing Ruslan, mongka nagari
Walandi punika sagantenipun kanamanan sagannten Atelantah,
Nofemsembeleh kaprrenah wonten ing saganten Bekuler, iba
tebihipun mila kenging kawastanan mokal, manawi kula angla-
jengna anggen kula anjarwani bab panjunjung pangatebipun
Abdulatip dhateng Raden Panji Puspawilaga awit saking panga-
lem ingkang medal saking wates, saha takti kathah pitembun-
ganipun pangalem punika boten wonten damelipun, awit ingkang
maos panjawabipun wau, amesthi badhe lajeng sumerep bilih
Abdulatip boten beres manahipun. Katandhan Wigyanitisastra.

=====

Wewangsul pitakenipun Wigyanitisastra.

Ing Jurumartani Kemis kaping 8 Nopember 1866, ongka 45, nanging wewangsulan punika badhe panjang sanget dados tigang rambahan lampahing serat Jurumartani, punapa priyantun Kudus kang ngaken saged temening sastra, badhe boten bosen. Wigyanitisastra, ing Kudus kang dipun griyani punapa Kudus

ing Kriyan punapa ing Tajug punapa ing padhusunan lan Jeker priyantun punapa, owel sanget dene priyantun saged temening sastra, damel tembung teka boten terang, yen tembung wau kirang terang, inggih sadhengah pitembungan menawi peteng boten terang, punika pitembunganipun tiyang bodho, dede tembungipun tiyang waget temening sastra, mila kula kapengin kedah sumerep awit kala kula teksih lare ngumur 17 sering sering kula jiyarah ing passareyanipun Kanjeng Susuhunan Kudus tuwan Kaji Asnawi, juru Kunci pasareyan utawi keng rayi, kang nama tuwan Kaji Mukamad Saleh, tuwin Tuwan Kaji Ali, kang putra tuwan Kaji Mukamad Saleh, kala turun saking Kaji tuwan Kaji Ali wau teksih alit sanget punika sadya sampun sami tepang sae kalh kula, nanging nalika semanten kula teksih nama lare, delasan kang rayi tuwan kaji Asnawi kang wonten Suraprannga, dados priyantun carik ing kantor, nama Kyai Wirasari, griya sakiduling ngalun-alun punika ugi kula sampun tepang sae, kadendeng saking kang raka tuwan Kaji Asnawi ing Kudus wau, utawi kula piyambak inggih kathah priyantun sepuh tuwin akrab kang wonten ing Kudus mila kula sumerep sabarng lampah, tuwin cariyosipun nagari Kudus kang kina-kina kathah kang cecek kaliyan cariyos kula, wonten ugi kang geseh.

Kala kaping 29 wulan Juni 1866 putranipun tuwan kang ngarang serat Jurumartani nama Sonya Erenes watawis ngumur 17 taun sampun dados Adseferantranslatir ing kantor Surakarta, punika atilar dunya mantuk ing rahmatullah, ingkang rama sakelangkung sekelaing galih, awit tinilaring putra kang sae pambeknipun saha sampun dados abdi dalem kangjeng Gupermen rintendalu tuwan kang ngarang serat Jurumartani wau, tansah kaengentan kang putra ngantos angaberaken pangaranging serat kabar Jurumartani, tuwan wau amurih pitulungan kula, supados kula adamela cariyos kenginga kadamel wewah-wewah ing serat Jurumartani, minongka dados sapanjurung kula, awit saking pamaer-

dusinipun tuwan enggen kula damel cariyos wau, tegesipun boten awit saking enggen kula ngatngalaken kasagedan kula, amrih kawentaring Iyan boten pisan pisan yen darbe ya cipta ujub riya sumungah, teka bur kirbir, namung cipta tetulung satunggal mitra kang sakalangkung raket wah konca, saweg kaprihatosan ageng kapejahan putra, mila kula perlokaken ing sasaged-saged andamelaken cariyos kalayan iklasing manah, dene cariyos punika temen dede anggitan nanging pangecaping sangkala pejahe pandung sakti kalintu, pejah ing pandung sakti wana redi Kethu, kang leres sangkala putnika 1201 mewh sami kaliyan sangkala Candhi Kalibening, dene lampahing pandung sakti waku, pikantukipun dhateng wuwulang, namung dhateng tekad tekadipun tetep mantep prapteng pejah ing ngandheman, tegesipun tiyang gesang punika, sampun ingknag tekad sae dipuntetepi sarta linampahan tapanipun, botena amanggih sae pandung sakti punika tekad awon tekad dados durjana pandung, dipun tetepi sarta linampahan tapanipun patilasanipun ngantos gangsal atus taun laminipun teksih kaambah para ageng ageng, dados pacangkraman kula sumongga ing ngriku, para priyantun ingknag sami putus temening sas-tra.

Dene saben saben cariyos salanjaran mawi kula teken nama

kula, awit enggen kula anerepi suraosing serat Jurumartani kang wikasan ngandhap piyambak, watak kula remen kang padhang boten remen ngangge nama palsu.

Wewangsul punika ,teksih wonten sambetipun. Katandhan Raden Panji Puspawilaga.

=====

Ongka 48, Kemis Kaping 29 Nopember 1866

Pawartos warni-warni

Wonten pawartos saking Betawi ingkang anyekelaken manah kados kang saebut ing ngandhap punika.

Kanjeng tuwan Residhen ing Pasuruwan Ha. A.Vander Pul Rider saking Ordhe Nederlan Senleyo seda wonten ing Betawi, Kanjeng tuwan Residhen punika tedhkipun dhateng Betawi kacariyos badhe angaturi wilujeng ingkang jeng tuwan Gupernur Eneral ingkang kondur dhumateng nagari Walandi, awit sampun sami amitran sakalangkung sae, ananging kanjeng tuwan RESidhen Pandherpul lajeng kening sasakit gerah wawrat tan erah, andadosaken jalaran sedanipun punika.

=====

Wonten pawartos bilih tindakipun kanjeng tuwan Gupernur Eneral Mister El A Ye We, Baronslut Vanden Bele, ingkang sampun kendel angasta paprentahan aeng, kala tanggal kaping 1 wulan Nopember punika wanci siyang sampun dumugi ing Singapur, ingkang katitiyan baita kapal winastan Arjuna, kanjeng tuwan gupernur Eneral wau sasampunipun amertamu dhateng Kanjeng Tuwan Gupernur ing Singapur, papanggiyan wonten ing dalem pangadilan lajeng tedhak malih dhateng ing baita kapal kaaturan kendel sawatawis dangu wonten ing Singapur boten karsa, awit taksih kasekelan ing galh bab sedanipun ingkang garwa.

=====

Wonten pawartosa sakking Surabaya, yen tiyang estti anama bok Masidin ingkang gagriya ing kampugn Kalisosok kala tanggal kaping 13 wulan Nopember punika wanci sonten kalebetaken ing griya pamulasaran sasakit sabab rainipun kataton sanget jalaran saking pambaledhosipun mimis ingkang mawi kaisi sandawa sapanunggilanipun kawastanan mimis granat utawi bom, menggah bubukaning cilaka wau kacariyos kados ing ngandhap punika:

Antawis sapriki wonten tigang taun laminipun bok Masidin tuwin lare lare sawatawis sami amanggih tosan gelok satunggal iji inggih punika mimis granat wau. Pamanggihipun wonten ing sacelakipun kampung Krambangan, mimis lajeng kabekta mantuk dhateng bok Masidin sarta kadamel dadolanan ngantos tigang taun laminipun panuju tanggal kaping 13 wulan Nopember punika mbok Masidin angliwet sekul sarehning boten nyana yen

mimis wau anguwatosana, Kendhilipun kaplanggrangaken ing mimis mawi kasisiyan sela kakalih. Sareng mimis kasaladan latu lajeng ambaledhos sarehning kala samanten bok Masidin lenggah anadhepaken latu, awit saking pambaledhosipun mimis rainipun kataton sanget ananging sakinten badhe boten andadosaken pejahipun.

=====

Pambudinipun priyantun ingkang nyepeng leleresan. Ing kitha Piyene bawah tanah Belhiye nalika anggelaraken barang ingkang medal saking taberen ngatingalaken ing ngakathah-kathah barang laladosan warni suku damelan gagrag enggal para priyantun nyepeng leleresan ingknag wenang animbang prayogi botenipun suku damelan wau sanget anggenipun kewedan, ananging enggal tuwuh ingkang budi, ingkang pinanggih ing

rembag saradhadhu Jempon sawatawis ingkang sukunipun sami buntung kenging mimis wonten ing paprangan punika kasaesatu saged atutulung dhateng priyantun wau.

Saradhadhu wau tumunten katimbangan lajeng dipun anggeni suku damelan ing wasana kapurih plajengan mawi dipun etohi, kalam-pahan wonten saradhahu ingkang sukunipun kakalih tilas kake-thok dumugi ing dhengkul punika ingkang menang, awit rikat piyambak plajengipun, menggah etohipun boten kasukakaken dhateng saradhahu Jempon ingkang menang punika ananging dhateng tiyang ingkang ngladosaken suku damelan amargi damelanipun sami sami prayogi piyambak ing kanggenipun, wondene saradhahu ingkang menan namung dermi anyoba.

=====

Sarehning kula rumaos leres mila kula boten saged ana-anaken kendel kemawon kedah amangsuli malih dhaeng Wigyanitisastra, semonipun Wigyanitisatra boten anyandhak sadaya punapa ingkang dados jawab kula. Kula inggih sampun sumerep manawi panitikipun tiyang saged punika saking dadamelanipun serat lareya kemawon inggih lajeng pirsu, punika boten kula paiben. Kula amung badhe mratelakaken yen sakathahing seseratanipun Raden Panji Puspawilaga ingkang sampun kalampahan kapacak wonten ing Jurumartani punika dereng anelakaken yen Raden Panji Puspa Wilaga sampun putus ing tembung jawi, amargi anggitanipun wau dereng angeram-eramaken. Andadosena kawunin-

gan sampeyan mas Wigya, sakathahing anggitan punika boten kenging kaanggep pratondha kang yektos ingkang anelakaken kasagedanipun tiyang. Saking kepencutipun nyerat ngantos ngalamdonya rinoban ing saseratan ingkang remeh awarni-warni. Kula boten eram mas Wigyanitisastra, dene Raden Ngabei Ronggawarsita saged saged anglebetaken namanipun wontn ing sekar dhandhanggendhis kasamun sinamur ing ukara, ananging kula amung sumeja amratelakaken yen Raden Ngabei Ronggawarsita punika kalebet tiyang ingknag budinipun andhap asor, pangangkahipun sampun ngantos kasumerepan ing ngakathah, sinten ingnag nganggit serat Pustakaraja ingkang kapacak wonten ing pananggalan taun 1866. Suprandene kawigyanipun kaloka ing buwana, tur asmanipun boten kadhasaraken. Sampun andadosaken rengating galih mas Wigya, bilih kula anglairaken pamanggih kula bab sumerep sampeyan dhateng namanipun Raden Ngabei Ronggawarsita ingkang dumunung ing serat Pstakaraja. Wondene saderengipun kula asuka pirsu, yen raden bei Ronggawarsita, anglebetaken namanipun wonten ing serta pustakaraja wau, saking panyakra kula sampeyan inggih taksih kodheng bab wontenipun nama punika, sareng sampun kula jarwakaken punika lajeng sumerep tuwin sampeyan lajeng ngi-rib-birib pisanjang kula sarana pitebngan sanes lareya kemawon inggih kuwagang. Pratingkah makaten punika angermu-taken cariyosipun tuwan Kolombus ingkang rumiyin sumerepipun wonten tanah amerikah, pinuju satunggilipun dinten piyambaki-pun apitaken dhateng para mitranipun, punapa sami saged angadegaken tigan wontening meja, sareng mitranipun sami blaka yen boten saged tigan lajeng kathuthuk dening tuwan Kolombus ngantos remek sakedhik, sareng sampun tumunten kaadegaken ing meja pangucapipun para mitra, O yen mengkono bae aku iya bisa. Tuwan Kolombus amangsuli wis masthi bae, yen

kowe nyangkok pratingkahku.

Kula lajeng kemutan cariyos punika sareng aningali pangirib-birib sampeyan, Mas Wigya kula sampun sampeyan cacampahi kawestanan repit manawi sampeyan taksih kenging kawastanan cotho, punapa malih wigyanitisastra kula sampeyan wetani agahan awit kula anjawabaken prakawisipun tiyang sanes o sokur mas ananging ingkang sampeyan wetani agahan ing ngatas-

ing pratingkah kula punika punapa, tuwin punapa ingknag sampeyan anggep boten agahan anggen kula nedha pirsu, amargi watesipun agahan tuwin boten agahan punika kedah kaprenahaken.

Awit saking pratela sampeyan ing sapunika kula sumerep yen tiyang Kudus sami dhamang bilih Raden Ngabei Ronggawarsita kalebet saged ananging mas Wigya kula kedah boten pitados dhateng cacriyosan sampeyan bab kaji wau ingkang mretamu dhateng Ronggawarsitan kula punika boten kalebet tiyang ingknag kamigugon dhateng pitembunganing tiyang sanes, sadereping kula timbang timbang rumiyin anggen kula boten lajeng pitados punika jalaranipun makaten: kala kula teksih lare kula dipun wulang dhateng eyang kula swargi, tembungipun: thole kowe dak wenahi pirembaug sathithik anggonen ing slawase, iya ikku aja sok anggugu rembuk.

Sarehning kula taksih lare mila boten saged anggayuh eliding wulangipun eyang kula.

Sareng sampun sepuh punika saweg mangertos.

Wigyanitisastra apitaken pundi wonten tiyang damel rasukan angukur badanipun tiyang sanes, mas Wigya saminipun tiyang ngeberaken kasagedan kacenthok ing basa. Sampeyan piyambak Mas Wigya, ngkang damel rasukan angukur badanipun tiyang sanes sumongga kula terangkaen manawi sampeyan badhe angina dhateng kasagedanipun Raden Ngabei Ronggawarsita, saha Raden Panji Puspawilaga, ingkang sampeyan damel tatandhingan saestu badan sampeyan piyambak cipta sampeyan kedah makaten.

Apa aku kacanggih gawe angitan kaya gaweyane priyayi loro mau. Sing wis dak garap ing sajage apa, endi rupane sing wis tau dak anggit amurih mncarake kawruh, mongka aku iki ngunggul-unggulaken kabisan ku marang kasusastran, punapa sampeyan sampun nate kagungan panggalih ingkang kados makaten, semonipun dereng.

Anjawi saking punika, mas Wigya manawi sampeyan rumaos taksih kodheng dhateng cariyos candhi maling kula aturi nedha katrangan ingkang kalayan poantes dhateng raden panji puspawilaga, sampun mawi pitaken punapa cariyos wau papethikan saking tembung Alapuru utawi Bugis punapa angsal-angsalan saking supena. Upami botena makaten pratingkah sampeyan apitaken saestu boten saru tuwin lajeng katawis manawi ingknag nama Wigyanitisastra sumerep dhateng uda nagari tuwin boten purun ngungkak tata krami, wondene pitakembangan kula yen raden panji puspawilaga mentas wonten ing pulo Nopasembelah, punika namung saking pamireng kula boten pisan pisan manawi kula gadhah pangakah angina raden Panji Puspawilaga,

malah sanget anggen kula angajeni dhateng kasagedanipun
kaliyan malih kados raden PanjiPuspawilaga inggih boten gerah
galhipun awit kacariyosaken kapentas ing pulo Menjil, amargi
sasumerep kula boten wonten tiyang ingkang saged angoncati

papesthening badan utawi boten wonten tiyang kenging kaawonak-
en amargi manggih sangsara, ingkang boten gumantung saking
kajengipun piyambak.

Katandhan Abdulatip.

=====

Sambeting wewangsul dhateng Wigyanitisastra ing Kudus
Kala karaton dalem ratu kula, ingkang sinuhun Kangjeng Susu-
hunan teksih ageng bawahipun awit karaton Mataram manginggil
karaton Mataram mangandhap, palapuran padintenan punapa
kawontenanipun salebeting nagari, utawi punapa kawontenanipun
kagungan dalem moncanagari tengahan tuwin kawontenanipun
kagungan dalem nagari pasisir kiwa tengen sapangilen sapange-
tan miwah kawontenanipun redi redi, kang ageng, utawi redi
kang alit punapa dene wana-wana kang ageng kang alit sarta
lepen ambul sendhang rawi kang ageng kang alit muwah candhi
candhi kang ageng kang alit, punika sadaya palapuranipun
konjuk malebet kadhaton ingkang nampeni, sarta lajeng anging-
gahaken ing ngebuk abdi dalem priyantun Kaliwon carik panewu
mantri carik jajar carik dene palapuran wau ing sawulan
wulanipun dados pinten pinten ebuk, punika sami winastan buk
cariyos, ingkang kaleres nyimpeni, kagungan dalem buk cariyo
wau, abdi dalem pujongga.

Ing kalajenganipun menawi wonten karsa dalem dhawah dhateng
abdi dalem pujongga carita anukae anggiten tembangan,pujongga
inggih lajeng tumadang miwiti anganggit inggih punika kang
winastan serat Babad, saking kawontenanipun cariyoosing pulo
jawi ngriku wau, dene menawi serat wuwulang, kala teksih
agami buda, pamehdetipun saking tatakramining ngendraloka,
guruloka, janaloka, utawi lampah-lampahing jawata nawasanga,
puniku kang sami pinirit sareng bongsa kula jawi sampun
ngangge agami mUkamad para pujongga menawi nganggit wuwu-
lang,pamendhetipun ppiritan saking dalil kadis Ismak Kiyas.
Ing mangke nyariyosaken abdi dalem em pujongga enggenipun
kadhawahan anganggit cariyo kawontenanipun ing pulo Jawi

kang kasebut ngajeng wau, menggah pamriyogi, utawi pamantes
punika wonten ing karsanipun Empujongga piyambak, kadosta
cariyosipun dhusun-dhusun wana-wana redi-redi, lepen-lepen
sendhang umbul gawi sapanunggilanipun kang kalebet cariyos
alit utawi remeh punika kang pantes tinilar boten katut
kaanggit inggih katilar sabab andedangoni gancaring cariyos
nagari utawi karaton mila cariyos candhi maling wau katilar
boten tumut kaanggit kalebetaken ing babad sabab cariyos alit
lan remeh mangkaten ugi menawi wonten wewadosipun sang ratu,
utawi wewadosing nagari punika saking pamantesing Empujongga,
inggih boten katut kaanggit kalebetaken ing serat Babad, dene
sakathahig cariyos kang boten katut kaanggit kalebetaken ing
serat Babad punika nama Buknitik utawi buknukil ingkang
nyimpeni inggih lestantun abdi dalem Empujongga, mila kula
punika sekedhik-sekedhik sumerep cariyos kawontenanipun ing
pulo jawi, sabab ibu kula putra Empujongga dados kula punika
awon-awon wayah Empujongga, nanging kalebet wayah Empujongga
kang bodho piyambak, wonten wayah Empujongga andi dalem ing
Surakarta, kang anglangkungi waged saking kula pancer Empu-
jongga saking jaler tur anampeni wahyuning kapujanggan saking
kang eyang, kula dados panakawanipun kimawon boten pantes

inggih punika raden angabei Ronggawarsita, abdi dalem priyan-
tun kaliwon kados paten ing Surakarta, ngrangkep teksih dados
abdi dalem Empujongga ing Surakarta.

Wangsulan punika teksih wonten sambetippun.

Katandhan dening Raden Panji Puspawilaga.

=====

Ongka 59, Kemis 6 Desember 1866

Tuwan Dhegrotkolep enko asuka uninga dhateng para priyantun ingkang badhe amendhet enggal serat Jurumartani ing taun 1867 manawi para priyantun wau badhe kakintunan serat Jurumartani wedalan ing wulan dhesember punika, boten mawi ambayar reginipun.

Punapa malih tuwan Dhegrotkolep enko gadhah panedha dhateng para priyantun ingkang dereng ambayar pangaosipun serat Jurumartani, mugi sami ambayara pangaosipun wau ing satelasiipun wulan Dhesember punika.

Katandhan tuwan Dhegrotkolep enko.

=====

Dereng lami salebeting losemen ing Paris kithanipun ageng tanah Prangkrik kathah tiyang kapandungan, andadosaken gugujenganipun ingkang sami kapandungan wau, ananging wekasanipun adamel pitunan kathah dhateng ingkang nyepeng losemen, menggah pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Wonten tiyang estri mondhoek ing losemen wau laminipun saweg kalih dinten, tiyang estri punika ambekta sepatu amung sapasang, sareng tangi tilem enjing sepatunipun kaupadosan boten pinanggih dados ical kapendhet ing tiyang, aliya saking punika ing dinten enjing wau sepatu tuwin setiwelipun para tiyang ingkang mongdhok wonten losemen ing ngriku kathahipun tigang dasa kalih inggih sami ical kadadosanipun ingkang nyepeng losemen kajibah anempahi sepatutuwin setiwel enggal ing sanalika lajeng andhatengaken tukang sepatu kapurih andamelaken sepatu tuwin setiwel dhateng para tiyang ingkang kekecalan wau sumerep tatempahipun saha sampun kalampahan ingkang nyepeng losemen ambayar dhateng tukang sepatu sumerep pangaosing sepatu tuwin setiwel kathahipun tigangatus kawan-welas rupiah, salajengipun para tiyang ingkang mondhoek wonten ing losemen sami kesah sadaya saha boten purun amondhoek wonten losemen ing ngriku, amargi saking ajrih manawi sepatu tuwin setiwelipun kacolong malih.

=====

Wonten tiyang ingkang lumebet ing griyya sadangunipun wonten ing ngriku boten saged pikantuk toya, lampahipun saged pikantuk toya ingkang kalayan gampil, pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Tiyang lalampah amondhoek sadinten wonten losemen ing tanah Sapanye, sareng ing wanci siyang tiyang wau anedha toya,

badhe kadamel wisuh tanganipun ananging boten saged pikantuk toya, wangsulanipun ingkang nyepeng losemen, manawi salebet-ing losemen boten wonten toya, anjawi ing wanci enjing tiyang saged angsal toya sareng makaten tiyang ingkang mondhok ing losemen boten saronta lajeng alok-alok griya kabesmen, anggenipun alok sakalangkung seru. Para rencang ing ing losemen sami anginten manawi tiyang punika ewah angen-angenipun kalampahan dipun gugujeng dhaeng para rencang wau, ananging boten dangu para tongga tepalihing ngriku sami tandang dhateng ing losemen saha ambekta toya kawadhahan ing tong sapanunggalanipun lajeng pitaken ing pundi ingkang kabesmen, tiyang ingkang alok-alok griya kabesmen amangsuli makaten: O, sakalangkung panuwun kula, latunipun sampun pejah, mila ing sapunika kula amung nyuwun toya sampeyan sakedhik kemawon kula sampun anarimah. Para tiyang tandang lajeng anyukani toya, andadosaken kadumugening pikajenganipun ingkang alok-alok griya kabesmen wau.

=====

Ing tanah Paris wonten tiyang adamel griya satunggal mawi loteng tundhasanga, kajawi sendhonganipun ingkang kadamel wonten sangandhapipun griya tuwin sangandhaping loteng, kangge kadamel angrimati sipun malih. Griya punika badhe boten mawi ondha utawi undhak-undhakan loteng, nanging badhe kapasangan pirantos ingkang pandamelipun medal saking kagunan kacara kados pirantosipun tukang batu, ingkang kadamel angingggahaken samukawis punapa ingkang kangge ing garapanipun, menggah ngantos... ingkang minongka gagentosipun ondha utawi undhak-undhakan loteng wau awarni papan wiyar kaka..., ing dalem satunggil tunggiling menit saged menggah tuwin manga..., sarta mawi kadekekan resbang minongka paleng-gahan kados para tiyang ingkang sami anggriyani loteng ingkang prenah inggil piyambak anggenipun lumampah kesah utawi mantuk boten pisan mawi karaos sayah, mila.... pangajeng-ajengipun tiyang, loteng ingkang prenahipun inggil piyambak mugè samè kasewakna rumiyin sabab tiyang kang wonten ing loteng punika saged aningali samukawis saking tatebiyan ingkang andadosaken renaning manah, sarta antuk awa ingkang asrep anyakecakaken badan, saking pawartos sadaya griya ingkang dados kagunganing nagari badhe sami kapasangan pirantos kados kang kapratelakaken ing nginggil punika, minongka gagentosing ondha utawi undhak-undhakanipun loteng.

=====

Kula maos malih panjawabipun Abdulatip dhateng serat kula. Kados pundi pikajenganipun dene amastani rumaos leres, saha

boten saged ana anaken kendel kemawon, rumaosipun leres punika saking pundi, punapa piyambakipun atampi mamanis saking ingknag gadhah bebahan amangsuli serat sarehning ingkang gadhah bebahan mangsuli dereng ngantos aparing wawangsulaniipun serat kula, Abdulatip lajeng anyawel rumiyin, manawi tampiya mamanis kula mokalaken awit ingkang gadhah bebahan mangsuli serat kula boten kantun kaliyan Abdulatip ing panganggitipun serat tiyang kados makaten punika punapa boten kenging kawastanan canthok gawel utawi agahan. Mas Abdulatip amastani manawi sakathahing anggitan boten kenging kaanggep pratondha yektos ingkang anelakaken kasagedanipun tiyang, punika kula boten maiben ananging sampeyan sumerepa Mas Abdulatip manawi anggitanipun tiyang saged punika beda sanget kaliyan anggitanipun tiyang bodho, punapa boten makaten ta mas anggitan.....tiyang bodho punapa tiyang saged ingkang nganggit.

Abdulatip sanjang manawi boten eram bab anggenipun anglebetaken nama "Raden Ngabei Ronggawarsita wonten ing Sekar Dhandhanggendhis kasamun sinamur ing ukara, inggih sukur, tiyang manawi dereng sumerep wadosing pratingkah ingkang limrah lajeng eram manawi sampun sumerep lajeng ical eramiipun, lo punika Mas Abdulatip sampeyan punapa sampun anyandhak pitembungan kula punika kala samanten sampeyan pandugi kula amung mireng kabar kemawon bab dununging namanipun Raden Ngabei Ronggawarsita wonten ing sekar dhangdhangendis, mila lajeng katawis eram sampeyan saking panjawab sampeyandhateng serat kula, bab dununging nama wau masthi kemawon sampeyan sapunika sampun boten eram, makaten ugi lampahipun tuwan Kolombus ingkang sumerep tumiyin dhateng tanah Amereikah para mitranipun sami eram saderengipun sumerep dhateng pratingkah wados bab anggenipun badhe angadegaken tigan wonten ing meja, sareng tigan kathuthukaken ing meja ngantos remek dening tuwan Kolombus kalampahan tigan saged ngadeg ing meja, para mitra lajeng ical eramipun.

Mas Abdulatip amratelakaken manawi swargi eyangipun amulang dhateng piyambakipun pitembunganipun makaten: thole, kowe dak wanei pirembaug sathithik anggonen ing salawase, iya iku aja sok anggugu rembug o mas abdul inggih sukur manawi eyang ijengandika dhawahipun makaten, awit pitembungan makaten punika pikajenganipun manawi sampeyan kapurih sampun anggega rembagipun eyang ijengandika, utawi rembagipun tiyang sanes dados angange rembag sampeyan piyambak.

Menggah anggitan kula ingknag kapacak ing serat Jurumartani punapa timbang utawi botenipun kaliyan anggitanipun priyantun

kalih raden Panji Puspawilaga tuwin Raden Ngabei Ronggawarsita punika kula piyambak boten sage amastani amung tiyang sanes ingknag amaos anggitan kula masthi saged animbang manawi kula piyambak taksih rumaos kasoran kaliyan priyantun kalih wau ananging priyantun kalih wau saking panginten kula boten kagungan Olan Seidhe tegesipun boten gadhah engetan kados walandi, dados taksih engetan jawi, sanadyan Raden Panji Puspa Wilaga saking pangandika sampeyan mas Abdul sampun nate dhateng nagari wlandi tanah Inggris Prangkrik tuwin Dhatselan, pamatawis kula dereng wonten emperipun anggadhahi Lan Seidhe taksih jawi tulen wondening kathah kedhikipun anggitan kula ingkang sampun kapacak ing jurumartani punika amung tiyang kalih ingkang sumerep inggih punika tuwan ingkang ngarang serat jurumartani kaliyan tuwan ingkang medalaken serat jurumartani.

Sapunika kula sampun anganggep pujongga dhateng Raden Ngabei Ronggawarsita awit saking pratelanipun Raden Panji Puspawilaga, kawrat ing Jurtumartani angka 48 Raden Panji Puspa wilaga kula saosi panrima sanget amargi sampun amaringi katerangan ingkang dados panuwun kula. Priyantun kalih punika sampun ngantos rengat ing galihipun bab panyerat kula wontening jurumartani pangraos kula piyambak boten wonten anwonipun menggah anggen kula mastani cariyos Candhi Maling bokmanawi pepethikan saking serat Alpuwu utawi Bugis punapa malih angsal-angsalan saking supena punika sadaya saking panjarwanipun titiyang sepuh ingh Kudus, awit para saged punika kathah ing seserepanipun dhateng basaning titiyang nganmonca bokmanawi raden panji puspawilaga sage basanipun tiyang Alpuwu utawi Bugis, dados cariyos Candhi Maling anggenipun amethil saking serat Alpuwu utawi Bugis punapa dene para saged punika kathah ingkang kagali manawi supen ingkang badhe kaanggit anseing kapanggih saking supena, andadosaken engetipun malih.

Menggah anggen kula purun purun maiben dhateng kasagedanipun Raden Ngabei Ronggawarsita, punika awit saking sumelanging manah kula, dene ingkang cariyos Kaji bab kasagedan wau, mila

kula boten pitados dhateng pawartos punika, kalampahan kula amacak wonten ing jurumartani supados pikantuk kaserep ing-

kang kenging kagega ing mangke raden panji puspawilaga sampun aparingi serep dados punika ingkang ngicalaken sumelanging manah.

Wasana panuwun kula dhateng Raden Ngabei Ronggowarsita tuwin Raden Panji Puspawilaga mugi lestantun karsaha amacak ing jurumartani bab cariyosipun dhusun dhusun wana-wana, redi-redi, lepen-lepen sapanungilanipun ingkang boten kalebet ing serat babad, supados anerangna dhateng ingkang dereng sumerep.

katandhan Wigyanitisastra.

=====

Mugi kapacaka ing serat Jurumartani kados ing ngandhap punika.

Kula sakalangkung ngungun dhateng mas Wigyanitisastra priyantun kang ambeg susastra ing kitha Kudus, dene sampun purun amaiben dhateng kasagedanipun Raden ngabei Ronggowarsita, punapa dene dhateng anggitanipun Raden Panji Puspawilaga bab Candhi Maling redi Kethu, dados manah kula sampun boten sumelang malih, menawi kasagedanipun mas Wigyanitisastra wau sampun angungkuli dhateng priyantun kakalih wau, mila saking adrenging manah kula boten langkung kula wau namung sumedya nyuwun wulang dhateng ing sampeyan andadosaken kaluwihaning kasagedan kang sangkung wuwulangipun RadenNgabei Ronggowarsita kalih Raden Panji Puspawilaga kang sampun dipun wulangaken dhateng kula awit panjenenganipun ma wigyanitisastra wau anyembutaken menawi sampun amestani menawi wonten sertat cariyos saking Alpu Bugis, punika sampeyan sampun anyumerepi saking cariyosing bugis wau, mila kula ing samangke sampun boten sumelang malih yen sampeyan punika priyantun sangkung asli tiyang Bugis dene sumerep cariyosing serat Bugis mila kedah adreng manah kula badhe nyuwun wulang kados punapa anggitanipun pujangga \ning bugis kang sampun kawulangaken dhateng mas wigyanitisastra yen kula kaparingan warah yen sampun mangertos lajeng badhe kula wradinaken dhateng sanak sadherek kula sadaya kang sampun kawulanging priyantun kakalih wau badhe kula timbang kaliyan cariyosing candhi maling redi Kethu anggitanipun Raden Panji Puspawilaga mongka kula sampun nate nyumerepi yen cariyos punika pamundhutipun sangking serat pustakaraja tuwin srat babat sengkala wangsul cariyos Alpu Bugis wau medalsangkung srat punapa mugi paringa wangsulan kang terang sabab bdhe kula timbang kaliyan cariyosipun raden Panji Puspawilaga, kang sampun kawulangaken ing kula, kaliyan wuwulangipun raden Ngabei Ronggowarsita kang sampun kangge ngakathah.

Sinerat Ngayogyakarta kaping 12 wulan Rejep taun Alip angka 1795.

Katandhan putra mangundiprajan Raden Laraitem.

=====

Sambeting wewangsul dhateng Wigyanitisastra ing Kudus.

Inggang eyang Raden Angabei Ronggawarsita utawi eyang kula punika turun kaping 10 saking kanjeng Sultan Pajang, nama Raden Tumenggung SAstranagara, Bupati Kadipaten ing Surakarta, kang wau nama Ngabei Yasadipura kaping II, inggih punika abdi dalem pujongga ing Surakarta, ngiras angembani kanjeng gusti pangeran adipati anom amengkunagara sudibya raja putra narendra trah Mtaram ing Surakarta sareng jumeneng nata nama ingknag Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 5 wondene kang rana Raden Angabei Ronggawarsita punika, kang raka ibu kula nanging kula punika dipun pundhut putra wuragil dhateng bapal ageng Raden Tumenggung SAstranagara awit sedanipun rama kula kula teksih alit dene rama kula wau teliti abdidalem karaton jawi Mataram, awit saking kaki kula buyut kula canggah kula wareng kula sapanginggil teliti ing karaton jawi Mataram, eyang kula canggah jumeneng nata ing nagari Kartasura, nama ingknag sinuwun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 2 pindhah saking Kartasura angadhaton ing nagari Surakarta kala isaka jawi angka 1670 angsal gangsal taun wonten ing Surakarta lajeng surud sinarekaken dhusun Lawiyan lajeng kaelih ing Ngimagiri.

Dene buk cariyos wau, kalongipun sami ical yen nagari pecah, buk cariyos kathah kang cicir kados ta kala pecah ing nagari Mataram buk cariyos kathah kang cicir sampun kang nama ebuk sanadyan brana arta, sami ical kala karaton Kartasura, nagari pecah malih buk cariyos cicir kathah malih sampun kang nama ebuk bnotena cicir kucir cina pinalintir kocar-kacir.

kala kula rare karemen kula maos serat cariyos kawontenanipun pilo jawi kang ampun dados serat babad waosan utawi kang teksih nama buku nitik tuwin buk nukil o Wigyanitisastra, owel sanget wontenipun ing dunya bapak kula ageng, enggenipun kabesmen dalemipun ngantos kaping tiga rambahan dados saka-thahing serat cariyosipun pilo jawi tuwins erat sanes-sanesipun kathah kang sami katut kabesmi samangke namung kanton cuwil-cuwilan kang teksih wigyanitisastra gumundene wonten maling cinanthi, maling punika tiyang dipun candhiya pantes jaman samangke winasatan kinijing, ing redi Ijo sakid-uling karaton Baka, tanah ing Prambabab ngrku wonten candhi Asu, kados pundi dene asu Cinandhi, mongka cariyosipun panjang kala isaka jawi angka 1020 let kalih auts taun rumiyin

candhi asu ing redi ijo kalih candhi maling redi Kethu, ing redi kidul ngriku ugi, sanginggil dhusun Gisikan wonten candhi alit nama candhi Bungalan, punika ugi wonten cariyosipun, ing redi kidul ngriku malih, sanginggil dhusun Ngoreyan tuwin dhusun jabung wonten toya sendhang winastan ing Banyuurip punika cariyosipun inggih panjang tiyang ngriku dipun takeni gancaring cariyosipun inggih boten sumerep cariyos redi Kethu malih tiyang dhusun dipun pitakeni gancaring cariyosipun yen sumerepa cariyos sampun gangsalatus taun laminipun cariyos wonten wana, wah cariyosing maling candhinipun namung dipun tengeri tumpukan sela sawetawis risaka, tuwin icala wujudipun sampun pantes gangsalatus taun candhi prambanan punika ageng-ageng tur ing salami-laminipun kareksa kala ngajeng saking sebuting cariyos cacahipun sewu mungkirang satunggal sapunika kawontenanipun gangsalatus kimawon boten wonten tetgesipun sampun kathah kang risak awit saking laminipun, pambudi kang semanten wau gumantung wongten para priyantun kang sami ngaken putus temening sastra. Wangsulun punika teksih wonten sambetipun. katandhan dening Raden Panji Puspawilaga.

=====

Benjing ing dinten Senen tanggal kaping 10 wulan Dhesember punika wanci sonten ing komidhen badhe wonten sulapan para tuwan ingkang badhe sulapan wonten ing komidhen wau sampun angsal pangaleming tiyang kathah wonten panggenan ing ngrikangriki, amargi saking saening anggenipun sulapan ing mangke para priyantun sami kaaturan mugikarsaa aningali sulapan ing dinten Senen sonten wau.

=====

Serat pananggalanipun tuwan Dhegrotkolep enko ing taun 1867 benjing Akad ing ngajeng punika badhe rampung ing pandamelipun ing mangke panedhanipun tuwan Dhegrotkolep enko dhateng para priyantun ingkang sami karsa atumbas serat pananggalan punika mugikangintuna ingkang tumunten pratelanipun serat pananggalan wau.

Menggah serat pananggalan wau anyuekap ing pikantukipun saha punapa ingkang kasebut wonten ing serat nambuk meh sadaya kalebet ing serat pananggalan wau dene reginipun satunggil amung sarupiyah.

=====

Ongka 51, 20 Dhesember 1866

Pawartos saking Betawi

Wonten tiyang acariyos awit saking pamrayoginipun tuwan dhokter Nunse, ingkang saben amulasara gerahipun kanjeng tuwan Prines wakil gupernur Eneral sasampunipun atepang rembag kaliyan tuwan dhokter Tusain tuwin tuwan dhokter Dhoyer kanjeng tuwan Prines anamtokaken badhe tedhak dhateng satunggiling panggenan anama Sissepan prenah inggilipun kaliyan ing Bogor kaot pitungatus kaki, prelonipun badhe karsa siram toya ingkang kamomoran walirang. Menggah tindakipun kacariyos sampun kalampahan ing dinten Kemis tanggal kaping 6 wulanDhesember punika.

Mila saben wonten pawartos ingkang manggepokan bab kasugenganipun Kanjeng Tuwan Prines lajeng kawradinaken awit sampun tatela yen kanjeng tuwan Prines wau kinasihan dening para tiyang ing nagari jawi sarta para tiyang punika serju amidhanget manawi gerahipun kanjeng tuwan Prines wonten Senggangipun ingkang dados pangajeng-ajeng, ing Betawi tumunten sageda amradinaken pawartos malih ingkang ambingahaken bilih gerahipun kanjeng tuwan Prines sampun waluya.

=====

Dereng lami ing pulo Korsikah wonten lalampahan cilaka ageng, wanipun pulo punika kabesmen laminipun ngantos pitung dinten mongka wana wau pasitening pulo ingkang sae piyambak, sarehning tataneman ingkang wonten ing wana ngriku meh warni wit Pein sadaya, pamedalipun keplak kathah dados tiyang saged anginten manawi urubing latu amasthi banter wana punika boten namung kabesmen kemawon nanging sampun kenging kawastanan karoban ing latu ingkang ngancam angririsak ing sadayanipun, sanadyan urubing latu ing sakenging-kengingipun inggih kasi-rep ananging meksa saged angririsak wit Pein kathahipun ngnatos yutan, ngantos sataunan laminipun bab kabesmening wana ing pulo Korsikah wau badhe taksih dados pocapan sarta kathahing pitunan dereng saged pulih.

=====

Awit saking panyoba ingkang terang bab anglepasaken mimis tuwin bom sampun tatela, yen abah ubenging siti atambengi kadugenipun pamawas, mimis mariyem ingkang linepasaken erneripun ngaler utawi ngidul awit saking ebah ubenging siti: saged lalimpang ngetan dhawah ing sakiwa utawi satengenipun lesan ngantos saged benggang kalih likur kaki, kamurwat celak

tebihing lesan wau.

=====

Kula sampun amaos serat lampah-lampahipun raden mas Arya Purwa LElana sakalangkung andadosaken pirenaning manah kula dene wonten priyantun jawi ingkang amiwiti damel angggitan anyariyosaken kawontenaning jaman sapunika. Pandonga kula mugi mugi ing wingking kathaha ingkang sami ambiyantoni, saha sami gadhaha pamurih sampun kantun akaliyan Radne Mas Arya Purwalelana.

Ananging sanadyan ta sakalangkung bingah ing manah kula wonten bongsa kula tiyang jawi ingknag mrelokaken ngupados tuwin anglimrahaken cacriyosan ing jaman sapunika ewadenten andadosaken pangunguning wardaya, dene panyeratipun sastra jawi geseh kaliyan adat ingkang sampun kalampahan karsanipun

raden mas Arya Purwalelana amurih gampilipun ingkang sami maos pamanggihipun ingkang kangge sapunika, sarehning panyeratipun sastra jawi satunggil-satunggiling tembung boten mawi kabenggangan aken ananging karacakaken kemawon dados sakathahing tiyang ingkang ngungelaken serat nembne kawaos pisan pamaosipun boten saged teteh utawi rikat awit dereng sumerep ukaranipun, punapa malih raden mas Purwalelana anggenipun angewahi adat panyeratipun sastra jawi punika ingkangbabon tembung sangkrita.

Wondene tembung sangkrita punika panyeratipun ingkang sampun kalampahan awit kina-kina inggih kados seratan cara jawi bboten mawi kabenggangan satembung-tembungipun, suprandene ing sapunika sampun wonten mantunipun ingkang sami ngecapaken serat sangkrita sampun limrah mawi kabenggangan.

Andadosena kawuningan sampeyan raden manawi kula boten pisan anjurungana karsa sampeyan ingknag kados makaten sanadyana medal saking eklasing manah saking pamatawis kula awis priyantun jawi ingkang sumeha amupakati langkung malih anelad patrap sampeyan nyerat sampun andadosaken gerahing galih sampeyan raden dene kula kamipurun matur calak cumandhak anarukrami ing sampeyan pangangkah kula amung angagar pikiran amurih padhangipun boten pisan-pisan manawi kula gadhah sedya awon mamaoni kemawon.

Ing samangke kula anglairaken pamanggih kula bab panyeratipun

anggitan sampeyan raden mas Purwalelana amratelakaken bilih
panyeratipun sastra jawi ingkang boten mawi kabenggangaken
punika andadosaken boten teteh utawi boten rikating pamaos
samanten wau manawi saweg kawaos sapisan pitembungan makaten
punika saking pamatawis kula ragi nglengkara amargi sinten
sintena kemawon ingkang sampun kalebet saged maos rikat
punika manawi dipun aturi seratan ingknag dereng nate kawaos
amesthi lajeng saged ewa samanten manawi serat wau cetha
bilih makatena boten susah kawaos malih. Ing ngatasipun
tiyang ingkang dereng teteh pamaosipun punika amasthi kemawon
taksih kalintu, wangsul panyerat sampeyan enggal raden saking
pandugi kula boten anggampilaken ingkang maos malah
ambingungaken awit tiyang jawi manawi maos serat mongka
aningali pangkon punika swaranipun sampun sumeja dipun candh-
et amargi badhe kendel mongka ing anggitan sampeyan punika
sakalangkung kathah ing pangkon punika ingkang andadosaken
kodhengipun ingkang maos wondene ingkang kula lairaken ing
nginggil wau boten pisan-pisan saking pamatawis kula piyambak
ananging sampun kula coba dhateng rencang kula utawi dhateng
tiyang sanes temahanipun andadosaken gugujenganing tiyang
amargi saking bingungipun aningali aksara kathah pangkonipun
ngantos kamithohlen panyerat sampeyan enggal wau
saderengipun kamupakatan ing ngakathah kula inggih dereng
saged anelad ananging kula mokalaken bilih ngantos katelad
ing sawarnining tiyang jawi ingkang sami saged nyerat, panyp-
ta kula makaten maoni punika gampil sanget ananging ngere-
saken ingkang ewed mila prayoginipun panyeratipun tembung
jawi inggih kalastantunaken kados ingkang sampun kalampahan.
Katandhan Abdulatip.

=====

Naskah ini sudah lapuk/hancur kertas sehingga tidak terbaca.

Punika wewahanipun serat Jurumartani Kemis kaping 20 Dhesem-
ber 1866 angka 51

Loterei arta kathahipun 210.000 rupiyah minangka kauntunganipun
Sositit Amisityah ing Samarang sampun kaiden dening
kanjeng tuwan ingkang wicaksana guprenur jendral kawrat ing
serat kakancinganipun ingkang katitimangsan 21 Oktober 1866
angka 13. Loterei punika badhe kamain kadamel tigang pangkat
pratelanipun kados ing ngandhap punika:

Pangkat ingkang satunggila

Lot 10,000 salotipun 10 rupiyah.....100,000 rupiyah

Kathahing kauntungan

Kauntungan satunggil.....20,000 rupiyah

Kauntungan gangsal stunggil tunggilipun 1000
rupiyah.....10,000 rupiyah

Lot 1000 kalebetaken ing pangkat kalih
gunggung.....10,000 rupiyah

kantunan ingkang kalebet..... 0--

pangkat ingkang kaping-----

45,000 rupiyah 45,000 rupiyah

pangkat ingkang kaping kalih 55,000 rupiyah

lot 11,000 salotipun 10 rupiyah.....110,000 rupiyah

lot 1,000 ingkang kalebetaken ing pangkat kalih

12,000..... 165,000 rupiyah

Kathahing kauntungan

Kauntungan satunggil.....20,000 rupiyah

-----15,000 rupiyah

-----10,000 rupiyah

Kauntungan gangsal satunggil-
tunggilipun 1000 rupiyah----- 5,000 rupiyah

Lot 500 ingkang boten kawedalaken ing pangkat kalih
dados gunggung sadaya..... 60,000 rupiyah

Kantun105,000 rupiyah

Pangkat ingkang kaping tiga

Lot 500.....105 000 rupiyah

Kathahing kauntungan

Kauntungan satunggil.....40,000 rupiyah

Kauntungan satus satunggil-tu-
nggilipun 100 rupiyah10,000 rupiyah

Ganjaran kalih satunggil-tu-

nggilipun 1000 rupiyah..... 2,000 rupiyah 52,000 rupiyah

Yatra ingkang kadamel anbayar prabeya konjuk ing kanjeng
gupremen awragading loterei punapa malih ingkang minangka
kauntunganipun Sositit Amisityah gunggung sadaya 53,000

rupiyah.

Menggah dinten pamainipun loterei tembe badhe katamtokaken pamainipun wonten ing Samarang, katingalan ing ngakathah dene pamainipun loteri ingkang pangkat kaping tiga punika sasampuning rampung anggenipun mainaken loterei pangkat pangkat kalping kalih elet kawan welas dinten.

Kauntunganipun loteri kenging katampenan sasampunipun loterei

sapangkat-pangkatipun kamain....elet welas....dinten, boten mawi kacowok dados atampi rtesik dene ingkang badhe ambayar kauntungan...., punika Tesauring Sositit Amisitiyah.

TEKS INI TIDAK BISA DILANJUTKAN KONDISI MAJALAH/KERTASNYA HANCUR.

Ongka 52, 27 Dhesember 1866

Kulawisudhan badhe tumindakipun benjing kaping 1 wulan Januari 1867.

Kanjeng tuwan Ye.Ef Sekulse Asisten Residhen ing Krawang ing mangke kakula wisudha dados Residhen ing Krawang.

Kanjeng Tuwan El We Ce Bos, Asisten Residhen ing Banyuwangi ing mangke kakula wisudha dados Residhen ing Banyuwangi mawi katamtokaken bilih taksih kajibah anglampahi samukawis ingkang amikantuki dhateng ingkang jeng gupremen bab prakawis ing Bali tuwin ing Lombok wah mawi angangge pangkating komitir saking prakawis ing Bali tuwin ing Lombok.

Kanjeng Tuwan Jonghir Mister E.A.Ye.Dh, Dhibetse ingkang wau dados Asisten Residhen ing Pranaraga paResidhenan Madiyun ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Ngambahrawa PaResidhenan ing Samarang.

Kanjeng Tuwan Er Ce Panprinwise, ingkang wau dados Asisten Residhen ing Surakarta ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Juwana PaResidhenan ing Japara.

Kanjeng Tuwan Ef Ha Seleiter ingkang wau dados Asisten Residhen ing Banjarnagara paResidhenan ing Banyumas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Sidayu paresidhenan ing Surabaya.

Kanjeng Tuwan A Ha Swaping Asisten Residhen ing Mandeling tuwin Ankolah, bawah guprenur Sumatra pasisir Kilen ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Lamongan paresidhenan ing Surabaya.

Tuwan Ha Pandhipenbodheperkepiser kontelir Irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Karanganyar paresidhenan ing Bagelen.

Kanjeng Tuwan Ye AS We Buhman ingkang wau dados Asisten Residhen ing Agam bawah tanah Padhang Inggil ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Limbangan paresidhenan ing Priyangan.

Tuwan A, El Dhewitepan Imsetedhe kontelir Irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Kuningan paresidhenan ing Cirebon.

Tuwan Er Ka Pan Oldhen kontelir irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Brebes paresidhenan ing Tegal.

Tuwan Te Ha Meiyer kontelir irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Batang Paresidhenan ing

Pakalongan.

Tuwan We Ef Ka El Dhepogel Kontelir Irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Kendhal paresidhenan ing Samarang.

Tuwan Em Ye Brugman Kontelir Irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Blora paresidhenan ing Rembang.

Tuwan Ka A El Ye Yekel kontelir Irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Bangil Paresidhenan ing Pasuruwan.

Tuwan Jonghir Se Ye El Golman Kontelir Irseteklas ing Mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Lumajang paresidhenan ing Prabalingga.

Tuwan Ye Se, A Sekaref kontelir Irseteklas ing mangke kakula

wisudha dados Asisten Residhen ing Purwakarta Paresidhenan ing Banyumas.

Tuwan Mister Es Se Ye We Panmusenbruk kontelir irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Temanggung paresidhenan ing Kedhu.

Tuwan Ef Beyering kontelir irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Brebeg Paresidhenan ing Kedhiri.

Tuwan Ge Er Lukardi Kontelir Irseteklas ing mangke kakula wisudha dados Asisten Residhen ing Kraksan paresidhenan ing Prabalingga.

=====

Pawartos saking Betawi

Benjing-enjing tanggal kaping 13 wulan Dhesember punika baita kapal anama Arjuna kagunganipun Kanjeng Raja ing nagari Walandi, badhe mangkat dhateng ing Singapura, amethuk badhe rawuhipun Kanjeng Tuwan Inggang wicaksana Gupernur Eneral, baita kapal punika tindhahan dening litenan lautan Irsteklas awasta Tuwan Talmankip tuwan Kolonel Ajudhan Rapar inggih tumut ing lampahipun baita kapal wau.

=====

Para tiyang ingkang sami maos serat kabar saking....kagunganipun Kanjeng Gupermen amesthi kanthi pangungunipun amidhanget manawi Kanjeng tuwan Mister A. Prines ingkang dados Wakil

Gupernur Eneral saha ingkangngurmatan sanget awit saking gerah kedah amasrahaken pangawasa bab panggaraping prakawis ing saben dinten dhumateng kang tuwan Lodhon Rad ing Indiya Nederlan ingkang sepuh piyambak.

Awit saking sanget kathahing padamelan kang manggepokan ewah-ewahan utawi pamanguning lampahipun paprentahan tuwin bab anindakaken serat angger prakawis kuwajiban ing ngatasing samukawis pangerang-etangan punika ingkang andadosaken jalaran mila kanjeng tuwan Prines angggenipun gerah boten saged senggang mongka prelu angasokaken sariranipun ingkang dados pangajeng-ajeng trus ing manah kanjeng tuwan Prines anggenipun karsa angasokaken sarira punika, mugi lajeng andadosna senggagipun sarta ing Betawi tumunten sageda amedalaken pawartos ingknag bingahaken manah bab kasugenganipun kanjeng tuwan Prines wau.

=====

Wonten jaka stunggil gadhah pacangan prawan badhe dipun rabeni nanging ing batos salugunipun langkung remen dhateng sadherekipun estri prawan punika ing saderengipun jaka anantun badhe ngrabeni sadherekipun prawan wau pikajenganipun sageda oncat rumiyin saking pacanganipun lami, jaka lajeng pitaken dhateng pacanganipun punika anggenipun purun pisan kaliyan piyambakipun anedha sarat punapa sareng pacanganipun ing sasaged-saged sampun amurwat leres bab ajinipun jaka wau tumunten amangsuli saking pamanahipun anggenipun pruuun anedha sarat pangoncat boten langkung namung warni arta kathahipun 156 rupiyah langkung 25 sen jaka tumunten ambayar arta semanten punika mawi anampani serat pethuk tuwin lajeng angabeni sadherekipun prawan wau.

=====

Wangsulanipun Wigyanitisastra dhateng Ngabei Sumanggengkar-

sa.

Kula sampun maos seratipun Ngabei Sumanggengkarsa, ingkang kapacak wonten ing Jurumartani angka 50 ngabei Sumanggengkarsa pikajengan sampeyan rak badhe anjawab serat kula ingkang kapacak ing Jurumartani kaping 25 NOpember 1866 mongka sampeyuan kok lajeng kojah bab ngumuring tiyang kados pundi dene kojah ngumuring tiyang kadamel wangsulaning serat punika rak

sanes dunungipun wondening tiyang damel serat punika rak boten awrat saha boten ngantos angetog karosan, sanadyana tiyang ngumur 58 taun inggih mesthi saged adamel serat boten mawi rumaos awrat saha boten mawi angetog karosan.

Sampeyan kojah bab kabanteraning tiyang mawi kaoerang perang ing ngumuripun.....saking pundi, punapa wuwulang saking tanah jawi kemawon punapa...ARapuru....utawi Bugis ingkang sampun kula serepi saha kalimrahan akathah, kabanteraning tiyang punika boten kenging katamtokaken sanadyan ingkang ngumur 30 taun inggih ugi wonten ingkang repit sanget, mila kojah sampeyan punika kenging kawastanan tanpa wawaton, rehning sampeyan katingal taksih cotho ing mangke kula badhe suka serep dhateng sampeyan bab ngumuring tiyang mawi wawaton ingkang leres saha sampun kalimrahan ing ngakathah lah punika makaten ngumur 10 taun solah pratingkahing ngumur 20 taun ngupados papacangan ngumur 30 taun sampun gadhah bojo ngumur 40 taun dungkap sepuh ngumur 50 taun medhun karosanipun ngumur 60 taun kathah sasakitipun ngumur 70 suda karosanipun ngumur 80 taun kagotong dhateng kubur, ngumur 90 taun saged ameningi ngumur 100 taun ginantungaken ing manungsa kados pundi ngabei sumanggengkarsa punapa boten angsal ungel-ungelan punika sampeyan sapunika apikantuk wuwulang ingkang anerangkaen engetan sampeyan ingkang taksih katutupan ing cotho ananging ungel-ungelan wau amung tumrap dhateng badan-ing tiyang agesang kemawon boten tumrap dhateng kabanteran kula p[unika tiyang sanpun sepuh ing ngumur ananing taksih nem ing budi mila cariyosipun tiyang sepuh sepuh ingknag sampeyan pratelakaken ing srat sampeyan kenging kawastanan kalintu ing mangke kula suka rembag dhateng sampeyan ing sapawingkingipun sampeyan ngantos purun purun malih adamel wawangsulaning srat ingkang calemongan ungelipun kadamel anglawan paben samukawis saben punika kedah kacipeng saking sirah sampun kacepeng saking buntut samukawis paben punika kedah kacepeng saking sirah sampun kacepeng saking buntut bokmanawi kabanggal kenging kacakot mangke andadosaken kalingsemaning kang nyepeng wau.

Kudus kaping 17 Dhesember 1866 Katandhan Wigyanitisastra.

=====

Wangsullan cekak dhateng Raden Panji Puspawilaga.

O Tobil tobil kalebon cina gugundhulan sanget dhateng kula raden Panji Puspawilaga kula maos serat sampeyan ingkang kapacak ing Jurumartani kaping 20 Dhesember 1866 ongon 51 kados pundi ta karsa sampeyan dene kok medalaken pitembungan ingkang boten mencok ing suraosipun sampeyan amastani tem-

bung degsura esmu wadhag ruwag-ruwag punapa pun Wigyaniti-
sastra deeng aneangaken ingkang dados suraosing sratipun,
akanthi Bedhami, punapa